MSK

O‘ZBEKISTON RESPUBLIKASI
MARKAZIY SAYLOV KOMISSIYASI

# САЙЛАЎ НЫЗАМШЫЛЫҒЫ ҲӘМ ӘМЕЛИЯТЫ БОЙЫНША

## ОҚЫЎ-МЕТОДИКАЛЫҚ ҚОЛЛАНБА

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ

# САЙЛАЎ НЫЗАМШЫЛЫҒЫ ҲӘМ ӘМЕЛИЯТЫ БОЙЫНША

ОҚЫЎ-МЕТОДИКАЛЫҚ ҚОЛЛАНБА

“Адолат” миллий ҳуқықый мәлимлеме орайы
Ташкент – 2024

**УЎК 324(072)**
**КБК 66.3**
**С 30**

С 30 **Сайлаў нызамшылығы ҳәм әмелияты бойынша оқыў-методикалық қолланба.** Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы. Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги, “Адолат” миллий ҳуқықый мәлимлеме орайы. Ташкент, 2024-ж. – 204 б.

ISBN 978-9910-9314-2-0

**УЎК 324(072)**
**КБК 66.3**

ISBN 978-9910-9314-2-0

© Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы
© “Адолат” миллий ҳуқықый мәлимлеме орайы, 2024-жыл

# МАЗМУНЫ


I ТЕМА САЙЛАЎ КОМИССИЯЛАРЫ СИСТЕМАСЫ ҲӘМ ИСКЕРЛИГИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ ........ 4

II ТЕМА АРАЛАС САЙЛАЎ СИСТЕМАСЫ ҲӘМ ОНЫҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ ........ 19

III ТЕМА САЙЛАЎДА САЙЛАЎШЫЛАРДЫҢ ДИЗИМИ МЕНЕН ИСЛЕСИЎ ........ 29

IV ТЕМА УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯЛАРЫ ЖАЙЛАСҚАН ИМАРАТЛАРДЫ ҮСКЕНЕЛЕЎ ҲӘМ МҮДДЕТИНЕН АЛДЫН ДАЎЫС БЕРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ........ 47

V ТЕМА УЧАСТКА САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ САЙЛАЎ ПРОЦЕСИ БАСҚА ҚАТНАСЫЎШЫЛАРЫ (ҒХҚ, БАҚЛАЎШЫЛАР, ЖӘМӘӘТ ТӘРТИБИН САҚЛАЎҒА ЖУЎАПКЕР МӘКЕМЕЛЕР ЎӘКИЛЛЕРИ) МЕНЕН БИРГЕ ИСЛЕСИЎИ ........ 72

VI ТЕМА УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ДАЎЫС БЕРИЎ КҮНИНДЕГИ ИСКЕРЛИГИ ........ 89

1-ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎ ........ 116

VII ТЕМА САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫНДА ДАЎЫСЛАРДЫ САНАП ШЫҒЫЎ ҲӘМ НӘТИЙЖЕЛЕРДИ БЕЛГИЛЕЎ ........ 133

2-ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎ ........ 168

ГЛОССАРИЙ ........ 190

САЙЛАЎ ПРОЦЕСЛЕРИ БОЙЫНША КӨП БЕРИЛЕТУҒЫН СОРАЎЛАР 196

ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ........ 199

# I ТЕМА

## САЙЛАЎ КОМИССИЯЛАРЫ СИСТЕМАСЫ ҲӘМ ИСКЕРЛИГИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

1. Сайлаў комиссиялары системасы
2. Аймақлық, районлық ҳәм қалалық ҳәм де округлық сайлаў комиссияларының участкалық сайлаў комиссиясының искерлиги менен байланыслы ўәкилликлери
3. Участкалық сайлаў комиссияларының ўәкиллиги ҳәм искерлик тәртиби

# 1. САЙЛАЎ КОМИССИЯЛАРЫ СИСТЕМАСЫ

**Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 11-статьясына муўапық сайлаў комиссиялары системасына төмендегилер киреди:**

- Орайлық сайлаў комиссиясы;
- Аймақлық сайлаў комиссиялары;
- Районлық ҳәм қалалық сайлаў комиссиялары;
- халық депутатлары ўәлаятлық ҳәм Ташкент қалалық Кеңеслерине сайлаў өткериў бойынша округлық сайлаў комиссиялары (кейинги орынларда – округлық сайлаў комиссиялары);
- участкалық сайлаў комиссиялары.




Халқымыздың күш-қүдирети менен қабыл етилген жаңа редакциядағы Конституциямызда сайлаў системасын жетилистириўге қаратылған қатар нормалар өз сәўлелениўин тапқан, атап айтқанда, келешекте:

1) ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық сайлаў комиссиялары орнына, **аймақлық сайлаў комиссиялары** дүзиледи.

Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўын ҳәм де Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўын өткериў бойынша **округлық сайлаў комиссияларын дүзиў тәртибинен ўаз кешилди** ҳәм де олардың ўазыйпалары **аймақлық сайлаў комиссияларына** жүклетилди, **яғный округлық сайлаў комиссиялары тек ғана халық депутатлары ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық Кеңеслерине сайлаў өткериў бойынша дүзиледи**;

2) сайлаў комиссияларының профессионал тәризде жумыс алып барыўын тәмийинлеў мақсетинде аймақлық сайлаў комиссияларының **үш ағзаға шекем турақлы** искерлик жүргизеди;

3) аймақлық сайлаў комиссиялары **Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен, район ҳәм қала** сайлаў комиссиялары болса **аймақлық сайлаў комиссиялары тәрепинен** дүзиледи (алдын олар халық депутатлары Кеңеслери тәрепинен дүзилетуғын еди).

Сондай-ақ, **округлық** сайлаў комиссиялары ҳәм **участкалық** сайлаў комиссиялары да **аймақлық сайлаў комиссиялары тәрепинен дүзиледи.**

**ЕСЛЕТПЕ:**

*Сайлаў кодексине 2021-жылы киргизилген өзгерислер ҳәм қосымшаларға тийкарланып Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеслери сайлаўын өткериў бойынша да округлық сайлаў комиссияларын дүзиў әмелияты бийкар етилген ҳәм олардың ўазыйпаларын орынлаў тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссияларына жүкленген еди.*

4) **сайлаў округларын дүзиўге** тийисли қағыйдалар жетилистирилди, атап айтқанда:

– алдынғы Сайлаў кодексинде жергиликли Кеңеслерге сайлаў өткериў ушын дүзилетуғын сайлаў округ санының ең жоқары муғдары белгиленген болып, **округлар санының анық муғдары көрсетилмеген еди.**

Бүгинги күнде Сайлаў кодексинде жергиликли Кеңеслерге сайлаў өткериў ушын сайлаў округлары тийисли **депутатлық орынларына тең муғдарда** дүзилиўи, депутатлық орынларының саны болса **халық санынан келип шыққан ҳалда анық белгилеп қойылды;**

– сайлаўшылар дизиминиң актуаллығы ҳәм анықлығын турақлы түрде тәмийинлеў мақсетинде **сайлаў округлары** ҳәм **участкалары** ҳәр **5 жылда бир рет дүзилиўи белгиленди**.

**Сайлаў комиссиялары ҳәм олардың ағзалары өз жумысын** ҳәр қандай мәмлекетлик уйымлардан, жәмийетлик бирлеспелерден ҳәм лаўазымлы шахслардан **бийғәрез** түрде **әмелге асырады**. Сайлаў комиссияларының искерлигине араласыўға жол қойылмайды ҳәм бундай араласыў нызамға муўапық жуўапкершиликке себеп болады.

Мәселелерди көрип шығыў ҳәм қарарлар қабыл етиў сайлаў комиссиясы тәрепинен **коллегиал түрде** әмелге асырылады. Сайлаў комиссиялары өз жумысын **ашық-айдын** әмелге асырады.

Сол себепли, сайлаў комиссиясының мәжилислеринде сиясий партиялардың, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, басқа мәмлекетлерден, халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар қатнасыўы мүмкин.

Сайлаў комиссиясы сайлаўға таярланыў және оны өткериў менен байланыслы мәселелер жүзесинен мәмлекет шөлкемлерине ҳәм де жәмийетлик бирлеспелериниң шөлкемлерине, кәрханаларға, мәкемелерге, шөлкемлерге, лаўазымлы шахсларға мүрәжат қылыў ҳуқықына ийе, олар қойылған мәселени көби менен 3 күнлик мүддетте көрип шығыўы ҳәм сайлаў комиссиясына жуўап қайтарыўы шәрт.

## 2. АЙМАҚЛЫҚ, РАЙОНЛЫҚ ҲӘМ ҚАЛАЛЫҚ ҲӘМ ДЕ ОКРУГЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯЛАРЫНЫҢ УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ИСКЕРЛИГИ МЕНЕН БАЙЛАНЫСЛЫ ЎӘКИЛЛИКЛЕРИ

### 2.1. Аймақлық сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссияларының жумысының айырым бағдарларын муўапықластырады, яғный:

- сайлаў участкаларын дүзеди, аймақ бойынша олардың тәртип номерин белгилейди, мәнзилин көрсеткен ҳалда олардың дизимин жәриялайды;
- участкалық сайлаў комиссияларын дүзеди ҳәм де олардың қурамы ҳәм жайласқан мәнзили, телефон номери ҳаққындағы мағлыўматларды жәриялайды;
- участкалық сайлаў комиссияларын районлық, қалалық сайлаў комиссиялары арқалы Өзбекстан Республикасы Нызамшылық палатасы ҳәм тийисли ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўына байланыслы сайлаў бюллетенлери менен тәмийинлейди.

**ИТИБАР ҚАРАТЫҢ!**

***Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалығына талабанларды усыныс етиў.***

*Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалығына талабанлар пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелери, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлер тәрепинен усыныс етилип, бул талабанлар тийисли халық депутатлары район, қалалық Кеңесиниң мәжилисинде талқыланады ҳәм де аймақлық сайлаў комиссиясына тастыйықлаў ушын усыныс етиледи.*



**МАҒЛЫЎМАТ УШЫН:**

*Аймақлық сайлаў комиссиясы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўға кеминде **80 күн** қалғанда комиссия баслығы, баслық орынбасары, хаткеринен ҳәм комиссияның **12 - 18 басқа** ағзаларынан ибарат қурамда **5 жыл** мүддетке дүзиледи.*

### 2.2. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссиялары искерлигиниң айырым бағдарларын муўапықластырады, яғный:

- егер участкалық сайлаў комиссияларының қарарлары Сайлаў кодексине қарсы болса, бул қарарларды ғәрезсиз түрде ямаса район, қала прокурорының усынысына көре бийкар етеди;
- участкалық сайлаў комиссияларының иморатлар, транспорт ҳәм байланыс қураллары менен тәмийинлениўин қадағалайды, тийисли аймақта сайлаўды материаллық-техникалық тәрептен тәмийинлеўге байланыслы басқа мәселелерди көрип шығады;
- сайлаўшылар дизимлериниң дүзилисин ҳәм ҳәмме танысып шығыўы ушын усыныс етилиўин қадағалайды;
- участкалық сайлаў комиссияларын сайлаў бюллетенлери менен тәмийинлейди;
- сайлаў участкаларының сайлаў үскенелери менен тәмийинленгенлиги бойынша мониторинг жүргизеди.

**ИТИБАР ҚАРАТЫҢ!**

Районлық, қалалық сайлаў комиссиялары сайлаў участкаларындағы сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизилген сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматларды улыўмаластырады ҳәм де усы сайлаўшыларды тийкарғы дизимге киргизилмегенлиги себеплерин үйренеди.

**БУЛ ӘҲМИЙЕТЛИ!**

Районлық, қалалық сайлаў комиссиялары участкалық сайлаў комиссияларының искерлигин муўапықластырады.



**2.3. Округлық сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссиялары искерлигиниң айырым бағдарларын муўапықластырады, яғный:**

- сайлаўшылар дизимлериниң дүзилисин ҳәм олардың ҳәмме танысып шығыўы ушын усыныс етилиўин бақлап барады;
- сайлаў округи бойынша сайлаў нәтийжелерин анықлайды ҳәм оларды тийисли аймақлық комиссиясына усынады.

**ЕСЛЕП ҚАЛЫҢ!**

**Округлық сайлаў комиссиясының** өз ўәкилликлери шеңберинде қабыл еткен шешими округ аймағында жайласқан **участкалық сайлаў комиссиялары**, соның менен бирге мәмлекетлик органлар, сиясий партиялар ҳәм басқа жәмийетлик бирлеспелери, мийнет топарлары ҳәм әскерий бөлимлер, кәрханалардың, мәкемелердиң ҳәм шөлкемлердиң **басшылары орынлаўы ушын мәжбүрий**.

## 3. УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯЛАРЫНЫҢ ЎӘКИЛЛИГИ ҲӘМ ИСКЕРЛИК ТӘРТИБИ



Участкалық сайлаў комиссиясы тийисли ўәлаят ҳәм Ташкент қалалық аймақлық сайлаў комиссиясы (аймақлық сайлаў комиссиясы) тәрепинен сайлаўға кеминде **40 күн** қалғанында **5-19** ағзадан, сондай-ақ баслық, баслық орынбасары ҳәм хаткерден ибарат қурамда дүзиледи. Егер комиссия **7 ағзаға** шекем ағзадан ибарат қурамда дүзилсе, баслық ҳәм хаткер тастыйықланады.

**Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалығына талабанларды усыныс етиў.** Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалығына талабанлар пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелери, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлер тәрепинен усыныс етилип, бул талабанлар тийисли халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесиниң мәжилисинде талқыланады ҳәм де аймақлық сайлаў комиссиясына тастыйықлаў ушын усыныс етиледи.

Сайлаў кампаниясы басланғанлығы дағаза етилгенинен кейин пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелери, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлер өз басламасына көре ямаса тийисли халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесиниң яки аймақлық, районлық, қалалық сайлаў комиссиясының усынысларына тийкарланып участкалық сайлаў комиссиясы ағзалығына талабанлар резервин қәлиплестиреди.

Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси өз регламентинде белгиленген тәртипте 5 күнлик мүддетте пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелери, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлер тәрепинен билдирилген усынысларды талқылайды.

Талқылаў нәтийжелери бойынша тийисли халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесиниң участкалық сайлаў комиссиялары ағзалығына талабанларды усыныс етиў ҳаққындағы шешими қабыл етиледи ҳәм сайлаўға кеминде 45 күн қалғанға шекем тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына тастыйықлаў ушын жибериледи.

### Участкалық сайлаў комиссиясының ўәкилликлери:

- Өзбекстан Республикасы Нызамшылық палатасы, жергиликли Кеңеслер депутатлары сайлаўларына таярланыў ҳәм оларды өткериўди қурайды;
- сайлаў участкасы бойынша сайлаўшылардың дизимин анықлайды ҳәм тастыйықлайды;
- сайлаўшыларды сайлаўшылардың дизими менен таныстырады, дизимде жол қойылған қәтелер ҳәм анықсызлық ҳаққындағы арзаларды қабыл етеди ҳәм де көрип шығады ҳәм дизимге тийисли өзгерислер киргизиў ҳаққындағы мәселени шешеди;
- сайлаў күни өз жасаў орнында болыў ҳәм даўыс бериўде қатнасыў мүмкиншилигине ийе болмаған мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылардан толтырылған сайлаў бюллетенлерин жаўық конвертлерде қабыл етип алады;
- халықты сайлаў күни ҳәм даўыс бериў орны ҳаққында хабарлайды;
- имараттың жасырын даўыс бериў кабиналары ямаса бөлмелери, сайлаў қутылары, соның менен бирге, басқа үскенелер менен таярлап қойылыўын тәмийинлейди;
- сайлаў күни участкада даўыс бериўди шөлкемлестиреди;
- даўысларды санап шығады;
- сайлаўшылардың ҳәм сайлаў процеси басқа қатнасыўшыларының мүрәжатларын көрип шығады ҳәм де олар ҳаққында қарарлар қабыл етеди.



## УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ БАСЛЫҒЫ:

- участкалық сайлаў комиссиясы искерлигине басшылықты әмелге асырады;
- участкалық сайлаў комиссиясы жыйналысларын шақырады, оларда басшылық етеди ҳәм оны өткериў тәртибин белгилейди;
- комиссия ағзалары арасында ўазыйпаларды бөлистиреди;
- мәмлекет органлары ҳәм жәмийетлик бирлеспелери менен қатнасларда участкалық сайлаў комиссиясы атынан қатнасады;
- участкалық сайлаў комиссиясы жайласқан орын ҳәм даўыс бериў орнының үскенелениўин шөлкемлестиреди;
- участкалық сайлаў комиссиясының қарарларын, участкалық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары, комиссия хаткери ҳәм ағзаларының гүўалықларын ҳәм де басқа ҳүжжетлерге қол қояды;
- физикалық ҳәм юридикалық шахслардан келип түскен мүрәжатларды комиссия ағзалары арасында көрип шығыў ушын бөлистиреди;
- сайлаўшылар дизимине киргизилген сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматлардың туўрылығын тексериў ушын участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының үйме-үй айланып шығыўын шөлкемлестиреди ҳәм муўапықластырып барады;
- участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының даўыс бериў күниндеги ўазыйпаларын белгилейди;

- сиясий партиялардың бақлаўшылары, ўәкилликли ўәкиллери, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, соның менен бирге, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлердиң бақлаўшылары менен комиссия атынан жумыс жүргизеди;
- сайлаўға таярланыў ҳәм оны өткериў процесинде ҳуқықбузыўшылықлар анықланған жағдайда, бул ҳаққында жоқары турыўшы сайлаў комиссиясын ямаса ҳуқықты қорғаў органларын хабардар етеди;
- участкалық сайлаў комиссиясының ўәкиллик мүддети тамамланғанынан кейин комиссия искерлигине тийисли ҳүжжетлерди тийислилиги бойынша қалалық, районлық мәмлекет архивине ҳәм де қала, район ҳәкимликлерине тапсырады;
- Сайлаў кодекси ҳәм басқа нызамшылық ҳүжжетлеринде, соның менен бирге участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары арасындағы ўазыйпалар бөлистириўинде нәзерде тутылған өз мойнындағы басқа ўазыйпаларды да әмелге асырады.

Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының өз ўәкилликлерин орынлаўы мүмкиншилиги болмағанда, соның менен бирге баслық болмаған жағдайда, баслықтың ўазыйпалары баслық орынбасары тәрепинен әмелге асырылады.



## УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ БАСЛЫҒЫНЫҢ ОРЫНБАСАРЫ:

- участкалық сайлаў комиссиясы баслығының өз ўәкилликлерин орынлаўы мүмкиншилиги болмағанда, соның менен бирге баслық болмаған жағдайда оның ўазыйпаларын атқарады;
- комиссия ағзаларының искерлигин муўапықластырып барады;
- участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының маманлығын асырыў ҳәм олардың искерлигин методикалық тәрептен тәмийинлеўди шөлкемлестиреди;
- ғалаба хабар қураллары ўәкиллери менен байланыслар орнатады, ғалаба хабар қураллары, сондай-ақ социал тармақларда комиссия искерлигиниң ҳәр тәреплеме жарытылып барыўын шөлкемлестиреди;
- сиясий партиялардың бақлаўшыларын, ўәкилликли ўәкиллерин, ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў шөлкемлери, соның менен бирге, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыларды тийисли сайлаў комиссиясы тәрепинен берилген ҳүжжетлер тийкарында дизимге алыўды шөлкемлестиреди;
- физикалық шахсларды ҳәм юридикалық адамлардың ўәкиллерин қабыл етеди ҳәм олардың мүрәжатларын белгиленген тәртипте көрип шығыўды шөлкемлестиреди;
- участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларын қосқан ҳалда комиссия қарарлары атқарылыўын тәмийинлейди;
- участкалық сайлаў комиссиясы баслығының тапсырмаларын орынлайды;
- өз ўәкилликлери шеңберинде участкалық сайлаў комиссиясының басқа ағзаларына тапсырмалар береди;
- Сайлаў кодекси ҳәм басқа нызамшылық ҳүжжетлеринде, соның менен бирге участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары арасындағы ўазыйпалар бөлистириўинде нәзерде тутылған өз мойнындағы басқа ўазыйпаларды да әмелге асырады.

## УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ХАТКЕРИ:

- участкалық сайлаў комиссиясы жыйналысларын шөлкемлестиреди, талқыланатуғын мәселелер бойынша қарар ҳәм басқа ҳүжжетлер жойбарларын таярлайды;
- участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларын комиссия жыйналысы өткерилетуғын ўақыт ҳәм орын ҳаққында хабардар етеди;
- участкалық сайлаў комиссиясы жыйналысларының, басқа илажлардың баянламалары жүргизилиўин шөлкемлестиреди;
- участкалық сайлаў комиссиясы баслығы ҳәм баслық орынбасары тапсырмаларын орынлайды;
- Участкалық сайлаў комиссиясының искерлигине тийисли жумыс ҳүжжетлерин номенклатура тийкарында жүргизеди;
- район, қала сайлаў комиссиясы хаткеринен СПБМСна кириў ушын тийисли мағлыўматларды алады;
- СБЭД ке тийисли өзгерислер киргизиўди әмелге асырады;
- участка бойынша сайлаўшылардың дизимин СБЭД нен жүклеп алады ҳәм комиссия баслығына усыныс етеди;
- Сайлаў кодекси ҳәм басқа нызамшылық ҳүжжетлеринде, соның менен бирге участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары арасындағы ўазыйпалар бөлистириўинде нәзерде тутылған өз мойнындағы басқа ўазыйпаларды да әмелге асырады.

## УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ АҒЗАСЫНЫҢ МИННЕТЛЕМЕЛЕРИ:

- ўазыйпалар бөлистириўине тийкарланып өзине жүклетилген ўазыйпаларды ҳәм де баслық ҳәм оның орынбасары тапсырмаларын өз ўақтында, сапалы атқарады;
- участкалық сайлаў комиссиясы жыйналысларында қатнасады;
- көрип шығыў өзине жүклетилген физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларын белгиленген мүддетлерде көрип шығылыўын тәмийинлейди;
- участкалық сайлаў комиссиясы баслығы тәрепинен даўыс бериў күниндеги белгиленген ўазыйпалардың ўақтында ҳәм сапалы орынланыўын тәмийинлейди;
- сайлаўға таярланыў жәнe оны өткериў процесинде ҳуқықбузарлықлар анықланған жағдайда, олар туўрысында тезлик пенен баслық ямаса баслық орынбасарын хабардар етеди;
- Сайлаўшының шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжети тийкарында оның сайлаўшылар дизиминдеги мағлыўматларын тексереди, оған даўыс бериў ушын сайлаў бюллетенин қол қойдырып тапсырады;
- бақлаўшыларға ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллерине сайлаў процесин бақлаў ушын шәрт-шәраятлар жаратады;
- Сайлаў кодекси ҳәм басқа нызамшылық ҳүжжетлеринде, соның менен бирге участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары арасындағы ўазыйпалар бөлистириўинде нәзерде тутылған өз мойнындағы басқа ўазыйпаларды да әмелге асырады.

## УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ АҒЗАСЫ ТӨМЕНДЕГИ ҲУҚЫҚЛАРҒА ИЙЕ:

- участкалық сайлаў комиссиясы жыйналысының күн тәртиби, талқыланып атырған мәселелерди көрип шығыў тәртиби ҳәм де бул мәселелердиң мазмуны ҳаққында усыныслар киргизиў ҳәм ой-пикирлер билдириў;
- участкалық сайлаў комиссиясы мәжилисинде талқылаўда қатнасыў, мәжилисте сөзге шығыў, усыныслар киргизиў;
- жыйналыс қатнасыўшыларына участкалық сайлаў комиссиясының мәжилисинде қабыл етилген шешими ҳаққында бөлек пикир билдириў;
- участкалық сайлаў комиссиясы искерлигине тийисли материаллар ҳәм ҳүжжетлер менен танысып шығыў.

Участкалық сайлаў комиссиясы жумысының шөлкемлестирилген формасы оның зәрүрликке қарап өткерилетуғын жыйналысы есапланады. Участкалық сайлаў комиссиясының жыйналысы баслықтың басламасына көре ямаса комиссия ағзалары улыўма санының кеминде үштен бир бөлеги талабына көре шақырылыўы мүмкин. Участкалық сайлаў комиссиясының жыйналысы, егер ол жағдайда жыйналыс өткерилип атырған күндеги комиссия ағзалары улыўма санының кеминде үштен еки бөлеги қатнасып атырған болса, ўәкилликли есапланады.

Участкалық сайлаў комиссиясының шешими ашық даўыс бериў жолы арқалы комиссия ағзалары улыўма санының көпшилик даўысы менен қабыл етиледи. Даўыслар тең болып қалған жағдайда, басшылық етиўшиниң даўысы шешиўши есапланады. Участкалық сайлаў комиссиясы өз искерлигин ашық ҳәм әшкара әмелге асырады.

Участкалық сайлаў комиссиясы мәжилисинде баянлама жүргизиледи. Баянламада жыйналыстың күн тәртиби, онда қатнасқан участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары ҳәм басқа усыныс етилген шахслар ҳаққындағы мағлыўматлар, талқылаўға киргизилген мәселениң қысқаша мазмуны, сөзге шыққан ҳәм пикир билдиргенлер туўрысында мағлыўматлар, көрип шығылған ҳәр бир мәселе ҳаққында даўыс бериў нәтийжелери, қабыл етилген қарарлар көрсетиледи. Баянлама басшылық етиўши ҳәм хаткер тәрепинен қол қойылады ҳәм де оған қабыл етилген қарар, жуўмақлар ҳәм басқа тийисли ҳүжжетлер, соның менен бирге, участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының арнаўлы бир мәселе ҳаққында жазба формадағы бөлек пикирлери (егер болса) қосымша етиледи.



**Участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгеннен кейин 2 күн ишинде өзиниң биринши шөлкемлестирилген мәжилисин өткереди. Участкалық сайлаў комиссиясы биринши шөлкемлестирилген мәжилисинде төмендеги мәселелерди көрип шығады:**

- участкалық сайлаў комиссиясының сайлаўға таярланыў ҳәм оны өткериўге тийисли жумыс режесин тастыйықлаў;
- участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары арасында ўазыйпаларды бөлистириў;
- участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен сайлаўшылардың қабылын шөлкемлестириў;
- участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының нәўбетшилигин шөлкемлестириў.



Участкалық сайлаў комиссиясы жайласқан бинаны ҳәм де даўыс бериў ханасын белгиленген тәртипте үскенелеўге тийисли шөлкемлестириў ислерин әмелге асырады.

Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшылардың дәслепки дизимин алғанынан кейин оны усы участка аймағында жасаўшы халықты үйме-үй айланып шығыў жолы менен анықластырыў иләжларын көреди.

Сайлаўшыларды участкалық сайлаў комиссиясының жайласқан мәнзили, телефон номери, жумыс ўақты, соның менен бирге даўыс бериў күни, ўақты ҳәм орны ҳаққында хабардар етеди. Сайлаў участкасы аймағында жасаўшы биринши рет даўыс беретуғын, наўқас, үлкен жастағы ҳәм де мүмкиншилиги шекленген, майыплығы болған сайлаўшылар дизимин қәлиплестиреди.

Район, қала сайлаў комиссиясынан акт тийкарында сайлаў бюллетенлерин, сайлаў конвертлерин ҳәм де Брайль әлипбеси тийкарында таярланған трафаретлерди қабыл етип алады ҳәм олардың сақланыўын тәмийинлейди.

Участка сайлаў комиссиялары тийисли сайлаў округларынан сайланған депутатлар Орайлық сайлаў комиссиясы, аймақлық, район, қала сайлаў комиссиялары тәрепинен дизимге алынғаннан кейин, өз пайдаланыўында болған үскенелерди, участкалық сайлаў комиссиясы искерлигине тийисли ҳүжжетлерди белгиленген тәртипте жуўапкер шахсларға ямаса архивке тапсырғанынан кейин өз искерлигин тамамланады.

## ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ

1. Участкалық сайлаў комиссиясы ким тәрепинен дүзиледи?
2. Участкалық сайлаў комиссиясы неше ағзадан ибарат қурамда дүзиледи?
3. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалығына талабанлар кимлер тәрепинен усыныс етиледи?
4. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалығына усыныс етилген талабанлар қандай мәжилисте талқыланады?
5. Сайлаў комиссияларының искерлигине араласыўға жол қойыла ма?
6. Сайлаў комиссиясының жыйналысларында кимлер болыўы мүмкин?
7. Аймақлық сайлаў комиссиясының участкалық сайлаў комиссиясы искерлиги менен байланыслы ўәкилликлерин айтып бериң?
8. Районлық ҳәм қалалық сайлаў комиссияларының участкалық сайлаў комиссиясы искерлиги менен байланыслы ўәкилликлерин айтың?
9. Округлық сайлаў комиссияларының участкалық сайлаў комиссиясы искерлиги менен байланыслы ўәкилликлерин айтың?
10. Сайлаў кампаниясы басланғанлығы дағаза етилгенинен кейин кимлер участкалық сайлаў комиссиясы ағзалығына талабанлар резервин қәлиплестиреди?
11. Участкалық сайлаў комиссиясының ўәкилликлерин айтып бериң?
12. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының ўәкилликлерин айтып бериң?
13. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы орынбасарының ўәкилликлерин айтып бериң?
14. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткериниң ўәкилликлерин айтып бериң?
15. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзасының миннетлемелерин айтып бериң?
16. Участкалық сайлаў комиссиясының ағзасы қандай ҳуқықларға ийе?
17. Участкалық сайлаў комиссиясы мәжилисинде жүргизилетуғын баянламада қандай мағлыўматлар көрсетиледи?
18. Участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгеннен кейин 2 күн ишинде өткерилетуғын биринши шөлкемлестирилген мәжилисте қандай мәселелер көрип шығылады?
19. Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшылардың дәслепки дизимин алғанынан кейин бул дизимди қандай жоллар менен анықластырыў иләжларын көреди?
20. Участкалық сайлаў комиссиялары қашан өз искерлигин тамамлайды?

## ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ

**1. Сайлаў комиссиялары ҳәм олардың ағзалары өз искерлигинде қандай нызам ҳүжжетлерине әмел етеди?**

А. Барлық жууаплар дурыс
Б. Өзбекстан Республикасы Конституциясына
С. Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексине
Д. Өзбекстан Республикасының басқа тийисли нызам ҳүжжетлерине

**2. Участкалық сайлаў комиссиясы Аймақлық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўға неше күн қалғанында дүзиледи?**

А. 42 күн
Б. 60 күн
С. 40 күн
Д. 55 күн

**3. Участкалық сайлаў комиссиясы комиссия баслығы, баслық орынбасары, хаткеринен ҳәм комиссияның басқа неше ағзасынан ибарат қурамда дүзиледи?**

А. 7 – 13
Б. 9 – 15
С. 5 – 19
Д. 13 – 19

**4. Участкалық сайлаў комиссиясы ким тәрепинен дүзиледи?**

А. Тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиясы
Б. Тийисли ўәлаятлық ҳәм Ташкент қалалық аймақлық сайлаў комиссиясы
С. Тийисли округлық сайлаў комиссиясы
Д. Тийисли ўәлаятлық ҳәм Ташкент қалалық ҳәкимият

**5. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалығына талабанлар ким тәрепинен усыныс етиледи?**

А. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлер
Б. Тийисли ўәлаят ҳәм Ташкент қалалық сайлаў комиссиялары
С. Тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиялары
Д. Тийисли округлық сайлаў комиссиялары

**6. Улыўма тәртипте халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесиниң участкалық сайлаў комиссиялары ағзалығына талабанларды усыныс етиў ҳаққындағы қарары қанша мүддетте тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына жибериледи?**

А. Сайлаўға кеминде 45 күн қалғанға шекем
Б. Сайлаўға кеминде 15 күн қалғанға шекем
С. Сайлаўға кеминде 25 күн қалғанға шекем
Д. Сайлаўға кеминде 30 күн қалғанға шекем

**7. Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесиниң участкалық сайлаў комиссиялары ағзалығына талабанларды усыныс етиў ҳаққындағы қарары сайлаўға кеминде 45 күн қалғанға шекем кимге тастыйықлаў ушын жибериледи?**

А. Тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиясына

Б. Тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына

С. Тийисли округлық сайлаў комиссиясына

Д. Орайлық сайлаў комиссиясына

**8. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының өз ўәкилликлерин орынлаўы мүмкиншилиги болмағанда, сондай-ақ баслық болмаған жағдайда, баслықтың ўазыйпалары ким тәрепинен әмелге асырылады?**

А. Районлық, қалалық ҳәкимлигиниң жуўапкер хызметкери

Б. Бул сайлаў участкасына басқа баслық сайланады

С. Баслық орынбасары

Д. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясының жуўапкер хызметкери

**9. Участкалық сайлаў комиссиясының жыйналысы, онда жыйналыс өткерилип атырған күндеги комиссия ағзалары улыўма санының қанша бөлеги қатнасып атырған болса, ўәкилликли деп есапланады?**

А. Кеминде бестен еки бөлеги

Б. Кеминде үштен еки бөлеги

С. Кеминде төрттен бир бөлеги

Д. Кеминде екиден бир бөлеги

**10. Участкалық сайлаў комиссиясының мәжилисинде даўыслар тең болып қалған жағдайда, кимниң даўысы шешиўши деп есапланады?**

А. Тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиясы баслығының

Б. Тийисли аймақлық сайлаў комиссиясы баслығының

С. Тийисли округлық сайлаў комиссиясы баслығының

Д. Басшылық етиўшиниң

## КЕЙСЛЕР

| **Кейстиң мазмуны:** |
| --- |
| Участкалық сайлаў комиссиясы Ташкент қалалық аймақлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленген тәртипте дүзилгеннен кейин 5 күн ишинде өзиниң биринши шөлкемлестирилген мәжилисин өткерди ҳәм де бул мәжилисте төмендеги мәселелерди көрип шықты:<br>– сайлаў участкасы бойынша сайлаўшылардың дизимин анықлаў ҳәм тастыйықлаўды шөлкемлестириў;<br>– халықты сайлаў күни ҳәм даўыс бериў орны ҳаққында хабардар етиў;<br>– сайлаўшылардың ҳәм сайлаў процеси басқа қатнасыўшыларының мүрәжатларын көрип шығыў ҳәм де олар бойынша қарарлар қабыл етиў. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселелер (сораўлар):** |
| 1) Участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгеннен кейин неше күн ишинде өзиниң биринши шөлкемлестирилген мәжилисин өткереди?<br>2) Участкалық сайлаў комиссиясының жоқарыда айтып өткениндей биринши шөлкемлестирилген мәжилисинде көрип шығылған мәселелер жыйналыс күн тәртибине дурыс киргизилген бе?<br>3) Участкалық сайлаў комиссиясы биринши шөлкемлестирилген мәжилисинде қандай мәселелерди көрип шығады? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгеннен кейин 2 күн ишинде өзиниң биринши шөлкемлестирилген мәжилисин өткереди. Участкалық сайлаў комиссиясы биринши шөлкемлестирилген мәжилисинде төмендеги мәселелерди көрип шығады:<br>– участкалық сайлаў комиссиясының сайлаўға таярланыў ҳәм оны өткериўге тийисли жумыс режесин тастыйықлаў;<br>– участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары арасында ўазыйпаларды бөлистириў;<br>– участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен сайлаўшылардың қабыллаўын шөлкемлестириў;<br>– участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының нәўбетшилигин шөлкемлестириў. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 5-июндағы 1337-санлы қарары менен тастыйықланған “Участкалық сайлаў комиссиясы ҳаққындағы реже”ниң 43-пункти. |

# II ТЕМА

## АРАЛАС САЙЛАЎ СИСТЕМАСЫ ҲӘМ ОНЫҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

1. Пропорционал сайлаў системасы түсиниги ҳәм оның өзине тән өзгешеликлери
2. Мажоритар сайлаў системасы түсиниги ҳәм оның өзине тән өзгешеликлери
3. Аралас сайлаў системасы түсиниги ҳәм оның өзине тән өзгешеликлери

# 1. ПРОПОРЦИОНАЛ САЙЛАЎ СИСТЕМАСЫ ТҮСИНИГИ ҲӘМ ОНЫҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Сайлаўлар арқалы ҳәр бир пуқара жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик ислерди басқарыўда тиккелей қатнасады ҳәм мәмлекет тәғдирине бийпарық емеслигин көрсетеди.

Сайлаўлар халықтың мәмлекетлик ҳәкимият пенен қайта байланысын көрсетип турады.

Дүнья мәмлекетлериниң жәмийетлик-сиясий раўажланыўындағы ҳәр түрлилик олардың сайлаў системасында да өз көринисин тапқан болып, бул жағдай мажоритар, пропорционал ҳәм аралас сайлаў системаларының қәлиплесиўине себеп болды.

Соңғы жылларда мәмлекетимизде Парламент ҳәм де жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ўәкиллик органларының искерлигинде сиясий партиялардың ролин кеңейтиў бойынша демократиялық өзгерислер амалге асырылды.

Атап айтқанда, 2023-жыл 18-декабрь күни “Өзбекстан Республикасының айырым нызам ҳүжжетлерине сайлаў ҳәм референдум өткериў тәртибин және де жетилистириўге қаратылған өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында”ғы ӨРН-883-санлы Өзбекстан Республикасының Нызамы қабылланды.

Усы Нызам менен биринши мәрте Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўын аралас сайлаў системасы (мажоритар ҳәм пропорционал) тийкарында өткериў бойынша жаңа система жаратылды.

Бунда, Олий Мажлис Нызамшылық палатасына депутатлық орнының **50 пайызы** мажоритар, яғный ҳәзиргидей белгили округлер бойынша ең көп даўыс алған талабанлар сайланыўы, қалған **50 пайызы** болса пропорционал, яғный анық бир шахсқа емес, бәлки партияға даўыс бериў арқалы, партиялар тәрепинен көрсетилген дизим тийкарында талабанлар сайланыўы нәзерде тутылды.

Сайлаў округлери 75 аймақлық бир мандатлы ҳәм де бирден-бир сайлаў округине бөлинеди. Яғный Нызамшылық палатасының 75 депутаты әмелдегидей **мажоритар система** тийкарында **бир мандатлы сайлаў** округлеринен, қалған 75 депутат болса партия дизимиң бойынша жаңа усынылып атырған **пропорционал система** тийкарында **бирден-бир сайлаў округинен сайланады.**

Бул жаңа система сиясий партиялар ҳәм депутатлар арасындағы байланысларды күшейтип, мәмлекет турмысында сиясий партиялардың ролин ҳәм пуқараларымыздың сиясий искерлигин арттырыў, сондай-ақ олардың мәмлекетлик ҳәкимияттың қәлиплестириў процесинде анық идеялар ҳәм мақсетлерди гөзлеў арқалы қатнасыўын тәмийинлеўге хызмет етеди.

Бундай сайлаў системасында партиялар әҳмийетли орын тутады. Олар халық пенен мүнәсибетлерин тәсирли ҳәм нәтийжели болыўына ҳәрекет етеди.



Партия өз дәстүри арқалы халықты исендире алса ғана, белгили даўысқа ериседи, яки, сайлаўда қайсы партия улыўма сайлаўшылардың неше пайыз даўысын қолға киргизкен болса, мәмлекет парламентиниң төменги палатасында соған пропорционал түрде депутатлық орынларын ийелейди.

**!** **БУЛ ӘҲМИЙЕТЛИ!**

*Нызамшылық палатасының **75 депутаты** мажоритар сайлаў системасы тийкарында бир мандатлы сайлаў округлеринен, қалған **75 депутат** пропорционал сайлаў системасы (партиялар дизими) тийкарында сиясий партияларға берилген даўыслар бойынша бирден-бир сайлаў округинен сайланады.*

Әлбетте, бүгинги күнде ислеп шығылған сайлаў өткериў системасы дүньяның раўажланған мәмлекетлеринде сынақтан табыслы өткен ҳәм сайлаў тәртиплери әмелде қолланылып, әсиресе, мәмлекет басқарыўы тәжирийбесинде сайлаў системасының аралас түринен нәтийжели пайдаланылып келинбекте.

**Пропорционал сайлаў системасы** (лат. пропортио - коэффициент, сәйкеслик) - сайлаў системаларының түрлеринен бири болып, мажоритар сайлаў системасынан бир әсир кейин пайда болған.

Пропорционал сайлаў системасы ўәкиллик органына өз талабанларын көрсеткен партиялар ортасында мандатларды бөлистириў, олар алған даўыслар санына муўапық әмелге асырылыўын билдиреди.

Пропорционал сайлаў системасында мәмлекет бирден-бир сайлаў округине айланады ҳәм сайлаў бюллетенлеринде талабанлар орнына сайлаўда қатнасыў ушын даўыс жеткен сиясий партиялар дизими көрсетиледи ҳәм сайлаўшылар өзлерине мақул келген партияларға даўыс береди.

Қайсы партия сайлаўда улыўма сайлаўшылардың көп пайыз даўысын қолға киргизген болса, мәмлекет парламенти төмен палатасында сонша орынды ийелейди.

### Пропорционал сайлаў системасының унамлы тәреплери

- кемшиликти қурайтуғын сайлаўшылардың даўыслары да есапқа алынады ҳәм аз муғдарда даўыс алған сиясий партиялар да, парламенттен орын ийелейди;
- оның жәрдеминде жәмийет сиясий турмысындағы сиясий партиялар жайласыўының ҳақыйқый ҳәм анық көринислерин көриў мүмкин;
- ол пикирлер түрлилиги ҳәм көп партиялылықтың раўажланыўын, соның менен бирге, мәмлекет пенен пуқаралар арасындағы ажыралмас байланысты тәмийинлеп береди;
- пропорционал ўәкиллик системасы ҳәр бир сиясий партияға даўыслар санына пропорционал түрде бир қанша орынларды алыў мүмкиншилигин береди. Сол себепли бул система сиясий партиялар ушын мажоритар системаға қарағанда әдил жағдай пайда етеди;
- сайлаўшылар сайланыў мүмкиншилиги көбирек болған талабанларға емес, сиясий партиялардың программалары тийкарында өзлери исенген партияға даўыс береди;
- сайлаўшыларға сиясий партияны таңлаў мүмкиншилигин береди ҳәм усының менен партиялардың парламенттеги ўәкиллери қурамына тәсирин азайтады.

Сайлаў процесинде ири сайлаў округлери дүзилип, оларда ҳәр бир партия өз талабанларының дизимин қәлиплестиреди.

Сиясий партиялар алынған даўысларға пропорционал партия дизими бойынша мандатларды бөлистириўде қатнасады.

Пропорционал сайлаўлардың абзаллықларынан және бири аралық сайлаўлардың өткерилмеўинде көринеди.

Бул сайлаў системасында, аралық сайлаўда, яғный, бос қалған депутатлық орын ушын сайлаў өткерилмейди.

Оған қайсы партиядан сайланған депутаттың ўәкиллиги мүддетинен бурын тамамланса, оның орны бул партияның дизиминде резервте болған депутатлыққа талабанның нәўбеттегиси есабынан толтырылады.

Бул парламент искерлигин нәтийжели шөлкемлестириўге ҳәм қайта сайлаўларды өткериў менен байланыслы қаржылардың үнемлениўине алып келеди.

**Пропорционал сайлаў системасын мажоритар сайлаў системасынан парқы** – мажоритар сайлаў системасында сайлаўшылар шахсқа даўыс береди, яғный, сол округте көрсетилген бир неше депутатлыққа талабанлардан бирин таңлайды.

Пропорционал сайлаў системасында болса сайлаўшылар шахсларға емес, партияларға даўыс береди.

Сайлаўдан кейин, қайсы партия қанша даўыс топлағанына қарап, депутатлық орынлары бөлистириледи ҳәм партиялар сол орынларға депутатлар дизимин өзлери тастыйықлайды. Мысалы, қайсы партия сайлаўда 40% даўыс алса, демек 75 депутатлық орнының 40 пайызын, яғный 30 депутатты тастыйықлаў ҳуқықын қолға киргизеди,

Ямаса керисинше қайсы партия жәми 8% даўыс алса, ол жағдайда сол партия 6 депутат дизимин береди.

Әпиўайыластырып айтқанда, пропорционал сайлаў системасының тийкарғы мақсети сиясий партиялар тәрепинен сайлаўларда алынған даўыслар менен әмелде парламентте ийеленген мандатлар (депутатлық орынлар) пропорционаллығын тәмийинлеў болып табылады.

Яғный, бир партия сайлаўда 30% даўыс алған болса, парламентте 30% мандатты ийелеўи, сайлаўда 15% даўыс алған партия болса 15% мандатты ийелеўи керек.

## 2. МАЖОРИТАР САЙЛАЎ СИСТЕМАСЫ ТҮСИНИГИ ҲӘМ ОНЫҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Мажоритар сайлаў системасы конкрет талабанның сайлаў округинде сайлаўшылардың көпшилик даўысын топлаў зәрүрлиги менен характерленеди, яки мажоритар сайлаў системасында нызам менен белгиленген көп даўысты алған талабан усы округ бойынша сайланған есапланады.

Кем даўыс алған талабанлар ушын берилген сайлаўшылар даўысы есапқа алынбайды, себеби мажоритар сайлаўда парламентти қәлиплестириўде сайлаўшылар тәрепинен берилген ҳәр бир даўыс емес, бәлки сайлаўда тек жеңимпаз болған талабанға берилген даўыслар ғана есапқа алынады.

Алдынлары сайлаўлар **толық көпшилик даўысқа тийкарланған мажоритар система** бойынша өткерилген.

Бул системада берилген даўыслардың улыўма санынан толық көп даўыс, яғный **50%+1 даўыс алған талабан** сайлаған есапланады.

**ЕСТЕ САҚЛАҢ!**

*Мажоритар сайлаў системасында көп даўыс алған талабан арнаўлы бир округ бойынша сайланған есапланады.*

Талабанлар арасынан өз қарсыласларының ҳәр бирине салыстырғанда көп даўыс алғаны жеңимпаз есапланады.

Қысқаша айтқанда, сайлаўшылар толық көпшилик даўысқа тийкарланатуғын мажоритар системада берилген даўыслар улыўма санының 50 процентинен бир артық даўыс алған талабан сайланған деп тән алынады.

Мажоритар ўлыўма көпшилик системаға көре, егер хеш бир талабан ўлыўма көпшилик даўысты (50%+1) алмаса, ол жағдайда ең көп даўыс алған еки талабан ортасында қайта даўыс бериў өткериледи.

Сайлаў нызамшылығына киргизилген өзгерис ҳәм қосымшаларға муўапық кейинги болып өтетуғын сайлаўлар **салыстырмалы көпшилигиниң даўысына тийкарланыўшы мажоритар система** бойынша шөлкемлестириледи.

Бул жүдә қолайлы ҳәм әпиўайы система болып, бунда талабанлар арасында салыстырмалы көбирек даўыс алған талабан сайланған есапланады. Мысалы, сайлаў округинде бес талабан қатнасты, десек.

Нәтийжеде 1-талабан 35 %, 2-талабан 40%, 3-талабан 10%, 4-талабан 11%, 5-талабан 4% даўыс алды. Сол жағдайда 2-талабан сайланған деп есапланады.

**Мажоритар сайлаў системасының унамлы тәрепи** – сайлаўшылар тиккелей талабанның шахсына итибар береди, олар менен танысады, оның өзи менен байланыста болады ҳәм искерлиги бойынша анық қадағалаў өткере алады.

## 3. АРАЛАС САЙЛАЎ СИСТЕМАСЫ ТҮСИНИГИ ҲӘМ ОНЫҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Аралас сайлаў системасы мазмуны еки системаның бирикпеси болып, олар пропорционал ҳәм мажоритар болып табылады. Бунда мандатлардың бир бөлеги пропорционал система бойынша (партиялық дизимлер бойынша), екинши бөлеги болса мажоритар система (талабанға даўыс бериў) бойынша бөлистириледи.

Бул сайлаў системасы бир қатар мәмлекетлерде пропорционал ҳәм мажоритар сайлаў системасы муўапықлығын өзинде сәўлелендирген сайлаў системасының бир көриниси есапланады.

Аралас сайлаў системасы мажоритар ҳәм пропорционал сайлаў системаларындағы бар болған кемшиликлерди *(мәселен: мажоритар сайлаў системасында тәкирар даўыс бериў ҳәм оны финанслық тәмийинлеў зәрүрлиги, пропорционал сайлаў системасында бир партия сайлаўшыларының ўлыўма көпшилик даўысын топлай алмаса, ҳүкиметти қәлиплестириў ушын ол басқа сиясий партиялар менен коалиция дүзиўге мәжбүр болыўы)* сапластырыў менен бирге олардың абзал тәреплерин өзинде сәўлелендиреди.

Халық пенен қатнаслары тәсирли ҳәм нәтийжели болыўына мүмкиншилик жаратылады ҳәм партиялар бас орынға шығады. Қайсы партия өз бағдарламасы арқалы халыққа мақсетлерин билдирип, оларды әмелге асырыўға исендирип, мүнәсип ҳәрекет еткен партия көп даўыс алыўға ериседи.

Усы сайлаў системаларын бирлестирип туратуғын факторлардан бири бул олардың барлығында төменги палата ағзаларының көп партиялылық тийкарында пүткил халық тәрепинен туўрыдан-туўры сайланыўы болып табылады.

Жоқарыда айтып өтилген 2023-жыл 18-декабрдеги "Өзбекстан Республикасының айырым нызам ҳүжжетлерине сайлаў ҳәм референдум өткериў тәртибин және де жетилистириўге қаратылған өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында"ғы Өзбекстан Республикасының Нызамына муўапық, 2024-жылда өткерилиўи белгиленген Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы сайлаўы аралас, яғный, мажоритар ҳәм пропорционал сайлаў системасы тийкарында өткериледи.

Бунда, Нызамшылық палатасының **75 депутаты** алдыңғы сыяқлы тиккелей бир мандатлы сайлаў округлерден сайланады, қалған **75 депутат** болса сиясий партиялардың сайлаўда алған даўыслары санына пропорционал түрде, партия тәрепинен усыныс етилген талабанлар дизими тийкарында сайланады.

**Партия дизими** Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен дизимге алынады. Партия дизиминде талабанлардың фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған сәнеси, кәсиби, лаўазымы (жумыс түри), жумыс ҳәм жасаў орны, партияға тийислилиги, физикалық шахстың жеке идентификация номери көрсетиледи.

Депутатлыққа талабанларды таңлаў тәртиби **сиясий партиялар тәрепинен ғәрезсиз түрде белгиленеди.**

Соның менен бирге, депутатлыққа талабанларды көрсетиў сиясий партиялардың жоқары шөлкемлери тәрепинен әмелге асырылады.

Сиясий партиялар:

– бир мандатлы сайлаў округлери бойынша депутатлыққа **75 талабан**, яғный, ҳәр бир сайлаў округ бир депутатлыққа талабан көрсетиўге;

– партия дизими бойынша **75 тен кем болмаған**, **100 ден көп болмаған** депутатлыққа **талабан** көрсетиўге ўәкилликли болып табылады.

Бир мандатлы сайлаў округлеринде **бир шахс тек бир сайлаў округтен депутатлыққа талабан етип көрсетилиўи мүмкин**.

Бир талабан тек **бир партия дизимине киргизилиўи мүмкин**.

**Олий Мажлис Нызамшылық палатасына** аралас сайлаў системасы бойынша сайлаў өткерилиўи менен ҳәр бир сайлаўшыға сайлаў күни **мажоритар сайлаў системасы бойынша бир, пропорционал сайлаў системасы бойынша да бир**, жәми еки сайлаў бюллетени бериледи.

Айтып өтиў керек, **мажоритар сайлаў системасындағы бир мандатлы сайлаў округлери бойынша** өткерилетуғын сайлаўда **сайлаў бюллетенине сиясий партиялар тәрепинен көрсетилген депутатлыққа талабанлардың аты, фамилиясы киргизилген болады.**

**Пропорционал сайлаў системасындағы** Нызамшылық палатасы депутатларының **бирден-бир сайлаў округи бойынша** өткерилетуғын сайлаўда **сайлаў бюллетенине** сайлаўда қатнасып атырған **сиясий партиялардың аты киргизиледи.**

Сайлаўшы тек ғана талабанның өзине емес, оның бағдарламасы, алдына қойып атырған идеялары, соның менен бирге, партияның мақсетлери менен де жақыннан танысады, үйренеди, өз усынысларын береди, керек болса қоллап-қуўатлайды. Бул арқалы пуқаралардың сиясий процеслерге қатнасы кеңейеди.

## ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ

1. Пропорционал сайлаў системасының түсинигин айтың?
2. Мажоритар сайлаў системасының түсинигин билесиз бе?
3.Пропорционал сайлаў системасын мажоритар сайлаў системасынан парқы неде?
4. Аралас сайлаў системасы түсинигин айтың?
5. 2024-жылда өткерилиўи белгиленген Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы сайлаўы қандай сайлаў системасы тийкарында өткериледи?
6. Депутатлыққа талабанларды таңлаў тәртиби ким тәрепинен ғәрезсиз түрде белгиленеди?
7. Сиясий партиялар бир мандатлы сайлаў округлери бойынша депутатлыққа неше талабан көрсетиўге ўәкилликли?
8. Бир мандатлы сайлаў округлеринде бир шахс тек неше сайлаў округинен депутатлыққа талабан етип көрсетилиўи мүмкин?
9. Бир талабан неше партия дизимине киргизилиўи мүмкин?
10. Мажоритар сайлаў системасындағы бир мандатлы сайлаў округлери бойынша өткерилетуғын сайлаўда сайлаў бюллетенине кимлердиң аты, фамилиясы киргизилген болады?
11. Пропорционал сайлаў системасындағы Нызамшылық палатасы депутатларының бирден-бир сайлаў округи бойынша өткерилетуғын сайлаўда сайлаў бюллетенине кимлердиң аты киргизиледи?

## ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ

**1. Мәмлекеттиң пүткил аймағы бирден-бир сайлаў округи есапланатуғын ҳәм сайлаўшылар өзлерине мақул болған сиясий партияға даўыс беретуғын сайлаў системасы не деп аталады?**

А. Пропорционал сайлаў системасы
Б. Қурамалы сайлаў системасы
С. Интенсив сайлаў системасы
Д. Экстенсив сайлаў системасы

**2. Мазмун жағынан еки система – пропорционал ҳәм мажоритар сайлаў системаларының бирикпеси болған сайлаў системасы не деп аталады?**

А. Аралас сайлаў системасы
Б. Муўапықласқан сайлаў системасы
С. Интеграциялаcқан сайлаў системасы
Д. Қурамалы сайлаў системасы

**3. Қандай сайлаў системасында мандатлардың бир бөлеги пропорционал система бойынша, екинши бөлеги болса мажоритар система бойынша бөлистириледи?**

А. Әпиўайы сайлаў системасында
Б. Қурамалы сайлаў системасында
С. Аралас-унитар сайлаў системасында
Д. Аралас сайлаў системасында

**4. 2024-жылда Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы сайлаўы қандай сайлаў системасы тийкарында өткериледи?**

А. Аралас, яғный мажоритар ҳәм пропорционал сайлаў системасы
Б. Аралас, яғный мажоритар ҳәм әпиўайы сайлаў системасы
С. Аралас, яғный әпиўайы ҳәм пропорционал сайлаў системасы
Д. Аралас, яғный әпиўайы ҳәм қурамалы сайлаў системасы

**5. Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасы депутатлығына көрсетилген талабанлар ким тәрепинен дизимге алынады?**

А. Аймақлық сайлаў комиссиясы
Б. Орайлық сайлаў комиссиясы
С. Округлық сайлаў комиссиясы
Д. Участкалық сайлаў комиссиясы

**6. Жергиликли Кеңеслер депутатлығына көрсетилген талабанлар ким тәрепинен дизимге алынады?**

А. Тийисли округлық, районлық ҳәм қалалық сайлаў комиссиясы
Б. Тийисли пропорционал сайлаў комиссиясы
С. Тийисли аймақлық, районлық ҳәм қалалық сайлаў комиссиясы
Д. Тийисли мажоритар сайлаў комиссиясы

**7. Депутатлыққа талабанларды көрсетиў ким тәрепинен әмелге асырылады?**

А. Сиясий партиялар

Б. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў ўйымлары

С. Ўәлаятлардың ҳәкимликлери

Д. Районлық, қалалық ҳәкимликлер

**8. Сиясий партиялар Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутатларының бир мандатлы сайлаў округлери бойынша депутатлыққа неше талабан көрсетиўге ўәкилликли?**

А. 75, яғный ҳәр бир сайлаў округинен екеўден депутатлыққа талабан

Б. 75, яғный ҳәр бир сайлаў округинен үшеўден депутатлыққа талабан

С. 75, яғный ҳәр бир сайлаў округинен төртеўден депутатлыққа талабан

Д. 75, яғный ҳәр бир сайлаў округинен биреўден депутатлыққа талабан

**9. Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутатларының сайлаўы бойынша сиясий партиялар партия дизими бойынша неше депутатлыққа талабан көрсетиўге ўәкилликли?**

А. 75 тен кем болмаған, 100 ден көп болмаған

Б. 75 тен кем болмаған, 95 тен көп болмаған

С. 65 тен кем болмаған, 100 ден көп болмаған

Д. 55 тен кем болмаған, 60 тан көп болмаған

**10. Депутатлыққа талабанларды таңлаў тәртиби ким тәрепинен ғәрезсиз түрде белгиленеди?**

А. Жергиликли өзин-өзи басқарыў ўйымлары

Б. Сиясий партиялар

С. Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеслер

Д. Халық депутатлары ўәлаятлық ҳәм Ташкент қалалық Кеңеслер

## КЕЙСЛЕР

| Кейстиң мазмуны: |
|---|
| Олий Мажлис Нызамшылық палатасы бир мандатлы сайлаў округи бойынша Өзбекстан Либерал-демократиялық партиясынан депутатлыққа талабан ретинде көрсетилген Н. Арипходжаев бир ўақыттың өзинде Олий Мажлис Нызамшылық палатасы бир мандатлы сайлаў округи бойынша Өзбекстан Экологиялық партиясынан депутатлыққа талабан ретинде көрсетилгени анықланды. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселелер (сораўлар):** |
| 1. Бир мандатлы сайлаў округинде бир шахс неше сайлаў округинен депутатлыққа талабан етип көрсетилиўи мүмкин? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Депутатлыққа талабанларды таңлаў тәртиби сиясий партиялар тәрепинен ғәрезсиз түрде белгиленеди.<br>Бир мандатлы сайлаў округлеринде бир шахс тек бир сайлаў округинен депутатлыққа талабан етип көрсетилиўи мүмкин.<br>Бир талабан тек бир партия дизимине киргизилиўи мүмкин. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 70-статьясы. |

| Кейстиң мазмуны: |
|---|
| Олий Мажлис Нызамшылық палатасы бир мандатлы сайлаў округи бойынша Өзбекстан Либерал-демократиялық партиясынан депутатлыққа талабан сыпатында көрсетилген А.Ғаниев бир ўақыттың өзинде бирден-бир сайлаў округи бойынша усыныс етилген партия дизимине киргизилгенлиги анықланды. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселелер (сораўлар):** |
| 1. Олий Мажлис Нызамшылық палатасына сиясий партия тәрепинен бир мандатлы сайлаў округи бойынша неше депутатлыққа талабан көрсетиледи?<br>2. Сиясий партиялар бир талабанды ҳәм партия дизиминде, ҳәм бир мандатлы сайлаў округи бойынша депутатлыққа талабан ретинде көрсетиўи мүмкин бе? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Сиясий партиялар бир мандатлы сайлаў округи бойынша депутатлыққа жетпис бес талабан, яғный ҳәр бир сайлаў округинан бир депутатлыққа талабан көрсетеди.<br>Бир мандатлы сайлаў округи бойынша көрсетилген талабанлар партия дизимине киргизилиўи мүмкин емес. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 67 ҳәм 70-статьялары. |

# III ТЕМА

## САЙЛАЎДА САЙЛАЎШЫЛАРДЫҢ ДИЗИМИ МЕНЕН ИСЛЕСИЎ

1. Сайлаўшылар дизимин қәлиплестириў тәртиби
2. Сайлаўшылар дизимин “Сайлаў процесин басқарыў бойынша мәлимлеме системасы”нан жүклеп алыў ҳәм оған анықлық киргизиў
3. Сайлаўшылар дизими менен пуқараларды таныстырыў
4. “Сайлаў процесин басқарыў бойынша мәлимлеме системасы”нда белгиленген формадағы электрон сораўнаманы толтырыў ҳәм сайлаўшылар дизимине киргизилип атырған өзгерислерди бақлап барыў
5. Сайлаўшылар дизими қосымшасына сайлаўшыларды киргизиў тәртиби

# 1. САЙЛАЎШЫЛАР ДИЗИМИН ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ ТӘРТИБИ



Сайлаў кодексиниң 27-статьясына муўапық, сайлаў күнине шекем ямаса сайлаў күни 18 жасқа толған, дизим дүзилип атырған ўақытта усы сайлаў участкасы аймағында турақлы ямаса ўақытша жасап атырған пуқаралар сайлаўшылар дизимине киргизиледи.

Өзбекстан Республикасы пуқарасының паспорты (егер сайлаўшы пуқара шет мәмлекетте болса, шет елге шығыў паспорты ямаса дипломатиялық паспорты) ямаса идентификация ID-картасы сериясы ҳәм номери, физикалық шахстың жеке идентификация номери, фамилиясы, аты, әкесиниң аты (мәмлекет тилинде, латын жазыўында), туўылған сәнеси (жыл, ай, күн - номерлер менен жазылады), турақлы ямаса ўақытша жасап атырған пуқаралардың жасаў мәнзили және оның кадастр номери Әдиллик министрлиги жанындағы Персоналластырыў агентлиги тәрепинен усыныс етилетуғын сайлаўшы пуқаралар туўрысындағы мағлыўматлар есапланады.

Сайлаўшылар дизимлери сайлаў процеси басқарыў мәлимлеме системасында (ендиги текстлерде – СПБМС) сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизими (ендиги текстлерде – СБЭД) тийкарында сайлаў участкалары кесиминде автомат тәризде бөлистириледи.

Сайлаўшылардың дизимлери тийисли мәмлекет шөлкемлериниң усыныс еткен мағлыўматлары тийкарында Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги жанындағы Персоналластырыў агентлиги тәрепинен СПБМСда электрон тәризде қәлиплестириледи.

Ҳәр бир сайлаўшы тек бир сайлаўшылар дизимине киргизилиўи мүмкин.

Сайлаўшылар дизимине ҳәр бир сайлаўшының фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған сәнеси ҳәм жасаў жайы мәнзилине киргизиледи.

Нызамға муўапық ҳәм де судтың шешими тийкарында сайлаўда қатнасыў ҳуқықынан айрылған пуқаралар сайлаўшылар дизимине киргизилмейди.

Сайлаўшылар дизимлери СБЭДди қәлиплестириў бойынша мәлимлеме системасы мағлыўматлары тийкарында дүзиледи.



## 2. САЙЛАЎШЫЛАР ДИЗИМИН “САЙЛАЎ ПРОЦЕСИН БАСҚАРЫЎ БОЙЫНША МӘЛИМЛЕМЕ СИСТЕМАСЫ”НАН ЖҮКЛЕП АЛЫЎ ҲӘМ ОҒАН АНЫҚЛЫҚ КИРГИЗИЎ



***Сайлаўшылар дизимин «СПБМС»нан жүклеп алыў ушын:***

1. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери СПБМСна кириў руқсатын алыў ушын район, қала сайлаў комиссиясына мүрәжат етеди.

2. Район, қала сайлаў комиссиясы хаткери СПБМСна кириў руқсатын участкалық сайлаў комиссиясы хаткерине усыныс етеди.

3. Участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгенинен кейин 3 күн ишинде комиссияның хаткери СПБМСна кирип бөлистирилген усы участкалық сайлаўшыларының дәслепки дизимин жүклеп алады.

4. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери сайлаўшылар дизимин тексерип шығады, баспадан шығарады ҳәм комиссия баслығына усыныс етеди.

***Сайлаўшылар дизимине анықлық киргизиў ушын:***

1. Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы комиссия ағзаларына сайлаўшылар дизимин оған киргизилген сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматлардың туўрылығын анықластырыў ушын бөлистиреди.

2. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары сайлаў участкасы аймағында жасаўшы сайлаўшылар туўрысында мағлыўматларды (сайлаўшылар дизимин) алғанынан кейин, участка аймағын үйме-үй кирип шығыў арқалы бул мағлыўматлардың туўрылығына анықлық киргизеди.

3. Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшылар дизимин анықлаўда қатнасыў ушын жәмийетлик ўәкиллерди ҳәм волонтёрларды шақырыўы мүмкин.

Район ҳәм қала ҳәкимликлери сайлаўшылардың дизимлерин анықластырыў жумысларына көмеклеседи.

4. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары ҳәм оларға көмеклесиўшилер үйме-үй кирип шығыў ўақтында төмендегилерге анықлық киргизеди:

– сайлаўшылардың сайлаў күни бул сайлаў участкасы аймағында болыў болмаўына;

– сайлаўшылардың дизиминдеги бул сайлаўшыларға тийисли мағлыўматларда қәте-кемшиликлер бар-жоқ екенлигине.

5. Ҳәкимликлер, тийисли кеңселер, сондай-ақ мәҳәлле пуқаралар жыйынлары, профилактика инспекторлары сайлаўшылардың дизимлерин анықластырыў жумысларына көмеклеседи, соның менен бирге, участкалық сайлаў комиссиясы сораўына тийкарланып усы сайлаў участкасы аймағында жасап атырған сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматларды 24 саат ишинде усыныўы шәрт.

6. Сайлаўшылар дизимин анықластырыў жумыслары алып барылып атырған ўақытта сайлаўшыларға мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге асырыў мүмкиншилиги ҳәм басқа ҳуқықлар түсиндириледи.

## 3. САЙЛАЎШЫЛАР ДИЗИМИ МЕНЕН ПУҚАРАЛАРДЫ ТАНЫСТЫРЫЎ

Сайлаўшылардың дизимлери сайлаўға 15 күн қалғанда участкалық сайлаў комиссиясы хаткери тәрепинен СПБМСнан жүклеп алынады, баспадан шығарылады, участкалық сайлаў комиссиясы баслығы ҳәм хаткери тәрепинен қол қойылады, участкалық сайлаў комиссиясы мөри менен тастыйықланады.

Соннан кейин участкалық сайлаў комиссиясы бинасында сайлаўшылар дизими ҳәмме танысып шығыўы ушын қолайлы болған ҳалда төмендеги формада усыныс етиледи:

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ОЛИЙ МӘЖЛИСИНИҢ НЫЗАМШЫЛЫҚ ПАЛАТАСЫ, ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ ЎӘЛАЯТЛЫҚ, РАЙОНЛЫҚ ҲӘМ ҚАЛАЛЫҚ КЕҢЕСЛЕРИ ДЕПУТАТЛАРЫ САЙЛАЎЫ**

**САЙЛАЎШЫЛАР ДИЗИМИ**

20__ж. "____" ______________

*(сайлаў сәнеси)*

**___________ САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫ**

| Т/н | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жылы | Т/н | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жылы |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | 21 | | |
| 2 | | | 22 | | |
| 3 | | | 23 | | |
| 4 | | | 24 | | |
| 5 | | | 25 | | |
| 6 | | | 26 | | |
| 7 | | | 27 | | |
| 8 | | | 28 | | |
| 9 | | | 29 | | |
| 10 | | | 30 | | |
| 11 | | | 31 | | |
| 12 | | | 32 | | |
| 13 | | | 33 | | |
| 14 | | | 34 | | |
| 15 | | | 35 | | |
| 16 | | | 36 | | |
| 17 | | | 37 | | |
| 18 | | | 38 | | |
| 19 | | | 39 | | |
| 20 | | | 40 | | |

** Сайлаў күни 18 жасқа толған сайлаўшылардың туўылған күни ҳәм айы көрсетилсин.*

| | | |
|---|---|---|
| **Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы** | **имзасы** | **Ф. А. Ә.** |
| **Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери** | **имзасы** | **Ф. А. Ә.** |

**мөри**

*Бул дизимде сайлаўшылардың тек фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм туўылған жылы көрсетиледи.*

*Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшылар дизими менен танысыў орны ҳәм ўақты туўрысында сайлаўшыларды хабардар етеди.*

Буның ушын участкалық сайлаў комиссиясы имаратындағы сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы мағлыўматлар жайластырылатуғын стендлерде сайлаўшылар дизими, сайлаўшылар ушын жақсы көринетуғын ҳәм оқыўы ушын қолай тәризде жайластырылады.

**БУЛ ӘҲМИЙЕТЛИ!**

**Сайлаў комиссиялары** пуқараларды өз жумысы туўрысында, сайлаў округи, участкалары дүзилгенлиги ҳаққында, сайлаў комиссияларының қурамы, олардың жайласқан жери ҳәм жумыс ўақты туўрысында хабардар етеди, **сайлаўшылардың дизимлери**, сайлаўда қатнасып атырған сиясий партиялардың дизими менен таныстырады, Нызамшылық палатасы депутатлығына, жергиликли Кеңеслер депутатлығына талабанлар туўрысындағы, соның менен бирге даўыс бериў ҳәм сайлаў жуўмақлары ҳаққындағы мағлыўматларды хабарлайды.

Сайлаўшылардың дизимлерине өзгерислер киргизиў сайлаўға 5 күн қалғанында тоқтатылады.

Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери сайлаўға 3 күн қалғанында өз аймағындағы сайлаўшылардың ақырғы дизимин СПБМСнан жүклеп алады, баспадан шығарады ҳәм участкалық сайлаў комиссиясы баслығына усыныс етеди.

Бул дизим участкалық сайлаў комиссиясы баслығы ҳәм хаткери тәрепинен қол қойылады, участкалық сайлаў комиссиясының мөри менен тастыйықланады ҳәм де сайлаў күни бул дизимнен пайдаланылады.

Бунда сайлаўшылар дизиминде сайлаўшылардың фамилиялары даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын қолай болған тәртипте көрсетиледи.

Ҳәр бир пуқара сайлаўшылар дизиминдеги қәте ямаса анықсызлық туўрысында участкалық сайлаў комиссиясына шағым етиўи мүмкин.

Участкалық сайлаў комиссиясы 24 саат ишинде мүрәжатты тексериўи ҳәм қәтени ямаса анықсызлықты сапластырыўы яки мүрәжат етиўшини оның мүрәжаты бийкар етилгенлиги ҳаққында тийкарланған жуўап бериўи шәрт.

## 4. “САЙЛАЎ ПРОЦЕСИН БАСҚАРЫЎ БОЙЫНША МӘЛИМЛЕМЕ СИСТЕМАСЫ”НДА БЕЛГИЛЕНГЕН ФОРМАДАҒЫ ЭЛЕКТРОН СОРАЎНАМАНЫ ТОЛТЫРЫЎ ҲӘМ САЙЛАЎШЫЛАР ДИЗИМИНЕ КИРГИЗИЛИП АТЫРҒАН ӨЗГЕРИСЛЕРДИ БАҚЛАП БАРЫЎ

Сайлаўшылар дизимине анықлық киргизиў процесинде сайлаў участкасы аймағында ўақытша жасап атырған пуқаралар бар екенлиги анықланса, бирақ олар бул сайлаў участкасында сайлаўшылар дизимине киргизилмеген болса ҳәм өз-ара сәўбет тәризинде олардың сайлаў күни бул сайлаў участкасы аймағында болыўы анықланса, бул сайлаўшылардың төмендегише бөлек дизимлери дүзиледи:

**Бөлек дизим**

*(Бул дизимге сайлаў участкасы аймағында ўақытша жасап атырған, бирақ бул сайлаў участкасында сайлаўшылар дизимине киргизилмегенлиги анықланған сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматлар киргизиледи ҳәм бул дизим тийкарында электрон сораўнама толтырылады)*

**Сайлаўшының жеке мағлыўматлары:**

| т/н | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жылы, айы ҳәм күни | Паспорт (яки ID-карта) сери-ясы ҳәм номери | Жасаў мәнзили | Телефон номери |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | |
| 2 | | | | | |
| 3 | | | | | |
| 4 | | | | | |
| ... | | | | | |

**Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы** ____________ ________Ф.А.Ә.________
имзасы

**Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери** ____________ ________Ф.А.Ә.________
имзасы

** Бул дизим тийкарында комиссия баслығы ямаса хаткери тәрепинен СПБМСда белгиленген формадағы электрон сораўнама толтырылады ҳәм сайлаўшының сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизимине өзгерис киргизиў ушын тийисли тәртипте республика, ўәлаят ямаса район исши топарына автомат тәризде жибериледи.*

Сайлаўшы сайлаўшылар дизими менен танысыў процесинде өзи ҳаққындағы мағлыўматлар қәте киргизилген ямаса өзи жасап атырған аймақтан басқа аймақта жайласқан сайлаў участкасындағы сайлаўшылар дизимине киргизилгенлигин анықлаған жағдайда, тиккелей өзи жасап турған аймақтағы сайлаў участкасына барып та мүрәжат етиўи мүмкин. Бундай жағдайларда участкалық сайлаў комиссиясы бул сайлаўшыны жоқарыда белгиленген бөлек дизимге киргизеди.

Соннан кейин, бөлек дизими қәлиплестирилген сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматлар тийкарында СПБМСда белгиленген формадағы электрон сораўнама толтырылады ҳәм сайлаўшылар дизимине өзгерис киргизиў ушын тийисли тәртипте республика, ўәлаят ямаса район, қала исши топарына автомат тәризде жибериледи. Исши топар электрон сораўнаманы көрип шығады ҳәм СПБМСдағы сайлаўшылар дизимине орнатылған тәртипте тийисли өзгерис киргизеди.

Электрон сораўнамаға қарап сайлаў участкасы өзгертилген ямаса өзи мүрәжат етпеген сайлаўшыны басқа сайлаў участкасына өткерилиўине жол қойылмайды. Электрон сораўнама бийкар етилген жағдайларда участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшыны оның мүрәжаты бийкар етилгенлиги туўрысында тийкарланған жуўап бериўи шәрт.

**Сайлаўшының өз қәлеўине көре еткен мүрәжатына муўапық төмендегилер сайлаўшылар дизимине өзгерис хәм дүзетиўлер киргизиў ушын тийкар болыўы мүмкин:**

– сайлаўшының тийисли сайлаў участкасы аймағында турақлы ямаса ўақытша жасаўы;

– Жасы 18 толғанлығын тастыйықлайтуғын хүжжет;

– пуқара фамилиясы, аты хәм әкесиниң аты өзгергенлиги;

– сайлаўшылар дизиминде әмелдеги болған басқа өзгерислер ямаса қәтелер;

– судтың пуқараны сайлаўда қатнасыў хуқықынан айырыў ҳаққындағы шешими бийкар етилгенлигин тастыйықлайтуғын хүжжет.



Көркемөнер орайларында хәм демалыў үйлеринде, емлеўханаларда хәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде, қамақта сақлаў хәм еркинлигинен айырыў орынларында дүзилген сайлаў участкалары бойынша сайлаўшылар дизимлери усы мәкемелер басшылары тәрепинен усыныс етилген мағлыўматлар тийкарында участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен дүзиледи. Бунда, бул дизимге киргизилген сайлаўшы сайлаў күнинде дизимге киргизилген сайлаў участкасы жайласқан шөлкемде болыўы анықланса, усы участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшылар дизимине өзгерис киргизиў ушын тийисли исши топарға, егерде сайлаўға 5 күннен кем ўақыт қалған болса бул шөлкемдеги дизимге киргизилген сайлаўшылар турақлы ямаса ўақытша жасаў орнындағы участкалық сайлаў комиссиясына хабар жеткизиў иләжларын көриўи керек.

Хабардар етилген исши топары сайлаўшылар дизимине тийисли өзгерис киргизиў иләжларын көреди. Егерде сайлаўға 5 күннен кем ўақыт қалған болса участкалық сайлаў комиссиясы өз сайлаў участкасындағы сайлаўшылар дизимине бул сайлаўшы басқа сайлаў участкасында сайлаўшылар дизимине киргизилгенлиги ҳаққында жазыў киргизеди хәм де оны жуўмақлаўшы баянламада сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма санына киргизбейди.

Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшылардың дизимлери ҳәмме танысып шығыўы ушын усыныс етилгенинен кейин де анықланған қәте-кемшиликлерди сапластырыў мақсетинде сайлаўға 5 күн қалғанға шекем сайлаўшылардың дизимлерине өзгерис киргизиў ушын исши топарларға электрон сораўнама жибериўи мүмкин.

Исши топарлар электрон сораўнаманы сол күнниң өзинде көрип шығып, белгиленген тәртипте шешим қабыл етеди.

Көркем-өнер орайларда ҳәм демалыў үйлеринде, емлеўханаларда ҳәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған орынларда, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген участкаларда сайлаўшылардың жуўмақлаўшы дизими сайлаўға 3 күн қалғанында ҳәмме танысып шығыўы ушын усыныс етиледи.

Бул дизимде сайлаўшылардың тек фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм туўылған жылы көрсетиледи.

Сайлаўшылардың дизимлерине өзгерислер киргизиў сайлаўға 5 күн қалғанында тоқтатылады.

## 5. САЙЛАЎШЫЛАР ДИЗИМИ ҚОСЫМШАСЫНА САЙЛАЎШЫЛАРДЫ КИРГИЗИЎ ТӘРТИБИ

Даўыс бериў күни қандай да бир себепке көре сайлаўшылар дизимине фамилиясы кирмей қалған сайлаўшылар, яғный сайлаўшының сайлаўшылар дизиминдеги мағлыўматлары тексерилиўи нәтийжесинде сайлаўшы усы сайлаў участкасының сайлаўшылары дизиминде жоқлығы анықланса, сайлаўшы шахсын, пуқаралығы ҳәм жасаў орнын (бул сайлаў участкасы аймағында турақлы жасаў орны ямаса ўақытша турған орны бойынша дизимге алынғанлығын) тастыйықлайтуғын ҳүжжет тийкарында участкалық сайлаў комиссиясы баслығына (1-қосымша) арза менен жазба формада мүрәжат етеди:



*(1-Қосымша)*

**АРЗА**

(сайлаўшылар дизимин қосымшаға киритиў хаққында)

Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 52-статьясына тийкарланып өз сайлаў ҳуқықымнан пайдаланыў мақсетинде мени жасаў орныма тийисли болған [ - ] сайлаў участкасының сайлаўшылар дизимине киргизиўиңизди сорайман.

| | |
|---|---|
| 1 Шахсқа тийисли мағлыўмат | **Фамилия** [ ] **Паспорт (ID карта) мағлыўматлары** [ ] - *(серия)* *(номер)*<br>**Аты** [ ]<br>**Әкесиниң аты** [ ] **Туўылған сәне** [ ][ ] [ ] [ ][ ][ ][ ] *(күн)* *(ай)* *(жыл)* |
| 2 Жасаў орны | [ ] *(аймақ аты)* [ ] *(МПЖ яки көше аты)*<br>[ ] *(район, қала аты)* [ ] *(үй номери)* |
| 3 Дыққат! | **Мүддетинен алдын даўыс бермегенлигимди мәлим етемен.**<br>**Ҳәр бир сайлаўшы бир мәрте даўыс береди, оннан артық даўыс бериўге жол қойылмаслығы хаққында ескертилдим.**<br>**Сайлаў** [ ] *(имзасы)* [ ] *(Ф.А.Ә.)* |

**Төмендеги мағлыўматлар участка сайлаў комиссиясы хаткери тәрепинен толтырылады.**

| | |
|---|---|
| 4 Арзаны көрип шығыў | 1) сайлаўшының СПБМСнан излеп таўылған сайлаў участкасы тәртип номери [ ]<br>2) байланыс қуралы арқалы байланысқан тийисли участка сайлаў комиссиясының (баслығының) телефон номери [ ]<br>Участка сайлаў комиссиясы (баслығы) менен байланысыў имканияты болмаған жағдайда тийисли республика,ўәлаят яки район, қала исши топарға [ ] хабар берилди *(тийислисиниң астына сызылады)*;<br>3) [ - ] сайлаў участкасында сайлаўшының даўыс берген яки бермегенлиги анықланды *тийислисиниң астына сызылады)*; |

**4)** даўыс бермегенлиги факты анықланғанынан соң, сайлаўшының [ - ] сайлаў участкасы сайлаўшылар дизими қосымшасы тийкарында даўыс берип атырғанлығы хаққында хабарландырылды.

**Қанаатлантырылды** ☐ **Бийкар етилди** ☐

☐ сайлаўшы сол участка аймағында турақлы яки ўақытша дизимде турады

☐ сайлаўшы участка аймағында турақлы яки ўақытша дизимде турмайды

☐ сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс бермеген

☐ сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс берген

***Түсиндирме!*** *Сайлаўшы тәрепинен арзада көрсетилген бос кетеклер тийисли жазыўлар менен толтырылыўы шәрт. Сайлаўшының жеке мағлыўматларын шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжеттиң түп нусқасына тийкарланып тексердим.*

**Участка сайлаў комиссиясы хаткери** [ ] *(имзасы)* [ ] *(Ф.А.Ә.)*

**Участка сайлаў комиссиясы баслығы** [ ] *(имзасы)* [ ] *(Ф.А.Ә.)*

Сайлаўшының арзасы қабыл етип алынғаннан кейин, участкалық сайлаў комиссиясы баслығы сайлаўшының турақлы ямаса ўақытша дизимге алынған жасаў орнынан келип шығып, оны бул сайлаў участкасының сайлаўшылар дизимине киргизиў ямаса киргизбеў мәселесин шешеди.

Бунда, сайлаўшыны сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў мәселеси төмендеги ҳәрекетлер избе-излигинде шешиледи:

**1-ҳәрекет:** участкалық сайлаў комиссиясы баслығының көрсетпесине тийкарланып комиссия хаткери сайлаўшының сайлаў участкасын СПБМСнан излеп табады;

**2-ҳәрекет:** комиссия хаткери излеп табылған сайлаў участкасындағы комиссия баслығы менен байланыс қуралы (телефон) арқалы байланысып, сайлаўшының даўыс берген ямаса бермегенлигин анықлайды. Даўыс бермеген факты анықланғанынан кейин, сайлаўшының бул сайлаў участкасында сайлаўшылар дизими қосымшасы тийкарында даўыс берип атырғанлығы ҳаққында хабар береди. Баслық пенен байланысыў мүмкиншилиги болмаған жағдайда усы ҳәрекетлерди әмелге асырыўда жәрдем бериў ушын тийисли исши топарға мүрәжат қылады;

**3-ҳәрекет:** комиссия хаткери комиссия баслығын хабардар еткен ҳалда сайлаўшыны төмендеги үлгиге (2-қосымша) муўапық сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизеди ҳәм оған даўыс бериў ушын сайлаў бюллетенине қол қойдырып тапсырады:

*(2-илова)*

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ОЛИЙ МАЖЛИСИНИҢ НЫЗАМШЫЛЫҚ ПАЛАТАСЫ, ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ ЎӘЛАЯТЛЫҚ, РАЙОНЛЫҚ ХӘМ ҚАЛАЛЫҚ КЕҢЕСЛЕРИ САЙЛАЎЫ**

**САЙЛАЎШЫЛАР ДИЗИМИ ҚОСЫМШАСЫ**

20____ж. "_____"___________________
*(сайлаў сәнеси)*

**__________ САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫ**

| Т/н | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Жасаў орны *(жасаў орнын тастыйықлайтуғын ҳүжжетке тийкарланып)* | СБЭДдеги тийкарғы сайлаўшылар дизимине киргизилген сайлаў участкасының тәртип номери, район ямаса қала, ўәлаят *(сайлаў участкасы телефон номери)* | Сайлаўшының сайлаў бюллетенин алғанлығы ҳаққындағы қолы | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Нызамшылық палатасы депутаты сайлаўы бойынша | | Ўәлаятлық, Ташкент қалалық Кеңеси депутаты сайлаўы бойынша | Районлық, қалалық Кеңеси депутаты сайлаўы бойынша |
| | | | | Бир мандатлы сайлаў округи бойынша | Бир-ден-бир сайлаў округи бойынша | | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |

***Түсиндирме:*** *Бул қосымша Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже талапларына қатаң әмел ете отырып толық толтырылыўы шәрт.*

*Бул қосымша комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып тек участкалық сайлаў комиссиясы хаткери тәрепинен толтырылады. Комиссияның басқа ағзалары тәрепинен толтырылыўы қадаған етиледи.*

*Бул талапқа әмел етпеў, сайлаў ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлерин бузыў жуўапкершиликке себеп болады.*

**Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы** __________ ________________________
имзасы Ф.А.Ә

Сайлаў участкасында сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып тек комиссия хаткери тәрепинен жүргизиледи. Комиссияның басқа ағзалары тәрепинен сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы жүргизилиўине жол қойылмайды.

**ИТИБАР ҚАРАТЫҢ!**

Сайлаўшылар дизимин қәлиплестириў ҳәм бул дизимлер менен ислеўде сайлаў комиссиялары жоқарыдағы қағыйдаларға қатаң әмел етиў керек болады, себеби оларға әмел етпеў нызам бузылыўына алып келиўи мүмкин.

**Усының себепинен төмендегилерге айрықша итибар қаратыў лазым:**

- сайлаў күнинде сайлаўшыларға тийисли мағлыўматларды СПБМСна байланысып СБЭД арқалы тексергеннен кейин, сайлаўшылар дизиминиң қосымшасына киргизиў;
- сайлаўшылар дизиминиң қосымшасына киргизиў мәселесин тек участкалық сайлаў комиссия баслығы тәрепинен шешилиўи;
- участка комиссиялары ағзаларының сайлаўшын сайлаўшылар дизиминен тексериў тәртип-қағыйдаларынан толық хабардар болыўы;
- сайлаў күни сайлаўшылар дизиминиң қосымшасына сайлаўшыларды тек нызамшылықта белгиленген тәртипте киргизиў.

**Төмендеги жағдайларда сайлаўшыны сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў бийкарланады:**

- ☑ сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс берген болса;
- ☑ сайлаўшы турақлы ямаса ўақытша дизимге алынбаған жасаў орны бойынша участкалық сайлаў комиссиясына мүрәжат еткен болса.



Бунда, участкалық сайлаў комиссиясы баслығы сайлаўшының турақлы ямаса ўақытша жасаў орны бойынша басқа сайлаў участкасында даўыс бериўи керек екенлигин түсиндиреди ҳәм де арзасында бийкар етиў тийкары ҳақында белги қояды.

Сайлаў участкасындағы сайлаўшылар дизимине киргизилген сайлаўшының басқа сайлаў участкасында даўыс берип атырғанлығы ҳаққында мағлыўмат алған участкалық сайлаў комиссиясының баслығы сайлаўшылар дизимине бул сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс бергенлиги ҳаққында мағлыўмат киргизеди. Жуўмақлаўшы баянламаны толтырыў ўақтында бул сайлаўшы участкадағы сайлаўшылардың улыўма санына қосылмайды.

## ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ

1. Қайсы пуқаралар сайлаўшылар дизимине киргизиледи?

2. Өзбекстан Республикасы сайлаўшылардың Бирден-бир электрон дизими қандай мәлимлеме ресурсы есапланады?

3. Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги жанындағы Персоналластириў агентлиги тәрепинен усыныс етилетуғын сайлаўшы пуқаралар туўрысындағы мәлимлемеларға қандай мағлыўматлар киреди?

4. Сайлаўшылардың дизимлери тийисли мәмлекетлик органлардың усыныс еткен мағлыўматлары тийкарында ким тәрепинен електрон тәризде қәлиплестиреди?

5. Сайлаўшылар дизимине ҳәр бир сайлаўшының қандай мағлыўматлары киргизиледи?

6. Қайсы пуқаралар сайлаўшылар дизимине киргизилмейди?

7. “Сайлаў процесин басқарыў мәлимлеме системасы” (СПБМС)ның тийкарғы ўазыйпаларын айтып бериң.

8. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткерин СПБМСна кириў руқсатын алыў ушын зәрүр болған процеслерди айтып бериң.

9. Участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгенинен кейин 3 күн ишинде комиссия хаткериниң сайлаўшылардың дәслепки дизими менен әмелге асыратуғын ҳәрекетлерин айтып бериң.

10. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары сайлаў участкасы аймағында жасаўшы сайлаўшылар туўрысындағы мағлыўматлардың туўрылығына қандай анықлық киргизеди?

11. Кимлер участкалық сайлаў комиссиясы сораўына тийкарланып усы сайлаў участкасы аймағында жасап атырған сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматларды 24 саат ишинде усыныўы шәрт?

12. Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшылар дизимин анықластырыўда қатнасыў ушын кимлерди шақырыўы мүмкин?

13. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары ҳәм оларға көмеклесиўшилер үйме-үй айланып шығыў ўақтында нелерге анықлық киргизеди?

14. Сайлаўшылар дизимине анықлық киргизиў процесинде сайлаў участкасы аймағында ўақытша жасап атырған пуқаралар бар екенлиги анықланса, бирақ олар бул сайлаў участкасында сайлаўшылар дизимине киргизилмеген болса ҳәм де өз-ара сәўбетте олардың сайлаў күни бул сайлаў участкасы аймағында болыўы анықланса қандай ҳәрекетлер әмелге асырылады?

15. Сайлаўшылардың дизимлерине өзгерислер киргизиў қашан тоқтатылады?

16. Сайлаўшылар дизимине анықлық киргизиў процесинде қандай сайлаўшылардың бөлек дизимлери дүзиледи?

17. Сайлаўшы сайлаўшылар дизими менен танысыў процесинде қандай жағдайларда тиккелей өзи жасап турған аймақтағы сайлаў участкасына барып мүрәжат етиўи мүмкин?

18. Сайлаўшының өз қәлеўине көре еткен мүрәжатына муўапық сайлаўшылар дизимине өзгерис ҳәм дүзетиўлер киргизиў ушын нелер тийкар болыўы мүмкин?

19. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы сайлаўшының турақлы ямаса ўақытша дизимге алынған жасаў орнынан келип шығып, оны бул сайлаў участкасының сайлаўшылар дизимине киргизиў ямаса киргизбеў мәселеси қандай ҳәрекетлер избе-излигинде шешиледи?

20. Қандай жағдайларда сайлаўшыны сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў бийкар етиледи?

## ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ

**1. Сайлаўшылар дизимине хәр бир сайлаўшының қандай мағлыўматлары киргизиледи?**

А. Фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған сәнеси ҳәм жумыс ислеў орны мәнзили
Б. Фамилиясы, туўылған сәнеси ҳәм жасаў орны мәнзили
С. Фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған сәнеси ҳәм жасаў орны мәнзили
Д. Фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм жасаў орны мәнзили

**2. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери СПБМСна кириў руқсатын алыў ушын кимге мүрәжат етеди?**

А. Аймақлық сайлаў комиссиясына
Б. Округлық сайлаў комиссиясына
С. Орайлық сайлаў комиссиясына
Д. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясына

**3. Қандай мүддетте комиссияның хаткери СПБМСна кирип, усы участкалық сайлаўшыларының дәслепки дизимин жүклеп алады?**

А. Участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгеннен кейин 5 күн ишинде
Б. Участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгеннен кейин 1 күн ишинде
С. Участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгеннен кейин 3 күн ишинде
Д. Участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгеннен кейин 7 күн ишинде

**4. Ким участкалық сайлаў комиссиясы дүзилгеннен кейин 3 күн ишинде СПБМСна кирип, усы участкалық сайлаўшыларының дәслепки дизимин жүклеп алады?**

А. Комиссия хаткери
Б. Комиссия баслығы
С. Комиссия баслығының орынбасары
Д. Комиссияның жуўапкер ағзасы

**5. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери тексерилген ҳәм баспадан шығарылған сайлаўшылар дизимин кимге усынады?**

А. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясы баслығына
Б. Аймақлық сайлаў комиссиясы баслығына
С. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығына
Д. Округлық сайлаў комиссиясы баслығына

**6. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары сайлаў участкасы аймағында жасаўшы сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматларды алғаннан кейин, бул мағлыўматлардың дурыслығына қандай анықлық киргизеди?**

А. Электрон дизим жәрдеминде
Б. Участка аймағын үйме-үй айланып шығыў арқалы
С. Округ аймағын үйме-үй айланып шығыў арқалы
Д. Әдиллик министрлиги жанындағы Персоналластырыў агентлиги жәрдеминде

**7. Ҳәкимликлер, тийисли кеңселер, мәҳәлле пуқаралар жыйынлары, профилактика инспекторлары неге тийкарланып усы сайлаў участкасы аймағында жасап атырған сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматларды усыныўы шәрт?**

А. Округлық сайлаў комиссиясының сораўына тийкарланып

Б. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясының сораўына тийкарланып

С. Аймақлық сайлаў комиссиясының сораўына тийкарланып

Д. Участкалық сайлаў комиссиясының сораўына тийкарланып

**8. Ҳәкимликлер, тийисли кеңселер, мәҳәлле пуқаралар жыйынлары, профилактика инспекторлары усы сайлаў участкасы аймағында жасап атырған сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматларды қанша мүддетте усыныўы шәрт?**

А. 24 саат ишинде

Б. 12 саат ишинде

С. 48 саат ишинде

Д. 36 саат ишинде

**9. Сайлаўшылардың дизимлери қашан участкалық сайлаў комиссиясы хаткери тәрепинен СПБМСнан жүклеп алынады, баспадан шығарылады, участкалық сайлаў комиссиясы баслығы ҳәм хаткери тәрепинен қол қойылады, участкалық сайлаў комиссиясы мөри менен тастыйықланады?**

А. Сайлаўға 5 күн қалғанында

Б. Сайлаўға 10 күн қалғанында

С. Сайлаўға 20 күн қалғанында

Д. Сайлаўға 15 күн қалғанында

**10. Сайлаўшылар дизими менен танысыў орны ҳәм ўақты ҳаққындағы сайлаўшыларды ким хабардар етеди?**

А. Орайлық сайлаў комиссиясы

Б. Районлық, қалалық ҳәкимликлер

С. Участкалық сайлаў комиссиясы

Д. Ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық ҳәкимликлери

**11. Сайлаўшылардың дизимлерине өзгерислер киргизиў қашан тоқтатылады?**

А. Сайлаўға 5 күн қалғанында

Б. Сайлаўға 3 күн қалғанында

С. Сайлаўға 7 күн қалғанында

Д. Сайлаўға 9 күн қалғанында

**12. Пуқара сайлаўшылар дизиминдеги қәте ямаса түсиниксиз орынлар ҳаққында участкалық сайлаў комиссиясына шағым еткенде участкалық сайлаў комиссиясы қанша мүддетте мүрәжатты тексериўи ҳәм қәтени ямаса түсиниксиз орынды сапластырыўы ямаса мүрәжат етиўшиге оның мүрәжаты қанаатландырылмағаны ҳаққында тийкарланған жуўап бериўи шәрт?**

А. 48 саат ишинде

Б. 24 саат ишинде

С. 36 саат ишинде

Д. 12 саат ишинде

**13. Электрон сораўнама бийкарланған жағдайларда участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшыға не ҳаққында тийкарланған жуўап бериўи шәрт?**

А. Сайлаўшының мүрәжаты қанаатландырылғаны ҳаққында

Б. Сайлаўшының мүрәжаты көрип шығылғаны ҳаққында

С. Сайлаўшының мүрәжаты тийкарсыз екенлиги ҳаққында

Д. Сайлаўшының мүрәжаты бийкарланғаны ҳаққында

**14. Санаторийларда ҳәм дамалыў үйлеринде, емлеўханаларда ҳәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде, қамақта сақлаў ҳәм азатлықтан айырыў орынларында дүзилген сайлаў участкалары бойынша сайлаўшылар дизимлери ким тәрепинен усыныс етилген мағлыўматлар тийкарында участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен дүзиледи?**

А. Усы мәкемелердиң басшылары тәрепинен

Б. Усы мәкемелер жайласқан районлық, қалалық ҳәкимликлер тәрепинен

С. Усы мәкемелер емлейтуғын шыпакерлер тәрепинен

Д. Усы мәкемелерге ўақытша бириктирилген сайлаў комиссиялары ағзалары тәрепинен

**15. Санаторийларда ҳәм дамалыў үйлеринде, емлеўханаларда ҳәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде, қамақта сақлаў ҳәм азатлықтан айырыў орынларында дүзилген сайлаў участкалары бойынша, усы мәкемелердиң басшылары тәрепинен усыныс етилген мағлыўматлар тийкарында сайлаўшылар дизимлери ким тәрепинен дүзиледи?**

А. Аймақлық сайлаў комиссиясы

Б. Участкалық сайлаў комиссиясы

С. Округлық сайлаў комиссиясы

Д. Районлық сайлаў комиссиясы

**16. Сайлаў участкасында сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып ким тәрепинен жүргизиледи?**

А. Тек комиссия баслығы орынбасары тәрепинен

Б. Тек комиссияның жуўапкер ағзасы тәрепинен

С. Тек комиссия баслығы тәрепинен

Д. Тек комиссия хаткери тәрепинен

**17. Даўыс бериў күни қандай да бир себеп пенен сайлаўшылар дизимине кирмей қалған сайлаўшылардың шахсын, пуқаралығы ҳәм жасаў орнын тастыйықлайтуғын ҳүжжет тийкарында кимге жазба арза менен мүрәжат етеди?**

А. Аймақлық сайлаў комиссиясы баслығына

Б. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығына

С. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясы баслығына

Д. Округлық сайлаў комиссиясы баслығына

**18. Егер де сайлаўшы сайлаўшылар дизими менен танысыў процесинде өзи ҳаққындағы мағлыўматлар қәте киргизилген ямаса өзи жасап атырған аймақтан басқа аймақта жайласқан сайлаў участкасындағы сайлаўшылар дизимине киргизилгенин анықлаған жағдайда, тиккелей кимге арза менен мүрәжат етиўи мүмкин?**

А. Өзи жасап турған аймақтағы ишки ислер органына

Б. Өзи жасап турған райондағы әдиллик органларына

С. Өзи жасап турған аймақтағы районлық, қалалық сайлаў комиссиясына

Д. Өзи жасап турған аймақтағы участкалық сайлаў комиссиясына

**19. Сайлаў участкасында сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы кимниң көрсетпесине тийкарланып комиссия хаткери тәрепинен жүргизиледи?**

А. Комиссия баслығының

Б. Комиссия жуўапкер ағзасының

С. Район, қала ҳәкиминиң

Д. Сиясий партия кепилликли ўәкилиниң

**20. Сайлаў участкасында участкалық сайлаў комиссиясы баслығына тексерилген ҳәм баспадан шығарылған сайлаўшылар дизимин ким усыныс етеди?**

А. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери

Б. Аймақлық сайлаў комиссиясы хаткери

С. Район, қала сайлаў комиссиясы хаткери

Д. Округлық сайлаў комиссиясы хаткери

## КЕЙСЛЕР

| **Кейстиң мазмуны:** |
| --- |
| Пуқара Б. Самарканд ўәлаяты Нарпай районында жайласқан 105-сайлаў участкасы аймағында жасайды. Даўыс бериў күнине 7 күн қалғанда 105-сайлаў участкасында дағазаланған сайлаўшылар дизиминде өзи ҳаққындағы мағлыўматлар надурыс киргизилгенлиги ҳаққында билди. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселелер (сораўлар):** |
| 1) Пуқаралар сайлаўшылар дизими менен қалай таныстырылады?<br>2) Сайлаўшылар дизими менен таныстырыў мүддетлери?<br>3) Сайлаўшылар дизиминде қәте-кемшиликлер анықланған жағдайда қандай ҳәрекетлер әмелге асырылады? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Сайлаўшылар дизимлери Сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизимин қәлиплестириў бойынша мәлимлеме системасы мағлыўматлары тийкарында дүзиледи. Пуқараларға участкалық сайлаў комиссиясы бинасында сайлаўшылар дизими менен танысыў, соның менен бирге Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайты арқалы сайлаўшылар дизиминен өзлерине тийисли мағлыўматлар менен танысыў мүмкиншилиги тәмийинленеди. Шет мәмлекетлерде турған пуқараларға сайлаўшылар дизиминдеги өзине тийисли мағлыўматлар менен танысыў мүмкиншилиги Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлиги, Өзбекстан Республикасының шет мәмлекетлердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилликханалары рәсмий веб-сайтлары арқалы да тәмийинленеди;<br>Сайлаўшылардың дизимлери сайлаўға он бес күн қалғанында, Өзбекстан Республикасының шет мәмлекетлердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилликханалары жанында, санаторийларда ҳәм демалыў үйлеринде, емлеўханаларда ҳәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған орынларда, қамақта сақлаў ҳәм азатлықтан жуда етиў орынларында дүзилген участкаларда болса сайлаўға үш күн қалғанында ҳәмме танысып шығыўы ушын усыныс етиледи;<br>Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшыларды сайлаўшылардың дизими менен таныстырады, дизимде жол қойылған қәтелер ҳәм анықсызлықлар ҳаққындағы арзаларды қабыл етеди ҳәм де көрип шығады ҳәм дизимге тийисли өзгерислер киргизиў ҳаққындағы мәселени шешеди. Сайлаўшы сайлаўшылар дизими менен танысыў процесинде өзи ҳаққындағы мағлыўматлар қәте киргизилген ямаса өзи жасап атырған аймақтан басқа аймақта жайласқан сайлаў участкасындағы сайлаўшылар дизимине киргизилгенлигин анықлаған жағдайда, тиккелей өзи жасап турған аймақтағы сайлаў участкасына барып та мүрәжат етиўи мүмкин. Бундай жағдайларда участкалық сайлаў комиссиясы бул сайлаўшыны жоқарыдағы дизимге киргизеди. Соннан кейин, бөлек дизими қәлиплестирилген сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматлар тийкарында СПБМСда белгиленген формадағы электрон сораўнама толтырылады ҳәм сайлаўшылар дизимине өзгерис киргизиў ушын тийисли республика, ўәлаят ямаса район, қала исши топарына автомат тәризде жибериледи. Исши топар электрон сораўнаманы көрип шығады ҳәм СПБМСдағы сайлаўшылар дизимине орнатылған тәртипте тийисли өзгерис киргизеди. |

| Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары: |
|---|
| Сайлаў кодексиниң 24, 29-статьялары; Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 5-июндеги 1337-санлы қарары менен тастыйықланған “Участкалық сайлаў комиссиясы ҳаққындағы реже”ниң 33-пункти; Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже”ниң 26-пункти. |

| Кейстиң мазмуны: |
|---|
| Пуқара К.С. сайлаў болып өтетуғын күни 18 жасқа шықты. Бирақ, пуқара К.С. 202-сайлаў участкасына келип, сайлаўда қатнасыў нийетин билдирген, участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен қәлиплестирилген сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизиминде пуқара К.С. киргизилмегенлиги себепли сайлаўда қатнаса алмаўы айтылған. Пуқара К.С. бул жағдайдан наразы болып, район прокуратурасына арза менен мүрәжат еткен. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселелер (сораўлар):** |
| 1) Сайлаўда сайлаўшылар дизимин қәлиплестириў тәртиби қандай?<br>2) Сайлаў өткериў мүнәсибети менен дүзилген дизимдеги анықсызлық бойынша қайсы органға мүрәжат етиў керек? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 4-статьясына муўапық сайлаў күнине шекем ямаса сайлаў күни он сегиз жасқа толған Өзбекстан Республикасы пуқаралары сайлаў ҳуқықына ийе.<br>Сайлаў күнине шекем ямаса сайлаў күни он сегиз жасқа толған, дизим дүзилген ўақытта усы сайлаў участкасы аймағында турақлы ямаса ўақытша жасап атырған пуқаралар сайлаўшылар дизимине киргизиледи. Сайлаўшылар дизимине ҳәр бир сайлаўшының фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған сәнеси ҳәм жасаў мәнзили киргизиледи. Сайлаўшылар дизимлери сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизимин қәлиплестириў бойынша мәлимлеме системасы мағлыўматлары тийкарында дүзиледи. Әскерий бөлимлердеги әскерий хызметкерлердиң, сондай-ақ, әскерий хызметкерлер шаңарақ ағзаларының ҳәм басқа сайлаўшылардың дизимлери, егер олар әскерий бөлимлер жайласқан аймақларда жасаса, әскерий бөлимлердиң командирлери усыныс ететуғын мағлыўматлар тийкарында дүзиледи. Әскерий бөлимлерден сыртта жасаўшы әскерий хызметкерлер жасаў мәнзиллери бойынша улыўма тийкарларда сайлаўшылар дизимине киргизиледи.<br>Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшыларды сайлаўшылардың дизими менен таныстырады, дизимде жол қойылған қәтелер ҳәм анықсызлықлар ҳаққындағы арзаларды қабыл етеди ҳәм де көрип шығады ҳәм дизимге тийисли өзгерислер киргизиў ҳаққындағы мәселени шешеди. Ҳәр бир пуқара сайлаўшылардың дизимлериндеги қәте ямаса анықсызлық ҳаққында участкалық сайлаў комиссиясына арза бериўи мүмкин. Участкалық сайлаў комиссиясы 24 саат ишинде мүрәжатты тексериўи ҳәм қәтени ямаса анықсызлықты сапластырыўы ямаса мүрәжат етиўшиге оның мүрәжаты бийкар етилгенлиги ҳаққында тийкарланған жуўап бериўи шәрт.<br>Участкалық сайлаў комиссиясының ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен судқа шағым етиў мүмкин. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Сайлаў кодексиниң 4, 24, 27 ҳәм 30-статьялары. |

# IV ТЕМА

## УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯЛАРЫ ЖАЙЛАСҚАН ИМАРАТЛАРДЫ ҮСКЕНЕЛЕЎ ҲӘМ МҮДДЕТИНЕН АЛДЫН ДАЎЫС БЕРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

1. Сайлаўға таярлық көриў бойынша шөлкемлестириў ис-илажлары
2. Даўыс бериў бөлмесин үскенелеўге қойылатуғын талаплар
3. Пуқаралардың хабардарлығын тәмийинлеў бойынша шөлкемлестириў ис-илажлары
4. Сайлаў бюллетенлерин алыў, бериў, рәсмийлестириў ҳәм белгиленген тәртипте сақланыўын тәмийинлеў
5. Мүддетинен алдын даўыс бериў талапларына әмел еткен ҳалда даўыс бериў процесиниң өткерилиўин шөлкемлестириў
6. Физикалық имканияты шекленген шахслар ушын зәрүр шәрт-шараятлар жаратыў

## 1. САЙЛАЎҒА ТАЯРЛЫҚ КӨРИЎ БОЙЫНША ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ИС-ИЛАЖЛАРЫ

Сайлаў участкалары сайлаўға кеминде **алпыс күн** қалғанда аймақлық сайлаў комиссиялары тәрепинен дүзиледи. Сайлаў участкалары дүзилиўи менен тийисли район, қала ҳәкимликлери тәрепинен участкалық сайлаў комиссияларының искерлигин шөлкемлестириў ушын зәрүр бөлмелар ҳәм де даўыс бериў имаратлары ажыратылыўы керек.

**Имаратта участкалық сайлаў комиссиясы ушын кеминде төрт бөлме ажыратылыўы зәрүр:**

- 1 бөлме комиссия баслығына;
- 1 бөлме комиссия баслығының орынбасары ҳәм ағзаларына;
- 1 сайлаў комиссияси хаткерине СБЭД менен ислеў ушын;
- 1 комиссия мәжилисин өткериў бөлмеси.



Имараттағы бар имканияттан келип шыққан ҳалда комиссия ушын **3 бөлме** ажыратыў мүмкин, бунда комиссия ағзалары мәжилисин өткериў ушын әлбетте кең бөлме болыўы шәрт.

Участкалық сайлаў комиссияларының қурамы тастыйықланғанынан соң участкалық сайлаў комиссиясы тийисли район, қала ҳәкимликлери тәрепинен **ажыратылған даўыс бериў имарат ҳәм бөлмелеринде өз искерлигин баслайды.**

Сайлаў участкаларының даўыс бериў бөлмелерин даўыс бериўди шөлкемлестириўге зәрүр үскенелер менен район ҳәм қала ҳәкимликлери сайлаўдан кеминде он бир күн алдын тәмийинлеўи лазым.

# 2. ДАЎЫС БЕРИЎ БӨЛМЕСИН ҮСКЕНЕЛЕЎГЕ ҚОЙЫЛАТУҒЫН ТАЛАПЛАР

Даўыс бериў имаратлары арнаўлы ажыратылған орынлар болып, оларда жасырын даўыс бериў ушын жетерли муғдарда кабиналар яки бөлмелер болыўы, сайлаў бюллетенлерин бериў ушын орынлар ажыратылыўы ҳәм де сайлаў қутылары орнатылыўы керек.

Сайлаў қутылары даўыс бериўшилер олардың жанына әлбетте жасырын даўыс бериў кабиналары яки бөлмелери арқалы өтип келетуғын етип орнатылады. Мысал ушын:

*(1-Қосымша)*

**ДАЎЫС БЕРИЎ ХАНАСЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ СХЕМАСЫ**




**4-ағза –** Сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўин тәртипке салыўшы ағза
**5-6-ағзалар –** СПБМС бойынша қәнийге ағза
**7-ағза –** Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин қадағалаўшы ағза
**8-11 ағзалар –** Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағза

**ДАЎЫС БЕРИЎ ХАНАСЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ СХЕМАСЫ**




**4-ағза –** Сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўин тәртипке салыўшы ағза
**5-6-ағзалар –** СПБМС бойынша қәнийге ағза
**7-ағза –** Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин қадағалаўшы ағза
**8-11 ағзалар –** Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағза

**ДАЎЫС БЕРИЎ ХАНАСЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ СХЕМАСЫ**




**4-ағза –** Сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўин тәртипке салыўшы ағза
**5-6-ағзалар –** СПБМС бойынша қәнийге ағза
**7-ағза –** Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин қадағалаўшы ағза
**8-11 ағзалар –** Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағза

**ДАЎЫС БЕРИЎ ХАНАСЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ СХЕМАСЫ**




**4-ағза –** Сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўин тәртипке салыўшы ағза
**5-6-ағзалар –** СПБМС бойынша қәнийге ағза
**7-ағза –** Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин қадағалаўшы ағза
**8-11 ағзалар –** Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағза

Даўыс бериў имаратында басқа хешқандай сиясий илажлар өткерилиўине руқсат етилмейди.

**Участкалық сайлаў комиссияларыжайласқан имаратлар хәм де даўыс бериў бөлмелери тийисли түрде үскенелениўи хәм төмендегилерге ийе болыўы керек:**

– Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы (имараттың үстинде хәм ишинде);
– Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик герби (имараттың ишинде);
– сайлаў участкасының тәртип саны көрсетилген стенд, мәселен:

*(2-Қосымша)*




***Түсиндирме:*** *Бул стенд орнатылатуғын даўыс бериў имаратының үлкен ямаса кишилигин есапқа алған ҳалда, стендтиң белгиленген өлшеми имаратқа пропорционал түрде үлкейтиў ямаса киширейтиў мүмкин.*

– жақты ҳәм кең даўыс бериў бөлмеси;

– қулыпланатуғын сейф яки металл шкаф;

– жазыў үскенелери менен тәмийинленген жақты (зәрүрлик болғанда шырақ орнатылады) жасырын даўыс бериў кабиналары (1000 сайлаўшы ушын кеминде 2, 2000 сайлаўшы ушын кеминде 3, 3000 сайлаўшы ушын кеминде 4) (3-қосымша);

*(3-Қосымша)*



2 бөлмели 3 бөлмели 4 бөлмели

**БУЛ ӘҲМИЙЕТЛИ!**

Даўыс бериў кабиналары перде яки соған уқсас материаллар менен жаўылмайды.

– зәрүрлик болса, физикалық имканияты шекленген шахслар ушын арнаўлы үскенеленген жасырын даўыс бериў кабиналары;

– көшпели сайлаў кабинасы (4-қосымша);

– стационар сайлаў қутысы (5-қосымша);

– көшпели сайлаў қутысы (6-қосымша);

– бир мәрте қолланылатуғын пластмасса пломбалар (ендигиден былай текстте пломбалар деп қолланылады) жәми 9 дана (соннан, 4 теўи стационар сайлаў қутысы ушын, 2 көшпели сайлаў қутысы ушын, 1 қалта ушын, 2 қор ушын);

– участкалық сайлаў комиссиясының мөри;

*(4-Қосымша)*






*(5-Қосымша)*



100 см. (үлкен домалақ)



80 см. (үлкен төртмүйеш)



60 см. (киши домалақ)

*(6-Қосымша)*



35 см (көшпели сайлаў қутысы)



35 см (көшпели сайлаў қутысы)

– зәрүр мебеллер, оргтехника қураллари (компьютер, принтер, сканер, нусқа көшириўши үскене, UPS), телефон, телевизор;

– екеўден кем болмаған Сайлаў процесин басқарыў мәлимлеме системасы талапларына жуўап бериўши компьютер ҳәм оларға керекли болған қурылмалар (UPS, принтер, сканер ҳәм басқа) ҳәм де үзликсиз интернет байланысы;

– сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар (ендиги жағында текстте – бақлаўшылар) ушын айрықша орынлар;

– өртке қарсы қураллар.

Участкалық сайлаў комиссиясы жайласқан имарат ҳәм оған алып барыўшы жоллар азада ҳәм ремонтланған, жақтылық үскенелери орнатылған болыўы керек.

Даўыс бериў бөлмелеринде сайлаў бюллетенлерин бериў орынлары, жасырын даўыс бериў кабиналары, сайлаў қутылары бир ўақыттың өзинде сайлаў комиссиясы ағзалары ҳәм де бақлаўшыларға көринип турыўы лазым.

Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў бюллетенлерин бериўге жуўапкер ағзалары арқасындағы дийўалларда яки столларында әлипбе тәртибинде ямаса сайлаўшылардың сайлаўшылар дизиминдеги қатар тәртиби көрсетилген белгилер орнатылған болыўы керек. (Мәселен: А-Г, Д-З яки 1-500, 501-1000 ҳәм басқалар).

# 3. ПУҚАРАЛАРДЫҢ ХАБАРДАРЛЫҒЫН ТӘМИЙИНЛЕЎ БОЙЫНША ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ИС-ИЛАЖЛАРЫ

Участкалық сайлаў комиссиялары пуқараларды сайлаў комиссияларының қурамы, жайласқан орны ҳәм жумыс ўақты ҳаққында хабардар етеди, сайлаўшылардың дизимлери, сайлаўда қатнасып атырған сиясий партиялардың дизими менен таныстырады, Нызамшылық палатасы депутатлығына, жергиликли Кеңеслер депутатлығына талабанлар ҳаққындағы мағлыўматларды усынады.

Сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге тийисли мағлыўматлар жайластырылатуғын **стендлерде төмендегилер болыўы керек:**

– сайлаў сәнесине арналған плакат;

– сайлаў участкасының картасы;

– участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының қурамы, жумыс ҳәм нәўбетшилик кестеси ҳаққында мағлыўмат (7-Қосымша);

*(7-Қосымша)*



– бир мандатлы сайлаў округлери бойынша дизимге алынған барлық талабанлардың Орайлық сайлаў комиссиясы, аймақлық, районлық, қалалық сайлаў комиссиясы тәрепинен басып шығарылған аўдармасының жағдайы ҳәм бағдарламаларының тийкарғы бағдарламалары;

– сайлаўда қатнасып атырған сиясий партияның Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен жәрияланған бағдарламасы, Нызамшылық палатасы депутатлығына сиясий партиялар тәрепинен көрсетилген талабанлардың дизими;




Нызамшылық палатасы депутатлығына талабанлардың өмирбаянлары ҳәм сайлаўалды бағдарламасы сәўлеленген плакат

Сайлаўда қатнасып атырған сиясий партиялардың сайлаўалды бағдарламасы плакаты

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық Кеңеслери депутатлығына талабанлардың өмирбаянлары ҳәм сайлаўалды бағдарламасы сәўлеленген плакат

Районлық ҳәм қалалық Кеңеслер депутатлығына талабанлардың өмирбаянлары сайлаўалды бағдарламасы сәўлеленген плакат

– участкалық сайлаў комиссиясында сайлаўшылар мүрәжаты ушын Орайлық сайлаў комиссиясының исеним телефоны яки электрон мәнзили, аймақлық, район, қала, округлық сайлаў комиссиясы, тийисли район яки қала судлары, ишки ислер бөлими ҳәм прокуратурасының исеним телефон номерлери сәўлелендирилген мағлыўматлар;

– даўыс бериў тәртиби;

– сайлаўшылар дизими (8-Қосымша);

– сайлаўға тийисли инфографикалық көринистеги түсиндириў материаллары.

*(8-Қосымша)*






**Стендлерде жайластырылатуғын материалларда сайлаў алды үгит-насиятлаўға тийисли нышан ҳәм белгилер болмаўы керек.**

Талабанлардың баспадан шығарылған хабар материаллары олардың фамилиясы бойынша әлипбе тәртибинде, сайлаўда қатнасып атырған сиясий партиялардың хабар материаллары болса усы партиялардың сайлаўда қатнасыўы ушын руқсат берилген нәўбетине муўапық избе-изликте орналастырылады.

Даўыс бериў бөлмесине алып барыўшы жолларда сайлаў участкасының, мәселен, төмендеги формадағы көрсеткишлери көринетуғын жерге жайластырылыўы керек:

*(9-Қосымша)*




Даўыс бериў имаратында яки жасырын даўыс бериў кабиналарында сайлаў бюллетениниң үлгиси ҳәм оны толтырыў тәртибине тийисли мағлыўматлар орналастырылыўы мүмкин.

> **!**
>
> **БУЛ ӘҲМИЙЕТЛИ!**
>
> Бул мағлыўматларда дизимге алынған депутатлыққа талабанлардың фамилиялары яки сиясий партиялардың атлары көрсетилмеўи керек.

**Талабан сайлаўға шекем қайтыс болған сайлаў ҳуқықынан ажыралған болса ямаса талабанлықтан шығарып алынған жағдайда** сайлаў комиссиясы тәрепинен бул талабанның баспадан шығарылған өмирбаяны ҳәм дәстүри көрсетилген хабар материаллари **имаратта жайластырылған орнынан алып қойылады яки үсти ақ қағаз бенен жабыстырылады.**

Стендлерде Өзбекстан Республикасы Конституциясы, Сайлаў кодексинен көширмелер, сондай-ақ, Жынаят кодекси ҳәм Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексинде нәзерде тутылған сайлаў ҳаққындағы нызамшылықты бузыўға жуўапкершиликти белгилеўши қағыйдалардан көширмелер болыўы мүмкин.

Даўыс бериў имаратында сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге тийисли мағлыўматлар участкалық сайлаў комиссиялары тәрепинен сайлаўшылар еркин ҳәм қолай танысыўлары мүмкин болған түрде орналастырылады.

# 4. САЙЛАЎ БЮЛЛЕТЕНЛЕРИН АЛЫЎ, БЕРИЎ, РӘСМИЙЛЕСТИРИЎ ҲӘМ БЕЛГИЛЕНГЕН ТӘРТИПТЕ САҚЛАНЫЎЫН ТӘМИЙИНЛЕЎ

**Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўына байланыслы** сайлаў бюллетениниң формасы **ҳәм тексти Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланады.**

Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси сайлаўына байланыслы сайлаў бюллетениниң формасы ҳәм тексти Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйық-ланған үлгиге муўапық аймақлық **сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланады.**

Халық депутатлары район, қалалық Кеңеси сайлаўына байланыслы сайлаў бюллете-ниниң формасы ҳәм тексти Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланған үлгиге муўапық тийисли район, қала сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланады.

Сайлаў бюллетенлери мәмлекетлик тилде басылып шығарылады. Сондай-ақ, тийисли аймақлық, район, қала сайлаў комиссиясының қарарына байланыслы аймақ жасаўшыларының көпшилиги сөйлесетуғын тиллерде де басып шығарыў мүмкин. Бунда аймақлық, районлық, қалалық сайлаў комиссиялары сайлаў участкалары шегараларында жасап атырған пукаралардың миллети ҳаққындағы мағлыўматларды есапқа алған ҳалда сайлаў бюллетенлерин тийисли тиллер бойынша участкаларға бөлистиреди.

I. Орайлық сайлаў комиссиясының қарарына муўапық Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўын байланыслы сайлаў бюллетенлери сайлаўға кеминде **20 күн** қалғанда баспадан шығарылады. Нызамшылық **палатасы депутатлары сайлаўына байланыслы сайлаў бюллетенлерин** участкалық сайлаў комиссиялары район, қала сайлаў комиссияларынан алады.

Бул ҳаққында төмендеги 10 ҳәм 11-қосымшаларға муўапық акт дүзиледи:

*(10-Қосымша)*

**БИР МАНДАТЛИ САЙЛАЎ ОКРУГИ БОЙЫНША НЫЗАМШЫЛЫҚ ПАЛАТАСЫ ДЕПУТАТЛАРЫ САЙЛАЎЫНА БАЙЛАНЫСЛЫ САЙЛАЎ БЮЛЛЕТЕНЛЕРИН ТАПСЫРЫЎ ҲӘМ ҚАБЫЛ ЕТИЎ**

**АКТИ**

| | | |
|---|---|---|
| Сайлаў округиның тәртип номери ҳәм аты | | |
| Акт дүзилген сәне | *жыл* / *күн* / *ай* | |
| Акт дүзилген орын (мәнзил) | | |
| Район, қала сайлаў комиссиясының аты | | |
| Сайлаў участкасының тәртип номери | | |
| Сайлаў бюллетенлериниң саны (сан ҳәм сөзде жазылады) | | дана сайлаў бюллетенлерин тапсырды. |

**Сайлаў бюллетенлерин тапсырдым:**

| | | |
|---|---|---|
| Район, қала сайлаў комиссиясының аты | | |
| Район, қала сайлаў комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары ямаса хаткери фамилиясы, исми, әкесиниң аты, имзасы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |

**Сайлаў бюллетенлерин қабыл еттим:**

| | | |
|---|---|---|
| Сайлаў участкасының тәртип номери | | |
| Участка сайлаў комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары ямаса хаткери фамилиясы, исми, әкесиниң аты, имзасы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |

*(11-Қосымша)*

**БИРДЕН-БИР САЙЛАЎ ОКРУГИ БОЙЫНША НЫЗАМШЫЛЫҚ ПАЛАТАСЫ ДЕПУТАТЛАРЫ САЙЛАЎЫНА БАЙЛАНЫСЛЫ САЙЛАЎ БЮЛЛЕТЕНЛЕРИН ТАПСЫРЫЎ ХӘМ ҚАБЫЛ ЕТИЎ**

**АКТИ**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Акт дүзилген сәне | *жыл* | *күн* | *ай* |
| Акт дүзилген орын (мәнзил) | | | |
| Район, қала сайлаў комиссиясының аты | | | |
| Сайлаў участкасының тәртип номери | | | |
| Сайлаў бюллетенлериниң саны (сан хәм сөзде жазылады) | | дона сайлаў бюллетенларини топширди. | |

**Сайлаў бюллетенлерин тапсырдым:**

| | | |
|---|---|---|
| Район, қала сайлаў комиссиясының аты | | |
| Район, қала сайлаў комиссиясының баслығы яки баслық орынбасари ямаса хаткери фамилиясы, исми, әкесиниң аты, имзасы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |

**Сайлаў бюллетенлерин қабыл еттим:**

| | | |
|---|---|---|
| Сайлаў участкасының қатар тәртиби | | |
| Участка сайлаў комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары ямаса хаткери фамилиясы, исми, әкесиниң аты, имзасы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |

Бунда тийисли сайлаў участкасы бойынша сайлаўшылар дизимине киргизилген сайлаўшылар улыўма санының **10 пайызы** муғдарындағы сайлаў бюллетенлери **мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўына** кеминде **3 күн** қалғанында; **90,5 пайызы** сайлаўға кеминде үш күн қалғанда **бериледи**.



**II. Аймақлық сайлаў комиссиясының қарарына** муўапық халық депутатлары ўәлаятлық, Ташкент қалалық Кеңеси сайлаўына байланыслы сайлаў бюллетенлери сайлаўға кеминде **20 күн** қалғанда басып шығарылады. Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси сайлаўына байланыслы сайлаў бюллетенлери төмендеги тәртипте жеткерилип бериледи:

Участкалық сайлаў комиссиялары сайлаў бюллетенлерин район, қала сайлаў комиссияларынан алады. Бул хаққында төмендеги 12-қосымшаға муўапық акт дүзиледи.

*(12-қосымша)*

**ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ ЎӘЛАЯТ, (ТАШКЕНТ ҚАЛАЛЫҚ) КЕҢЕСИ САЙЛАЎЫНА БАЙЛАНЫСЛЫ САЙЛАЎ БЮЛЛЕТЕНЛЕРИН ТАПСЫРЫЎ ҲӘМ ҚАБЫЛ ЕТИЎ**

**АКТИ**

| | | |
|---|---|---|
| Сайлаў округиның тәртип номери ҳәм аты | | |
| Акт дүзилген сәне | *жыл* *күн* | *ай* |
| Акт дүзилген орын (мәнзил) | | |
| Район, қала сайлаў комиссиясының аты | | |
| Сайлаў участкасының тәртип номери | | |
| Сайлаў бюллетенлериниң саны (сан ҳәм сөзда жазылады) | | дона сайлаў бюллетенларини топширди. |
| **Сайлаў бюллетенлерин тапсырдым:** | | |
| Район, қала сайлаў комиссиясының аты | | |
| Район, қала сайлаў комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары ямаса хаткери фамилиясы, исми, әкесиниң аты, имзасы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |
| **Сайлаў бюллетенлерин қабыл еттим:** | | |
| Сайлаў участкасының тәртип номери | | |
| Участка сайлаў комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары ямаса хаткери фамилиясы, исми, әкесиниң аты, имзасы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |



Бунда тийисли сайлаў участкасы бойынша сайлаўшылар дизимине киргизилген сайлаўшылар улыўма санының **10 пайызы** муғдарындағы сайлаў бюллетенлери **мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўына** кеминде **3 күн қалғанда; 90,5 пайызы** сайлаўға кеминде үш күн қалғанда **бериледи**.

III. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясының қарарына муўапық халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси сайлаўына байланыслы сайлаў бюллетенлери сайлаўға кеминде **20 күн қалғанда басып шығарылады**. Участкалық сайлаў комиссиялары сайлаў бюллетенлерин районлық, қалалық сайлаў комиссияларынан алады. Бул ҳаққында төмендеги 13-қосымшаға муўапық акт дүзиледи.

*(13-қосымша)*

**ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ РАЙОНЛЫҚ, ҚАЛАЛЫҚ КЕҢЕСИ САЙЛАЎЫНА ТИЙИСЛИ САЙЛАЎ БЮЛЛЕТЕНЛЕРИН ТАПСЫРЫЎ ҲӘМ ҚАБЫЛ ЕТИЎ АКТИ**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Сайлаў округының тәртип номери ҳәм аты | | | |
| Акт дүзилген сәне | *жыл* | *күн* | *ай* |
| Акт дүзилген орын (мәнзил) | | | |
| Район, қала сайлаў комиссиясының аты | | | |
| Сайлаў участкасының тәртип номери | | | |
| Сайлаў бюллетенлериниң саны (цифр ҳәм сөзде жазылады) | | дана сайлаў бюллетенлерин тапсырды. | |

**Сайлаў бюллетенлерин тапсырдым:**

| | | |
|---|---|---|
| Район, қала сайлаў комиссиясының аты | | |
| Район, қала сайлаў комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары ямаса хаткери фамилиясы, аты, әкесиниң аты, имзасы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |

**Сайлаў бюллетенлерин қабыл еттим:**

| | | |
|---|---|---|
| Сайлаў участкасының тәртиб номери | | |
| Участка сайлаў комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары ямаса хаткери фамилиясы, аты, әкесиниң аты, имзасы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |

Бунда тийисли сайлаў участкасы бойынша сайлаўшылар дизимине киргизилген сайлаўшылар улыўма санының **10 пайызы** муғдарындағы сайлаў бюллетенлери мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўына кеминде **үш күн қалғанда**; **90,5 пайызы** сайлаўға кеминде **3 күн қалғанда бериледи**.

Сайлаў бюллетенлерин Брайль әлипбеси тийкарында толтырыў ушын трафаретлар таярланыўы мүмкин.

Участкалық сайлаў комиссиясы алатуғын сайлаў бюллетенлериниң саны сайлаў участкасы бойынша дизимге киргизилген сайлаўшылар санына салыстырғанда ярым пайыздан артық болыўы мүмкин емес.

Сайлаў бюллетени оң тәрепиниң жоқары мүйешине участкалық сайлаў комиссиясының еки ағзасы қол қояды ҳәм участкалық сайлаў комиссиясының мөри менен тастыйықланади. Участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланбаған сайлаў бюллетенлери даўысларын санап шығыўда есапқа алынбайды.

Талабан сайлаўға шекем қайтыс болса, сайлаў ҳуқықынан айрылған ямаса талабанлықтан шақырып алынған жағдайда басып шығарылған сайлаў бюллетенлеринен усы талабанның фамилиясы, аты ҳәм әкесиниң аты жазылған қатар өшириледи.

## 5. МҮДДЕТИНЕН АЛДЫН ДАЎЫС БЕРИЎ ТАЛАПЛАРЫНА ӘМЕЛ ЕТКЕН ҲАЛДА ДАЎЫС БЕРИЎ ПРОЦЕСИНИҢ ӨТКЕРИЛИЎИН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

Сайлаў нызамшылығына муўапық сайлаў күни өз жасаў орнында болыў мүмкиншилигине ийе болмаған сайлаўшы мүддетинен алдын даўыс бериў ҳуқықына ийе.

Мүддетинен алдын даўыс бериў сайлаўға **10 күн** қалғанда басланады ҳәм сайлаўға **3 күн** қалғанда тамамланады.

Мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў **ўақты Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленеди** ҳәм сайлаўшылардың, бақлаўшылардың итибарына ғалаба хабар қураллары арқалы жеткериледи. Сондай-ақ, сайлаў комиссиялары ағзалары тәрепинен сайлаўшылар дизимин анықластырыў жумыслары алып барылып атырған ўақытта сайлаўшыларға мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге асырыў имканияты ҳәм басқа ҳуқықлар түсиндириледи.

Мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге **асырыў ушын сайлаўшы тийисли участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетти көрсетеди** ҳәм де сайлаў күни бола алмаўының себеплери (демалыс, хызмет сапары, шет елге шығыў ҳәм басқа) көрсетилген арза тийкарында тийисли участкалық сайлаў комиссиясынан сайлаў бюллетенин ҳәм конвертин алады.

Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаўшыдан сайлаў күни бола алмаўының себеплерин тастыйықлаўшы қосымша ҳүжжетлерин талап етиўи **қадаған етиледи**.



Сайлаўшы сайлаў бюллетенин алғанлығы ҳаққында тийисли участкалық сайлаў комиссиясының кеминде еки ағзасы қатнасында төмендеги формадағы (14-қосымша) сайлаўшылар дизими көширмесине қол қояды:

*(14-қосымша)*

# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ОЛИЙ МАЖЛИСИНИҢ НЫЗАМШЫЛЫҚ ПАЛАТАСЫ, ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ ЎӘЛАЯТ, РАЙОН ҲӘМ ҚАЛАЛЫҚ КЕҢЕСЛЕРИ САЙЛАЎЫ

## САЙЛАЎШЫЛАР ДИЗИМИНЕН КӨШИРМЕ

(мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар бойынша)

20__ж. «___»______________

*(сайлаў сәнеси)*

## __________ САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫ

| Қ/т | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жылы* | Мәнзили | Сайлаўшының сайлаў бюллетенин алғанлығы ҳаққындағы қолы | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Нызамшылық палатасы депутаты сайлаўы бойынша | | Ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутаты сайлаўы бойынша | Районлық, қалалық Кеңеси депутаты сайлаўы бойынша |
| | | | | Бир мандатлы сайлаў округи бойынша | Бирден бир сайлаў округи бойынша | | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |

** Сайлаў күни 18 жасқа толған сайлаўшылардың туўылған күни ҳәм айы көрсетилсин.*

**Түсиндирме:** Бул дизимге сайлаўшылар ҳаққында мағлыўматлар жазыў ручкасы арқалы киргизилиўи мүмкин.

---



Сайлаў бюллетени арнаўлы үскенеленген жасырын даўыс бериў кабинасында яки бөлмесинде сайлаўшы тәрепинен еркин қарар қабыл етиўи арқалы өзи жақлап даўыс берип атырған талабанның фамилиясы, сиясий партияның аты жанына, оң тәрепинде жайласқан **бос квадратқа “+” яки “✓” ямаса “х” белгисин қойып толтырылады**.

Сайлаўшы толтырылған сайлаў бюллетенин **конвертке салады** ҳәм желимлеп жабады.

Сайлаўшы толтырылған сайлаў бюллетенин жабық **конвертте участкалық сайлаў комиссиясы ағзасына тапсырады**.

Участкалық сайлаў комиссиясының еки ағзасы сайлаўшы қатнасында конверттиң жабықлығын тексереди ҳәм конверттиң желимленген орнына участкалық сайлаў комиссиясының еки ағзасының қолы қойылып, комиссияның мөри менен тастыйықланады.

Мүддетинен алдын даўыс бериў бюллетенлери салынған конвертлер сайлаў күни даўыс бериў тамамланыўына шекем участкалық сайлаў комиссиясының сейфинде сақланады.

Участкалық сайлаў комиссиясы ағзасы мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшыны СПБМСдағы сайлаўшылар дизиминде **мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшы сыпатында белгилеўи шәрт.** Бул процесс *(мүддетинен алдын даўыс берган сайлаўшыны СПБМСдағы сайлаўшылар дизиминде мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшы сыпатында белгилеў)* мүддетинен алдын даўыс бериў басланғаннан *(сайлаўға 10 күн қалғаннан)* тамамланғанша *(сайлаўға 3 күн қалғанда)* даўам етеди.

**ДЫҚҚАТ ҚАРАТЫҢ!**

Сайлаў нызамшылығына муўапық мүддетинен алдын даўыс бериў талапларына әмел еткен ҳалда шөлкемлестириў керек. Болмаса, сайлаў нызамшылығы бузылады.

Сол себепли, **сайлаўлар участка сайлаў комиссиялары төмендегилерге айрықша итибар каратыўы лазым:**

- мүддетинен алдын даўыс бериў ўақтында сайлаўшы толтырылған сайлаў бюллетенин конвертке салыўына ҳәм желимлеп жабыўына;
- сайлаўшы толтырылған сайлаў бюллетенин жабық конвертте участка сайлаў комиссиясы ағзасына тапсырыўына;
- участка сайлаў комиссиясының еки ағзасы сайлаўшы қатнасында конверттиң жабықлығын тексериўине ҳәм конверттиң желимленген жерине участка сайлаў комиссиясы еки ағзасының қоллары қойылып, комиссияның мөри менен тастыйықланғанына;
- конвертлер сайлаў күнине шекем участка сайлаў комиссиясы баслығының сейфинде сақланыўына;
- мүддетинен алдын даўыс бериў ўақтында сайлаўшылар сайлаўшылардың дизими көширмесине қол қойыўына.

## 6. ФИЗИКАЛЫҚ ИМКАНИЯТЫ ШЕКЛЕНГЕН ШАХСЛАР УШЫН ЗӘРҮР ШӘРТ-ШАРАЯТЛАР ЖАРАТЫЎ

Даўыс бериў имаратлары физикалық имканияты шекленген шахслардың кириўине қолай, даўыс бериў имаратының биринши қабатында болыўы, автотранспорт кураллары тоқтап турыў орынларында нагиранлығы болған шахсларға айрықша орын ажыратылыўы лазым.

Участкалық сайлаў комиссиясы имаратына кириў орнында нагиранлар арбасына арналған арнаўлы жоллар (пандуслар) болыўы ҳәм олар белгиленген талапларға сай келиўи керек. Имаратқа кириўде арнаўлы жолларды орнатыў имканы болмаса, кириў орнында “жәрдемге шақырыў” түймеси орнатылыўы лазым.

Даўыс бериў бөлмелериндеги үскенелар (столлар, жасырын даўыс бериў кабиналари ҳәм сайлаў қутылары), сондай-ақ хабар плакатлары пайдаланыў имканияты ҳәм даўыс бериўдиң жасырынлығын тәмийинлеў зәрүриятын есапқа алған ҳалда орналастырылыўы керек. Сондай-ақ, сайлаўшылар дизиминде көзи әзи ҳәм әзи көриўши сайлаўшылар бар болған сайлаў участкалары оптикалық лупалар (үлкейтиўши айналар), қосымша жарытқышлар, стул ҳәм де Брайль әлипбеси тийкарында таярланған трафаретлар менен үскенелениўи мүмкин.

Көриўде нуқсаны болған сайлаўшылар ушын хабар стендларында үлкен көлемдеги шрифтларда ҳәм (яки) Брайль әлипбесиндеги материаллар орналастырылыўы мүмкин.



Даўыс бериў имаратларында нагиранлығы болған сайлаўшылардың кириўи ушын шараятлар жаратылмаған, сондай-ақ арнаўлы үскенелер менен үскенеленбеген болса, тийисли сайлаў комиссиясы сайлаў күнине 15 күннен кешиктирмей тийисли жергиликли атқарыўшы ҳәкимият органларына кемшиликлерди сапластырыў бойынша зәрүр шараларды көриў ҳаққында мүрәжат жибереди.

Аймақлық атқарыўшы ҳәкимият органлары, сондай-ақ олардың лаўазымлы шахслары сайлаў комиссияларынан мүрәжат түскен жағдайда көби менен үш күнлик мүддетте оны көрип шығыўы ҳәм дарҳал тийисли шараларды көриўи шәрт.

Сайлаў комиссиясының мүрәжатын көрип шығыўдан бас тартыў ҳәм (яки) мүддетин бузыў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген жуўапкершиликке себеп болады.

## ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ

1. Лазым болған дәрежеде үскенеленген даўыс бериў имаратлары ҳәм ханалары район ҳәм қала ҳәкимликлери тәрепинен сайлаў комиссияларына қашан усыныльıўы керек?

2. Сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ўақтында аймақлық, округ ҳәм район, қала сайлаў комиссиялары ықтыярына сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ушын зәрүр болған имаратлар, мәжилис заллары, ханалар ҳәм үскенелерди бийпул кимлер берип турыўы шәрт?

3. Аймақлық сайлаў комиссиясы, округлық сайлаў комиссиясы ҳәм район, қала сайлаў комиссиялары имаратына кириў орнында майыплығы болған адамларға қандай шараятлар жаратылыўы керек?

4. Сайлаўды өткериў ўақтында аймақлық, округ ҳәм район, қала сайлаў комиссиялары имаратында нелер жайластырылады?

5. Аймақлық, округ ҳәм район, қала сайлаў комиссиялары ханасында қандай ҳүжжетлер ҳәм мағлыўматлар болыўы керек?

6. Участкалық сайлаў комиссиялары жайласқан имаратлар ҳәм даўыс бериў ханалары тийисли тәртипте үскенелениўи ҳәм нелерге ийе болыўы керек?

7. Сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге тийисли мағлыўматлар орналастырылатуғын стендлерде нелер болыўы керек?

8. Талабанлардың баспадан шығарылған хабар материаллари ҳәм сайлаўда қатнасып атырған сиясий партиялардың хабар материаллари стендлерде қандай тәртипте орналастырылады?

9. Даўыс бериў имаратларында физикалық имканиятлары шекленген адамлар, сондай-ақ, көриўде нуқсаны болған сайлаўшылар ушын қандай шараятлар жаратылады?

10. Даўыс бериў имаратларында майыплығы болған сайлаўшылардың кириўи ушын шараятлар жаратылмаған болса, тийисли сайлаў комиссиясы қандай шаралар көреди?

11. Сайлаўшының мүддетинен алдын даўыс бериў ҳуқықы нени аңлатады?

12. Мүддетинен алдын даўыс бериў қашан басланады ҳәм қашан тамамланады?

13. Тийисли аймақ халқының көпшилиги сөйлесетуғын тиллерде сайлаў бюллетенлерин таярлаўға зәрүрлик қалай анықланады?

14. Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўына байланыслы сайлаў бюллетениниң формасы ҳәм тексти ким тәрепинен тастыйықланады?

15. Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси ҳәм де район, қалалық Кеңеси сайлаўына байланыслы сайлаў бюллетени ким тәрепинен тастыйықланады?

16. Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси ҳәм де район, қалалық Кеңеси сайлаўына байланыслы сайлаў бюллетениниң формасы ҳәм тексти қалай тастыйықланады?

17. Мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшы толтырылған сайлаў бюллетенин не қылады?

18. Мүддетинен алдын даўыс берилген сайлаў бюллетени қалай тастыйықланады?

19. Мүддетинен алдын даўыс бериў бюллетенлери салынған конвертлер қай жерде сақланады?

20. Мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылардың есабын жүргизиў, улыўмаластырыў ҳәм ўақтында усыныльıўы қалай шөлкемлестириледи?

## ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ

**1. Район ҳәм қала ҳәкимликлери сайлаў участкаларының даўыс бериў бөлмелерин даўыс бериўди шөлкемлестириўге зәрүр үскенелер менен қашан тәмийинлеўи керек?**

А. Сайлаўдан кеминде 3 күн алдын
Б. Сайлаўдан кеминде 11 күн алдын
С. Сайлаўдан кеминде 7 күн алдын
Д. Сайлаўдан кеминде 15 күн алдын

**2. Участкалық сайлаў комиссиялары жайласқан имаратта Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик герби қай жерге жайластырылады?**

А. Имараттың кириў есигиниң жоқарысына
Б. Имараттың ишинде
С. Имараттың сыртында
Д. Сайлаў участкасының қатар номери көрсетилген стендте

**3. Сайлаў комиссияларының имаратына кириў орнында кимлер ушын отырғышлы арбашаларға бейимлестирилген қыя жоллар (пандуслар) болыўы керек?**

А. Шет ел бақлаўшылары ушын
Б. Жас өспирим шахслар ушын
С. Шет ел сайлаўшылары ушын
Д. Майыплығы болған шахслар ушын

**4. Сайлаў участкалары сайлаўға неше күн қалғанында аймақлық сайлаў комиссиялары тәрепинен дүзиледи?**

А. Кеминде 60 күн
Б. Кеминде 11 күн
С. Кеминде 42 күн
Д. Кеминде 15 күн

**5. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясы ким тәрепинен кеминде 4 бөлмеден ибарат жай, транспорт, байланыс қураллары ҳәм қосымша интернет тармағына жалғаныў мүмкиншилиги менен тәмийинленеди?**

А. Ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық ҳәкимликлери тәрепинен
Б. Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен
С. Аймақлық сайлаў комиссиялары тәрепинен
Д. Районлық, қалалық ҳәкимликлер тәрепинен

**6. Сайлаў комиссиялары имаратындағы стендлерде қандай нышан ҳәм белгилер болмаўы керек?**

А. Сайлаў алды үгит-нәсиятына тийисли
Б. Өзбекстан Республикасы Конституциясы, Сайлаў кодекси, сайлаўға тийисли нызамшылық ҳүжжетлери
С. Аймақлық сайлаў комиссиясы ағзаларының қурамы ҳаққында мағлыўмат

Д. Комиссия ис жобасы ҳәм нәўбетшилик кестеси

**7. Участкалық сайлаў комиссиясы ушын имаратта кеминде неше бөлме ажратылыўы зәрүр?**

А. 5

Б. 4

С. 2

Д. 6

**8. Даўыс бериў имаратында қандай сиясий илажлар өткерилиўине руқсат етиледи?**

А. Даўыс бериў имаратында басқа ҳешқандай сиясий илажлар өткерилиўине руқсат етилмейди

Б. Даўыс бериў имаратында сайлаўға тийисли сиясий илажлар өткерилиўине руқсат етиледи

С. Даўыс бериў имаратында сайлаўшылардың ҳуқықларын үгит-нәсиятлаўға тийисли сиясий илажлар өткерилиўине руқсат етиледи

Д. Даўыс бериў имаратында талабанлардың искерлигин үгит-нәсиятлаўға тийисли сиясий илажлар өткерилиўине руқсат етиледи

**9. Сайлаўға таярланыў ҳәм оны өткериўге тийисли мағлыўматлар даўыс бериў имаратында қалай жайластырылыўы керек?**

А. Даўыс бериў имаратында, жасырын даўыс бериў кабинасының алдында

Б. Даўыс бериў имаратында, жасырын даўыс бериў кабинасының артында

С. Сайлаўшылар еркин ҳәм қолай танысыўы мүмкин болған түрде

Д. Даўыс бериў имаратында, арнаўлы үскенеленген жасырын даўыс бериў кабинасы үстинде

**10. Талабанлардың баспадан шығарылған мәлимлеме материаллары қандай тәртипте жайластырылады?**

А. Талабанлардың жасы бойынша жоқарыдан төменге бағдарланған избе-изликте

Б. Талабанлардың фамилиясы бойынша әлипбе тәртибинде

С. Сайлаўда қатнасыўы ушын руқсат берилген нәўбетине муўапық избе-изликте

Д. Талабанлардың лаўазымы бойынша жоқарыдан төменге бағдарланған избе-изликте

**11. Сайлаўда қатнасып атырған сиясий партиялардың мәлимлеме материаллары қандай избе-изликте жайластырылады?**

А. Партиялардың аты бойынша әлипбе тәртибинде

Б. Партиялардан талабанлардың сайлаўда қатнасыўы ушын руқсат берилген нәўбетине муўапық избе-изликте

С. Партиялардың бақлаўшыларының сайлаўда қатнасыўы ушын руқсат берилген нәўбетине муўапық избе-изликте

Д. Партиялардың сайлаўда қатнасыўы ушын руқсат берилген нәўбетине муўапық избе-изликте

**12. Даўыс бериў имаратында ямаса жасырын даўыс бериў кабиналарында қандай мағлыўматлар жайластырылыўы мүмкин?**

А. Талабанлардың фамилиялары

Б. Сайлаў бюллетениниң үлгиси ҳәм оны толтырыў режимине тийисли мағлыўматлар

С. Сиясий партиялардың атлары
Д. Талабанлардың фамилиялары ямаса сиясий партиялардың атлары

**13. Имаратқа кириўде қыя жолларды (пандусларды) орнатыў мүмкиншилиги болмаса, қандай шөлкемлестирилген илаж көрилиўи керек?**
А. Кириў орнында сайлаў комиссиясының 2 ағзасы нәўбетшилик етеди
Б. Кириў орнында 2 волонтёр нәўбетшилик етеди
С. Кириў орнында "жәрдемге шақырыў" түймеси орнатылады
Д. Имканияты шекленген шахслардың сайлаў участкасына келмеў илажлары көриледи

**14. Қандай сайлаў участкалары оптикалық лупалар (үлкейтиўши айналар), қосымша жақтыландырғышлар, стул ҳәм де Брайль әлипбеси тийкарында таярланған трафаретлер менен үскенелениўи мүмкин?**
А. Сайлаўшылар дизиминде көзи әззи ҳәм әззи көриўши сайлаўшылар бар болған
Б. Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленген
С. Аймақлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленген
Д. Округлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленген

**15. Даўыс бериў имаратларында майыплығы болған сайлаўшылардың кириўи ушын шараятлар жаратылмаған болса, тийисли сайлаў комиссиясы қанша мүддетте жергиликли атқарыўшы ҳүкиметлик органларға кемшиликлерди сапластырыў бойынша мүрәжат жибереди?**
А. Сайлаў күнине 5 күннен кешиктирмей
Б. Сайлаў күнине 10 күннен кешиктирмей
С. Сайлаў күнине 20 күннен кешиктирмей
Д. Сайлаў күнине 15 күннен кешиктирмей

**16. Қандай сайлаўшылар ушын мәлимлеме стендлеринде үлкен көлемдеги шрифтлерде ҳәм (ямаса) Брайль әлипбесиндеги материаллар жайластырылыўы мүмкин?**
А. Көриўде нуқсаны болған сайлаўшылар
Б. Еситиўде нуқсаны болған сайлаўшылар
С. Сөйлеўде нуқсаны болған сайлаўшылар
Д. Бундай материаллар жайластырылыўы көзде тутылмаған

**17. Аймақлық сайлаў комиссиясы, округлық сайлаў комиссиясы ҳәм районлық, қалалық сайлаў комиссиялары компьютерлерин интернет тармағына жалғаў кимниң жәрдеминде әмелге асырылады?**
А. Санластырыў министрлигиниң аймақлық бөлимлери
Б. Санлы технологиялар министрлигиниң аймақлық бөлимлери
С. Инновациялық раўажланыў министрлигиниң аймақлық бөлимлери
Д. Әдиллик министрлигиниң аймақлық бөлимлери

**18. Талабан сайлаў ҳуқықынан айрылған жағдайда бул талабанның баспадан шығарылған өмирбаяны ҳәм бағдарламасы көрсетилген мәлимлеме материаллары ким тәрепинен имаратта жайластырылған орынлардан алып қойылады ямаса үсти ақ қағаз бенен желимлеп жабылады?**
А. Талабанның исенимли ўәкили тәрепинен
Б. Партияның ўәкилликли ўәкили тәрепинен

С. Участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен

Д. Аймақлық сайлаў комиссиясы тәрепинен

**19. Сайлаў комиссияларынан мүрәжат түскен жағдайда, жергиликли атқарыўшы ҳүкиметлик органлар қанша мүддетте оны көрип шығыўы ҳәм тезлик пенен тийисли шараларды көриўи шәрт?**

А. Көби менен 1 күнлик мүддетте

Б. Көби менен 5 күнлик мүддетте

С. Көби менен 15 күнлик мүддетте

Д. Көби менен 3 күнлик мүддетте

**20. Мүддетинен алдын даўыс бериў қашан басланады?**

А. Сайлаўға 10 күн қалғанда

Б. Сайлаўға 3 күн қалғанда

С. Сайлаўға 15 күн қалғанда

Д. Сайлаўға 11 күн қалғанда

**21. Мүддетинен алдын даўыс бериў қашан тамамланады?**

А. Сайлаўға 10 күн қалғанда

Б. Сайлаўға 13 күн қалғанда

С. Сайлаўға 5 күн қалғанда

Д. Сайлаўға 3 күн қалғанда

**22. Мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты ким тәрепинен белгиленеди?**

А. Тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиясы

Б. Тийисли аймақлық сайлаў комиссиясы

С. Орайлық сайлаў комиссиясы

Д. Тийисли округлық сайлаў комиссиясы

**23. Мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге асырған сайлаўшы белгиленген тәртипте толтырылған сайлаў бюллетенин не ислейди?**

А. Конвертке салады, желимлеп жабады ҳәм жабық конвертте сайлаў қутысына таслайды

Б. Конвертке салады, желимлеп жабады ҳәм жабық конвертте участкалық сайлаў комиссиясы ағзасына тапсырады

С. Участкалық сайлаў комиссиясының тийисли ағзасына көрсеткеннен кейин сайлаў қутысына таслайды

Д. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзасы көргеннен кейин конвертке салады, желимлеп жабады ҳәм жабық конвертте өзи менен алып кетеди

**24. Мүддетинен алдын даўыс бериў бюллетенлери салынған конвертлар сайлаў күни даўыс бериў тамамланыўына шекем қай жерде сақланады?**

А. Участкалық сайлаў комиссиясының сейфинде

Б. Тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиясының сейфинде

С. Тийисли округлық сайлаў комиссиясының сейфинде

Б. Тийисли аймақлық сайлаў комиссиясының сейфинде

**25. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзасы мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшыны қандай дизимде мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшы сыпатында белгилеўи шәрт?**

А. Белгилеўи шәрт емес

Б. “E-saylov”дағы сайлаўшылар дизиминде

С. СПБМСдағы сайлаўшылар дизиминде

Д. Районлық сайлаў комиссиясына тийисли аймақтағы сайлаўшылар дизиминде

## КЕЙСЛЕР

**Кейстиң мазмуны:**

Андижан ўәлаяты аймақлық сайлаў комиссиясы ағзалары Асака районында жайласқан 78-участкалық сайлаў комиссиясы искерлигин үйрениў мақсетинде усы участкаға мониторинг өткериў ушын келеди.

Бул сайлаў участкасында мониторинг өткерилиўи процесинде даўыс бериў бөлмесине алып баратуғын жолларда сайлаў участкасының белгиленген формадағы көрсеткишлери анық көринетуғын орынларға жайластырылмағанлығы ҳәм даўыс бериў бөлмелеринде физикалық мүмкиншилиги шекленген шахслар ушын арнаўлы үскенеленген жасырын даўыс бериў кабиналары жоқ екенлиги анықланды.

**Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселелер (сораўлар):**

1) Участкалық сайлаў комиссиясы имаратына алып баратуғын жолларда сайлаў участкасының көрсеткишлери қай жерде жайластырылыўы керек?

2) Участкалық сайлаў комиссиясы имаратының жағдайы қандай болыўы керек?

**Кейстиң шешими:**

Участкалық сайлаў комиссиясы жайласқан имарат ҳәм оған алып баратуғын коридорлар азада ҳәм ремонтланған, жақтыландырыў үскенелери орнатылған болыўы керек. Даўыс бериў ханасына алып баратуғын жолларда сайлаў участкасының көрсеткишлери көринетуғын орынларға жайластырылыўы керек.

Участкалық сайлаў комиссиялары жайласқан имаратларда жақты (зәрүрлик болғанда шыра орнатылады) жасырын даўыс бериў кабиналары (1000 сайлаўшы ушын keминде 2,2000 сайлаўшы ушын кеминде 3,3000 сайлаўшы ушын кеминде 4); зәрүрлик болса, физикалық мүмкиншилиги шекленген шахслар ушын арнаўлы үскенелестирилген жасырын даўыс бериў кабиналары болыўы керек.

**Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:**

Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы режe”ниң 10 ҳәм 16-пунктлери.

| Кейстиң мазмуны: |
|---|
| Бухара ўәлаяты Когон районында жайласқан 55-сайлаў участкасына мүддетинен алдын даўыс бериў ушын келген пуқара Б. Авазов сайлаў бюллетенин бериўди сорады. Участкалық сайлаў комиссия ағзасы оннан не себепли сайлаў күни сайлаўда қатнаса алмаўын өз арзасында көрсетиў кереклигин айтты. Бирақ, Б.Авазов тек аўызеки формада түсиндириў бериўин билдирип, арза жазыўдан бас тартты. Соннан кейин участкалық сайлаў комиссия ағзасы пуқараға сайлаў бюллетенин бере алмаўын айтты. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселелер (сораўлар):** |
| 1) Мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге асырыў ушын сайлаўшы тийисли участкалық сайлаў комиссиясынан сайлаў бюллетенин нениң тийкарында алады?<br>2) Участкалық сайлаў комиссиялары сайлаў участкасындағы сайлаў бюллетенлерин ҳәм де конвертлерди район, қала сайлаў комиссиясынан мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўына неше күн қалғанында алады? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге асырыў ушын сайлаўшы сайлаў күнинде бола алмаўының себеплери (демалыс, хызмет сапары, шет елге шығыў ҳәм т.б.) көрсетилген арза тийкарында тийисли участкалық сайлаў комиссиясынан сайлаў бюллетенин алады.<br>Участкалық сайлаў комиссиялары сайлаў участкасындағы сайлаўшылар улыўма санының он проценти муғдарында сайлаў бюллетенлерин ҳәм де конвертлерди район, қала сайлаў комиссиясынан мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўына кеминде үш күн қалғанында алады. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Сайлаў кодексиниң 57-статьясы; Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже”ниң 47 ҳәм 48-пунктлери. |

| |
|---|
| **Кейстиң мазмуны:** |
| Әндижан ўәлаяты Мархамат районында жайласқан 17-сайлаў участкасына мүддетинен алдын даўыс бериў ушын келген пуқара Н.Носиров сайлаў бюллетенин алды ҳәм белгиленген тәртипке муўапық даўыс бериў бюллетенин толтырды. Участкалық сайлаў комиссия ағзасы сайлаўшы сайлаў бюллетенин алғанлығы ҳаққында сайлаўшылар дизимине қол қойды. А.Носиров толтырылған сайлаў бюллетенин сайлаў комиссия ағзасына тапсырды. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселелер (сораўлар):** |
| 1) Сайлаўшы сайлаў бюллетенин алғанлығы ҳаққында тийисли участкалық сайлаў комиссиясының неше ағзасы тәрепинен сайлаўшылар дизимине қол қояды?<br>2) Сайлаўшы сайлаў бюллетенин алғанынан кейин қандай ҳәрекетлер әмелге асырылады? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Сайлаўшы сайлаў бюллетенин алғанлығы ҳаққында тийисли участкалық сайлаў комиссиясының кеминде еки ағзасы тәрепинен сайлаўшылар дизимине қол қояды.<br>Сайлаў бюллетени арнаўлы үскенеленген жасырын даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында сайлаўшы тәрепинен толтырылады. Сайлаўшы сайлаў бюллетенин алғанлығы ҳаққында тийисли участкалық сайлаў комиссиясының кеминде еки ағзасы тәрепинен сайлаўшылар дизими көширмесине қол қояды. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзасы мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшыны СПБМСдағы сайлаўшылар дизиминде мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшы сыпатында белгилеўи шәрт. Сайлаў бюллетени арнаўлы үскенеленген жасырын даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында сайлаўшы тәрепинен еркин қарар қабыллаўы арқалы өзи жақлап даўыс берип атырған талабанның фамилиясы, сиясий партияның аты қарсысында, оң тәрепте жайласқан бос квадратқа “+” ямаса “✓” ёхуд “х” белгисин қойып толтырылады. Сайлаўшы толтырылған сайлаў бюллетенин конвертке салады ҳәм желимлеп жабады. Сайлаўшы толтырылған сайлаў бюллетенин жабық конвертке участкалық сайлаў комиссиясы ағзасына тапсырады. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Сайлаў кодексиниң 57-статьясы; Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже”ниң 49, 50 ҳәм 51-пунктлери. |

# V ТЕМА

## УЧАСТКА САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ САЙЛАЎ ПРОЦЕСИ БАСҚА ҚАТНАСЫЎШЫЛАРЫ (ҒХҚ, БАҚЛАЎШЫЛАР, ЖӘМӘӘТ ТӘРТИБИН САҚЛАЎҒА ЖУЎАПКЕР МӘКЕМЕЛЕР ЎӘКИЛЛЕРИ) МЕНЕН БИРГЕ ИСЛЕСИЎИ

1. Сайлаў комиссияларының бақлаўшылар менен ислеў тәртиби
2. Бақлаўшылар, ҒХҚ ўәкиллериниң ҳуқық ҳәм миннетлемелери
3. Бақлаўшылар, ҒХҚ ўәкиллерине нелер қадаған етиледи?
4. Сайлаў комиссияларының ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери менен бирге ислесиўи

## 1. САЙЛАЎ КОМИССИЯЛАРЫНЫҢ БАҚЛАЎШЫЛАР МЕНЕН ИСЛЕЎ ТӘРТИБИ

Өзбекстан Республикасының Сайлаў кодексине муўапық, сайлаў комиссиялары өз искерлигин нызамлылық, коллегиаллық, әшкаралық ҳәм әдиллик принциплери тийкарында әмелге асырады.

Сайлаў комиссиялары жумысының шөлкемлестириў формасы болса оның зәрүрликке қарап өткерилетуғын мәжилиси болып есапланады. Сайлаў комиссияларының мәжилислеринде жоқары турыўшы комиссия ағзалары, сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, шет мәмлекетлар ҳәм де халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар, ҒХҚ ўәкиллери қатнасыў мүмкин.

Сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, сондай-ақ басқа мәмлекетлар ҳәм халықаралық шөлкемларден бақлаўшылар өз искерлигин тийисли комиссиялар тәрепинен берилген мандатлар тийкарында әмелге асырады. Сиясий партия ағзасы яки тәрепдары ямаса сиясий партияны қоллаўшы ҳәр қандай Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған пуқарасы **сиясий партиядан бақлаўшы** болыўы мүмкин.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органларынан пуқаралар жыйыны баслығы, оның орынбасары, мәсләҳатшысы, сондай-ақ пуқаралар жыйыны уйымларының басқа лаўазымлы шахслары бақлаўшы болыўы мүмкин.

Мәпдар шөлкемлер өз бақлаўшылары ҳаққында сайлаў комиссияларына сайлаўдан кеминде **10 күн** алдын арза менен белгили қылады.

Мәпдар шөлкемнен арза алынғаннан кейин **5 күн** ишинде сайлаў комиссиясы бақлаўшы ушын мандат береди.

Басқа мәмлекетлерден, халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыларға мандатлар Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен бериледи.




**Сөз ҳәм хабар еркинлиги, өз пикирин еркин билдириў, хабар алыў ҳуқықы** ең тийкарғы ҳәм халықаралық тән алынған инсан ҳуқықлары ҳәм демократиялық жәмийеттиң тийкарғы элементлеринен бири есапланады. Сайлаўлардың ашықлығы ҳәм әшкаралығын тәмийинлеўде ғалаба хабар қураллары лаўазымлы жүдә әҳмийетли орын ийелейди.

Өзбекстан Республикасының **ғалаба хабар қураллары** арқалы пуқаралар өз сайлаў ҳуқықларын қандай усылда әмелге асырыў, сайлаўда қатнасып атырған ҳәр қыйлы сиясий партиялар ҳәм талабанлардың тийкарғы сайлаў алды сиясий позициялары ҳәм жәмийеттеги ҳәрқыйлы мәселелерге қарасларынан хабардар болыў ҳәм де сол ўақытта буған өз пикирлерин билдириў имканиятына ийе болады.

ҒХҚ сайлаўға таярлықтың барысы ҳәм ол қалай өтип атырғанын сәўлелендирип барады. Сайлаўға таярлық кориў ҳәм они өткериўге тән барлық илажларда қатнасыў ушын ҒХҚ ўәкиллери аккредитациядан өткериледи. ҒХҚ ўәкиллериниң бийликлери Орайлық сайлаў комиссиясы, аймақлық, район ҳәм қала сайлаў комиссиялары тәрепинен берилген ҳүжжетлер менен тастыйықланған болыўы керек.

Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен аккредитациядан өткерилген ҒХҚ ўәкиллерине белгиленген түрдеги гүўалықлар бериледи. ҒХҚ ўәкиллери бийлик мүддети оған аккредитациядан өткенлиги ҳаққындағы гүўалық берилген күннен басланады ҳәм сайлаў жуўмақлары рәсмий дағазаланған күни тамамланады.

Басқа мәмлекетлердиң ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин Орайлық сайлаў комиссиясы аккредитациядан өткереди.



Участка сайлаў комиссиясы баслығы жергиликли бақлаўшылар, ҒХҚ ўәкиллери, басқа мәмлекетлар ҳәм халықаралық шөлкемлердиң бақлаўшылары менен комиссия атынан жумыс алып барады.

Участка сайлаў комиссиясы баслығы даўыс бериў бөлмесиниң безелиўинде бақлаўшылар ҳәм ҒХҚ ўәкиллери ушын ажыратылған орын оларға даўыс бериў ҳәм даўысларын санап шығыў процеслеринде сайлаў ҳаққындағы нызамшылыққа етилиўи үстинен жәмийетлик бақлаўды әмелге асырыў көзқарасынан қолай болыўын есапқа алған халда шөлкемлестириў лазым.

Участка сайлаў комиссиясы имаратына бақлаўшылар ҳәм ҒХҚ ўәкиллери келгенде участка сайлаў комиссия баслығы оларды күтип алады ҳәм шахсын ҳәм ўәкилликлерин тастыйықлаўшы ҳүжжетлерди көрсетиўди сорайды.

Участка сайлаў комиссиясы баслығы жергиликли бақлаўшылар, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылардың тийисли сайлаў комиссиясы тәрепинен берилген мандаты ҳәм шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетлерди орынбасарына береди ҳәм орынбасар усынған ҳүжжетлер тийкарына бул шахсларды дизимге алыўды шөлкемлестиреди ҳәм де оларды бақлаў ушын ажыратылған орынға жайласыўы ушын мирәт етеди.

## 2. БАҚЛАЎШЫЛАР, ҒХҚ ЎӘКИЛЛЕРИНИҢ ҲУҚЫҚ ҲӘМ МИННЕТЛЕМЕЛЕРИ

**Сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, сондай-ақ басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар төмендеги ҳуқықларға ийе:**

- сайлаў комиссияларының мәжилислеринде таяр болыў;
- талабанлар көрсетиўге арналған жыйналысларда, талабанлардың ҳәм сиясий партиялардың (ўәкиллерининң) сайлаўшылар менен ушырасыўларында қатнасыў;
- сайлаў участкасында таяр болыў, таярлық жумысларының барысын, жасырын даўыс бериў кабиналарының яки бөлмелериниң жайластырылыўын ҳәм сайлаў қутыларының мөрлениўин, пуқаралардың дизимге алыныўын, сайлаў бюллетенлериниң оларға берилиўин бақлаў;
- даўыслар саналып ҳәм сайлаў комиссиясының баянламасы дүзилип атырғанда таяр болыў;
- сайлаў нәтийжелери ҳаққындағы ҳүжжетлердиң тийисли сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланған көширме нусқаларын сораў ҳәм алыў;
- егер тийисли сайлаў участкасында Сайлаў кодексиниң талаплары бузылыўына жол қойылған деп есаплаў ушын тийкарлар болса, өз бақлаўлары ҳаққында тийисли сайлаў комиссиясын хабардар етиў.

**Сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, сондай-ақ басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшы:**

- өз искерлигинде Өзбекстан Республикасы Конституциясына, Сайлаў кодексине, Орайлық сайлаў комиссиясының қарарларына әмел етиўи;
- барлық дәрежедеги сайлаў комиссияларына, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў органлары ҳәм басқа шөлкемлерге келгенинде оған берилген мандатты ҳәм де өз шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетти жанында алып жүриўи ҳәм де лаўазымлы шахслар талабына муўапық оларды көрсетиўи;
- өз жуўмақларын анық өткерилген бақлаў ҳәм ҳақыйқый материаллар менен тийкарлаў шәрт.

Сайлаў кодексиниң **35-статьясына** муўапық, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге тийисли барлық илажларды сәўлелендириў, сайлаў күни даўыс бериў иморатларында таяр болыў, соның менен бирге даўысларды санап шығыў ўақтында таяр болыў ҳуқықына ийе.

**Сондай-ақ, ҒХҚ ўәкили төмендеги ҳуқықларга ийе:**

- сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы барлық илажларды сәўлелендириў;
- сайлаў комиссиялаыының мәжилислеринде таяр болыў;
- сайлаў комиссияларының қарарлары нусқаларын ҒХҚда сәўлелендириў ушын алыў;
- талабанларды көрсетиўге арналған жыйналысларда, талабанлардың сайлаўшылар менен ушырасыўларында қатнасыў;
- мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты ҳәм орны ҳаққында хабардар болыў ҳәм усы процести бақлаў;
- сайлаў күни даўыс бериў бөлмелеринде, соның ишинде даўысларды санап шығыўда таяр болыў;
- сайлаў комиссияларының искерлигине ҳәм де даўыс бериў процесине кесент берместен ҳәм даўыс бериўдиң жасырынлығын бузбастан фото, видео, аудио жазыўларды әмелге асырыў (қамақта сақлаў ҳәм азатлықтан айырыў орынлары, әскерий бөлимлер, емлеў мәкемелери буннан тысқары);
- сайлаўшының турған жеринде оның руқсаты менен даўыс бериў процесинде таяр болыў;
- аймақлық, район, қала ҳәм округ сайлаў комиссиясы тәрепинен участка сайлаў комиссияларынан даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды қабыл етип алыў ҳәм округ (аймақ) бойынша сайлаў нәтийжелерин анықлаўда таяр болыў;
- сайлаўға таярлық көриў ҳәм оның өткерилиўи бойынша өз пикирин баянлаў ҳуқықына ийе.

ҒХҚ ўәкили нызамшылық ҳүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықлардан да пайдаланады.



**ҒХҚ ўәкили:**

- өз искерлигинде Өзбекстан Республикасы Конституциясына, Сайлаў кодексине, ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлерине ҳәм Орайлық сайлаў комиссиясының қарарларына әмел етиўи;
- сайлаў комиссияларының имаратлары (бөлмелери), мәжилислери ҳәм баспасөз жыйналысларында гүўалықты ҳәмме ўақытта басқаларға көринетуғын етип таққан болыўы;
- мәжилислер, баспасөз жыйналыслары, даўыс бериў ҳәм басқа илажлар шөлкемлестирилетуғын имараттың өзлери ушын ажыратылған жеринде сайлаўға таярлықтың барысы ҳәм ол қалай өтип атырғанлығын сәўлелендириўи;
- сайлаў процесин сәўлелендириўде сайлаў комиссиясының искерлигине ҳәм де даўыс бериў процесине кесент бермеўи;
- барлық дәрежедеги сайлаў комиссияларына, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў органлары ҳәм де басқа шөлкемлерге келгенде оған берилген гүўалықты ҳәм де өз шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетти жанында алып жүриўи ҳәм де лаўазымлы шахслар талабына муўапық оларды көрсетиўи шәрт.

## 3. БАҚЛАЎШЫЛАР, ҒХҚ ЎӘКИЛЛЕРИНЕ НЕЛЕР ҚАДАҒАН ЕТИЛЕДИ?

**Сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, сондай-ақ басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыға төмендегилер қадаған етиледи:**

- участка сайлаў комиссиясының искерлигине, атап айтқанда сайлаў қутылары мөрленип ашылып, даўыслар саналып атырғанда араласыў;
- сайлаў күни ҳәм даўыс бериў басланыўдан бир күн алдын жәмийетлик пикири сораўлары нәтийжелерин, сайлаў нәтийжелери болжаўларын, өткерилип атырған сайлаў менен байланыслы басқа илажларды дағазалаў.

***Мысал есабында:*** бақлаўшының ис-ҳәрекети жасырын даўыс бериў тәртибин бузса яки ол сайлаўшының қәлеўин еркин билдириўине тәсир өткерсе, ол дәрҳал даўыс бериў имаратынан шығарып жибериледи. Бул ҳаққында участка сайлаў комиссиясы тәрепинен қарар қабыл етиледи.

Бақлаўшылар сайлаўшы сайлаў бюллетенине өз белгисин қойып атырған ўақытта жасырын даўыс бериў кабинасында яки бөлмесинде болмаўы лазым.

Егер бақлаўшы даўыс бериў ўақтында сайлаўшы менен кабинада болса, бул нызам бузылыўына жол қойылған деп есапланады. Яғный, ***бақлаўшылардың сайлаўшыларға тиккелей ямаса басқа усыллар менен тәсир өткериў, үгит-нәсиятлаў ямаса қандай да бир талабан ҳаққында материал тарқатыўға ҳақысы жоқ.***

***Соның менен бирге, бақлаўшыларға сайлаўшылар кабинадан шыққаннан кейин:***

– олардың кимди жақлап даўыс бергенлигин сорастырыў да қадаған етиледи;

– егер бақлаўшы даўыс бериў бинасында даўыс бериў процесинде сайлаўшылардан олардың кимди жақлап даўыс бериў тилегинде екенлигин сорастырса, бул жасырын даўыс бериў тәртип-қағыйдасын бузыў деп баҳаланады. Бундай жағдайларда участкалық сайлаў комиссиясының баслығы бул сыяқлы ҳәрекетлерди әмелге асырмаў ҳаққында бақлаўшыны ескертиўи зәрүр.

**ҒХҚ ўәкилине төмендегилер қадаған етиледи:**

- конституциялық басқарыў принципин зорлық пенен өзгертиўди мақсет етип қойыўшы, республиканың суверенитет, пүтинлиги ҳәм қәўипсизлигине, пуқаралардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерине қарсы шығыўшы, урысты, социал, миллий, расалық ҳәм диний душпанлықты үгит-нәсиятлаўшы, халықтың денсаўлығын ҳәм руўхыйлығына ҳүжим етиўши мәлимлемеларды тарқатыў;
- сайлаўшыларға тәсир өткериў, нызамға қарсы түрде қандай да бир үгит-нәсиятлаўшы материалы ямаса әдебиятын тарқатыў;
- сайлаўшы сайлаў бюллетенине өз белгисин қойып атырған ўақытта даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында болыў;
- сайлаўшылардан олар кимди жақлап даўыс бергенлигин сорастырыў ямаса сайлаўшыларға бюллетенге белги қойыўда қандай да бир тәризде жәрдем көрсетиў;
- участкалық сайлаў комиссиясының хызметине, сондай-ақ сайлаў қутылары мөрленип атырған, ашылып атырған, даўыслар санап шығылып атырғанда араласыў;
- сайлаў күни ҳәм даўыс бериў басланыўынан бир күн алдын жәмийетшилик пикири сораўлары нәтийжелерин, сайлаў нәтийжелери прогнозларын, өткерилип атырған сайлаў менен байланыслы басқа изертлеўлерди жәриялаў.



Сайлаў бюллетенин толтырылған ҳалда ямаса оны толтырыў процесин сүўретке ямаса видеоға алыў, алынған сүўретлерди тарқатыў, сондай-ақ социал тармақларға жайластырыў қадаған етиледи.

ҒХҚ ўәкили даўыс бериў сырын жәриялаcа ямаса пуқаралардың ерк-ықрарына тәсир көрсетиўге ҳәрекет қилса, ол даўыс бериў бинасынан тезлик пенен шығарып жибериледи. Бул ҳаққында участкалық сайлаў комиссиясы қарар қабыл етеди.

ҒХҚ ўәкили әскерий бөлимлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген сайлаў участкаларына барыўы ҳаққында тийисли сайлаў комиссиясын кеминде 3 күн алдын хабардар етиўи керек.

**Төмендеги жағдайларда ҒХҚ ўәкили аккредитациядан өткерилмеўи мүмкин:**

- аккредитациядан өткериў ушын ҳүжжетлер толық тапсырылмағанда;
- анкета толық ҳәм дурыс толтырылмаған болса;
- Орайлық сайлаў комиссиясы қарары менен тастыйықланған тийисли режеде белгиленген мүддетлерге әмел етилмегенде;
- ҒХҚ аккредитациядан өтип атырған дәўирде турақлы хызмет көрсетпегенде;
- веб-сайт сыпатында дизимнен өткен ҒХҚ ның ҳүжжетлеринде көрсетилген веб-сайты жоқ болса;
- ҒХҚ ның дизиминен өткерилгенлиги ҳаққындағы гүўалығы суд тәрепинен ҳақыйқый емес деп табылған болса;
- ҒХҚның шығарылыўы тоқтатып турылғанда ямаса сапластырылғанында;
- аккредитациядан өткериў ҳаққындағы арзада ямаса оған қосымша етилген ҳүжжетте көрсетилген мағлыўматлар ҳақыйқатқа сәйкес келмесе;
- ҒХҚ ның Өзбекстан Республикасы аймағында хызмет көрсетиўи суд қарарына муўапық шекленген ямаса қадаған етилгенде;
- ҒХҚ қайта дизимнен өткерилмеген болса (егер ҒХҚ дизиминен өткерилгеннен соң шөлкемлестириўши ҳаққындағы мағлыўматлар, ҒХҚ ның аты, тили түри, мақсет ҳәм ўазыйпалары ҳаққындағы мағлыўматларға өзгерислер киргизилген болса);
- аккредитациядан өткериў ушын мүрәжат еткен ҒХҚ ўәкили әйне ўақытта басқа бир ҒХҚ ўәкили сыпатында да аккредитациядан өткерилгенлиги анықланғанда.

## 4. САЙЛАЎ КОМИССИЯЛАРЫНЫҢ ИШКИ ИСЛЕР ОРГАНЛАРЫ ҲӘМ МИЛЛИЙ ГВАРДИЯ ХЫЗМЕТКЕРЛЕРИ МЕНЕН БИРГЕ ИСЛЕСИЎИ

Өзбекстан Республикасы Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери төмендеги талапларға әмел еткен ҳалда жәмийетлик тәртипти сақлаўды тәмийинлейди:

– жәмәәт тәртибин сақлаўда участкалық сайлаў комиссиялары менен шерикликти әмелге асырады ҳәм комиссия баслығының көрсетпеси тийкарында искерлик жүргизеди;

– сайлаў бюллетенлери алынған күннен баслап бюллетенлер ҳәм де тағы басқа ҳүжжетлер сақланатуғын бинаның қорғалыўын тәмийинлейди;

– участкалық сайлаў комиссиясы баслығының көрсетпесине тийкарланып сайлаўға бир күн қалғанда сайлаў участкасы бинасы хызмет ийти менен кинолог тәрепинен тексериледи;

– сайлаў участкасы жанында айрықша жағдайлар (өрт, ғалабалық тәртипсизлик ҳәм басқалар) әмелге асырылған жағдайда хызметкер өзи қорғалып атырған орыннан кетпестен, тезлик пенен басқарма ямаса нәўбетшилик бөлимине хабар береди. Бунда, Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери, биринши нәўбетте, инсанлардың денсаўлығын ҳәм өмирин қорғаўы, зәрүрлик пайда болғанда оларды эвакуация етиўи керек;

– участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының искерлигине қарсылық көрсетилгенде

ямаса олардың денсаўлығы, өмирине қәўип туўылғанда, оларды қорғайды. Буннан тысқары, жәмийетлик тәртип ушын жуўапкер шахс даўыс бериў күни сайлаў участкасы бинасында болған басқа шахсларды да қорғайды;

– сайлаў участкаларына тутас аймақларда жәмийетлик тәртипти сақлайды;

– участкалық сайлаў комиссиялары ағзалары бақлаўы астында сайлаў нәтийжелерине тийисли ҳүжжетлерди тасыўда көмеклеседи;

– участкалық сайлаў комиссиясының күнделикли жумыс искерлиги тамамланғанынан кейин сайлаў өткерилетуғын имаратлар ҳәм орынларды қорғайды.

Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы жәмийетлик тәртипти сақлаў ушын жуўапкер хызметкердиң қай жерде жайласыўын белгилейди. Сайлаў участкасы бинасында өрттен сақлаў, байланыс қураллары ушын жуўапкер хызметкерлердиң телефон номер дизимлери болыўы тәмийинленеди.

Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы (ямаса баслық орынбасары) даўыс бериў бинасындағы тәртипке әмел етилиўин қадағалайды. Участкалық сайлаў комиссиясының өз ўәкиллиги шеңберинде берген көрсетпелери даўыс бериў бинасында тайын болған шахслар, сондай-ақ, ишки ислер органы ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери ушын мәжбурий болып табылады. Даўыс бериў күни Ишки ислер органы ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери сайлаў участкасы аймағынан сыртта жайласады. Ишки ислер органы ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери оператив байланыс орнатыў ушын уялы ҳәм жумыс телефон номерлерин участкалық сайлаў комиссиясы баслығы ҳәм басқа ағзасына усыныўы шәрт.

Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы даўыс бериў бинасында тынышлық сақланыўы ҳәм тәртипке әмел етилиўин тәмийинлеўи, даўыс бериў ҳәм оларды санап шығыўда нызамға қарсы ис-ҳәрекет жүз бергенинде ишки ислер органы ямаса Миллий гвардия хызметкерлерине мүрәжат етиўи мүмкин. Бунда, ишки ислер органы ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери тез арада ўақыя орнына жетип келиўи керек.

Ишки ислер органы ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери тәрепинен сайлаў участкасы аймағындағы тәртипсизлик, нызамға қарсы ис-ҳәрекетлер сапластырылғанынан кейин участкалық сайлаў комиссиясы баслығы көрсетпеси тийкарында сайлаў участкасы бинасын тәрк етиўи ҳәм сайлаўды өткериў процесине кесент етпейтуғын орынға жайласыўы шәрт.

***Сайлаў участкасында тайын болған Ишки ислер органы, Миллий гвардия хызметкерлерине төмендегилер қадаған етиледи:***

– сайлаўшылар, бақлаўшылар ҳәм сайлаў процесиниң басқа қатнасыўшыларына тәсир өткериў;

– бюллетенге өз белгисин қойып атырған ўақытта жасырын даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында болыў;

– қандай да бир үгит-нәсиятлаў материалын ямаса әдебиятын тарқатыў;

– сайлаўшылардан олар қандай даўыс бергенлигин сорастырыў ямаса сайлаўшыларға бюллетенге белги қойыўда қандай да бир тәризде жәрдем көрсетиў;

– участкалық сайлаў комиссиясының хызметине, сондай-ақ, оның жыйналысларында тайын болыўға, сайлаў қутыларын мөрлеўге, оларды ашыўға, даўысларды санап шығыўға араласыў.

Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери сайлаўшыларға сайлаўға тийисли ҳуқықларын әмелге асырыў бойынша ҳуқықый жәрдем көрсетпейди. Түрли мәселелер пайда болғанында, ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери пуқараны участкалық сайлаў комиссиясы баслығы, баслық орынбасары, хаткери ямаса басқа ағзасына жибереди.

## ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ

1. Сайлаў комиссияларының жыйналысларында кимлер қатнасыўы мүмкин?
2. Қандай пуқара сиясий партиядан бақлаўшы болыўы мүмкин?
3. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан кимлер бақлаўшы болыўы мүмкин?
4. Сайлаў комиссиясы бақлаўшы ушын қашан мандат береди?
5. Қандай бақлаўшыларға мандатлар Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен бериледи?
6. ҒХҚ ўәкиллериниң ўәкиллиги кимлер тәрепинен берилген ҳүжжетлер менен тастыйықланған болыўы керек?
7. ҒХҚ ўәкиллериниң ўәкиллиги қашан басланады ҳәм қашан таўсылады?
8. Басқа мәмлекетлердиң ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин ким аккредитациядан өткереди?
9. Жергиликли, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлердиң бақлаўшылары, ҒХҚ ўәкиллери менен участкалық сайлаў комиссиясы атынан ким жумыс жүргизеди?
10. Участкалық сайлаў комиссиясы бинасына бақлаўшылар ҳәм ҒХҚ ўәкиллери келгенинде қандай ҳүжжетлер усыныс етилиўи соралады?
11. Сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, соның менен бирге басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар қандай ҳуқықларға ийе?
12. Сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, соның менен бирге басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшының мәжбүриятларын айтың?
13. Ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери сайлаўға таярланыў ҳәм оны өткериў дәўиринде қандай ҳуқықларға ийе?
14. Сайлаў процеслеринде қатнасыўшы ҒХҚ ўәкилиниң қандай миннетлемелери бар?
15. Сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, соның менен бирге басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыға нелер қадаған етиледи?
16. Сайлаў процеслеринде қатнасыўшы ҒХҚ ўәкилине нелер қадаған етиледи?
17. Қандай жағдайларда ҒХҚ ўәкилин аккредитациядан өткериў бийкар етилиўи мүмкин?
18. Өзбекстан Республикасы Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери жәмийетлик тәртипти сақлаўда қандай талапларға әмел етиўи керек болады?
19. Бақлаўшылар ҳәм ҒХҚ ўәкиллери участкалық сайлаў комиссиясы бинасына келгенинде оларды ким күтип алады?
20. Сайлаў участкасында тайын болған Ишки ислер органы, Миллий гвардия хызметкерлерине нелер қадаған етиледи?

## ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ

**1. Сиясий партия ағзасы ямаса тәрепдары яки сиясий партияға тилеклес болған Өзбекстан Республикасының пуқарасы неше жастан сиясий партиядан бақлаўшы болыўы мүмкин?**

А. 14 жасқа толған пуқара
Б. 18 жасқа толған пуқара
С. 16 жасқа толған пуқара
Д. 21 жасқа толған пуқара

**2. Мәпдар шөлкемлер өзлериниң бақлаўшылары ҳаққында сайлаў комиссияларына сайлаўдан қанша мүддет алдын арза менен хабар береди?**

А. Кеминде 5 күн алдын
Б. Кеминде 15 күн алдын
С. Кеминде 10 күн алдын
Д. Кеминде 3 күн алдын

**3. Мәпдар шөлкемнен арза алынғаннан кейин қанша мүддетте сайлаў комиссиясы бақлаўшы ушын мандат береди?**

А. 1 күн ишинде
Б. 3 күн ишинде
С. 10 күн ишинде
Д. 5 күн ишинде

**4. Шет ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыларға мандатлар қайсы орган тәрепинен бериледи?**

А. Орайлық сайлаў комиссиясы
Б. Сыртқы ислер министрлиги комиссиясы
С. Ишки ислер министрлиги комиссиясы
Д. Мәмлекетлик хызметлер көрсетиў орайлары

**5. ҒХҚ ўәкиллериниң ўәкилликлери қайсы орган тәрепинен берилген ҳүжжетлер менен тастыйықланған болыўы керек?**

А. Әдиллик министрлиги, аймақлық әдиллик органлары ҳәм мәкемелери
Б. Орайлық сайлаў комиссиясы
С. Ишки ислер министрлиги, ўәлаятлар ишки ислер органлары
Д. Министрлер Кабинети, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, ўәлаятлардың ҳәкимликлери

**6. Қайсы орган тәрепинен аккредитациядан өткерилген ҒХҚ ўәкиллерине белгиленген үлгидеги гүўалықлар бериледи?**

А. Өзбекстан Орайлық телерадиокомпаниясы тәрепинен
Б. Әдиллик министрлиги тәрепинен
С. Өзбекстан мәлимлеме ҳәм ғалабалық коммуникациялар агентлиги тәрепинен
Д. Орайлық сайлаў комиссия тәрепинен

**7. Шет ел мәмлекетлердиң ғалаба хабар қураллары ўәкиллери қайсы орган тәрепинен аккредитациядан өткериледи?**

А. Сыртқы ислер министрлиги

Б. Ишки ислер министрлиги

С. Орайлық сайлаў комиссиясы

Д. Аймақлық ҳәм округлық сайлаў комиссиялары

**8. ҒХҚ ўәкиллериниң бақлаўшы сыпатындағы ўәкиллик мүддети қашаннан басланады?**

А. Сайлаў күнинен

Б. Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаў компаниясы басланғаны жәрияланған күннен

С. Мүддетинен алдын даўыс бериў басланған күннен

Д. Оған аккредитациядан өткенлиги ҳаққындағы гүўалық берилген күннен

**9. Жергиликли бақлаўшылар, ҒХҚ ўәкиллери, шет ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық шөлкемлердиң бақлаўшылары менен участкалық сайлаў комиссиясы атынан ким жумыс алып барады?**

А. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы

Б. Сыртқы ислер министрлиги ўәкили

С. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери

Д. Аймақлық сайлаў комиссиясы ўәкили

**10. Бақлаўшының ис-ҳәрекети жасырын даўыс бериў тәртип-қағыйдасын бузса ямаса ол сайлаўшының ерк-ықрарын еркин билдириўине тәсир етсе, оған қатнаслы қандай илаж көриледи?**

А. Участкалық сайлаў комиссиясы қарары тийкарында ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылады

Б. Участкалық сайлаў комиссиясы қарары тийкарында жынайый жуўапкершиликке тартылады

С. Участкалық сайлаў комиссиясы қарары тийкарында даўыс бериў имаратынан шығарып жибериледи

Д. Участкалық сайлаў комиссиясы қарары тийкарында ўәкилликлери бийкар етиледи

**11. ҒХҚ ўәкили даўыс бериў сырын жәрияласа ямаса пуқаралардың ерк-ықрарына тәсир етиўге ҳәрекет етсе, оған қатнаслы қандай илаж көриледи?**

А. Участкалық сайлаў комиссиясы қарары тийкарында ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылады

Б. Участкалық сайлаў комиссиясы қарары тийкарында жынайый жуўапкершиликке тартылады

С. Участкалық сайлаў комиссиясы қарары тийкарында даўыс бериў имаратынан шығарып жибериледи

Д. Участкалық сайлаў комиссиясы қарары тийкарында ўәкилликлери бийкар етиледи

**12. ҒХҚ ўәкили әскерий бөлимлерде, қамақта сақлаў ҳәм азатлықтан айырыў орынларында дүзилген сайлаў участкаларына барыўы ҳаққында тийисли сайлаў комиссиясын қашан хабардар етиўи керек?**

А. кеминде 3 күн алдын

Б. кеминде 1 күн алдын

С. кеминде 5 күн алдын

Д. кеминде 10 күн алдын

**13. Сайлаў процеслеринде жәмийетлик тәртипти сақлаўды кимлер тәмийинлейди?**

А. Өзбекстан Республикасы ишки ислер органлары ҳәм Жәмийетлик қәўипсизликти тәмийинлеў хызмети хызметкерлери

Б. Өзбекстан Республикасы Миллий гвардия ҳәм Айрықша жағдайлар министрлиги хызметкерлери

С. Өзбекстан Республикасы Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери

Д. Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасы, ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери

**14. Жәмийетлик тәртипти сақлаў ушын жуўапкер болған хызметкердиң қай жерде жайласыўын ким белгилейди?**

А. Ишки ислер органы баслығы

Б. Миллий гвардиянинг тийисли хызмети баслығы

С. Аймақлық сайлаў комиссиясы баслық орынбасары

Д. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы

**15. Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери сайлаўшыларға қандай ҳуқықый жәрдем көрсетпейди?**

А. Сайлаўға тийисли ҳуқықларын әмелге асырыў бойынша

Б. Жеке қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша

С. Жәмийетлик тәртипти сақлаў бойынша

Д. Жәмийетлик қәўипсизликти тәмийинлеў бойынша

**16. ҒХҚ ўәкиллериниң ҳуқықлары дурыс көрсетилген қатарды табың.**

А. Сайлаўға таярланыў ҳәм оны өткериўге тийисли барлық илажларды ашып бериў

Б. Сайлаўшы сайлаў бюллетенине өз белгисин қойып атырған ўақытта даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында болыў

С. Сайлаўшыларға тәсир етиў, қандай да бир үгитлеў материалы ямаса әдебиятын тарқатыў

Д. Сайлаўшылардан олар кимди жақлап даўыс бергенлигин сорастырыў ямаса сайлаўшыларға бюллетенге белги қойыўда қандай да бир түрде жәрдем бериў

**17. Бақлаўшылардың ҳуқықлары дурыс көрсетилген қатарды табың.**

А. Участкалық сайлаў комиссиясының искерлигине, сондай-ақ сайлаў қутылары мөрленип атырған, ашылып атырған, даўыслар санап шығылып атырғанда араласыў

Б. Сайлаў күни ҳәм даўыс бериў басланыўынан бир күн алдын жәмийетлик пикири сораўларының нәтийжелерин, сайлаў нәтийжелериниң болжаўларын, өткерилип атырған сайлаў менен байланыслы басқа изертлеўлерди жәриялаў.

С. Даўыслар санап шығылып атырғанда ҳәм сайлаў комиссиясының баянламасы дүзилип атырғанда таяр болыў

Д. Сайлаўшылар кабинадан шыққаннан кейин, олардың кимди жақлап даўыс бергенлигин сорастырыў

**18. Пуқара бюллетенге өз белгисин қойып атырған ўақытта даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында кимлердиң бирге болыўына руқсат берилген?**

А. ҒХҚ ўәкиллерине

Б. Сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, пуқаралардың басламашы топарларынан бақлаўшыларға

С. Даўыс бериў кабинасы ямаса ханасында сайлаўшыдан тысқары басқалардың болыўы қадаған етилген

Д. Басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыларға

**19. Бақлаўшылар, ҒХҚ ўәкиллери сайлаў күни қандай жағдайда даўыс бериў процесинде фото, видео, аудиожазыўлар әмелге асырыўы мүмкин?**

А. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы тәрепинен белгиленген ўақыт даўамында мүмкин

Б. Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери бул ҳәрекетлер жәмийетлик тәртиптиң бузылыўына алып келмеўине исеним пайда еткенде мүмкин

С. Фото, видео, аудиожазыўларды әмелге асырыў ушын арнаўлы руқсатнама алғанларға мүмкин

Д. Участкалық сайлаў комиссиясының искерлигине ҳәм де сайлаўда даўыс бериў процесине иркиниш етпестен ҳәм даўыс бериўдиң жасырынлығын бузбастан әмелге асырыўы мүмкин

**20. Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлерине қандай искерлик қадаған етилген?**

А. Қандай да бир үгитлеў материалын ямаса әдебиятты тарқатыў

Б. Жәмийетлик тәртипти сақлаў

С. Ҳуқықбузарлықлар профилактикасын әмелге асырыў

Д. Бюллетенлер алынған күннен баслап бюллетенлер ҳәм де тағы басқа ҳүжжетлер сақланатуғын имаратты қорғаў

## КЕЙСЛЕР

**Кейстиң мазмуны:**

Сайлаў күни саат 20:00 де Гулистан районындағы 23-санлы сайлаў участкасында даўыс бериў жуўмақланғанлығы дағаза етилди. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы кимлер участкадан кетиўи ҳәм кимлер даўысларды санаў процесинде болыўы мүмкинлигин еслетти. Пуқара А.Исмоилов ҳәм С.Мирзабеков сайлаў участкасынан кетпестен, даўысларды санап шығыў процесинде қатнаспақшы екенлигин билдирди. А.Исмоилов участка жайласқан аймақтағы мәкан пуқаралар жыйыны баслығы екенлигин сылтаў еткен болса, С.Мирзабеков халық депутатлары районлық кеңеси депутаты екенлигин тастыйықлайтуғын гүўалықты усыныс етти.

**Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселелер (сораўлар):**

Кимлер даўысларды санап шығыў процесинде болыў ҳуқықына ийе?

**Кейстиң шешими:**

Даўысларды санап шығыў нәтийжелери участкалық сайлаў комиссиясының мәжилисинде көрип шығылады ҳәм де баслық, баслық орынбасары, хаткер, сайлаў комиссиясының басқа ағзалары тәрепинен қол қойылатуғын баянламаға киргизиледи. Участкалық сайлаў комиссиялары тәрепинен даўысларды санап шығыў, даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды толтырыў процесинде төмендегилер болыўы мүмкин:

– бақлаўшылар;
– сиясий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери;
– ғалаба хабар қураллары ўәкиллери.

Усы процесте участкалық сайлаў комиссиясы имаратында болыўға руқсат етилген шахслардан тысқары басқа адамлардың болыўы қадаған етиледи.

**Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:**

Сайлаў кодексиниң 58-статьясы, Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже”ниң 119-пункти.

| **Кейстиң мазмуны:** |
|---|
| Участкалық сайлаў комиссиясы заманагөй типда қурылған “Равнақ” мәҳеллеси имаратына жайластырылды. Комиссия баслығы сол мәҳелледе жасайды ҳәм шөлкем басшысы есапланады. Комиссия баслығы М.Исмоилов пенен “Равнақ” мәҳелле баслығы К.Мирзабеков бир мәҳелледе жасайды ҳәм жаслығынан дос. Мәҳелле баслығы К.Мирзабеков сайлаў өткериў күнине шекем участкалық сайлаў комиссиясына ҳәр тәреплеме қалыс жәрдем көрсетип келди, аймақты көклемзарластырыўда белсендилик көрсетти. Участка комиссиясы ағзалары менен де дос сыпатында қатнаста болды.<br>Сайлаўда даўыс бериў күни мәҳелле баслығы К.Мирзабеков өзи жасап турған мәҳелледеги участка комиссиясына барып, даўыс берди. Сол күни саат 10:00 лерде К.Мирзабеков мәҳелле имаратына келип, досты участкалық сайлаў комиссиясы баслығы М.Исмоиловтан хабар алыў ушын даўыс бериў ханасына кирди ҳәм комиссия баслығының жанында отырып даўыс бериў ушын келген пуқаралар менен ушырасты. Сонда участка комиссиясы баслығы М.Исмоилов мәҳелле баслығы - досты К.Мирзабековтан даўыс бериў ханасынан кетиўин сорады. К.Мирзабеков наразы болып, комиссия жайласқан имарат “Равнақ” мәҳеллесине тийисли екени, қәлеген ўақытта қәлеген бөлмелерге кирип-шығыўы мүмкинлиги, участка комиссиясы бийпул оның мәҳеллеси имаратына жайласқанлығы, сол себепли сайлаўда даўыс бериў тамам боламан дегенше қалыўын мәлим етти.<br>Комиссия баслығы М.Исмоилов даўыс бериў ханасынан сыртта турған Миллий гвардия хызметкерине мүрәжат етип, мәҳелле баслығын даўыс бериў ханасынан шығып кетиўин шөлкемлестириўди сорады. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселелер (сораўлар):** |
| 1. “Равнақ” мәҳеллеси баслығы К.Мирзабековтың ҳәрекетлери дурыс па?<br>2. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы М.Исмоиловнинг талабы дурыс па?<br>3. Сайлаўда даўыс бериў ханасында болыўы мүмкин болған шахслар қурамын санап көрсетиң. |
| **Кейстиң шешими:** |
| 1. “Равнақ” мәҳеллеси баслығы К.Мирзабековтың ҳәрекетлери надурыс.<br>2. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы М.Исмоиловтың талабы дурыс.<br>3. Сайлаў күни даўыс бериў ўақтында участкалық сайлаў комиссиясы имаратында төмендегилер болыўы мүмкин:<br>– тийисли участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары;<br>– жоқары турыўшы сайлаў комиссиясы ағзалары;<br>– бақлаўшылар;<br>– ғалаба хабар қураллары ўәкиллери;<br>– участкадағы сайлаўшылар дизими бойынша даўыс бериўде қатнасыўшы сайлаўшылар.<br>Даўыс бериў ўақтында участкалық сайлаў комиссиясы имаратында болыўға руқсат етилген шахслардан тысқары басқа адамлардың болыўына руқсат етилмейди. Имаратта бул зәрүр тәртипти сақлап турыў жуўапкершилиги участкалық сайлаў комиссиясында болады. Участкалық сайлаў комиссиясы имаратында болыўға руқсат етилген шахслар (сайлаўшылардан тысқары) тийисли комиссиялар тәрепинен берилген шахсын тастыйықлайтуғын мандатты (гүўалығы) басқаларға көринетуғын ҳалда таққан болыўы шәрт. Участкалық сайлаў комиссиясы даўыс берип болған сайлаўшыны имараттан шығарып жибериў илажларын көреди. |

| |
|---|
| Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы даўыс бериў имаратында тынышлық сақланыўы ҳәм тәртипке әмел етилиўин тәмийинлеў, даўыс бериў ҳәм оларды санап шығыўда тосқынлықлар пайда болғанында ишки ислер органы ямаса Миллий гвардия хызметкерлерине мүрәжат етиўи мүмкин. Бунда, ишки ислер органы ямаса Миллий гвардия хызметкерлери тезлик пенен ўақыя орнына жетип келиўи керек. |
| **Кейс шешимниң ҳуқықый тийкары:** |
| Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған "Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже"ниң 70 ҳәм 72-пунктлери. |

# VI TEMA

## УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ДАЎЫС БЕРИЎ КҮНИНДЕГИ ИСКЕРЛИГИ

1. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының даўыс бериў басланыўынан алдынғы ўазыйпалары
2. Сайлаў участкасында даўыс бериў басланғанынан кейин участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының ўазыйпалары
3. Даўыс бериў тәртиби
4. Сайлаўшының турған орнында даўыс бериўин шөлкемлестириў

# 1. УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ АҒЗАЛАРЫНЫҢ ДАЎЫС БЕРИЎ БАСЛАНЫЎЫНАН АЛДЫНҒЫ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары сайлаў күни даўыс бериў орнына **саат 7:00 ден баслап саат 7:30 ға шекем** келиўи керек. Сайлаў күни даўыс бериў орнында участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының кеминде үштен еки бөлеги бар болғанда ашылады. Бунда, сайлаўшылар, бақлаўшылар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери бар болыўы мүмкин.






**Участкалық сайлаў комиссиясы саат 7:30 дан – 8:00 ге шекем төмендегилерди әмелге асырады:**

- участкалық сайлаў **комиссиясы баслығы** ямаса баслық орынбасары тәрепинен комиссия ағзаларының даўыс бериў күниндеги ўазыйпалары төмендеги 1-қосымшадағы **ўазыйпалар бөлистириўине муўапық белгиленеди**;
- участкалық сайлаў комиссиясының баслығы комиссияның ағзалары менен биргеликте сайлаў қутыларының бослығын тексереди ҳәм оларды пломбалар менен пломбалайды, пломбалар номери көрсетилген ҳалда төмендеги 2-қосымшаға муўапық формада акт дүзиледи;
- комиссияның еки ағзасы тәрепинен қол қойылған, мөр менен тастыйықланған ҳалда таярлап қойылған сайлаў бюллетенлери төмендеги 3 қосымшаға муўапық формадағы акт тийкарында участкалық сайлаў комиссиясының баслығы тәрепинен сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыларға бериўге жуўапкер етип белгиленген комиссия ағзаларына тапсырылады.

*(1-қосымша)*

**Сайлаў күни даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериўде участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен әмелге асырылатуғын**

## ЎАЗЫЙПАЛАРДЫҢ БӨЛИСТИРИЛИЎИ

| ОСК ағзалары | Сайлаў күни атқаратуғын тийкарғы ўазыйпалары |
|---|---|
| **Баслық** | Комиссия ағзалары арасында ўазыйпаларды бөлистиреди.<br>Сайлаў участкасы орнатылған тәртипте үскенеленгенин, үскенелер белгиленген тәртипте жайластырылғанлығын көзден өткереди.<br>Стационар ҳәм көшпели сайлаў қутыларының бослығын тексерген ҳалда, белгиленген тәртипте пломбаланыўы ҳәм акт дүзилиўин шөлкемлестиреди.<br>Сайлаўшыларға тәртипли түрде бюллетенлерин бериў мақсетинде, жуўапкер комиссиясы ағзаларына сайлаўшылар дизимин әлипбе избе излигинде бөлистирип береди.<br>Сайлаў бюллетенлерин акт тийкарында сайлаўшыларға бериўге жуўапкер етип белгиленген комиссия ағзаларына тапсырады.<br>Саат 8:00 де Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни айтылыўын шөлкемлестиреди.<br>Даўыс бериў басланғанын дағазалайды.<br>Сайлаў участкасындағы сайлаўшылар санын, район, қала сайлаў комиссиясынан алынған сайлаў бюллетенлериниң санын, мүддетинен алдын даўыс бергенлер санын хабар береди ҳәм бул мағлыўматларды жуўмақлаўшы актке киргизеди.<br>Даўыс бериў басланғаны ҳаққында байланыс қураллары арқалы район, қала сайлаў комиссиясына хабар береди.<br>Даўыс бериў процеси сайлаў участкасы аймағында сайлаў нызамшылығына муўапық әмелге асырылып атырғанлығын қадағалайды.<br>Зәрүр болғанда комиссия ағзаларына жәрдем көрсетеди, олар ўақытша жоқ болған жағдайларда оларды басқа ағзалар менен алмастырады.<br>Сайлаў участкасында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериўди муўапықластырып барады.<br>Сайлаўшылардың сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў ҳаққындағы арзасын қабыл етеди, үйренип шығады ҳәм тийисли қарар қабыл етеди.<br>Жәмийетлик режимин сақлаўда сайлаў участкасына бириктирилген ишки ислер органы ямаса Миллий гвардия жумысшысы менен шерикликте жумыс жүргизеди.<br>Сайлаўға таярланыў ҳәм оны өткериў процесинде ҳуқықбузыўшылықлар анықланған жағдайда, бул ҳаққында жоқары турыўшы сайлаў комиссиясын ямаса ҳуқықты қорғаў органларын хабардар етеди.<br>Саат 20 :00 де даўыс бериў таўсылғанлығын дағазалайды. |
| **Баслық орынбасары** | Жергиликли ҳәм шет ел бақлаўшылары, ҒХҚ ўәкиллерин дизимге алыныўын шөлкемлестиреди.<br>Сайлаўшылар нәўбетпе-нәўбет тәртип менен сайлаў бюллетенлерин алыўын, даўыс бериўин шөлкемлестиреди ҳәм турақлы қадағалаў етип барады.<br>Даўыс бериўде қатнасыўшы ҳәр бир сайлаўшыға тийисли сайлаў ушын бир данадан сайлаў бюллетени берилиўин қадағалайды.<br>Басқа шахс ушын даўыс бериўши болған сайлаўшыға сайлаў бюллетени берилмеўин қадағалайды.<br>Сайлаў бюллетенин толтырылған жағдайда ямаса оны толтырыў процесин сүўретке ямаса видеоға алынбаўын қадағалайды.<br>Сайлаў бюллетенин толтырыў ўақтында жасырын даўыс бериў кабинасында сайлаўшыдан басқа адамлардың бар болыўына жол қоймайды.<br>Даўыс берип болған сайлаўшыны имараттан шығарып жибериў илажларын көреди. |
| **Хаткер** | Сайлаўшыларға усыныс етилген сайлаў бюллетенлери санының есабын ҳәр саатта жүргизип барады.<br>Район, қала сайлаў комиссиясына ҳәр саатта сайлаўшылардың қатнасыўы туўралы мағлыўмат береди.<br>Баслық көрсетпесине тийкарланып сайлаўшылар дизиминиң қосымшасын Режеде белгиленген тәртипте жүргизеди. |

| | |
|---|---|
| | Жасаў орнында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳаққында мүрәжат еткен сайлаўшыларды белгилеў дәптерине киргизеди. |
| **4-ағза (сайлаўшылардың сайлаў участкасына нәўбет менен кириўин қадағалаўшы)** | Сайлаў участкасының кириў алдында турады ҳәм сайлаўшылардың нәўбет пенен кириўин тәмийинлейди.<br>Сайлаўшылардың шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлери бар жоқ екенлигин тексереди.<br>Шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлери бар болса СПБМСна жуўапкер болған комиссия ағзасына жибереди.<br>Шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлери сайлаўшының жанында жоқ болса, даўыс бериў процесинде қатнасыў ушын сайлаў нызамшылығына муўапық шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлерди усыныўы шәрт екенлигин түсиндиреди ҳәм сайлаўшыға шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлерин алып келиўин өтиниш етеди.<br>Майыплар арбасынан пайдаланып атырған сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўине көмеклеседи.<br>Бул ағза кириў орнында (қапы алдында) турады ҳәм даўыс бериў рети келгенде, сондай-ақ, сайлаўшыларға сайлаў бюллетенлери бериўде сайлаўшылардың топланып қалмаўы ушын олардың даўыс бериў рети келгенде тәртипли түрде нәўбет менен кириўин тәмийинлейди. |
| **5, 6-ағза (СПБМСна жуўапкер)** | Сайлаўшыға шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти усыныўын сорайды.<br>СПБМСнан жүклеп алынған сайлаўшылар дизиминен (электрон файлдан) компьютер жәрдеминде сайлаўшының аты-фамилиясын излеп табады.<br>Сайлаўшы сайлаўшылар дизиминде бар болса, мүддетинен алдын даўыс берген ямаса бермегенлигин ямаса жасаў орнында даўыс бериў ушын мүрәжат еткен ямаса етпегенлигин тексереди.<br>Соннан кейин, сайлаўшы дизимде бар болса, мүддетинен алдын даўыс бермеген болса ямаса жасаў орнында даўыс бериў ушын мүрәжат етпеген болса сайлаўшыға сайлаўшылар дизими бойынша тәртип номерин хабар береди (қағазға жазып береди) ҳәм оған нәўбетин күтиўин өтиниш етеди.<br>Егер сайлаўшы сайлаўшылар дизимине кирмей қалған болса, комиссия баслығына дизимге киргизиў керeклигин түсиндиреди.<br>Бул ағза кириў орны ҳәм сайлаў бюллетенлерин бериў орны арасына жайластырылады, ол стол, стул ҳәм компьютер менен тәмийинленеди. |
| **7-ағза (Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин бақлаўға жуўапкер)** | Сайлаўшы жасырын даўыс бериў кабинасында даўыс берип болғанынан кейин сайлаў бюллетенин сайлаў қутысына (бүкленген ҳалда) таслаўын қадағалап турады.<br>Егерде сайлаўшы сайлаў бюллетенин тасламастан шығып кетиўши болса оны тоқтатады ҳәм сайлаў бюллетенлерин сайлаў қутысына таслаўы керeклигин түсиндиреди.<br>Сайлаў бюллетени толтырылған жағдайда ямаса оны толтырыў процесин сүўретке ямаса видеоға алынбаўын қадағалайды.<br>Бул ағза сайлаў қутысының жанында турады (отырады). |
| **8, 9, 10, 11-ағза (Сайлаўшыларға сайлаў бюллетенлерин бериўге жуўапкерлер)** | Сайлаўшының шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжети тийкарында оның жеке келгенлигин анықлайды ҳәм тәртип номери тийкарында оны сайлаўшылар дизиминен излеп табады.<br>Сайлаўшыға сайлаўшылар дизимине қол қойдырған ҳалда ҳәр бир сайлаў түри бойынша бир данадан сайлаў бюллетенин усыныс етеди ҳәм жасырын даўыс бериў кабинасына жибереди.<br>Комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып, жумыс көлеми ҳәм жағдайынан келип шыққан ҳалда сайлаўшының жасаў орнында даўыс бериўин шөлкемлестиреди.<br>(Басқа шахс ушын даўыс бериўши болған сайлаўшыға сайлаў бюллетенин бериў қадаған етиледи.<br>Бузып қойылған сайлаў бюллетени сайлаўшының сораўына көре жаңасына алмастырылыўы мүмкин.<br>Даўыс бериў ўақтында бузып қойылған сайлаў бюллетенлериниң арқа тәрепинде тийисли белги қойылады ҳәм ҳәр бир сайлаў түрине қарап бөлек сақланады). |

***Түсиндирме:*** *Участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының саны 11 данадан көп ямаса кем болған жағдайларда комиссия ағзалары арасындағы ўазыйпалар бөлистириўин комиссия баслығы муўапықластырады.*

*(2-қосымша)*

**УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ САЙЛАЎ ҚУТЫЛАРЫН ПЛОМБАЛАЎ ҲАҚҚЫНДАҒЫ АКТИ**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Сайлаў участкасының тәртип номери | | | |
| Акт дүзилген сәне | *жыл* | *күн* | *ай* |
| Акт дүзилген орын (мәнзил) | | | |

Төмендеги сайлаў қутылары бир мәрте пайдаланылатуғын пластмасса пломбалар менен комиссия ағзалары (сондай-ақ, бақлаўшылар, ғалаба хабар ўәкиллери)* менен биргеликте пломбаланды:

| | | |
|---|---|---|
| Стационар сайлаў қутысы пломбаларының номери | 1. | |
| | 2. | |
| | 3. | |
| | 4. | |
| Көшпели сайлаў қутысы пломбаларының номери | 1. | |
| | 2. | |

| | | |
|---|---|---|
| Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары яки хаткер фамилиясы, аты, әкесиниң аты, имзасы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |
| Участкалық сайлаў комиссиясының ағзасы фамилиясы, аты, әкесиниң аты, имзасы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |

*Түсиндирме: тийислисиниң астына сызылады.

*(3-қосымша)*

# АКТ

## ______ - УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ БАСЛЫҒЫ ҲӘМ АҒЗАСЫ ОРТАСЫНДА САЙЛАЎ БЮЛЛЕТЕНЛЕРИН ТАПСЫРЫЎ ҲӘМ ҚАБЫЛ ЕТИП АЛЫЎ ҲАККЫНДА

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | |

*күн* *ай* *жыл*

Төмендеги сайлаў бюллетенлери тапсырылды ҳәм қабыл етилди:

| | |
|---|---|
| Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўына тийисли ______________________________ округи бойынша *(сайлаў округының тәртип номери ҳәм аты)* | __________ *(саны)* |

| | |
|---|---|
| Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўына тийисли бирден-бир сайлаў округи бойынша | __________ *(саны)* |

| | |
|---|---|
| Халық депутатлары _________________ ўәлаят (Ташкент қаласы) Кеңеси сайлаўына тийисли ______________________________ округи бойынша *(сайлаў округының тәртип номери ҳәм аты)* | __________ *(саны)* |

| | |
|---|---|
| Халық депутатлары _________________ район, қала Кеңеси сайлаўына тийисли ______________________________ округи бойынша *(сайлаў округының тәртип номери ҳәм аты)* | __________ *(саны)* |

| Тапсырдым: | Қабыл еттим: |
|---|---|
| **Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы** | **Участкалық сайлаў комиссиясы ағзасы** |
| ______________________________ *(Ф.А.Ә.)* | ______________________________ *(Ф.А.Ә.)* |
| _________________ *(имзасы)* | _________________ *(имзасы)* |

Сайлаўшыларға тәртипли түрде бюллетенлерин бериў мақсетинде, жуўапкер участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларына сайлаўшылар дизими **әлипбе избе-излигинде бөлип бериледи.**

## 2. САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫНДА ДАЎЫС БЕРИЎ БАСЛАНҒАНЫНАН КЕЙИН УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ АҒЗАЛАРЫНЫҢ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

**Сайлаў күни сайлаў участкасында саат 8:00 де Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни айтылады. Соннан кейин участкалық сайлаў комиссиясының баслығы даўыс бериў басланғанын дағазалайды. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы тәрепинен:**

- сайлаў участкасындағы сайлаўшылар саны;
- район, қала сайлаў комиссиясынан алынған сайлаў бюллетенлериниң саны;
- мүддетинен алдын даўыс бергенлер саны хабар бериледи.




Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары бақлаўшыларды, ғалаба хабар куралллары ўәкиллерин тийисли сайлаў комиссиясы тәрепинен берилген мандаты хәм шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжети тийкарында дизимге алады. Соннан кейин, даўыс бериў орнында олар ушын ажыратылған орында өз ўәкилликлерин толық хәм тосқынлықсыз әмелге асырыўы ушын мүмкиншилик жаратып береди.

Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары тәрепинен даўыс бериў басланғаны ҳаққында байланыс куралллары арқалы район, қала сайлаў комиссиясына хабар бериледи.

Участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўшыларға усыныс етилген сайлаў бюллетенлери санының есабы ҳәр саатта жүргизип барылады. Сайлаў бюллетенлери санының есабы ҳаққындағы мағлыўматлар тийисли сайлаў комиссияларына берип турылады. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы даўыс бериўди шөлкемлестириў хәм өткериўди муўапықластырып барады хәм қадағалайды. Зәрүр болғанда комиссия ағзаларына жәрдем көрсетеди, олар ўақытшалық жоқ болған жағдайларда оларды басқа ағзалар менен алмастырады.

Ҳәр бир сайлаўшы жеке өзи даўыс береди, басқа кисилер ушын даўыс бериўге жол қойылмайды. Участкалық сайлаў комиссиясы участкадағы дизим бойынша даўыс бериўде қатнасыўшы ҳәр бир сайлаўшыға тийисли сайлаў ушын бир данадан артық сайлаў бюллетени берилмеўин тәмийинлейди. Бузып қойылған сайлаў бюллетени сайлаўшының сораўына көре жаңасына алмастырып берилгенлиги буннан тысқары.

## 3. ДАЎЫС БЕРИЎ ТӘРТИБИ

Даўыс бериў сайлаў күни саат 8:00 ден 20:00 ге шекем өткериледи. Сайлаўшы сайлаў күни даўыс бериў орнына келгеннен кейин, участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти усыныс етеди (паспорт, идентификация ID-карта, жаңа үлгидеги миллий айдаўшылық гүўалығы, пуқаралық паспортын жоғатқан пуқараларға ишки ислер органлары тәрепинен берилген ўақытшалық мәлимлеме, әскерий хызметкерлер ушын әскерий гүўалық).

Участкалық сайлаў комиссиясының ағзасы сайлаўшының шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжети тийкарында оның сайлаўшылар дизиминде бар ямаса жоқлығын тексереди. Сайлаўшының сайлаўшылар дизиминде бар екенлигин анықласа, оған сайлаўшылар дизиминдеги тәртип номерин айтады ҳәм де сайлаўшылар дизимине қол қойып, сайлаў бюллетенин алыўы мүмкинлигин түсиндиреди.

Сайлаўшының сайлаўшылар дизиминдеги мағлыўматлары тексерилиўи нәтийжесинде сайлаўшы усы сайлаў участкасының сайлаўшылары дизиминде жоқлығы анықланса, сайлаўшы шахсын, пуқаралығы ҳәм жасаў орнын (бул сайлаў участкасы аймағында турақлы жасаў орны ямаса ўақытша жасаў орны бойынша дизимге алынғанлығын) тастыйықлайтуғын ҳүжжет тийкарында участкалық сайлаў комиссиясы баслығына төмендеги 4-қосымшадағы үлгиге муўапық арза менен жазба формада мүрәжат етеди.

Сайлаўшының арзасы қабыл етип алынғаннан кейин, участкалық сайлаў комиссиясы баслығы сайлаўшының турақлы ямаса ўақытша дизимге алынған жасаў орнынан келип шығып, оны бул сайлаў участкасының сайлаўшылар дизимине киргизиў ямаса киргизбеў мәселесин шешеди. Бунда, сайлаўшыны сайлаўшылар дизиминиң қосымшасына киргизиў мәселеси төмендеги ҳәрекетлер избе-излигинде шешиледи:

**1-ҲӘРЕКЕТ:**

участкалық сайлаў комиссиясы баслығының көрсетпесине тийкарланып комиссия хаткери сайлаўшының сайлаў участкасын СПБМСнан излеп табады.

**2-ҲӘРЕКЕТ:**

комиссия хаткери излеп табылған сайлаў участкасындағы комиссия баслығы менен байланыс қуралы (телефон) арқалы байланысып, сайлаўшының даўыс берген ямаса бермегенлигин анықлайды. Даўыс бермегенлиги факты анықланғанынан кейин, сайлаўшының бул сайлаў участкасында сайлаўшылар дизими қосымшасы тийкарында даўыс берип атырғанлығы ҳаққында хабар береди. Баслық менен байланысыў мүмкиншилиги болмаған жағдайда, усы ҳәрекетлерди әмелге асырыўда жәрдем бериў ушын тийисли исши топарға мүрәжат етеди.

**3-ҲӘРЕКЕТ:**

комиссия хаткери комиссия баслығын хабардар еткен ҳалда сайлаўшыны төмендеги 5-қосымшаға муўапық сайлаўшылар дизими қосымшасына киритеди ҳәм оған даўыс бериў ушын сайлаў бюллетенин қол қойдырып тапсырады.

*(4-қосымша)*

## АРЗА

(сайлаўшылар дизимин қосымшаға киритиў хаққында)

Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 52-статьясына тийкарланып өз сайлаў ҳуқықымнан пайдаланыў мақсетинде мени жасаў орныма тийисли болған ______-__ сайлаў участкасының сайлаўшылар дизимине киргизиўиңизди сорайман.

**1. Шахсқа тийисли мағлыўмат**

**Фамилия** ________ **Паспорт (ID карта) мағлыўматлары** ________

*(серия)* *(номер)*

**Аты** ________

**Әкесиниң аты** ________ **Туўылған сәне** ____ ____ ________ ____ ____ ____ ____

*(күн)* *(ай)* *(жыл)*

**2. Жасаў орны**

________ *(аймақ аты)*

________ *(МПЖ яки көше аты)*

________ *(район, қала аты)*

________ *(үй номери)*

**3. Дыққат!**

**Мүддетинен алдын даўыс бермегенлигимди мәлим етемен.**
**Ҳәр бир сайлаўшы бир мәрте даўыс береди, оннан артық даўыс бериўге жол қойылмаслығы хаққында ескертилдим.**

**Сайлаў** ________ *(имзасы)* ________ *(Ф.А.Ә.)*

**Төмендеги мағлыўматлар участка сайлаў комиссиясы хаткери тәрепинен толтырылады.**

**4. Арзаны көрип шығыў**

**1)** сайлаўшының СПБМСнан излеп таўылған сайлаў участкасы тәртип номери ____

**2)** байланыс қуралы арқалы байланысқан тийисли участка сайлаў комиссиясының (баслығының) телефон номери ____

Участка сайлаў комиссиясы (баслығы) менен байланысыў имканияты болмаған жағдайда тийисли республика,ўәлаят яки район, қала исши топарға ________ хабар берилди *(тийислисиниң астына сызылады)*;

**3)** ______- сайлаў участкасында сайлаўшының даўыс берген яки бермегенлиги анықланды *тийислисиниң астына сызылады)*;

**4)** даўыс бермегенлиги факты анықланғанынан соң, сайлаўшының ______- сайлаў участкасы сайлаўшылар дизими қосымшасы тийкарында даўыс берип атырғанлығы хаққында хабарландырылды.

**Қанаатлантырылды** ☐ **Бийкар етилди** ☐

☐ сайлаўшы сол участка аймағында турақлы яки ўақытша дизимде турады

☐ сайлаўшы участка аймағында турақлы яки ўақытша дизимде турмайды

☐ сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс бермеген

☐ сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс берген

***Түсиндирме!*** *Сайлаўшы тәрепинен арзада көрсетилген бос кетеклер тийисли жазыўлар менен толтырылыўы шәрт. Сайлаўшының жеке мағлыўматларын шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжеттиң түп нусқасына тийкарланып тексердим.*

**Участка сайлаў комиссиясы хаткери** ________ *(имзасы)* ________ *(Ф.А.Ә.)*

**Участка сайлаў комиссиясы баслығы** ________ *(имзасы)* ________ *(Ф.А.Ә.)*

*(5-қосымша)*

# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ОЛИЙ МАЖЛИСИНИҢ НЫЗАМШЫЛЫҚ ПАЛАТАСЫ, ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ ЎАЛАЯТ, РАЙОН ҲӘМ ҚАЛАЛЫҚ КЕҢЕСЛЕРИ САЙЛАЎЫ САЙЛАЎШЫЛАРЫ ДИЗИМИНЕ ҚОСЫМШАСЫ

20__ж. "___"______________
*(сайлаў сәнеси)*

## __________ САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫ

| Қ /с | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Жасаў орны *(жасаў орнын тастыйықлайтуғын ҳүжжетке тийкарланып )* | СБЭДдеги тийкарғы сайлаўшылар дизимине киргизилген сайлаў участкасының тәртип номери, район ямаса қала, ўәлаят *(сайлаў участкасы телефон номери)* | Сайлаўшының сайлаў бюллетенин алғанлығы ҳаққындағы қолы | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Нызамшылық палатасы депутаты сайлаўы бойынша | | Ўәлаятлық, Ташкент қалалық кеңеси депутаты сайлаўы бойынша | Районлық, қалалық кеңеси депутаты сайлаўы бойынша |
| | | | | Бир мандатлы сайлаў округи бойынша | Бирден бир сайлаў округи бойынша | | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |

***Түсиндирме:*** *Бул қосымша Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы қағыйда талапларына қатаң әмел етип толық толтырылыўы шәрт.*

*Бул қосымша комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып тек участкалық сайлаў комиссиясы хаткери тәрепинен толтырылады. Комиссияның басқа ағзалары тәрепинен толтырылыўы қадаған етиледи.*

*Бул талапқа әмел етпеслик, сайлаў ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлерин бузыў ушын жуўапкерликке себеп болады.*

**Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы** ___________ ____________________________
имзасы Ф.А.Ә.

Сайлаў участкасында сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып тек комиссия хаткери тәрепинен жүргизиледи. Комиссияның басқа ағзалары тәрепинен сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы жүргизилиўине жол қойылмайды.

**Төмендеги жағдайларда сайлаўшыны сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў бийкар етиледи:**

- сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс берген болса;
- сайлаўшы турақлы ямаса ўақытша дизимге алынбаған жасаў орны бойынша участкалық сайлаў комиссиясына мүрәжат еткен болса.

Бунда, участкалық сайлаў комиссиясы баслығы сайлаўшының турақлы ямаса ўақытшалық жасаў орны бойынша басқа сайлаў участкасында даўыс бериўи кереклигини түсиндиреди ҳәм тийисли арзада бийкар етиў тийкарына белги қояды.

Сайлаў участкасындағы сайлаўшылар дизимине киргизилген сайлаўшының басқа сайлаў участкасында даўыс берип атырғанлығы ҳаққында мағлыўмат алғанда (2-ҳәрекетти әмелге асырыў процесинде) участкалық сайлаў комиссиясының баслығы сайлаўшылар дизимине бул сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс бергенлиги ҳаққында мағлыўмат киргизеди. Жуўмақлаўшы актти толтырыў ўақтында бул сайлаўшы участкадағы сайлаўшылардың улыўма санына қосылмайды. Сайлаўшылар дизиминдеги мағлыўматлары тексерилген сайлаўшы сайлаў бюллетенин бериўге жуўапкер участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетеди ҳәм оған сайлаўшылар дизиминдеги тәртип номерин айтып, сайлаўшылар дизимине қол қояды. Соннан кейин оған тийисли сайлаў ушын бир данадан сайлаў бюллетени бериледи.

Участкалық сайлаў комиссиясы ағзасына басқа шахс ушын даўыс бериўши болған сайлаўшыға сайлаў бюллетенин бериўи қадаған етиледи.

Сайлаўшының сораўына қарап сайлаў бюллетенин толтырыў ушын Брайль әлипбеси тийкарында таярланған трафарет бериледи.

Сайлаўшы сайлаў бюллетенин алғаннан кейин, оны жасырын даўыс бериў кабинасында ямаса бөлмесинде толтырады. Бунда сайлаўшы өзи жақлап даўыс берип атырған талабандың фамилиясы, сиясий партияның аты туўрысында оң тәрепте жайласқан бос квадратқа «+» ямаса «✓» ямаса «x» белгисин қояды.



Бузып қойылған сайлаў бюллетени сайлаўшының өтиниши менен жаңасына алмастырылыўы мүмкин. Даўыс бериў ўақтында бузып қойылған сайлаў бюллетенлериниң арқа тәрепине арнаўлы белги қойылады ҳәм ҳәр бир сайлаў түрине қарап өз алдына сақланады. Даўыс бериўши тәрепинен бюллетенди толтырыў ўақтында қәтеге жол қойылған ҳәм оның орнына жаңа сайлаў бюллетени берилген, бул ҳаққында сайлаўшылар дизиминде ҳәм де бийкар етилген бузылған сайлаў бюллетениниң арқа тәрепине арнаўлы белги қойылған сайлаў бюллетени бузылған деп есапланады.

Сайлаў бюллетенин толтырылған ҳалда ямаса оны толтырыў процесин сүўретке ямаса видеоға алыў, алынған сүўрет ямаса видеоларды тарқатыў, сондай-ақ, социаллық тармақларға жайластырыў қадаған етиледи. Сайлаў бюллетенин толтырыў ўақтында жасырын даўыс бериў кабинасы ямаса бөлмесинде даўыс бериўши шахстан басқа шахслардың болыўы қадаған етиледи.

Сайлаў бюллетенин жеке өзи толтырыў имканиятына ийе болмаған сайлаўшы өзиниң қәлеўи бойынша жасырын даўыс бериў кабинасына ямаса бөлмесине басқа шахсты мирәт етиўге хақлы, буған сайлаў комиссиясы қурамына киретуғын шахслар, бақлаўшылар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери кирмейди.

Толтырылған сайлаў бюллетенди даўыс бериўши сайлаў қутысына таслайды.

**Сайлаў күни даўыс бериў ўақтында участка сайлаў комиссиясы имаратына төмендегилер келип турыўы мүмкин:**

- тийисли участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары;
- жоқары турыўшы сайлаў комиссиясы ағзалары;
- бақлаўшылар;
- ғалаба хабар құраллары ўәкиллери;
- участкадағы сайлаўшылар дизими бойынша даўыс бериўде қатнасыўшы сайлаўшылар.



Даўыс бериў ўақтында участкалық сайлаў комиссиясы имаратында бар болыўға руқсат етилген шахслардан тысқары басқа адамлардың болыўына руқсат етилмейди.

Имаратта бул зәрүр тәртипти сақлап турыў жуўапкершилиги участкалық сайлаў комиссиясы баслығының мойнында болады. Участкалық сайлаў комиссиясы имаратында бар болыўға руқсат етилген шахслар (сайлаўшылардан тысқары) тийисли комиссиялар тәрепинен берилген ўазыйпасын тастыйықлайтуғын ҳүжжет (гүўалығы) ти басқаларға көринетуғын ҳалда таққан болыўы шәрт. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары даўыс берип болған сайлаўшыны имараттан шығарып жибериў илажларын көреди.

Бақлаўшылар, сиясий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери ҳәм аккредитациядан өткен ғалаба хабар құраллары ўәкиллери әскерий бөлимлерде дүзилген сайлаў участкаларына барыўы ҳаққында кеминде 3 күн алдын участкалық сайлаў комиссиясын хабарлы етиўи керек.

Әскерий бөлимлердиң ҳәкимшилиги олардың кирип шығыўы ҳәм қаўипсизлигин тәмийинлеў, ишки тәртип-қағыйдаларына әмел етиўи ушын жуўапкер есапланады.

Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы даўыс бериў имаратында тынышлық сақланыўы ҳәм тәртипке әмел етилиўин тәмийинлеў, даўыс бериў ҳәм оларды санап шығыўда нызамсыз жағдайлар пайда болғанында ишки ислер органы ямаса Миллий гвардия хызметкерлерине мүрәжат етиўи мүмкин. Бунда, ишки ислер органы ямаса Миллий гвардия хызметкерлери асығыслық менен ўақыя орнына жетип келиўи керек. Ишки ислер органы ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери тәрепинен сайлаў участкасы аймағындағы тәртипсизлик, нызамсыз ҳәрекетлер тәртипке салынғанан кейин, участкалық сайлаў комиссиясы баслығы көрсетпеси тийкарында сайлаў участкасы имаратынан кетиўи ҳәм сайлаў процесине кесент етпейтуғын орынға жайласыўы шәрт.

## 4. САЙЛАЎШЫНЫҢ ТУРҒАН ОРНЫНДА ДАЎЫС БЕРИЎИН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ



Айырым сайлаўшылар саўлығының жағдайына ямаса басқа себеплерге көре даўыс бериў орнына келе алмаған жағдайларда, тийисли участкалық сайлаў комиссиясы даўыс бериўди бул сайлаўшылардың сайлаў күни ямаса сайлаў күнине шекем еткен жазба ямаса аўызша сораўына қарап олар жасаў орнында әмелге асырады. Бунда участкалық сайлаў комиссиясы ағзасы белгилеў дәптерине сайлаўшының фамилиясы, аты, әкесиниң аты, жасаў орны, мүрәжат етилген ўақты ҳаққында тийисли жазыў киргизеди ҳәм бул мағлыўматлар участкалық сайлаў комиссиясы ағзасының қолы менен тастыйықлайды.

Участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўшы жасаў орнында даўыс бериўди шөлкемлестириў сайлаў күниндеги жумыс көлеми ҳәм жағдайдан келип шыққан ҳалда әмелге асырылады. Сайлаўшылардың мүрәжатлары бойынша олар турған орынға көшпели сайлаў қутысы менен баратуғын участкалық сайлаў комиссиясының ағзалары шақырыўлар санынан кем болмаған муғдардағы бюллетенлерин қол қойып алады. Сайлаўшылар мүрәжатларының саны, соның менен бирге қолланылған ҳәм қайтарылған сайлаў бюллетенлериниң саны төмендегише 6-қосымшаға муўапық формада бөлек актте белгиленеди.



Участкалық сайлаў комиссиясының keмин-де еки ағзасы көшпели сайлаў қутысы менен сайлаўшының жасаў орнына жибериледи, олар сайлаўшының қәлеўи сыр сақланыўына әмел еткен ҳалда даўыс бериўди әмелге асырыўын тәмийинлейди. Бунда бақлаўшылар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери бар болыўы мүмкин. Жасаў орнында даўыс бериўди әмелге асырыў ушын сайлаўшы тийисли участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетеди ҳәм төмендеги формадағы 7-қосымшаға муўапық сайлаўшылар дизими көширмесине қол қояды.

Соннан кейин оған тийисли сайлаў ушын бир данадан сайлаў бюллетени бериледи.

*(6-қосымша)*

**САЙЛАЎШЫЛАРДЫҢ ТУРҒАН ОРНЫНДА ДАЎЫС БЕРИЎ ҲАҚҚЫНДАҒЫ АКТ**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Сайлаў участкасының тәртип номери | | | |
| АКТ дүзилген сәне | *жыл* | *күн* | *ай* |
| Сайлаў түри: | | | |

Участкалық сайлаў комиссиясының ағзалары тәрепинен сайлаўшылардың турған орнында даўыс бериўин шөлкемлестириў ушын сайлаў бюллетенлери алынғанлығы ҳәм сайлаўшыларға берилгенлиги ҳаққында усы акт дүзилди.

| | |
|---|---|
| Сайлаўшының турған орнында даўыс бериўин шөлкемлестириў ушын сайлаўшылардан келип түскен мүрәжатлар саны *(санда ҳәм сөзде жазылады)* | |
| Алынған сайлаў бюллетенлери саны *(санда ҳәм сөзде жазылады)* | |
| Сайлаўшыларға берилген сайлаў бюллетенлери саны *(сан ҳәм сөзде жазылады)* | |

Қайтарылған сайлаў бюллетенлери, соннан:

| | |
|---|---|
| Пайдаланылмаған сайлаў бюллетенлери саны *(сан ҳәм сөзде жазылады)* | |
| Бузылған сайлаў бюллетенлери саны *(сан ҳәм сөзде жазылады)* | |

Сайлаўшының турған орнында даўыс бериўди өткерген участка сайлаў комиссиясы ағзалары:

| | | |
|---|---|---|
| Комиссия ағзасының фамилиясы, аты, әкесиниң аты, қолы | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |
| | *Ф.А.Ә.* | *имзасы* |

**Түсиндирме:** Ҳәр бир сайлаў түри бойынша өз алдына акт дүзиледи.

*(7-қосымша)*

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ОЛИЙ МАЖЛИСИНИҢ НЫЗАМШЫЛЫҚ ПАЛАТАСЫ, ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ ЎӘЛАЯТЛЫҚ, РАЙОНЛЫҚ ҲӘМ ҚАЛАЛЫҚ КЕҢЕСЛЕРИ САЙЛАЎЫ САЙЛАЎШЫЛАР ДИЗИМИНЕН КӨШИРМЕ**

*(жасаў орнында даўыс берген сайлаўшылар бойынша)*

20__ж. “___”______________
*(сайлаў сәнеси)*

**__________ САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫ**

| Қ/с | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жылы* | Жасаў орны | Сайлаўшының сайлаў бюллетенин алғанлығы ҳаққындағы қолы | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Нызамшылық палатасы депутаты сайлаўы бойынша | | Ўәлаятлық, Ташкент қалалық Кеңеси депутаты сайлаўы бойынша | Районлық, қалалық Кеңеси депутаты сайлаўы бойынша |
| | | | | Бир мандатлы сайлаў округи бойынша | Бирден бир сайлаў округи бойынша | | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |

** Сайлаў күни 18 жасқа толған сайлаўшылардың туўылған күни ҳәм айы көрсетилсин.*

***Түсиндирме:*** *Усы дизимге сайлаўшылар ҳаққындағы мағлыўматлар жазыў ручкасы арқалы киргизилиўи мүмкин.*

Сайлаўшы жасырын даўыс берип болғанынан кейин, сайлаўшылар дизиминиң тийисли орнына (сайлаўшының фамилиясы туўрысына) «жасаў орнында даўыс берди» жазыўы киргизиледи.



## ИТИБАР ҚАРАТЫҢ!



Сайлаў нызамшылығында даўыс бериў процеслерин белгиленген талапларға әмел еткен ҳалда шөлкемлестириў керек. Кери жағдайда, сайлаў нызамшылығы бузылады.

**Сол себепли сайлаў процеслеринде участка сайлаў комиссиялары төмендегилерге айрықша итибар бериўи керек:**

- дизимге алынған сайлаўшылардың санын ҳәм қабыллап алынған сайлаў бюллетенлериниң санын дағазалаў;
- сайлаў участкаларында ўәкиллиги болмаған шахслардың ол жерде болмаўы, олардың УСК искерлигине араласпаўы ямаса УСК жумысын муўапықластырмаўы;
- жасырын даўыс бериў ушын шараятлар жаратылыўы;
- сайлаў участкаларында сайлаўшыларды белгиленген сайлаў бюллетенлерин басқа шахсларға көрсетпеўи;
- сайлаўшылар тәрепинен сайлаў бюллетенин бир жасырын даўыс бериў кабинасында биргеликте белгилемеўи;
- сайлаўшыларға шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет берилгеннен соң, тийисли сайлаў бойынша тек ғана бир сайлаў бюллетени берилиўи;
- сайлаў күни сайлаўшыны сайлаўшылар дизимниң қосымшасына сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизиминен тексерместен киргизилмеўи;
- бир сайлаўшының бир неше даўыс бермеўи ямаса басқалар ушын даўыс бермеўи;
- сайлаўшылардың шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетлерин тексермей турып, оларға сайлаў бюллетенлерин толтырыўға руқсат берилмеўи;
- сайлаўшылар бюллетень алыўдан бурын сайлаўшылар дизимине имза қойыўы;
- жасырын даўыс бериў тәртибиниң бузылмаўын;
- топар болып даўыс бериў ҳәм таныслары арқалы даўыс бериў жағдайларына жол қойдырмаў.

## ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ

1. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары сайлаў күни даўыс бериў орнына қайсы ўақыт аралығында келиўи керек?

2. Сайлаў күни даўыс бериў орнында  участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының қанша бөлеги бар болғанда ашылады?

3. Сайлаў күни даўыс бериў имаратында участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларынан тысқары және кимлер бар  болыўы мүмкин?

4. Участкалық сайлаў комиссиясы саат 7:30 дан – 8:00 ге шекем нелерди әмелге асырады?

5. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары бақлаўшыларды, ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин қандай ҳүжжетлер тийкарында дизимге алады?

6. Ким тәрепинен сайлаў участкасында даўыс бериў басланғаны ҳаққында байланыс қураллары арқалы район, қала сайлаў комиссиясына хабар бериледи?

7. Сайлаўшы сайлаў күни даўыс бериў орнына келгеннен кейин, участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына қандай ҳүжжетти усыныс етеди?

8. Сайлаўшының сайлаўшылар дизиминдеги мағлыўматлары тексерилиўи нәтийжесинде сайлаўшы усы сайлаў участкасының сайлаўшылары дизиминде жоқлығы анықланғанда участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен әмелге асырылатуғын ҳәрекетлерди айтып бериң?

9. Қандай жағдайларда сайлаўшыны сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиўди бийкарлайды?

10. Сайлаў күни сайлаў процеслери басланыўынан алдын сайлаў участкасы орнатылған тәртипте үскенеленгенин, үскенелер белгиленген тәртипте жайластырылғанын қадағалаў кимниң ўазыйпасы есапланады?

11. Сайлаў бюллетенлерине комиссия ағзаларынан неше ағзасы қол қояды?

12. Сайлаў күни бақлаўшыларды, ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин тийисли сайлаў комиссиясы тәрепинен берилген мандаты ҳәм шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжети тийкарында дизимге алыўды ким әмелге асырады?

13. Участкалық сайлаў комиссиясы участкадағы дизим бойынша даўыс бериўде қатнасыўшы ҳәр бир сайлаўшыға тийисли сайлаў ушын неше сайлаў бюллетенин береди?

14. Сайлаўшы сайлаў участкасының сайлаўшылары дизиминде жоқлығы анықланса, участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен қандай ҳәрекет әмелге асырылады?

15. Сайлаў участкасында сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы ким тәрепинен жүргизиледи?

16. Сайлаў участкасындағы сайлаўшылар дизимине киргизилген сайлаўшының басқа сайлаў участкасында даўыс берип атырғанлығы ҳаққында мағлыўмат алған участкалық сайлаў комиссиясының баслығы қандай ҳәрекетти әмелге асырады?

17. Бузып қойылған сайлаў бюллетени сайлаўшының сораўына көре жаңасына алмастырылыўы мүмкин бе ҳәм бул ҳәрекетлер қайсы тәртипте әмелге асырылады?

18. Сайлаў күни даўыс бериў ўақтында участкалық сайлаў комиссиясы имаратында кимлер бар болыўы мүмкин?

19. Сайлаўшының жасаў орнында даўыс бериўин шөлкемлестириў режимин айтың?

20. Жасаў орнында даўыс берген сайлаўшы даўыс берип болғанынан кейин, сайлаўшылар дизиминиң тийисли орнына (сайлаўшының фамилиясы туўрысына) қандай жазыў киргизиледи?

## ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ

**1. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары сайлаў күни даўыс бериў имаратына сайлаў күни қайсы ўақыт аралығында келиўи керек?**

A. саат 7:00 ден баслап саат 7:30 ға шекем
Б. саат 7:30 дан баслап саат 8:30 ға шекем
C. саат 8:00 ден баслап саат 8:30 ға шекем
Д. саат 8:00 ден баслап саат 9:30 ға шекем

**2. Сайлаў күни даўыс бериў орны участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының қанша бөлеги келгенде ашылады?**

A. кеминде үштен бир бөлеги
Б. кеминде төрттен еки бөлеги
C. кеминде үштен еки бөлеги
Д. кеминде төрттен бир бөлеги

**3. Участкалық сайлаў комиссиясы саат 7:30 дан – 8:00 ге шекем нелерди әмелге асырады?**

A. Сайлаўшылар дизимлерин СПБМСнан жүклеп алады
Б. Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы комиссияның ағзалары менен биргеликте сайлаў қутыларының бослығын тексереди ҳәм оларды пломбалар менен пломбалайди, пломбалар номери көрсетилген ҳалда акт дүзиледи
C. Ерте келген сайлаўшыларға сайлаў бюллетенлерин берип баслайды
Д. Бақлаўшыларға мандатлар береди

**4. Сайлаўшыларға тәртипли түрде бюллетенлерди бериў мақсетинде, жуўапкер участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларына сайлаўшылар дизими қандай тәртипте бөлип бериледи?**

A. Сайлаўшылардың жасаў орны бойынша
Б. Комиссия ағзаларының избе-излигинде
C. Тәртип номери бойынша кери тәртипте
Д. Әлипбе избе-излигинде

**5. Сайлаў күни даўыс бериў басланғанын участкалық сайлаў комиссиясында ким жәриялайды?**

A. Аймақлық сайлаў комиссиясының баслығы
Б. Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы
C. Бақлаўшылардан жуўапкер ўәкил
Д. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымы баслығы

**6. Сайлаў күни бақлаўшыларды, ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин тийисли сайлаў комиссиясы тәрепинен берилген мандаты ҳәм шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжети тийкарында ким дизимге алады?**

A. Аймақлық сайлаў комиссиясының баслығы
Б. Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы

С. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымы ўәкили

Д. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары

**7. Сайлаў күни участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўшыларға усыныс етилген сайлаў бюллетенлери санының есабы қанша ўақытта жүргизип барылыўы белгиленген?**

А. Ҳәр саатта

Б. Ҳәр үш саатта

С. 16:00 ден кейин

Д. Сайлаў процеслери жуўмақланыўына бир саат қалғанда

**8. Егер сайлаўшы сайлаў бюллетенин бузып қойса, қандай жол тутылады?**

А. Сайлаўшыға басқа сайлаў бюллетени берилмейди

Б. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы атына белгиленген тәртипте арза менен мүрәжат етеди

С. Сайлаў бюллетени бузып қойылса да сайлаў қутысына тасланады

Д. Сайлаўшының сораўы бойынша жаңасына алмастырып бериледи

**9. Участкалық сайлаў комиссиясының ағзасы қандай ҳүжжет тийкарында сайлаўшының сайлаўшылар дизиминде бар ямаса жоқлығын тексереди?**

А. Ҳүжжет талап етилмейди

Б. Сайлаўшының аўызеки түрде айтқан аты, фамилиясы тийкарында

С. Сайлаўшының шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжети

Д. Турақлы жасаў орны ҳаққындағы мағлыўматнама тийкарында

**10. Сайлаў комиссиясының ағзасы тәрепинен сайлаўшының сайлаўшылар дизиминде бар екенлиги анықланса, қандай жол тутылады?**

А. Сайлаўда қатнасып атырған талабанлар ҳаққында мағлыўмат пенен таныстырады

Б. Сайлаўшылар дизимине қол қойып, сайлаў бюллетенин алыўы мүмкинлигин түсиндиреди

С. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығына бағдарлайды

Д. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери тәрепинен сайлаўшылар дизими қосымшасына қосыў түсиндириледи

**11. Сайлаўшының сайлаўшылардың дизиминдеги мағлыўматлары тексерилиўи нәтийжесинде сайлаўшы усы сайлаў участкасының сайлаўшылары дизиминде жоқлығы анықланса, қандай ҳәрекет әмелге асырылады?**

А. Сайлаўшы шахсын, пуқаралығы ҳәм жасаў орнын (бул сайлаў участкасы аймағында турақлы жасаў орны ямаса ўақытша жасаў мәнзили бойынша дизимге алынғанын) тастыйықлайтуғын ҳүжжет тийкарында участкалық сайлаў комиссиясы баслығына арза менен жазба түрде мүрәжат етеди.

Б. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери тәрепинен сайлаўшылар дизими қосымшасына қосылады

С. Сайлаўшыға сайлаў бюллетени берилмейди

Д. Басқа сайлаў участкасында даўыс бериўи түсиндириледи

**12. Сайлаўшының сайлаўшылар дизиминдеги мағлыўматлары тексерилиўи нәтийжесинде сайлаўшы усы сайлаў участкасының сайлаўшылары дизиминде жоқлығы анықланса, сайлаўшы участка комиссиясы баслығы атына қандай ҳүжжетлерди қосымша еткен ҳалда арза жазыўы талап етиледи?**

А. Арза жазыў ушын ҳеш бир ҳүжжет талап етилмейди

Б. Сайлаўшы шахсын, пуқаралығы ҳәм жасаў орнын (бул сайлаў участкасы аймағында турақлы жасаў орны ямаса ўақытша мәнзили бойынша дизимге алынғанын) тастыйықлайтуғын ҳүжжет тийкарында

С. Тек шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжеттиң өзин усынған ҳалда

Д. Тек турақлы жасаў орны ҳаққындағы мағлыўматты қосымша еткен ҳалда

**13. Участкалық сайлаў комиссиясында Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслердиң сайлаўының сайлаўшылар дизими қосымшасы ким тәрепинен жүргизиледи?**

А. Комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып участкалық сайлаў комиссиясының қәлеген ағзасы тәрепинен

Б. Комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып тек бақлаўшылардан тайынланған бир ўәкил тәрепинен

С. Комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып тек участкалық сайлаў комиссиясы хаткери тәрепинен

Д. Ишки ислер органы хызметкерлеринен ажыратылған ўәкил тәрепинен

**14. Қандай жағдайларда сайлаўшыны сайлаўшылардың дизиминиң қосымшасына киргизиў бийкарланады?**

А. Сайлаў участкасы аймағында ўақытша мәнзили бойынша дизимге алынғанын тастыйықлайтуғын ҳүжжетке ийе болса

Б. Сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс берген болса ямаса сайлаўшы турақлы ямаса ўақытша дизимге алынбаған жасаў орны бойынша участкалық сайлаў комиссиясына мүрәжат еткен болса

С. Сайлаў участкасы аймағында турақлы жасаў орны бойынша дизимге алынғанын тастыйықлайтуғын ҳүжжетке ийе болса

Д. Сайлаўшыны сайлаўшылар дизими қосымшасына қосыўды бийкарлаў мүмкин емес

**15. Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың дизимине киргизилген сайлаўшының басқа сайлаў участкасында даўыс берип атырғанлығы ҳаққында мағлыўмат алған участкалық сайлаў комиссиясының баслығы қандай ҳәрекетти әмелге асырады?**

А. СПБМСнан бул сайлаўшы ҳаққындағы мағлыўматларға өзгерис киргизеди

Б. Сайлаўшы менен байланысып даўыс бергенине исеним пайда етеди

С. Сайлаўшылар дизиминен шығарып таслаў илажларын көреди

Д. Сайлаўшылар дизимине бул сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс бергени ҳаққында мағлыўмат киргизеди

**16. Басқа шахс ушын даўыс бериўши болған сайлаўшыға сайлаў бюллетени қандай ҳалда бериледи?**

А. Басқа шахс ушын даўыс бериўши болған сайлаўшыға сайлаў бюллетенин бериўи қадаған етиледи

Б. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығына белгиленген тәртипте арза жазыў арқалы

С. Көзи әззи жақын ағайыны атынан даўыс бериў ушын келгени сайлаў комиссиясы ағзаларына түсиндирилгенде

Д. Ҳәр қандай ҳалда басқа шахс ушын сайлаў бюллетенин талап еткен сайлаўшыға сайлаў бюллетени бериледи

**17. Даўыс бериў ўақтында бузылған сайлаў бюллетенлери қандай сақланады?**

А. Артқы тәрепине тийисли белги қойылады ҳәм ҳәр бир сайлаў түрине қарап бөлек сақланады

Б. Сайлаў бюллетенин бузып қойған сайлаўшыға берип жибериледи

С. Бақлаўшылар көз алдында кесиў жолы менен жарамсыз ҳалға алып келинеди

Д. Қолланылмаған бюллетенлер менен бирге сақланады

**18. Сайлаў бюллетенин толтырыў ўақтында жасырын даўыс бериў кабинасы ямаса болмесинде даўыс беретуғын шахс пенен бирге және кимлер болыўы мүмкин?**

А. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы

Б. Сиясий партиялардың исенимли ўәкиллери

С. Даўыс беретуғын шахстан басқа адамлардың бирге болыўы қадаған етиледи

Д. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ўәкиллери

**19. Сайлаў бюллетенин ғәрезсиз түрде толтырыў мүмкиншилигине ийе болмаған сайлаўшы өз қәлеўи бойынша жасырын даўыс бериў кабинасына ямаса бөлмесине кимди мирәт етиўи мүмкин?**

А. Басқа шахсты

Б. Сайлаў комиссиясы қурамына киретуғын шахслардан бирин

С. Бақлаўшылардан бир ўәкилди

Д. Ғалаба хабар қураллары ўәкилин

**20. Айырым сайлаўшылар денсаўлығының жағдайына ямаса басқа себеплер менен даўыс бериў имаратына кела алмаған жағдайларда, тийисли участкалық сайлаў комиссиясы қандай тийкар бойынша даўыс бериўди бул сайлаўшылардың олар турған орнында шөлкемлестиреди?**

А. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен усыныс етилген дизим тийкарында

Б. Ишки ислер органларына келип түскен мүрәжатлар тийкарында

С. Бақлаўшылардың пикир ҳәм усыныслары тийкарында

Д. Сайлаўшының сайлаў күни ямаса сайлаў күнине шекем берген жазба ямаса аўызша сораўына қарап

**21. Даўыс бериўши толтырылған сайлаў бюллетенин не ислейди?**

А. Сайлаў комиссиясының жуўапкер ағзасына тапсырады

Б. Сайлаў қутысына таслайды

С. Сайлаў қутысы жанындағы қосымша қутыға таслайды

Д. Сайлаў комиссиясы ағзасы көргеннен кейин, өзи менен алып кетеди

**22. Участкалық сайлаў комиссиясы ағзасы басқа шахс ушын даўыс бериўши болған сайлаўшыға сайлаў бюллетенин бериўи мүмкин бе?**

А. Яқ

Б. Аўа

С. Комиссия баслығының руқсаты менен мүмкин

Д. Районлық, қалалық ҳәкимликтиң жуўапкер хызметкериниң руқсаты менен мүмкин

**23. Бақлаўшылар, сиясий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери ҳәм аккредитациядан өткен ғалаба хабар қураллары ўәкиллери әскерий бөлимлерде дүзилген сайлаў участкаларына барыўы ҳаққында қашан участкалық сайлаў комиссиясын хабардар етиўи керек?**

А. Keминде 10 күн алдын

Б. Keминде 11 күн алдын

С. Keминде 3 күн алдын

Д. Keминде 13 күн алдын

**24. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы даўыс бериў имаратында тынышлық сақланыўы ҳәм тәртипке әмел етилиўин тәмийинлеў, даўыс бериў ҳәм оларды санап шығыўда нызамсыз кесент етиўлер пайда болғанында кимлерге мүрәжат етиўи мүмкин?**

А. Ишки ислер ямаса Әдиллик органлары хызметкерлерине

Б. Прокуратура ямаса Миллий гвардия хызметкерлерине

С. Тийисли районлық, қалалық ҳәкимиятқа

Д. Ишки ислер ямаса Миллий гвардия хызметкерлерине

**25. Тийкарлы себеп пенен турған орнында даўыс берген сайлаўшы жасырын даўыс берип болғаннан кейин, сайлаўшылардың дизиминиң тийисли орнына (сайлаўшының фамилиясының туўрысына) қандай жазыў киргизиледи?**

А. “Турған орнында даўыс берди”

Б. “Жасырын даўыс берди”

С. “Тийкарлы түрде даўыс берди”

Д. “Сайлаў кодексине муўапық даўыс берди”

## КЕЙСЛЕР

| **Кейстиң мазмуны:** |
|---|
| Сайлаў күни саат 07:30 лерде Бектемир районында жайласқан 23-сайлаў участкасында участка комиссиясы баслығы комиссия ағзалары арасында ўазыйпаларды бөлистириў даўамында тек ғана сайлаўшылар дизиминде бар болған сайлаўшылар ушын ғана сайлаў бюллетени берилиўи керeклигин, сайлаўшылар дизиминде болмаған пуқараларға сайлаў бюллетени берилмеўин мәлим етти. Буннан тысқары, сайлаўшылардың турған мәнзилинде даўыс бериўи ушын бир адамды жуўапкер етип белгиледи. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселе (сораў)лар:** |
| 1. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының ҳәрекетлерине ҳуқықый баҳа бериң.<br>2. Сайлаў күни сайлаўшылар дизими қосымшасына сайлаўшы ҳаққындағы мағлыўмат қандай тәртипте қосылыўы мүмкин?<br>3. Пуқара турған мәнзилинде даўыс бериўи процесин көрсетип бериң. |
| **Кейстиң шешими:** |
| Сайлаў участкасы комиссиясы баслығының ҳәрекетлери ҳуқықый тийкарға ийе емес.<br>Даўыс бериў имаратына келгеннен кейин, сайлаўшы участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетеди ҳәм де сайлаўшылар дизимине қол қояды. Соннан кейин оған сайлаў бюллетени бериледи. Қандайда бир себепке көре сайлаўшылар дизимине сайлаўшы ҳаққындағы мағлыўматлар киргизилмеген болса, сайлаўшының комиссия баслығы атына шахсын тастыйықлайтуғын, пуқаралығы, ўақытшалық ямаса турақлы жасаў жерин тастыйықлайтуғын ҳүжжет қосымша етилген ҳалда жазған арзасына көре тийисли тәртипте үйренилинип шыққаннан кейин сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиледи.<br>Айырым сайлаўшылар денсаўлығының жағдайына ямаса басқа себеплерге көре даўыс бериў имаратына келе алмаған жағдайларда, тийисли участкалық сайлаў комиссиясы даўыс бериўди бул сайлаўшылардың сораўына қарап олар турған мәнзилде шөлкемлестириледи. Тийисли комиссияның кеминде еки ағзасы көшпели сайлаў қутысы менен сайлаўшының турған мәнзилине жибериледи, олар сайлаўшының қәлеўи сыр сақланыўына әмел еткен ҳалда даўыс бериў әмелге асырылыўын тәмийинлейди. Бунда бақлаўшылар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери болыўы мүмкин. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 52 ҳәм 56-статьялары, Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы режениң 63 ҳәм 73-пунктлери. |

| |
|---|
| **Кейстиң мазмуны:** |
| Сайлаў күни саат 14:30 ларда Зомин районында жайласқан 23-сайлаў участкасына жасы үлкен Анвар атлы сайлаўшы келип, шаңарақ ағзаларының ҳәзирде үйде емеслигин, сыртқа ислеў ушын кеткенин, кеше сайлаўға қойылған мәселе шаңарақ шеңберинде өз-ара талқыланып ҳәм олардың барлығы сайлаўға қойылатуғын мәселе бойынша бирдей даўыс бериўин хабар береди, сол себебли шаңарағынан өзи ўәкил сыпатында қатнасып барлық шаңарақ ағзалары ушын даўыс бериўин айтып, олардың паспортларын усынды. Комиссия ағзасы Анвар атлы сайлаўшыға оның жасы үлкен екенлиги, шаңарақ ағзалары үйинде жоқ екенлиги, өз ара шаңарақта мәсләҳәтлесип мәселеге бирдей даўыс бериўин хабар бергени себепли оған паспортларға тийкарланып алты сайлаў бюллетенин берди. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселе (сораў)лар:** |
| 1. Участка комиссиясы ағзасының ҳәрекетлерине ҳуқықый баҳа бериң. |
| **Кейстиң шешими:** |
| Сайлаўда қатнасыўшы ҳәр бир пуқара бир даўысқа ийе болады.<br>Участкалық сайлаў комиссиясы участкадағы дизим бойынша даўыс бериўде қатнасыўшы ҳәр бир сайлаўшыға бир данадан артық сайлаў бюллетени берилмеўин тәмийинлейди. Артықша сайлаў бюллетени бериўге руқсат етилмейди. Бузып қойылған сайлаў бюллетени сайлаўшының сораўына көре тазасына алмастырып берилгенлиги буннан тысқары.<br>Даўыс бериў имаратына келгеннен кейин, сайлаўшы участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетеди (паспорт, ID-карта, әскерий гүўалық, жаңа үлгидеги миллий айдаўшылық гүўалығы, пуқаралық паспортын жойтқан пуқараларға ишки ислер органлары тәрепинен берилген ўақытшалық мағлыўматнама, жазаны өтеп ямаса жазадан азат етилгенлиги ҳаққындағы мағлыўматнама) ҳәм де сайлаўшылар дизимине қол қояды. Соннан кейин оған сайлаў бюллетени бериледи.<br>Басқа шахс ушын даўыс бериўши болған сайлаўшыға сайлаў бюллетенин бериў қадаған етиледи. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 5-статьясы, Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже”ниң 60 ҳәм 62-пунктлери. |

| **Кейстиң мазмуны:** |
|---|
| Сайлаў күни пуқара А.Исмаилов сайлаў бюллетенин бузып қойғанлығын айтып, комиссия ағзасынан басқа сайлаў бюллетенин бериўди сорады. Бирақ комиссия ағзасы сайлаўшыларға тек ғана бир сайлаў бюллетен берилиўин, басқа берилмеўин, бузып қойылған сайлаў бюллетенин стационар қутыға таслап қойыўы керeклигин айтады. Буннан наразы болған пуқара участкалық сайлаў комиссиясы баслығына шағым етеди. Пуқара өзиниң саўаты жақсы болмағанлығы себепли, сайлаў бюллетенин толтыра алмағанын айтып, оны толтырыўда участка комиссиясы баслығынан жәрдем сорайды. Соннан кейин, участкалық сайлаў комиссиясы баслығының руқсаты менен комиссия ағзасы оған таза сайлаў бюллетенин береди ҳәм оны толтырыўда пуқараға жәрдем көрсетеди. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселе (сораў)лер:** |
| 1. Усы жағдайда УСК ағзасының ҳәрекетлери дурыс па?<br>2. Бузып қойылған сайлаў бюллетени сайлаўшының сораўына көре жаңасына алмастырып бериле ме?<br>3. Бузып қойылған сайлаў бюллетенлери сайлаў нәтийжелерин есаплаўда қандайда бир ҳүжжетке бул ҳаққында мағлыўмат киргизиле ме?<br>4. Сайлаў бюллетенин еркин толтыра алмайтуғын пуқараға жәрдем бериў тәртиби қандай? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Усы жағдайда УСК ағзасының ҳәрекетлери надурыс.<br>Бузып қойылған сайлаў бюллетени сайлаўшының сораўына көре жаңасына алмастырылыўы мүмкин. Даўыс бериў ўақтында бузып қойылған сайлаў бюллетенлериниң арқа тәрепинде тийисли белги қойылады ҳәм ҳәр бир сайлаў түрине қарап бөлек сақланады. Даўыс беретуғын тәрепинен бюллетенди толтырыў ўақтында қәтеге жол қойылған ҳәм оның орнына жаңа сайлаў бюллетени берилген, бул ҳаққында сайлаўшылар дизиминде ҳәм де бийкар етилген бузылған сайлаў бюллетениниң арқа тәрепинде тийисли белги қойылған сайлаў бюллетени бузылған есапланады.<br>Пайдаланылмаған ҳәм бузылған сайлаў бюллетенлери санап шығылады ҳәм жоқары шеп мүйешин кесиў жолы менен бийкар етиледи, бул ҳаққында жуўмақлаўшы баянламаға тийисли жазыў киргизиледи. Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлерин байлап қойып орап, үстине “Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери” деп жазып, қасына олардың санын, қайсы сайлаўға тийислигин, сайлаў округиниң аты ҳәм тәртип санын жазады.<br>Сайлаў бюллетенин еркин түрде толтырыў мүмкиншилигине ийе болмаған сайлаўшы өз қәлеўине көре жасырын даўыс бериў кабинасына ямаса ханасына басқа шахсты усыныс етиўге ҳақлы, буннан сайлаў комиссиясы қурамына киретуғын шахслар, бақлаўшылар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери буған кирмейди. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 55-статьясы, Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы режениң 68, 122, 125-пунктлери. |

| **Кейстиң мазмуны:** |
| --- |
| Жомбой районында жасаўшы Анвар атлы пуқара райондағы 2-сайлаў участкасындағы сайлаўшылар дизимине киргизилген болып, сайлаў күни жумыс орнынан хызмет сапары себепли Жиззақ районына келген. Ол 20-участкалық сайлаў комиссиясында даўыс бериўши болып келип, паспортын усыныс етип, сайлаў бюллетенин бериўин сорағанында УСК ағзасы оған руқсат жоқлығын айтты. Пуқарадан басқа районда даўыс бериўге тийкар болып атырған жазба ҳүжжет усыныўын сорайды. Сайлаўшы тийисли ҳүжжет усыныс етпейди. Соннан кейин УСК ағзасы оның сайлаўшылар дизиминде жоқлығы себепли сайлаў бюллетенин бермеўин мәлим етти. |
| **Кейс шеңберинде талқыланатуғын мәселе (сораў)лар:** |
| 1. Участка комиссиясы ағзасының ҳәрекетлери тийкарлы ма, ҳуқықый баҳа бериң?<br>2. Участка комиссиясы ағзасы сайлаўшылар дизиминде болмаған сайлаўшы даўыс бериў ушын келгенинде қандай ҳәрекетлерди әмелге асырыўы керек? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Даўыс бериў имаратына келгеннен кейин, сайлаўшы участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетти көрсетеди ҳәм де сайлаўшылар дизимине қол қояды. Соннан кейин оған сайлаў бюллетени бериледи.<br>Сайлаўшының сайлаўшылар дизиминдеги мағлыўматлары тексерилиўи нәтийжесинде сайлаўшы усы сайлаў участкасының сайлаўшылары дизиминде жоқлығы анықланса, сайлаўшы шахсын, пуқаралығы ҳәм жасаў мәнзилин бул сайлаў участкасы аймағында турақлы жасаў мәнзили ямаса ўақытша турған мәнзили бойынша дизимге алынғанлығын) тастыйықлайтуғын ҳүжжет тийкарында участкалық сайлаў комиссиясы баслығына арза менен жазба формада мүрәжат етеди. Сайлаўшының арзасы қабыл етип алынғаннан кейин, участкалық сайлаў комиссиясы баслығы сайлаўшының турақлы ямаса ўақытша дизимге алынған жасаў мәнзилинен келип шығып, оны бул сайлаў участкасының сайлаўшылар дизимине киргизиў ямаса киргизбеў мәселесин шешеди.<br>Бунда, сайлаўшыны сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў мәселеси төмендеги ҳәрекетлер избе-излигинде шешиледи:<br>1-ҳәрекет: участкалық сайлаў комиссиясы баслығының көрсетпесине тийкарланып комиссия хаткери сайлаўшының сайлаў участкасын СПБМСнан излеп табады;<br>2-ҳәрекет: комиссия хаткери излеп табылған сайлаў участкасындағы комиссия баслығы менен байланыс қуралы (телефон) арқалы байланысып, сайлаўшының даўыс берген ямаса бермегенлигин анықлайды. Даўыс бермегенлиги факты анықланғанынан кейин, сайлаўшының бул сайлаў участкасында сайлаўшылар дизими қосымшасы тийкарында даўыс берип атырғанлығы ҳаққында хабар береди. Баслық пенен байланысыў мүмкиншилиги болмаған жағдайда, усы ҳәрекетлерди әмелге асырыўда жәрдем бериў ушын тийисли исши топарға мүрәжат етеди;<br>3-ҳәрекет: комиссия хаткери комиссия баслығын хабардар еткен ҳалда сайлаўшын сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизеди ҳәм оған даўыс бериў ушын сайлаў бюллетенини қол қойдырып тапсырады.<br>Сайлаў участкасында сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып тек комиссия хаткери тәрепинен жүргизиледи. Комиссияның басқа ағзалары тәрепинен сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы жүргизилиўине руқсат берилмейди. |

| |
|---|
| Төмендеги жағдайларда сайлаўшыны сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў бийкар етиледи:<br>– сайлаўшы басқа сайлаў участкасында даўыс берген болса;<br>– сайлаўшы турақлы ямаса ўақытша дизимге алынбаған жасаў мәнзили бойынша участкалық сайлаў комиссиясына мүрәжат еткен болса.<br>Бунда, участкалық сайлаў комиссиясы баслығы сайлаўшының турақлы ямаса ўақытшалық жасаў мәнзили бойынша басқа сайлаў участкасында даўыс бериўи кереклигини түсиндиреди ҳәм де тийисли арзада бийкар етиў тийкарына белги қояды. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 52-статьясы, Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже”ниң 63-пункти. |

# 1-ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎ

## УЧАСТКА САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ДАЎЫС БЕРИЎ КҮНИНДЕГИ ИСКЕРЛИГИ

*(Сайлаў участкасында процеслерди тыңлаўшылар менен биргеликте толық сахналастырыў)*

1. **Әмелий шынығыўлардың шөлкемлестириў бөлими**
2. **Әмелий шынығыўлардың кирисиў бөлими**
3. **Әмелий шынығыўлардың тийкарғы бөлими**
4. **Әмелий шынығыўлардың жуўмақлаўшы бөлими**

# 1. ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎЛАРДЫҢ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ БӨЛИМИ

**1.1. Әмелий шынығыўдың мақсети:** “Ролли ойын” методы жәрдеминде сайлаў участкасында участкалық сайлаў комиссиясының даўыс бериў күниндеги искерлигин тыңлаўшылар менен биргеликте толық сахналастырыў.

**1.2. Әмелий шынығыўдың ўазыйпалары:**

1) Даўыс бериў күниндеги искерлигин әмелий-көргизбели тәризде түсиндириўге айрықша итибар бериў;

2) Қатнасыўшылардың роллерин алмастырып бир неше мәрте сахналастырыў процесин тәкирарлаў.

**1.3. Әмелий шынығыўдың оқыў-техникалық тәмийнаты:**

1) Даўыс бериў ханаси тийисли үскенелер ҳәм қураллар менен тәмийинленген халда, төмендеги схемалар бойынша шөлкемлестириледи:

**ДАЎЫС БЕРИЎ ХАНАСЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ СХЕМАСЫ**




**4-ағза** – Сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўин тәртипке салыўшы ағза
**5-6-ағзалар** – СПБМС бойынша қәнийге ағза
**7-ағза** – Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин қадағалаўшы ағза
**8-11 ағзалар** – Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағза




**4-ағза** – Сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўин тәртипке салыўшы ағза
**5-6-ағзалар** – СПБМС бойынша қәнийге ағза
**7-ағза** – Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин қадағалаўшы ағза
**8-11 ағзалар** – Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағза

## ДАЎЫС БЕРИЎ ХАНАСЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ СХЕМАСЫ




**4-ағза –** Сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўин тәртипке салыўшы ағза
**5-6-ағзалар –** СПБМС бойынша қәнийге ағза
**7-ағза –** Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин қадағалаўшы ағза
**8-11 ағзалар –** Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағза

## ДАЎЫС БЕРИЎ ХАНАСЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ СХЕМАСЫ




**4-ағза –** Сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўин тәртипке салыўшы ағза
**5-6-ағзалар –** СПБМС бойынша қәнийге ағза
**7-ағза –** Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин қадағалаўшы ағза
**8-11 ағзалар –** Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағза

2) сайлаў бюллетенлери үлгилери – **1 топар** ушын һәр бир сайлаў түри ушын **50 ден** (жәми – **200**);
3) сайлаўшылар дизими(электрон) – **1 топар ушын 2**;
4) белгиленген үлгидеги пломбалар – **1 топар ушын - 5 тен**;

5) Сайлаў күни даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериўде участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен әмелге асырылатуғын ўазыйпалары – **1 топар ушын 1**;

6) **Тийисли актлер:**

– Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў қутыларын пломбалаў ҳаққындағы акт бланкасы – **1 топар ушын 2**;

– Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы ҳәм ағзасы арасында сайлаў бюллетенлерин тапсырыў ҳәм қабыл етип алыў ҳаққындағы акт бланкасы – **1 топар ушын 8**;

– Сайлаўшының турған орнында даўыс бериўи ҳаққындағы акт бланкасы – **1 топар ушын 2**;

7) Сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў ҳаққындағы арза бланкасы – **1 топар ушын 5**;

8) Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық кеңеслери сайлаўы сайлаўшылар дизими қосымшасы бланкасы – **1 топар ушын 2**;

9) Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық кеңеслери сайлаўы сайлаўшылар дизиминен көширме (турған жеринде даўыс берген сайлаўшылар бойынша) бланкасы – **1 топар ушын 2**;

10) ҳәр бир тыңлаўшы ушын бейджиклер **(1 топар ушын 18)**:

– 11 участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары ушын;

– 4 сайлаўшылар ушын;

– 5 сиёсий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери ушын;

– 1 өзин-өзи басқарыў уйымлары бақлаўшысы ушын;

– 1 ҒХҚ ўәкили ушын;

11) Тыңлаўшылар ушын тарқатпа материаллар (ўазыйпалары, роли бойынша сөзлери ҳәм т. б.).

**1.4. Әмелий шынығыўлар ушын дәслепки мағлыўматлар:**

– Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма саны: **2 400**;

– Участкалық сайлаў комиссиясы алған сайлаў бюллетенлери саны: **2 412**;

– Мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар саны: **30**.

## 2. ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎЛАРДЫҢ КИРИСИЎ БӨЛИМИ:

2.1. Тренерлер тыңлаўшыларға әмелий шынығыўлардың мақсети ҳәм ўазыйпаларын түсиндиреди.

2.2. Топар тыңлаўшыларына “роллер” бөлистириледи:

– УСК баслығы, баслық орынбасары, УСК хаткери ҳәм ағзалары;

– Ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, сиёсий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў шөлкемлери бақлаўшылары, соның менен бирге, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлер бақлаўшылары;

– сайлаўшылар (сондай-ақ, турар жайында даўыс беретуғын сайлаўшылар).

2.3. Тренерлер әмелий шынығыўдың ҳәр бир бөлими бойынша қатнасыўшылардың (УСК баслығы, баслық орынбасары, УСК хаткери ҳәм ағзалары, ҒХҚ ўәкиллери, ўәкилликли ўәкиллер, бақлаўшылар, сайлаўшылар) ҳәрекетлерин өз алдына түсиндиреди, олардан күтилип атырған нәтийжени дағазалайды.

## 3. ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎЛАРДЫҢ ТИЙКАРҒЫ БӨЛИМИ

*Әмелий шынығыў темасы бойынша сайлаў процеслери жағдайларын сахналастырыў*

**3.1. Биринши жағдай:** Барлық комиссия ағзалары даўыс бериў имаратына нәўбет пенен киргенинен кейин, саат **07:30 - 08:00** болған ўақыт аралығында әмелге асыратуғын жумыслар.

| | |
|---|---|
| УСК баслығы сөзлери: | *Ҳүрметли комиссия ағзалары!*<br>*Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасына, халық депутатлары ўәлаят, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўын өткериўши _____-сайлаў участкасына хош келипсиз!* |
| | **УСК ағзаларына:**<br>*Енди сайлаў участкасының тийисли үскенелери орны-орнында турғанын және бир мәрте көрип шығыңлар.*<br>**УСК баслығы орынбасарына:**<br>*Сиз столлар ҳәм стуллар өз орнында екенлигин ҳәм де жазыў үскенелери (қәлем, ручка) бар екенин тексериң.*<br>**УСК хаткерине:**<br>*Даўыс бериў имаратында жайласқан мәмлекетлик нышанлар бар екенин ҳәм олар өз орнында екенлигин тексериң.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы орынбасары даўыс бериў имаратында жайласқан барлық үскенелер, стол ҳәм стулларды орнында екенин көзден өткереди, жазыў үскенелери бар екенин тексерип, нәтийжеси бойынша мағлыўмат береди. |
| УСК баслыгы орынбасарының сөзлери: | **УСК баслығына:**<br>*Даўыс бериў имаратында сайлаўға тийисли үскенелер белгиленген орнында турыпты, стол ҳәм стуллар өз орнында ҳәм де жазыў үскенелери бар.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК хаткери даўыс бериў имаратында мәмлекетлик нышанлардың (мәмлекет байрағына ҳәм гербине) өз орнында турғанлығына исеним пайда етеди ҳәм нәтийжеси ҳаққында мағлыўмат береди. |
| УСК хаткериниң сөзлери: | **УСК баслыгына:**<br>*Мәмлекет байрағы ҳәм герби даўыс бериў имаратының белгиленген орынларында орналастырылған.* |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК хаткерине:**<br>*Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни атқарылыўының таярлығын тексерип көриң.* |
| УСК хаткериниң сөзлери: | УСК хаткери сайлаў басланғанлығы дағаза етилиўинен алдын, Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни өз ўақытында жаңлаўы ушын зәрүр шараларды көреди.<br>Таярлық нәтийжелери бойынша УСК баслығына мағлыўмат береди. |
| УСК котибининг сўзлари: | **УСК баслығына:**<br>*Саат 8:00 де Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни атқарылыўы ушын техникалық үскенелер тексерилди ҳәм таяр жағдайға келтирилди.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы тәрепинен Комиссия ағзаларының даўыс бериў күниндеги ўазыйпалары баслық тәрепинен белгилеп бериледи. |
| УСК баслығының сөзлери: | *Сайлаў нызамшылығына муўапық даўыс бериў күниндеги мениң (УСК баслығы) ўазыйпаларым:*<br>*стационар ҳәм көшпели сайлаў қутыларының бослығын тексерген ҳалда, белгиленген тәртипте пломбаланыўы ҳәм акт дүзилиўин шөлкемлестиремен;* |

| | |
|---|---|
| | *сайлаўшыларға тәртипли түрде бюллетенлерди бериў мақсетинде, жуўапкер комиссиясы ағзаларына сайлаўшылар дизимин әлипбе избе-излигинде бөлистирип беремен;*<br>*сайлаў бюллетенлерин акт тийкарында сайлаўшыларға бериўге жуўапкер етип белгиленген комиссия ағзаларына тапсыраман;*<br>*саат 8:00 де Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни атқарылыўын шөлкемлестиремен;*<br>*даўыс бериў басланғанлығын дағаза етемен;*<br>*сайлаў участкасындағы сайлаўшылар санын, районлық, қалалық сайлаў комиссиясынан алынған сайлаў бюллетенлериниң санын, мүддетинен алдын даўыс бергенлер санын хабар беремен ҳәм де бул мағлыўматларды жуўмақлаўшы баянламаға киргиземен;*<br>*даўыс бериў басланғанлығы ҳаққында байланыс қураллары арқалы районлық, қалалық сайлаў комиссиясына хабар беремен;*<br>*даўыс бериў процеси сайлаў участкасы аймағында сайлаў нызамшылығына муўапық әмелге асырылып атырғанлығын қадағалайман;*<br>*зәрүрлик болғанда комиссия ағзаларына жәрдем беремен, олар ўақытша жоқ болған жағдайларда оларды басқа ағзалар менен алмастыраман;*<br>*сайлаўшылардың сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў ҳаққындағы арзасын қабыл етемен, үйренип шығаман ҳәм тийисли қарар қабыл етемен;*<br>*жәмийетлик тәртипти сақлаўда сайлаў участкасына бириктирилген ишки ислер органы ямаса Миллий гвардия хызметкери менен бирге ислесемен;*<br>*сайлаўға таярланыў ҳәм оны өткериў процесинде ҳуқықбузарлықлар анықланған жағдайда, бул ҳаққында жоқары турыўшы сайлаў комиссиясына ямаса ҳуқық қорғаў органларына хабар беремен;*<br>***саат 20:00 де даўыс бериў тамамланғанлығын дағазалайман.*** |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК баслығы орынбасарына:**<br>***Сизиң ўазыйпаларыңыз:***<br>*жергиликли ҳәм шет елли бақлаўшылар, ҒХҚ ўәкиллериниң дизимге алыныўын шөлкемлестиресиз;*<br>*сайлаўшылар нәўбетпе-нәўбет тәртип пенен сайлаў бюллетенлерин алыўын, даўыс бериўин шөлкемлестиресиз ҳәм турақлы қадағалап барасыз;*<br>*даўыс бериўде қатнасыўшы ҳәр бир сайлаўшыға тийисли сайлаў ушын бир данадан сайлаў бюллетени берилиўин қадағалайсыз.* ***Итибарлы боласыз:*** ***бир сайлаўшыға тийисли сайлаў ушын бир данадан артық сайлаў бюллетени бериў мүмкин емес!;***<br>*басқа шахс ушын даўыс бериўши болған сайлаўшыға сайлаў бюллетени берилмеўин қадағалайсыз;*<br>*сайлаў бюллетенин толтырылған ҳалатта ямаса оны толтырыў процесин сүўретке ямаса видеоға алынбаўын қадағалайсыз;*<br>*сайлаў бюллетенин толтырыў ўақтында жасырын даўыс бериў кабинасында сайлаўшыдан басқа адамлардың болыўына жол қоймайсыз;*<br>*даўыс берип болған сайлаўшыны имараттан шығарып жибериў илажларын көресиз.* |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК хаткерине:**<br>***Сизиң ўазыйпаларыңыз:***<br>*сайлаўшыларға берилген сайлаў бюллетенлери санының есабын ҳәр саатта жүргизип барасыз;*<br>*районлық, қалалық сайлаў комиссиясына саат 09:00 ден баслап ҳәр саатта сайлаўшылардың қатнасыўы ҳаққында мағлыўмат бересиз;*<br>*Баслық көрсетпесине тийкарланып сайлаўшылар дизиминиң қосымшасын белгиленген тәртипте жүргизесиз.*<br>***Дыққат етиңлер:***<br>***Сайлаўшылар дизиминиң қосымшасын УСК баслығы көрсетпесине тийкарланып УСК хаткеринен басқа хеш ким толтырмайды!***<br>турған жеринде даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳаққында мүрәжат еткен сайлаўшыларды дизим дәптерине киргизесиз. |

| | |
|---|---|
| УСК баслығының сөзлери: | **УСКның 4-ағзасы (Сайлаўшылардың сайлаў участкасына нәўбет пенен кириўин қадағалаўшы ағза)ға:**<br>*Сизиң ўазыйпаларыңыз:*<br>*сайлаў участкасының кириў жеринде турасыз ҳәм сайлаўшылардың нәўбет пенен кириўин тәмийинлейсиз. Итибар бериң: Сайлаўшылар сайлаў участкасына нәўбет пенен биримлеп кириўи керек, әсиресе шаңарағы менен келгенлер, сол тәртипти түсиндириў керек болады!;*<br>*сайлаўшылардың шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлери бар жоқ екенлигин тексересиз;*<br>*шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлери бар болса СПБМСна жуўапкер болған комиссия ағзасына (олардың бос болғанына) жибересиз;*<br>*шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлери сайлаўшының жанында жоқ болса, даўыс бериў процесинде қатнасыў ушын сайлаў нызамшылығына муўапық шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлерди усыныўы шәрт екенлигин түсиндиресиз ҳәм сайлаўшыдан шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлерин алып келиўин өтиниш етесиз;*<br>*майыплар арбашасынан пайдаланып атырған сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўине көмеклесесиз;*<br>***Еслетпе:* Сиз кириў жеринде (есик алдында) турасыз.**<br>*даўыс бериў бөлмесинде, сондай-ақ сайлаўшыларға сайлаў бюллетенлерин бериўде сайлаўшылардың топланып қалмаўы ушын олардың даўыс бериў бөлмесине тәртипли түрде нәўбет пенен кириўин тәмийинлейсиз.* |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСКның 5 ҳәм 6-ағзалары (СПБМСна жуўапкерлер)ге:**<br>***Сизлердиң ўазыйпаларыңыз:***<br>*сайлаўшыдан шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти бериўин сорайсыз;*<br>*СПБМСнан жүклеп алынған сайлаўшылар дизиминен (электрон файлдан) компьютер жәрдеминде сайлаўшының аты-фамилиясын излеп табасыз;*<br>*сайлаўшы сайлаўшылар дизиминде бар болса, мүддетинен алдын даўыс берген ямаса бермегенлигин яки турған жеринде даўыс бериў ушын мүрәжат еткен ямаса етпегенлигин тексересиз;*<br>*соннан кейин, сайлаўшы дизимде бар болса, мүддетинен алдын даўыс бермеген болса ямаса турған жеринде даўыс бериў ушын мүрәжат етпеген болса сайлаўшыға сайлаўшылар дизими бойынша тәртип номерин мәлим етесиз (керек болса қағазға жазып бересиз) ҳәм оған нәўбетин күтиўин хабарлайсыз;*<br>*егер сайлаўшы сайлаўшылар дизимине кирмей қалған болса, комиссия баслығына мүрәжат етиўи кереклигин түсиндиресиз.*<br>***Еслетпе:*** *Сизлер кириў жеринде ҳәм сайлаў бюллетенлерин бериў орны арасында орналасасыз, жумыс орныңызда стол, стул ҳәм компьютер қойылған.* |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСКның 7-ағзасы (Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин бақлаўға жуўапкер)на:**<br>***Сизиң ўазыйпаларыңыз:***<br>*сайлаўшы жасырын даўыс бериў кабинасына жалғыз өзи кириўин, басқа шахслар ол кабинаға кирмеўин ҳәм кесент етпеўин қадағалап турасыз;*<br>*сайлаўшы жасырын даўыс бериў кабинасында даўыс берип болғанынан кейин сайлаў бюллетенин сайлаў қутысына (бүкленген ҳалда) таслаўын қадағалап турасыз;*<br>*егер де сайлаўшы сайлаў бюллетенин тасламастан шығып кетпекши болса оны тоқтатасыз ҳәм сайлаў бюллетенлерин сайлаў қутысына таслаўы кереклигин түсиндиресиз;*<br>*сайлаў бюллетенин толтырылған ҳалда ямаса оны толтырыў процесин сүўретке яки видеоға алынбаўын қадағалайсыз;*<br>***Еслетпе:* Сиз сайлаў қутысының қасында турасыз. Дыққат пенен процести бақлаң, ким сайлаў қутысына қандай да бир зат таслаўшы (мысалы, артықша қағаз) болса, суйықлық төгиўши болса (Россия Федерациясында өткерилген сайлаўда сондай жағдай болған) ямаса басқаша ҳәрекет қылажақ болса, буның алдын алыўыңыз керек болады.** |

| | |
|---|---|
| УСК баслығының сөзлери: | **УСКның 8, 9, 10 ҳәм 11-ағзалары (Сайлаўшыларға сайлаў бюллетенлерин бериўге жуўапкерлер)на:**<br>***Сизиң ўазыйпаларыңыз:***<br>*сайлаўшының шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжети тийкарында оның өзи келгенлигин анықлайсиз ҳәм тәртип номери тийкарында оны сайлаўшылар дизиминен излеп табасыз;*<br>*сайлаўшыға сайлаўшылар дизимине қол қойдырған ҳалда ҳәр бир сайлаў түри бойынша бир данадан сайлаў бюллетенин бересиз ҳәм де жасырын даўыс бериў кабинасына жибересиз;*<br>*Комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып, жумыс көлеми ҳәм жағдайдан келип шыққан ҳалда сайлаўшының турған жеринде даўыс бериўин шөлкемлестиресиз.*<br>***Еслетпе: Басқа шахс ушын даўыс бермекши болған сайлаўшыға сайлаў бюллетенин бериў қадаған етиледи.***<br>**Бузып қойылған сайлаў бюллетени сайлаўшының өтинишине бола жаңасына алмастырылыўы мүмкин.**<br>**Даўыс бериў ўақтында бузып қойылған сайлаў бюллетенлериниң арқа тәрепинде тийисли белги қойылады ҳәм ҳәр бир сайлаў түрине қарап өз алдына бөлек сақланады.** |
| УСК баслығының сөзлери: | *УСКның барлық ағзаларына ўазыйпалар түсиникли ме? Кимде сораў яки қосымша пикирлер бар?* |
| Тренерлер: | 1-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ ислейди. |

**3.2. Екинши жағдай:** Даўыс бериў күниндеги ўазыйпалар бөлистирилгеннен кейин, УСК ағзалары қатнасында сайлаў қутыларының иши бослығын тексериў ҳәм оларды пломбалар менен пломбалаў, пломбалар номери көрсетилген ҳалда белгиленген формадағы акт дүзиў.

| | |
|---|---|
| УСК баслығы сөзлери: | **УСК ағзаларына:**<br>*Сайлаў қутыларының иши бослығын тексеремиз. Ҳәммеден бул процести бақлаўыңызды сорайман.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК хаткери комиссия ағзаларына, бақлаўшыларға, ғалаба хабар қураллары ўәкиллерине стационар ҳәм көшпели сайлаў қутыларының иши бослығын көрсетип береди. |
| УСК баслығы сөзлери: | **УСК ағзаларына:**<br>*Көрип гүўасы болғаныңыздай УСКда жайласқан стационар ҳәм көшпели сайлаў қутыларының иши бос. Енди оларды бир мәрте қолланылатуғын пластмасса пломбалар менен пломбалаймыз.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы комиссия ағзалары (бақлаўшылар, ғалаба хабар қураллары ўәкиллери) қатнасында сайлаў қутыларын бир мәрте қолланылатуғын пластмасса пломбалар менен пломбалайды. |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК хаткерине:**<br>*Пломба номерлерин избе-изликте актке жазып барың.*<br>*1-ши пломба номери _______ ;*<br>*2-ши пломба номери _______ ;*<br>*3-ши пломба номери _______ ;*<br>*Көшпели сайлаў қутысындағы 1-ши пломба номери _______ ;*<br>*2-ши пломба номери _______.* |
| УСК хаткериниң сөзлери: | **УСК баслығына:**<br>*Көрсетилген пломба номерлери актке киргизилди.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК хаткери комиссия ағзаларына, бақлаўшыларға, ғалаба хабар қураллары ўәкиллерине актке киргизилген пломба номерлерин ҳәммеге көрсетеди. |
| Тренерлер: | 2-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ ислейди. |

**3.3. Үшинши жағдай:** Сайлаў қутылары пломбаланғаннан кейин, сайлаў бюллетенлерин белгиленген үлгидеги акт тийкарында УСКның 8, 9, 10 ҳәм 11-ағзаларына (Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағзалар) тапсырыў. Сайлаўшыларға тәртипли түрде бюллетенлерди бериў мақсетинде, жуўапкер участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларына сайлаўшылар дизимин әлипбе избе-излигинде бөлип бериў.

| | |
|---|---|
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК ағзаларына:** *Енди комиссияның еки ағзасы тәрепинен қол қойылған, мөр менен тастыйықланған ҳалда таярлап қойылған сайлаў бюллетенлерин, әлипбе избе-излигинде бөлистирилген сайлаўшылар дизими бойынша белгиленген үлгидеги акт тийкарында участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларына тапсыраман.* **УСКның 8-ағзасына:** *Мәрҳамат, әлипбе избе-излигинде А-дан Ф-ҳәрибине шекем басланатуғын фамилиялы сайлаўшылар киргизилген дизими бойынша сайлаўшылар ушын сайлаў бюллетенлерин қабыл етип алың.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы УСКның 8-ағзасына сайлаў бюллетенлерин сайлаў нызамшылығына муўапық формадағы акт тийкарында тапсырады. Бунда сайлаўшыларға тәртипли түрде бюллетенлерди бериў мақсетинде, ҳәр бир участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларына әлипбе избе-излигинде бөлистирилген сайлаўшылар дизими бойынша тапсырылады. |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК хаткерине:** *УСКның 8-ағзасына төмендеги:* *– Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўына тийисли 23-“Алмазар” сайлаў округи бойынша 600 сайлаў бюллетенлери берилди;* *– Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси депутатлары сайлаўына тийисли бирден-бир сайлаў округи бойынша 600 сайлаў бюллетенлери берилди;* *– халық депутатлары Ташкент қалалық Кеңеси сайлаўына тийисли 23-“Алмазар” сайлаў округи бойынша 600 сайлаў бюллетенлери берилди;* *– халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси сайлаўына тийисли 23-“Алмазар” сайлаў округи бойынша 600 сайлаў бюллетенлери берилди.* *Бул санларды “Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы ҳәм ағзасы арасында сайлаў бюллетенлерин тапсырыў ҳәм қабыллап алыў ҳаққындағы акт”ке киргизиң.* |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСКның 8-ағзасына:** *“Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы ҳәм ағзасы арасында сайлаў бюллетенлерин тапсырыў ҳәм қабыллап алыў ҳаққындағы акт”ти оқып шығып қол қойың.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК хаткери УСКның 8-ағзасына сайлаў бюллетенлери тапсырылғаны ҳаққында, “Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы ҳәм ағзасы арасында сайлаў бюллетенлерин тапсырыў ҳәм қабыллап алыў ҳаққындағы акт”ти толтырады. УСКның 8-ағзасы бул актни танысып шығып қол қояды. Кейин УСК баслығы да актке қол қояды. |
| **Түсиндирме:** | УСКның 9, 10 ҳәм 11-ағзаларына (Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағзалар) да сол тәртипте сайлаў бюллетенлерин тапсырылады ҳәм актлер рәсмийлестириледи. |
| **Тренерлер:** | 3-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ ислейди. |

**3.4. Төртинши жағдай:** Сайлаў басланыўы ҳәм оны өткериў ушын таяр жағдайға келтирилгеннен кейин Мәмлекетлик гимнниң атқарылыўы ҳәм де УСК баслығының даўыс бериў процеси басланғанын жәриялаўы процеси.

| | |
|---|---|
| УСК баслығы: | **УСКниң барлық ағзалары ҳәм басқа барлық таяр болғанларға:**<br>*УСКниң барлық ағзалары ҳәм басқа барлық таяр болғанларды бир қатарға турыўын сорайман.*<br>*Ҳүрметли комиссия ағзалары, ҒХҚ ўәкиллери ҳәм бақлаўшылар!*<br>*Саат 8:00 болдо! Сайлаў процеслерин Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни менен баслаймыз.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | **Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни жаңлайды!**<br>Сайлаў комиссиясының барлық ағзалары (УСК баслығы, баслық орынбасары, хаткери ҳәм ағзалары) қатарға турып, ҳүрмет келтирген ҳалда Мәмлекетлик гимнди бирге атқарады. |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСКниң барлық ағзалары ҳәм басқа барлық таяр болғанларға:**<br>*Ҳүрметли комиссия ағзалары, сайлаўшылар ҳәм бақлаўшылар!*<br>*Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасына, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўын өткериўши _____-сайлаў участкасында даўыс бериў басланғанлығын жәриялайман".* |
| Тренерлар: | *4-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ ислейди.* |

**3.5. Бесинши жағдай:** УСК баслығының сайлаў процесине тийисли мағлыўматларды жәриялаўы ҳәм жуўмақлаўшы баянламаға киргизиў процеси.

| | |
|---|---|
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы:<br>**сайлаў участкасындағы сайлаўшылар санын;**<br>**районлық, қалалық сайлаў комиссиясынан алынған сайлаў бюллетенлердиң санын;**<br>**мүддетинен алдын даўыс бергенлердиң санын хабар береди.**<br>Бул мағлыўматларды жуўмақлаўшы баянламаға киргизиўди шөлкемлестиреди. |
| УСК баслығының сөзлери: | **Барлық таяр болғанларға:**<br>*Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма саны 2 400;*<br>*районлық, қалалық сайлаў комиссиясынан алынған сайлаў бюллетенлериниң саны 2 412;*<br>*мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар саны 30 ды қурайды.* |
| | **УСК хаткерине:**<br>*Бул мағлыўматларды УСКның сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы жуўмақлаўшы баянламаға киргизиң.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК хаткери баслық жәриялаған мағлыўматларды жуўмақлаўшы баянламаға киргизип қояды. |
| УСК хаткериниң сөзлери: | **УСК баслығына:**<br>*Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма саны, районлық, қалалық сайлаў комиссиясынан алынған сайлаў бюллетенлериниң саны ҳәм де мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар саны жуўмақлаўшы баянламаға киргизилди.* |
| Тренерлер: | 5-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ ислейди. |

**3.6. Алтыншы жағдай:** Бақлаўшыларды, ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин тийисли сайлаў комиссиясы тәрепинен берилген мандаты ҳәм шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжети тийкарында дизимге алыў. Олар мандаты ҳәм шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетине тийкарланып дизимге алғаннан кейин даўыс бериў ханасының олар ушын ажыратылған орнында оларға өз ўәкилликлерин толық ҳәм де тосқынлықсыз әмелге асырыўы ушын шараят жаратып бериў.

| | |
|---|---|
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК баслығының орынбасарына:** *Участкалық сайлаў комиссиясына келген бақлаўшылар, ўәкилликли ўәкиллер, ҒХҚ ўәкиллерин күтип алың ҳәм оларға тийисли сайлаў комиссиялары тәрепинен берилген ҳүжжетлер тийкарында дизимнен өткериўди тәмийинлең.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығының орынбасары бақлаўшылар, ўәкилликли ўәкиллери ҳәм ҒХҚ ўәкиллериниң мандаты (гүўалық) ҳәм шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлери тийкарында усы шахсларды дизимге алыўға мирәт етеди. |
| УСК баслығы орынбасарының сөзлери: | **Бақлаўшылар, ўәклликли ўәкиллер, ҒХҚ ўәкиллерине:** *Ҳүрметли бақлаўшылар, ўәкилликли ўәкиллер, ҒХҚ ўәкиллери шахсыңызды тастыйықлайтуғын ҳүжжет ҳәм гүўалықларыңыз бенен келиўиңизди сорайман.* |
| Бақлаўшының сөзлери: | **УСК баслығының орынбасарына:** *Ассалаўма әлейкум! Мен ________________________________ данман. Бул сайлаў участкасына бақлаўшы сыпатында келдим! Мине гүўалық ҳәм шахсымды тастыйықлайтуғын ҳүжжет!* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы орынбасары тийисли сайлаў комиссиясы тәрепинен берилген ҳүжжетлер тийкарында бақлаўшылар ҳәм ҒХҚ ўәкиллерин, сондай-ақ ўәклликли ўәкиллерди дизимнен өткериўди шөлкемлестиреди. |
| УСК баслық орынбасарының сөзлери: | **УСК хаткерине:** *Ҳәр бир бақлаўшы ҳәм ҒХҚ ўәкилин Ф.А.Ә. ҳәм басқа тийисли мағлыўматларын "Бақлаўшыларды дизимге алыў дәптери"не киргизиң.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК хаткери ҳәр бир бақлаўшы ҳәм ҒХҚ ўәкилин Ф.А.Ә. ҳәм басқа тийисли мағлыўматларын "Бақлаўшыларды дизимге алыў дәптери"не киргизип, дизимге алады. |
| УСК баслық орынбасарының сөзлери: | **Бақлаўшылар ҳәм ҒХҚ ўәкллилерине:** *Дизимнен өтип болған болсаңыз, Сизден бақлаўшылар ушын ажыратылған тийисли орынға барыўыңызды ҳәм процести бақлаўыңызды сорайман.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығының орынбасары дизимнен өткен бақлаўшыны (ҒХҚ ўәкилин) белгиленген орынға алып барады. |
| Тренерлер: | Усы тәртипте барлық бақлаўшыларды (ҒХҚ ўәкиллери, ўәкилликли ўәкиллери) дизимнен өткерилиўин тыңлаўшыларға түсиндиреди.<br>6-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ ислейди. |

**3.7. Жетинши жағдай:** Даўыс бериў басланғаны ҳаққында районлық, қалалық сайлаў комиссиясына хабар бериў.

| | |
|---|---|
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | **УСК баслығы тәрепинен байланыс қураллары арқалы даўыс бериў басланғаны ҳаққында районлық, қалалық сайлаў комиссиясына хабар береди.** |
| УСК баслығының сөзлери: | **Районлық, қалалық сайлаў комиссиясына (байланыс қураллары арқалы)** *Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасына, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўын өткериўши _____-сайлаў участкасында даўыс бериў басланғанын хабар беремен.* |
| Тренерлер: | 7-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ ислейди. |

**3.8. Сегизинши жағдай:** Сайлаўшының сайлаў күни даўыс бериў имаратына келиўи ҳәм УСК ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти усыныўы.

| | |
|---|---|
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшылар участкалық сайлаў комиссиясы имаратына келгенинде, ўазыйпалар бөлистириўине қарап, сайлаўшыны сайлаў участкасына нәўбет пенен кириўин тәртипке салатуғын ағзасы (4-ағза) күтип алады. |
| Сайлаўшының сөзлери: | **УСК ағзасына:** *Ассалаўма алейкум! Мен өз пуқаралық ҳуқықларымнан пайдаланыў ҳәм сайлаўда даўыс бериў ушын келдим.* |
| УСК 4-ағзасының сөзлери: | **Сайлаўшыға:** *Ассалаўма алейкум! Мәрҳамат, даўыс бериўден алдын шахсыңызды тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетсеңиз.* |
| Сайлаўшының сөзлери: | *Мәрҳамат!* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСКның 4-ағзасы сайлаўшының шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетин тексереди. |
| УСК 4-ағзасының сөзлери: | **Сайлаўшыға:** *Рахмет, даўыс бериўден алдын УСКның 5-ағзасына (6-ағзасына) жолығың.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшы УСКниң 5-ағзасына (6-ағзасы) – олардың бос болғанына бағдарланады. |
| Сайлаўшының сөзлери: | *Түсиникли.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшы СПБМСна жуўапкер – УСКниң 5- ямаса 6-ағзасына барып ушырасады. |
| Тренерлер: | 8-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақислейди. |

**3.9. Тоғызыншы жағдай:** Сайлаўшының аты-әкесиниң аты СПБМСнан излеп табыў процеси.

| | |
|---|---|
| УСКниң 5- ямаса 6-ағзасы | **Сайлаўшыға:** *Шахсыңызды тастыйықлайтуғын ҳүжжетти усыныўыңызды сорайман!* |
| Сайлаўчи: | *Мәрҳамат!* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСКниң 5- ямаса 6-ағзасы сайлаўшының шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжет тийкарында, СПБМСнан жүклеп алынған сайлаўшылар дизиминен (электрон файлдан) компьютер жәрдеминде сайлаўшының аты-әкесиниң аты излеп табады.<br>Сайлаўшы сайлаўшылар дизиминде бар болса, сайлаўшыға сайлаўшылар дизими бойынша қатар номерин қағазға жазып береди ҳәм оған өз нәўбетин күтиўин өтиниш етеди. |
| УСКниң 5 ямаса 6-ағзасының сөзлери: | **Сайлаўшыға:** *Сиздиң сайлаўшылар дизиминдеги қатар номериңиз _____.*<br>*Енди сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағзаға (УСК 8, 9, 10 ямаса 11-ағзасы) ушырасың ҳәм сайлаўшылар дизиминдеги қатар номерин оған айтың (қатар номери көрсетилген бетти көрсетиң).* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшы УСКниң тийисли ағзасы (8, 9, 10 ямаса 11-ағзаларынан бос болғаны) на бағдарланады. |
| Сайлаўшының сөзлери: | *Рахмет, түсиндим.* |
| Тренерлер: | 9-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ ислейди. |

**3.10. Онышны жағдай:** Сайлаўшының сайлаўшылар дизимине (көрсетилген орынға) қол қойыў процеси.

| | |
|---|---|
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшылар дизиминдеги қатар номери усыныс етилгенинен кейин, сайлаўшы УСКниң тийисли ағзасы (8, 9, 10 ямаса 11-ағзаларынан бос болғаны) на ушырасады. |
| УСКниң сайлаўшыға сайлаў бюллетенлерин бериўге жуўапкер (8, 9, 10 ёки 11-ши) ағзасының сөзлери: | **Сайлаўшыға:** *Ассаламу алейкум! Шахсыңызды тастыйықлайтуғын ҳүжжет усынсаңыз ҳәм қатар номериңизди айтсаңыз.* |
| Сайлаўшы: | *Мине мәрҳамат!* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаў комиссиясы ағзасы сайлаўшының сайлаўшылар дизиминен қатар номери жәрдеминде излеп табады ҳәм шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжет бойынша оның Ф.А.Ә. тексереди.<br>Сайлаўшы сайлаў бюллетенин бериўге жуўапкер участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетеди ҳәм сайлаўшылар дизиминдеги қатар номерин айтады. |
| УСКның сайлаўшыға сайлаў бюллетенлерин бериўге жуўапкер (8, 9, 10 ёки 11-ши) ағзасының сөзлери: | **Сайлаўшыға:** *Ҳүрметли сайлаўшы сайлаўшылар дизиминдеги өз фамилияңыз туўрысына имза қойың.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшы сайлаўшылар дизимине (көрсетилген орынға) қол қояды. |
| Тренерлер: | 10-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ ислейди. |

**3.11. Он биринши жағдай:** Сайлаўшының сайлаўшылар дизиминдеги мағлыўматлары тексерилиўи нәтийжесинде сайлаўшы усы сайлаў участкасының сайлаўшылары дизиминде жоқ екенлиги анықланған жағдай.

| | |
|---|---|
| УСКның 5 ямаса 6-ағзасының сөзлери: | **Сайлаўшыға:** *Сизиң мағлыўматларыңыз сайлаўшылар дизиминде жоқ. Ҳәзир бул мәселеде УСК баслығына мүрәжат етемиз.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСКның 5 ямаса 6-ағзасы сайлаўшының усы сайлаў участкасының сайлаўшылары дизиминде жоқ екенлигин хабарлайды. |
| УСК баслығының сөзлери: | **Сайлаўшыға:** *Ҳеш зат қылмайды. Сиз шахсыңыз, пуқаралығыңыз ҳәм жасаў мәнзилиңизди (бул сайлаў участкасы аймағында турақлы жасаў мәнзили ямаса ўақытша турған мәнзили бойынша дизимге алынғанлығын) тастыйықлайтуғын ҳүжжет тийкарында арза менен жазба формада мүрәжат етиўиңиз мүмкин.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшының сайлаўшылар дизиминдеги мағлыўматлары тексерилиўи нәтийжесинде сайлаўшы усы сайлаў участкасының сайлаўшылары дизиминде жоқ екенлиги анықланса, сайлаўшы шахсын, пуқаралығы ҳәм жасаў мәнзилин (бул сайлаў участкасы аймағында турақлы жасаў мәнзили ямаса ўақытша турған мәнзили бойынша дизимге алынғанлығын) тастыйықлайтуғын ҳүжжет тийкарында участкалық сайлаў комиссиясы баслығына арза менен жазба формада мүрәжат етеди. |

| | |
|---|---|
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшы “Сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў ҳаққында арза”ны толтырады.<br>**Арзаны толтырыў процесин толық сахналастырыў.**<br>**Еслетпе:** Бул арзаның 1-бөлими сайлаўшы тәрепинен толтырылады ҳәм қол қойылады.<br>Арзаның 2-бөлими УСК баслығы қадағалаўы астында УСК хаткери тәрепинен толтырылады, кейин УСК баслығы ҳәм хаткери тәрепинен қол қойылады. |
| Сайлаўшының сөзлери: | *Мәрҳамат, мине арзам.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы сайлаўшының арзасын қабыл етип алады ҳәм сайлаўшының турақлы ямаса ўақытша дизимге алынған жасаў мәнзилинен келип шығып, оны бул сайлаў участкасының сайлаўшылар дизимине киргизиў ямаса киризбеў мәселесин шешеди. |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК хаткерине**<br>*СПБМСда бул сайлаўшының сайлаў участкасын табың.*<br>*Сол сайлаў участкасы комиссия баслығы менен байланысың.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | **УСК хаткери сайлаўшын сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў мәселесин шешиў ушын төмендеги ҳәрекетлерди әмелге асырады:**<br>**1-ҳәрекет:** участкалық сайлаў комиссиясы баслығының көрсетпесине тийкарланып сайлаўшының сайлаў участкасын СПБМСнан излеп табады;<br>**2-ҳәрекет:** излеп табылған сайлаў участкасындағы комиссия баслығы менен байланыс қуралы (телефон) арқалы байланысып, сайлаўшының даўыс берген ямаса бермегенлигин анықлайды. Даўыс бермегенлиги факты анықланғанынан кейин, сайлаўшының бул сайлаў участкасында сайлаўшылар дизими қосымшасы тийкарында даўыс берип атырғанлығы ҳаққында хабар береди.<br>Баслық менен байланысыў мүмкиншилиги болмаған жағдайда, усы ҳәрекетлерди әмелге асырыўда жәрдем бериў ушын тийисли исши топарға мүрәжат етеди. |
| УСК хаткериниң сөзлери: | Хабарлы етилген _____-санлы сайлаў участкасы комиссия баслығына:<br>*Бул сайлаўшы ______-санлы сайлаў участкасында даўыс бермегенлиги себепли, оны бизиң _____-санлы сайлаў участкамызда, сайлаўшының арзасына муўапық сайлаўшылар дизими қосымшасына қоспақшымыз ҳәм ол бизиң сайлаў участкамызда даўыс берип атырғанлығын хабар беремиз.* |
| Ҳәрекетлер: | **УСК хаткери**<br>**3-ҳәрекет:** комиссия баслығын хабардар еткен ҳалда сайлаўшыны “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўы сайлаўшылар дизими қосымшасы”на киргизеди ҳәм оған даўыс бериў ушын сайлаў бюллетенин қол қойдырып тапсырады. |
| | **Итибар бериң!**<br>Сайлаў участкасында сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы комиссия баслығының көрсетпесине тийкарланып тек комиссия хаткери тәрепинен жүргизиледи.<br>Комиссияның басқа ағзалары тәрепинен сайлаўшылар дизиминиң қосымшасы жүргизилиўине руқсат берилмейди. |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшы усы Қосымшаға қол қояды, сайлаў бюллетенин алады, жасырын даўыс бериў кабинасында даўыс береди ҳәм бюллетенди буклеген ҳалда сайлаў қутысына таслайды. |
| Тренерлер: | 11-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ береди. |

**3.12. Он екинши жағдай:** Сайлаўшыға сайлаў бюллетенин усыныў ҳәм даўыс бериў тәртибин ҳәм де жасырын даўыс бериў кабинасына барып даўыс бериўин түсиндириў.

| | |
|---|---|
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшы сайлаўшылар дизимине қол қойғанынан кейин оған тийисли сайлаў ушын бир данадан сайлаў бюллетени бериледи. Сайлаўшыға даўыс бериў тәртиби түсиндириледи.<br>Сайлаўшыға жасырын даўыс бериў кабинасына барып даўыс бериў кереклиги айтылады. |
| УСКның сайлаўшыға сайлаў бюллетенлерин бериўге жуўапкер (8, 9, 10 ямаса 11) ағзасының сөзлери: | ***Сайлаўшыға***<br>*Сизге 4 сайлаў бюллетени бериледи:*<br>*1-Олий Мажлистиң Нызамшылық палатасы депутатына талабанға жақлап даўыс бериў ушын;*<br>*2 -Олий Мажлистиң Нызамшылық палатасына талабан сиясий партияға жақлап даўыс бериў ушын;*<br>*3 -Халық депутатлары ўәлаят Кеңеси депутатына талабанға жақлап даўыс бериў ушын;*<br>*4 -Халық депутатлары район, қалалық Кеңеси депутатына талабанға жақлап даўыс бериў ушын.*<br>*Усы бюллетенлерди оны жасырын даўыс бериў кабинасында толтырыўыңыз керек.*<br>*Сизге ескертип өтемен, Сиз сайлаў бюллетенин еркин түрде толтырыўыңыз керек.*<br>*Сиз өзиңиз жақлап даўыс берип атырған талабанның фамилиясы қарсысында, оң тәрепте жайласқан бос квадратқа «+» ямаса «✓» яки «х» белгисин қойыўыңыз керек.*<br>*Бул бюллетенлерди даўыс бериў кабинасында толтырғаныңыздан кейин, сайлаў қутысына таслайсыз.*<br>*Бунда сайлаў бюллетенлерин сайлаў қутысына бүклеген ҳалда таслаўыңыз керек болады. Рахмат!* |
| Сайлаўшы: | *“Рахмет”, түсиндим!* |
| Тренерлер: | 12-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ береди. |

**3.13. Он үшинши жағдай:** Сайлаўшының даўыс бериў қутысына бюллетенлерди бирме-бир таслаўы процеси.

| | |
|---|---|
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшы сайлаў бюллетенин алғаннан кейин, оны жасырын даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында толдырады.<br>Бунда сайлаўшы өзи жақлап даўыс берип атырған талабанның фамилиясы, сиясий партияның аты қарсысында оңында жайласқан бос квадратқа “+” ямаса “✓” яки “х” белгисин қояды.<br>Толтырылған сайлаў бюллетенин екиге буклеген ҳалда даўыс беретуғын сайлаў қутысына таслайды. |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Даўыс берип болған сайлаўшы имараттан шығарып салынады. |
| УСК баслығы орынбасарының сөзлери: | ***Сайлаўшыға***<br>*Ҳүрметли сайлаўшы! Егер даўыс берип болған болсаңыз, мине бул жерден шығып кетиўиңиз мүмкин.* |
| Сайлаўшының сөзлери: | *Рахмет.* |
| Тренерлер: | Сол тәртипте барлық сайлаўшыларға даўыс бериў процеси өткерилиўин түсиндиреди.<br>13-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ береди. |

**3.14. Он төртинши жағдай:** Даўыс бериў имаратына келиў имканиятына ийе болмаған сайлаўшылар ҳуқықларын тәмийинлеў.

| | |
|---|---|
| УСК баслығының сөзлери: | **УСКның 10 ҳәм 11-ағзаларына:**<br>*Көшпели сайлаў қутысы менен даўыс бериў имаратына келиў мүмкиншилигине ийе болмаған сайлаўшылардың турған мәнзилине барасызлар ҳәм де сайлаўшының қәлеўи сыр сақланыўына әмел еткен ҳалда даўыс бериў әмелге асырылыўын тәмийинлейсизлер!* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСКның 11-ағзасы дизимге алыў дәптерине сайлаўшының фамилиясы, аты, әкесиниң аты, жасаў мәнзили, мүрәжат етилген ўақты ҳаққында тийисли жазыў киргизеди ҳәм бул мағлыўматлар участкалық сайлаў комиссиясы ағзасының қолы менен тастыйықланады.<br>Сайлаўшылардың мүрәжатлары бойынша олар турған мәнзилге көшпели сайлаў қутысы менен баратуғын участкалық сайлаў комиссиясының ағзалары мүрәжатлар санынан кем болмаған муғдардағы бюллетенлерди қол қойып алады.<br>Сайлаўшылар мүрәжатларының саны, сондай-ақ ислетилген сайлаў бюллетенлериниң саны бөлек актте белгиленеди (ҳәр бир сайлаў түри бойынша бөлек акт дүзиледи). Сайлаў бюллетенлерин алып кетиў процесинде акттиң биринши бөлими толтырылады, сайлаў участкасына қайтып келгенинен кейин акттиң екинши бөлими толтырылады.<br>УСКның 10 ҳәм 11-ағзалары көшпели сайлаў қутысын алып, даўыс бериў имаратына келиў имканиятына ийе болмаған сайлаўшылардың турған мәнзилине барады.<br>УСКның 10 ҳәм 11-ағзалары көшпели сайлаў қутысы менен жалғыз жасаўшы физикалық тәрепинен имканияты шекленген сайлаўшының жасаў мәнзилине (турған мәнзиллерине) барады. Оның үйине жетип барғанынан кейин, УСКның 11-ағзасы оған даўыс бериў тәртибин түсиндиреди. |
| УСК 11-ағзасы сөзлери: | ***Сайлаўшыға***<br>*Ассалаўма әлейкум! Биз Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасына, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўын өткериўши _____- участкалық сайлаў комиссия ағзаларымыз.*<br>*Сизди сайлаўда қатнасыўыңызды тәмийинлеў ушын келдик.*<br>*Даўыс бериўден алдын шахсыңызды тастыйықлайтуғын ҳүжжетиңизди усыныўыңызды сорайман!* |
| Еслетпе: | ***Шахсты тастыйықлаўшы хужжет:***<br>*паспорт;*<br>*ID-карта;*<br>*әскериў гүўалық;*<br>*жаңа үлгидеги миллий айдаўшылық гүўалығы;*<br>*пуқаралық паспортын жойтқан пуқараларға ишки ислер органлары тәрепинен берилген ўақытшалық мағлыўматнама;*<br>*жазаны атқарып болған ямаса жазадан азат етилгенлиги ҳаққындағы мағлыўматнама.* |
| Сайлаўшы: | *Мәрҳамат!* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Турған мәнзилинде даўыс бериўди әмелге асырыў ушын сайлаўшы УСКның 11-ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетеди ҳәм де “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўы сайлаўшылар дизиминен көширмеге (турған мәнзилинде даўыс берген сайлаўшылар бойынша) қол қояды.<br>Сайлаўшы белгиленген орынға өз қолын қойғанынан кейин, УСКның 11-ағзасы сайлаўшыға сайлаў бюллетенлерин береди. |

| | |
|---|---|
| УСК 11-ағзасы сөзлери: | ***Сайлаўшыға***<br>*Сизге 4 сайлаў бюллетени бериледи.*<br>*1 – Олий Мажлисининг Нызамшылық палатасы депутатына талабанға жақлап даўыс бериў ушын;*<br>*2 – Олий Мажлистиң Нызамшылық палатасына талабан сиясий партияға жақлап даўыс бериў ушын;*<br>*3 – Халық депутатлары ўәлаятлық Кеңеси депутатына талабанға жақлап даўыс бериў ушын;*<br>*4 – Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси депутатына талабанға жақлап даўыс бериў ушын;*<br>*Усы бюллетенлерди толтырыўыңыз ҳәм көшпели сайлаў қутысына таслаўыңыз керек.*<br>*Ҳүрметли сайлаўшы! Сизге соны ескертип өтпекшимен, Сиз сайлаў бюллетенин еркин түрде толтырыўыңыз керек. Егер еркин түрде толтырыў мүмкиншилигине ийе болмасаңыз өз қәлеўизге көре басқа шахсты усыныс етиўге ҳақлысыз.*<br>*Ҳүрметли сайлаўшы! Сиз өзиңиз жақлап даўыс берип атырған талабанның фамилиясы қарсысында, оң тәрепте жайласқан бос квадратқа «+» ямаса «✓» яки «х» белгисин қойыўыңыз керек.* |
| Сайлаўшы: | *Рахмет!* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Сайлаўшы көшпели даўыс бериў қутысына бюллетенлерди белгиленген тәртипте таслағанынан кейин, УСКның 10 ҳәм 11-ағзалары пуқара менен хошласып, үйнен шығып кетеди.<br>УСКның 11-ағзасы сайлаў участкасына келгенлеринде, сайлаўшылар дизиминиң тийисли жерине (сайлаўшының фамилиясы қарсысына) «турған мәнзилинде даўыс берди» жазыўы киргизиледи. |
| Тренерлер: | Усы тәртипте басқа сайлаўшыларға даўыс бериў процеси өткерилиўи түсиндириледи. 14-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақ береди. |

## 4. ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎЛАРДЫҢ ЖУЎМАҚЛАЎШЫ БӨЛИМИ:

1) Тренерлер әмелий шынығыўларға жуўмақ жасайды.

2) Ҳәр бир жағдай бойынша тыңлаўшылардың ҳәр бири тәрепинен жол қойылған кемшиликлерге тоқталып өтиледи.

3) Әмелий тапсырмаларды және де нәтийжели орынлаў ушын усынıслар ҳәм де келеси шынығыў ушын тапсырмалар бериледи.

4) Процеске тартылмаған тыңлаўшылар бар болса оларды тартқан ҳалда барлық сайлаў процеси басынан баслап және қайта шөлкемлестириледи.

5) Тыңлаўшылардың өтинишине бола ямаса тренерлер зәрүр деп тапса сайлаў процеси бойынша әмелий шынығыў және тәкирарланыўы керек.

# VII TEMA

## САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫНДА ДАЎЫСЛАРДЫ САНАП ШЫҒЫЎ ҲӘМ НӘТИЙЖЕЛЕРДИ БЕЛГИЛЕЎ

1. Даўыс бериў тамамланғаннан кейин участкалық сайлаў комиссиясының ўазыйпалары
2. Даўысларды санап шығыў процесиндеги ҳәрекетлер избе-излиги
3. Участкалық сайлаў комиссиялары тәрепинен даўыс бериў нәтийжелерин анықлаў

## 1. ДАЎЫС БЕРИЎ ТАМАМЛАНҒАННАН КЕЙИН УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары саат 20:00 де даўыс бериў тамамланғанлығын дағаза етеди.

Сайлаў участкасы бинасына келген сайлаўшыларға даўыс бериў ушын мүмкиншилик бериледи (егер сайлаўшылар бар болса).

Дипломатиялық ўәкилликханалар жанында, әскерий бөлимлерде, санаторийларда, демалыў үйлеринде, емлеўханалар ҳәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған орынларда, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген сайлаў участкаларында дизимге киргизилген барлық пуқаралар даўыс берип болған болса, участкалық сайлаў комиссиясы даўыс бериў тамамланғанлығын қәлеген ўақытта жәриялаўы мүмкин.

Бунда, саат 20:00 ге шекем даўыс бериў тамамланған болса, сайлаў қутыларының бюллетень тасланатуғын бөлегине ақ қағаз желимленеди ҳәм участкалық сайлаў комиссиясының мөри менен мөрленеди.

Өзбекстан Республикасы аймағында жайласқан сайлаў участкаларында сайлаў қутыларын саат 20:00 ден алдын ашыў ҳәм даўысларды санап шығыўға жол қойылмайды.

Сайлаўшылардың даўысларын санап шығыў участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен сайлаў қутыларында бар болған сайлаў бюллетенлери бойынша әмелге асырылады.

Сайлаўшылардың даўысларын санап шығыў тек ғана даўыс бериў бинасында өткериледи. Участкалық сайлаў комиссиялары тәрепинен даўысларды санап шығыў, даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды толтырыў процесинде төмендегилер тайын болыўы мүмкин:

– бақлаўшылар;
– сиясий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери;
– ғалаба хабар қураллары ўәкиллери.

***Бул процесте участкалық сайлаў комиссиясы бинасында тайын болыўға руқсат етилген шахслардан тысқары басқа адамлардың болыўы қадаған етиледи.***

Нызамшылық палатасы ҳәм жергиликли Кеңеслер депутатлары сайлаўы бойынша сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери төмендеги 1 2, 3 ҳәм 4-қосымшаларға муўапық формадағы участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасы менен рәсмийлестириледи.



*(1-Қосымша)*

## БИР МАНДАТЛЫ САЙЛАЎ ОКРУГИ БОЙЫНША НЫЗАМШЫЛЫҚ ПАЛАТАСЫНА САЙЛАЎ

20___-жыл «___» ____________

## УЧАСТКА САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫНДА ДАЎЫСЛАРДЫ САНАП ШЫҒЫЎ НӘТИЙЖЕЛЕРИ ҲАҚҚЫНДАҒЫ

## БАЯНЛАМАСЫ

| | |
|---|---|
| Сайлаў округының номери ҳәм аты | |
| Сайлаў участкасы номери | |

Сайлаў участкасында Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 24, 54, 94-статьяларына муўапық участка сайлаў комиссиясы тәрепинен даўысларды санап шығыў нәтийжесинде төмендегилер анықланды:

| | | |
|---|---|---|
| **1.** | Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма саны | |
| **2.** | Участка сайлаў комиссиясы алған сайлаў бюллетенлери саны | |
| **3.** | Мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар саны | |
| **4.** | Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлериниң улыўма саны | |
| **5.** | Сайлаў бюллетенлерин алған (соның ишинде мүддетинен алдын) сайлаўшылар саны | |
| **6.** | Сайлаў қутыларындағы сайлаў бюллетенлери саны (даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылар) | |
| **7.** | Ҳәр бир талабанды жақлап берилген даўыслар саны: | |

| қ/т | Депутатлыққа талабанлардың фамилиясы, аты, әкесиниң аты *(әлипбе тәртибинде)* | Депутатлыққа талабанды көрсеткен сиясий партияның аты | Депутатлыққа талабанды жақлап берилген даўыслар саны |
|---|---|---|---|
| **1.** | | | |
| **2.** | | | |
| **3.** | | | |
| **4.** | | | |
| **5.** | | | |

| | | |
|---|---|---|
| **8.** | Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери саны | |

*(2-Қосымша)*

**БИРДЕН-БИР САЙЛАЎ ОКРУГИ БОЙЫНША НЫЗАМШЫЛЫҚ ПАЛАТАСЫНА САЙЛАЎ**

20___ жыл «___» ____________

## УЧАСТКА САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫНДА ДАЎЫСЛАРДЫ САНАП ШЫҒЫЎ НӘТИЙЖЕЛЕРИ ҲАҚҚЫНДАҒЫ

## Б А Я Н Л А М А С Ы

| | |
|---|---|
| Аймақ аты (ўәлаят ямаса Ташкент қаласы) | |
| Сайлаў участкасы номери | |

сайлаў участкасында Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 24, 54, 94-статьяларына муўапық бирден-бир сайлаў округы бойынша Нызамшылық палатасына сайлаўда участка сайлаў комиссиясы тәрепинен даўысларды санап шығыў нәтийжесинде төмендегилер анықланды:

| | | |
|---|---|---|
| **1.** | Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма саны | |
| **2.** | Участка сайлаў комиссиясы алған сайлаў бюллетенлери саны | |
| **3.** | Мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар саны | |
| **4.** | Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлериниң улыўма саны | |
| **5.** | Сайлаў бюллетенлерин алған (соның ишинде мүддетинен алдын) сайлаўшылар саны | |
| **6.** | Сайлаў қутыларындағы сайлаў бюллетенлери саны (даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылар) | |
| **7.** | Ҳәр бир сиясий партияны жақлап берилген даўыслар саны: | |

| қ/т | **Сайлаўда қатнасып атырған сиясий партиялардың аты** *(Сайлаў бюллетенине киргизилген нәўбетине муўапық избе-изликте)* | **Сиясий партияны жақлап берилген даўыслар саны** |
|---|---|---|
| **1.** | | |
| **2.** | | |
| **3.** | | |
| **4.** | | |
| **5.** | | |

| | | |
|---|---|---|
| **8.** | Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери саны | |

| Комиссиядағы ўазыйпасы | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Имза |
|---|---|---|
| Комиссия баслығы | | |
| Комиссия баслығының орынбасары | | |
| Комиссия хаткери | | |
| Комиссия ағзалары | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| Баянлама дүзилген сәне | *жыл* *күн, ай* | *М.О.* |

**ЕСЛЕТПЕ!**

Баянлама дүзилиси менен оның биринши нусқасы белгиленген тәртипте аймақлық сайлаў комиссиясына жибериледи.

Баянламаның екинши нусқасы комиссия ағзаларының айрықша пикирлери (егер бундай пикирлери болса); даўыс бериў ямаса даўысларды санап шығыў ўақтында жол қойылған кемшиликлер ҳаққында келип түскен мүрәжатлар, бул мүрәжатлар бойынша комиссияның қабыл еткен қарарлары; сайлаў қутыларын пломбалаў бойынша дүзилген акт; сайлаў бюллетенлери ҳәм де тағы басқа сайлаў ҳүжжетлери менен бирге участка сайлаў комиссиясында сақланады.

Баянламаның 6-пунктинде көрсетилген сан баянламаның 7-пункти 1, 2, 3, 4 ҳәм 5-қатарлардағы ҳәм 8-пунктиндеги санлар жыйындысына тең (6-пункт = 7-пункттиң қатарлар жыйындысы + 8-пункт) болыўы керек.

*(3-Қосымша)*

**ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ ЎӘЛАЯТ (ҚАЛА)
КЕҢЕСИНЕ САЙЛАЎ**

20___-жыл «___» ___________

## УЧАСТКА САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫНДА ДАЎЫСЛАРДЫ САНАП ШЫҒЫЎ НӘТИЙЖЕЛЕРИ ҲАҚҚЫНДАҒЫ

## БАЯНЛАМАСЫ

| | |
|---|---|
| Аймақ аты (ўәлаят ямаса Ташкент қаласы) | |
| Сайлаў округының номери ҳәм аты | |
| Сайлаў участкасы номери | |

сайлаў участкасында Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 24, 54, 94-статьяларына муўапық участка сайлаў комиссиясы тәрепинен даўысларды санап шығыў нәтийжесинде төмендегилер анықланды:

| | | |
|---|---|---|
| **1.** | Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма саны | |
| **2.** | Участка сайлаў комиссиясы алған сайлаў бюллетенлери саны | |
| **3.** | Мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар саны | |
| **4.** | Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлериниң улыўма саны | |
| **5.** | Сайлаў бюллетенлерин алған (соның ишинде мүддетинен алдын) сайлаўшылар саны | |
| **6.** | Сайлаў қутыларындағы сайлаў бюллетенлери саны (даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылар) | |
| **7.** | Ҳәр бир талабанды жақлап берилген даўыслар саны: | |

| **қ/т** | **Депутатлыққа талабанның фамилиясы, аты, әкесиниң аты** *(әлипбе тәртибинде)* | **Депутатлыққа талабанды көрсеткен сиясий партияның аты** | **Депутатлыққа талабанды жақлап берилген даўыслар саны** |
|---|---|---|---|
| **1.** | | | |
| **2.** | | | |
| **3.** | | | |
| **4.** | | | |
| **5.** | | | |

| | | |
|---|---|---|
| **8.** | Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери саны | |

| Комиссиядағы ўазыйпасы | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Имза |
|---|---|---|
| Комиссия баслығы | | |
| Комиссия баслығының орынбасары | | |
| Комиссия хаткери | | |
| Комиссия ағзалары | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| Баянлама дүзилген сәне | *жыл* *күн, ай* | *М.О.* |

**ЕСЛЕТПЕ!**

Баянлама дүзилиўи менен оның биринши нусқасы белгиленген тәртипте округ сайлаў комиссиясына жибериледи.

Баянламаның екинши нусқасы комиссия ағзаларының айрықша пикирлери (егер бундай пикирлери болса); даўыс бериў ямаса даўысларды санап шығыў ўақтында жол қойылған кемшиликлер ҳаққында келип түскен мүрәжатлар, бул мүрәжатлар бойынша комиссияның қабыл еткен қарарлары; сайлаў қутыларын пломбалаў бойынша дүзилген акт; сайлаў бюллетенлери ҳәм де тағы басқа сайлаў ҳүжжетлери менен бирге участка сайлаў комиссиясында сақланады.

Баянламаның 6-пунктинде көрсетилген сан баянламаның 7-пункти 1, 2, 3, 4 ҳәм 5-қатарлардағы ҳәм 8-пунктиндеги санлар жыйындысына тең (6-пункт = 7-пункттиң қатарлар жыйындысы + 8-пункт) болыўы керек.

*(4-Қосымша)*

**ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ РАЙОН (ҚАЛА) КЕҢЕСИНЕ САЙЛАЎ**

20___-жыл «___» ___________

# УЧАСТКА САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ САЙЛАЎ УЧАСТКАСЫНДА ДАЎЫСЛАРДЫ САНАП ШЫҒЫЎ НӘТИЙЖЕЛЕРИ ҲАҚҚЫНДАҒЫ

# Б А Я Н Л А М А С Ы

| | |
|---|---|
| Район, қала аты | |
| Сайлаў округының номери ҳәм аты | |
| Сайлаў участкасы номери | |

сайлаў участкасында Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 24, 54, 94-статьяларына муўапық участка сайлаў комиссиясы тәрепинен даўысларды санап шығыў нәтийжесинде төмендегилер анықланды:

| | | |
|---|---|---|
| **1.** | Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма саны | |
| **2.** | Участка сайлаў комиссиясы алған сайлаў бюллетенлери саны | |
| **3.** | Мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар саны | |
| **4.** | Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлериниң улыўма саны | |
| **5.** | Сайлаў бюллетенлерин алған (соның ишинде мүддетинен алдын) сайлаўшылар саны | |
| **6.** | Сайлаў қутыларындағы сайлаў бюллетенлери саны (даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылар) | |
| **7.** | Ҳәр бир талабанды жақлап берилген даўыслар саны: | |

| к/т | **Депутатлыққа талабанлардың фамилиясы, аты, әкесиниң аты** *(әлипбе тәртибинде)* | **Депутатлыққа талабанды көрсеткен сиясий партияның аты** | **Депутатлыққа талабанды жақлап берилген даўыслар саны** |
|---|---|---|---|
| **1.** | | | |
| **2.** | | | |
| **3.** | | | |
| **4.** | | | |
| **5.** | | | |

| | | |
|---|---|---|
| **8.** | Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери саны | |

Нызамшылық палатасы ҳәм жергиликли Кеңеслер депутатлары сайлаўы бир ўақытта өткерилип атырған болса, участкалық сайлаў комиссиясының даўыс бериў тамамланғаннан кейинги даўыс бериў нәтийжелерин анықлаў бойынша ҳәрекетлери:

**1-НӘЎБЕТТЕ:**

Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўы бойынша (алдын бир мандатлы, кейин бирден-бир сайлаў округи бойынша);

**2-НӘЎБЕТТЕ:**

халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша;

**3-НӘЎБЕТТЕ:**

халық депутатлары район, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша әмелге асырылады.

Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы ямаса баслық орынбасары тәрепинен комиссия ағзаларының даўыс бериў тамамланғанынан кейин төмендеги 5-қосымшада келтирилген ўазыйпалар бөлистирилиўине муўапық белгиленеди ҳәм қосымшадағы схемадан даўысларды санаў процесинде пайдаланылады.

*(5-Қосымша)*

**Даўысларды санап шығыўда участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен әмелге асырылатуғын**

## ЎАЗЫЙПАЛАР БӨЛИСТИРИЛИЎИ

| УСК ағзалары | Улыўма әмел етилиўи керек болған қағыйдалар |
|---|---|

**Сайлаў күни орынлайтуғын тийкарғы ўазыйпалары**

Сайлаўшылардың даўысларын санап шығыў тек ғана даўыс бериў бинасында өткериледи.

Сайлаў қутыларын саат 20:00 ден алдын ашыў ҳәм даўысларды санап шығыўға жол қойылмайды.

Сайлаўшылардың даўысларын санап шығыў участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен сайлаў қутыларында бар болған сайлаў бюллетенлери бойынша әмелге асырылады.

Участкалық сайлаў комиссиялары тәрепинен даўысларды санап шығыў, даўысларды санап шығыў нәтийжелери хаққындағы баянламаларды толтырыў процесинде төмендегилер тайын болыўы мүмкин:

– бақлаўшылар;

– сиясий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери;

– ғалаба хабар кураллары ўәкиллери.

Бул процесте участкалық сайлаў комиссиясы бинасында тайын болыўға руқсат етилген шахслардан тысқары басқа адамлардың болыўы қадаған етиледи.

Даўысларды санап шығыў процесинде қатнасып атырған сиясий партияның ўәкилликли ўәкили, бақлаўшылар участкалық сайлаў комиссиясы баянламасының тастыйықланған көширме нусқасын сорап алыўға ҳақлы.

| УСК ағзалары | Баслық |
|---|---|

## Сайлаў күни орынлайтуғын тийкарғы ўазыйпалары

**Саат 20:00 де даўыс бериў жуўмақланғанлығын дағаза етеди.**

Сайлаў участкасы имаратында болған сайлаўшыларға даўыс бериў ушын имканият жаратады (егер сайлаўшылар бар болса).

Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен даўысларды санаў процесин нызамшылықта белгиленген ҳәрекетлер избе-излигинде әмелге асырылыўын шөлкемлестиреди.

1-ҳәрекет: **СПБМСна жуўапкер болған 5 ҳәм 6 – ағзаға** пайдаланылмаған ҳәм бузылған сайлаў бюллетенлерин санап шығыў бойынша тапсырма береди ҳәм де қадағалайды.

Хаткерге пайдаланылмаған ҳәм бузылған сайлаў бюллетенлери санын жуўмақлаўшы баянламаға киргизилиўи бойынша тапсырма береди.

Барлық дәрежедеги сайлаўлар бойынша бул ҳәрекетлерди избе-из әмелге асырылыўын шөлкемлестиреди.

2-ҳәрекет: **Баслық орынбасарына** сайлаўшылар дизими (сайлаўшылар дизими қосымшасы) бойынша участкадағы сайлаўшылардың улыўма санын анықлаў бойынша тапсырма береди.

Баслық орынбасарынан алған мағлыўматларды:

– алдын, сайлаўшылар дизими бойынша анықланған сайлаўшылар санын, кейин сайлаўшылар дизиминиң қосымшасына киргизилген сайлаўшылар санын дағазалайды.

Хаткерге бул мағлыўматларды улыўмаластырған ҳалда жуўмақлаўшы баянламаға киргизиў бойынша тапсырма береди.

Барлық дәрежедеги сайлаўлар бойынша бул ҳәрекетлерди избе-из әмелге асырылыўын шөлкемлестиреди.

3-ҳәрекет: **Сайлаўшыларға сайлаў бюллетенлерин бериўге жуўапкер болған 8, 9, 10, 11-ағзаларға** сайлаўшылар дизими (сайлаўшылар дизими қосымшасы, сайлаўшылар дизиминен көширме) ниң ҳәр бир бетине сайлаў бюллетени алғанлығы ҳаққында қол қойған сайлаўшылардың қоллары саналыўы ҳәм сол беттиң төменги оң тәрепине бул мағлыўматларды киргизиў ҳәм қол қойыў бойынша тапсырма береди.

Сайлаўшыларға сайлаў бюллетенлерин бериўге жуўапкер болған 8, 9, 10, 11-ағзалар тәрепинен усыныс етилген мағлыўматларды:

– **биринши нәўбетте**, тийкарғы сайлаўшылар дизиминиң барлық бетлери бойынша улыўма мағлыўматларды дағазалайды;

– **екинши нәўбетте**, сайлаўшылар дизими қосымшасының бетлери бойынша улыўма мағлыўматларды дағазалайды;

– **үшинши нәўбетте**, сайлаўшылар дизими көширмесиниң бетлери бойынша улыўма мағлыўматларды дағазалайды;

– **төртинши нәўбетте**, сайлаўшылар дизими (сайлаўшылар дизими қосымшасы, сайлаўшылар дизиминен көширме)ниң барлық бетлери бойынша жуўмақлаўшы мағлыўматларды улыўмаластырады, сайлаўшылар дизиминиң ақырғы бетине киргизеди ҳәм дағазалайды. Сайлаўшылар дизиминиң ақырғы бетине қол қояды ҳәм участкалық сайлаў комиссиясының мөри менен тастыйықлайды.

Соннан кейин, хаткерге бул мағлыўматларды жуўмақлаўшы баянламаға киргизиў бойынша тапсырма береди.

Барлық дәрежедеги сайлаўлар бойынша бул ҳәрекетлердиң избе-из әмелге асырылыўын шөлкемлестиреди.

4-ҳәрекет: **Баслық орынбасарына** участкалық сайлаў комиссияның сейфинде сақланып атырған мүддетинен алдын даўыс бериў бюллетенлери салынған жабық конвертлерди алып келиў ҳәм сайлаў қутысына таслаў бойынша тапсырма береди.

5-ҳәрекет: **Баслық орынбасарына** сайлаў қутыларындағы пломбалардың номерлерин пломбалаў акты менен салыстырыў бойынша тапсырма береди.

6-ҳәрекет: **Сайлаўшыларға сайлаў бюллетенлерин бериўге жуўапкер болған 8, 9, 10, 11-ағзаларға** даўысларды санаўды баслаў ушын столларды бирлестириў, бул столлар үстиндеги барлық жазыў буйымлары (ручка, қәлем ҳәм басқа қураллар) ҳәмmениң көз алдында шетке алып қойыў бойынша тапсырма береди.

**Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин қадағалаўға жуўапкер болған 7-ағзаға ҳәм де сайлаўшыларға сайлаў бюллетенлерин бериўге жуўапкер болған 8, 9, 10, 11-ағзаларға:**

– стационар ҳәм көшпели сайлаў қутыларын ашыў ҳәм бюллетенлерди стол үстине төгиў бойынша тапсырма береди.

**Нызамшылық палатасы ҳәм жергиликли Кеңеслер депутатлары сайлаўы бир ўақытта өткерилип атырғанда:**

7-ҳәрекет: Нызамшылық палатасына (алдын бир мандатлы, кейин бирден-бир сайлаў округи бойынша), тийисли халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық, районлық, қалалық Кеңеси сайлаўына тийисли сайлаў бюллетенлерин бөлек-бөлек ажыратып алыў, санаў ҳәм тийисли сайлаўда даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылар (сайлаў қутыларындағы сайлаў бюллетенлери) санын анықлаў бойынша тапсырма береди.

**комиссия ағзалары** усыныс еткен мағлыўматлар бойынша сайлаўда даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылар (сайлаў қутыларындағы сайлаў бюллетенлери) санын анықлайды ҳәм хаткерге бул мағлыўматларды жуўмақлаўшы баяналамаға киргизиў бойынша тапсырма береди.

8-ҳәрекет: ҳәр бир талабанды ямаса сиясий партияны жақлап берилген даўыслар бойынша сайлаў бюллетенлерин оқып еситтирген ҳәм көрсеткен ҳалда бөлек-бөлек байламларға ажыратыў бойынша тапсырма береди.

Барлық дәрежедеги сайлаўлар бойынша бул ҳәрекетлердиң избе-из әмелге асырылыўын шөлкемлестиреди.

9-ҳәрекет: ҳәр бир талабанды ямаса сиясий партияны жақлап берилген даўысларды бөлек-бөлек санап шығыў, ҳәр бир талабанды ямаса сиясий партияны жақлап берилген даўыслар санын анықлаў бойынша тапсырма береди.

**комиссия ағзалары** усыныс еткен мағлыўматларды дағазалайды ҳәм Хаткерге бул санларды жуўмақлаўшы баянламаға киргизиў бойынша тапсырма береди.

10-ҳәрекет: Ҳәр бир талабанды ҳәм сиясий партияны жақлап берилген сайлаў бюллетенлерин бөлек-бөлек байлам етип ораў, егер де, ҳақыйқый емес деп табылған (егер сондай бюллетенлер бар болса) сайлаў бюллетенлерин, санап шығыў, бөлек байлам етип ораў, ҳәр бир орам үстине санын, қайсы сайлаўға тийислилигин, сайлаў округиниң атын ҳәм де тәртип номерин жазыў бойынша тапсырма береди.

**Зәрүр ҳәрекетлер әмелге асырылғанынан кейин комиссия жуўмақлаўшы жыйналыс өткереди.**

Даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққында баянлама дүзиўден алдын тайын болғанлар итибарына даўыс бериў күнинде ҳәм даўысларды санап шығыў тамамланғанша комиссияға келип түскен шағымлар (арзалар) ҳәм олар бойынша қабыл етилген қарарлар ҳаққында мәлимлеме береди.

Тийисли баянламаға қосымша етилетуғын актлар ҳәм басқа ҳүжжетлерди көрсетип өтеди.

Комиссия искерлиги бойынша келиспеўшиликлер, шағымлар бар-жоқ екенлигин анықлайды, зәрүрлик болса, комиссия бул келиспеўшилик ямаса шағымларды көрип шығады ҳәм қарар қабыл етеди.

Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаны тастыйықлаў ҳаққында қарар қабыл етеди.

Соннан кейин сайлаў участкасында **даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянлама (еки нусқада) толтырылады**, баянлама участкалық сайлаў комиссиясының барлық ағзалары тәрепинен қол қойылады ҳәм участкалық сайлаў комиссиясы мөри менен тастыйықланади.

Барлық дәрежедеги сайлаўлар бойынша бул ҳәрекетлердиң избе-из әмелге асырылыўын шөлкемлестиреди.

Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасына қандай да бир тәризде өзгерислер киргизиўге жол қойылмайды.

Егер участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын толтырыў ўақтында комиссияның айырым ағзалары тайын болмаса, бул ҳаққында жыйналыс баянламасында олардың тайын болмағанлығы себеплери көрсетип өтиледи.

Соннан кейин участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын оқып еситтиради.

Баслық орынбасары ҳәм хаткерге участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасының көширме нусқасын мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда тезлик пенен Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўында аймақлық сайлаў комиссиясына, халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўында округлық сайлаў комиссиясына, халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўында болса тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиясына усыныў ҳәм де баянламаның көширме нусқасын ҳәмме танысып шығыўы ушын участкалық сайлаў комиссиясы бинасына тезлик пенен қыстырып қойыў бойынша тапсырма береди.

Тийисли сайлаў комиссиясынан баянламаның көширме нусқасы тексерилиўин ҳәм олардан жуўап келиўин күтеди.

Аймақлық, районлық, қалалық ҳәм округлық сайлаў комиссиясы мәлимлеме-коммуникация технологиялары арқалы алынған участкалық сайлаў комиссиясының баянламасы дурыс ямаса надурыс толтырылғанлығын тексереди.

Участкалық сайлаў комиссиясының баянламасында сәўлелендирилген мағлыўматларда сәйкес емесликлер анықланған жағдайда, аймақлық, районлық, қалалық ямаса округлық сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссиясына өз мәжилисинде бул сәйкес емесликлерди сапластырыўын түсиндиреди.

Егер баянламада сәйкес емесликлер анықланған жағдайда, комиссия баслығы комиссия мәжилисин өткизеди ҳәм анықланған сәйкес емесликлерди қайта көрип шығып сапластырады. Алдынғы баянламаны тийкарлары көрсетилген ҳалда бийкарлаў ҳаққында қарар қабыл етеди ҳәм де жаңа қарар менен дүзетилген баянлама тастыйықланады.

Соннан кейин участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында **даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын оқып еситтиреди.**

**Баслық орынбасары ҳәм хаткерге** ажыратылған ҳалда таярлап қойылған «Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери», «Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери» ҳәм де ҳәр бир талабан ҳәм сиясий партия бойынша бөлек-бөлек байлам етип оралған сайлаў бюллетенлерин ҳәм де басқа ҳүжжетлерди арнаўлы қапқа жайластырыў бойынша тапсырма береди.

Сайлаў бюллетенлери салынған қалта тийислинше архивке тапсырылғанға шекем комиссия баслығының бөлмесинде сақланады ҳәм де бул бөлме (жай) ишки ислер ямаса миллий гвардия хызметкерлери тәрепинен қорғалады.

**Баслық орынбасары ҳәм хаткерге ҳәмме** танысып шығыўы ушын қыстырып қойылған баянламаны жаңасы менен алмастырыў ҳәм тазадан толтырылған баянламаның көширме нусқасын мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда тийислисинше аймақлық, районлық, қалалық ямаса округлық сайлаў комиссиясына усыныў бойынша тапсырма береди.

Тийисли сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссиясының баянламасы туўры толтырылғанлығын тастыйықлағаннан кейин, Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўы бойынша жуўмақлаўшы баянламаның биринши түп нусқасын ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырады.

| УСК ағзалары | Баслық орынбасары |
|---|---|

### Сайлаў күни орынлайтуғын тийкарғы ўазыйпалары

**Баслықтың тапсырмасына тийкарланып сайлаўшылар дизими** (сайлаўшылар дизими қосымшасы) бойынша участкадағы сайлаўшылардың улыўма санын анықлайды, бунда басқа сайлаў участкасында даўыс бергенлиги ҳаққында мағлыўмат киргизилгенлер (яғный басқа сайлаў участкасында даўыс бергенлердиң) санын улыўма сайлаўшылар санынан шығарады ҳәм бул мағлыўматларды баслыққа усыныс етеди.

**Баслықтың тапсырмасына тийкарланып** участкалық сайлаў комиссиясының ағзалары қатнасында комиссияның сейфинде сақланып атырған мүддетинен алдын даўыс бериў бюллетенлери салынған жабық конвертлерди алып келеди ҳәм сайлаў қутысына ҳәмменниң көз алдында бөлек-бөлек таслайды.

**Баслықтың тапсырмасына тийкарланып** Стационар сайлаў қутысындағы пломбалардың санларын даўыс шығарып, пломбалаў актындағы пломбалардың санлары менен салыстырады. Көшпели сайлаў қутысындағы пломбалардың санларын даўыс шығарып пломбалаў актындағы пломбалардың санлары менен салыстырады.

**Баслықтың тапсырмасына тийкарланып** ажыратылған халда таярлап қойылған «Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери», «Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери» ҳәм де ҳәр бир талабан ҳәм сиясий партия бойынша бөлек-бөлек байлам етип оралған сайлаў бюллетенлерин арнаўлы қапқа жайластырады.

Сайлаў бюллетенлери жайластырылғаннан соң, сайлаўшылар дизими ҳәм даўысларды санап шығыў бойынша баянламаның екинши нусқасы ҳәм оған қосымша етилген ҳүжжетлер де қапқа жайластырылады.

Қапқа сайлаў участкасының номери ҳәм ишиндеги ҳүжжетлер дизими көрсетилген мағлыўмат та салынады.

Қапты пломбалайды ҳәм қаптың пломбаланғанлығы ҳаққында акт дүзеди ҳәм де ўақытша сақлаў ушын комиссия баслығының ханасына жайластырады.

Тийисли сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссиясының баянламасы туўры толтырылғанлығын тастыйықлағаннан кейин, халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша жуўмақлаўшы баянламаның биринши түп нусқасын ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында округлық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырады.

| УСК ағзалары | Хаткер |
|---|---|

**Сайлаў күни орынлайтуғын тийкарғы ўазыйпалары**

**Баслық дағазалаған** төмендеги мағлыўматларды жуўмақлаўшы баянламаға киргизип барады:

**Биринши**, пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлериниң улыўма санын;

**Екинши**, сайлаў бюллетенлерин алған сайлаўшылар санын;

**Үшинши**, сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма санын;

**Төртинши**, сайлаў қутыларындағы сайлаў бюллетенлери саны (даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылар) санын;

**Бесинши**, ҳәр бир талабанды (ҳәр бир сиясий партияны) жақлап берилген даўыслар санын;

**Алтыншы**, ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери саны;

**Баслық тапсырмасына тийкарланып:**

**а) даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаны (еки нусқада) толтырады.**

**б) Баслық орынбасары менен биргеликте:** участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасының көширме нусқасын мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған халда тезлик пенен Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўында аймақлық сайлаў комиссиясына, халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўында округлық сайлаў комиссиясына, халық депутатлары район, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўында болса тийисли район, қала сайлаў комиссиясына усыныс етеди;

в) баянламаның көширме нусқасын ҳәмме танысып шығыўы ушын участкалық сайлаў комиссиясы бинасына кеминде 48 саат мүддетке тезлик пенен қыстырып қояды;

г) ажыратылған ҳалда таярлап қойылған «Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери», «Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери» ҳәм де ҳәр бир талабан ҳәм сиясий партия бойынша бөлек-бөлек байлам етип оралған сайлаў бюллетенлерин, соның менен бирге сайлаўшылар дизими ҳәм даўысларды санап шығыў бойынша баянламаның екинши нусқасы ҳәм оған қосымша етилген ҳүжжетлерди, сайлаў участкасының номери ҳәм ишиндеги ҳүжжетлер дизими көрсетилген мағлыўмат арнаўлы қапқа жайластырады;

д) Қапты пломбалайды ҳәм қалтаның пломбаланғанлығы ҳаққында акт дүзеди ҳәм де ўақытша сақлаў ушын комиссия баслығының ханасына жайластырады;

Тийисли сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссиясының баянламасы дурыс толтырылғанлығын тастыйықлағаннан кейин, халық депутатлары район, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша жуўмақлаўшы баянламаның биринши түп нусқасын ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында район, қала сайлаў комиссиясына алып барып тапсырады.

| УСК ағзалары | 4-ағза (Сайлаўшылардың сайлаў участкасына нәўбет пенен кириўин қадағалаўшы) |
|---|---|

**Сайлаў күни орынлайтуғын тийкарғы ўазыйпалары**

Сайлаў участкасының кириў жеринде турады, саат 20:00 де даўыс бериў тамамланғанлығы дағаза етилгенинен, соның менен бирге сайлаў участкасы бинасында тайын болған сайлаўшылар даўыс берип болып, бинадан шығып кеткенинен кейин қапыны жабады ҳәм ҳеш кимди киргизбейди.

Участкалық сайлаў комиссиялары тәрепинен даўысларды санап шығыў, даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды толтырыў процесинде тайын болған бақлаўшылар, сиясий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери ямаса ғалаба хабар қураллары ўәкиллери өзлери ушын ажыратылған орынларда болыўын, участкалық сайлаў комиссиясының даўысларды санап шығыў, даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды толтырыў процесине кесент етпеўин қадағалап турады.

| УСК ағзалары | 5, 6-ағза (СПБМСна жуўапкер) |
|---|---|

**Сайлаў күни орынлайтуғын тийкарғы ўазыйпалары**

**Баслық тапсырмасына** тийкарланып пайдаланылмаған ҳәм бузылған сайлаў бюллетенлерин санап шығады, санларды улыўмаластырады ҳәм жоқары шеп мүйешин кесиў жолы менен бийкар етеди ҳәм де олардың санын баслыққа хабарлайды.

Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлерин байлам етип орайды, үстине «Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери» деп жазады, жанына олардың санын, қайсы сайлаўға тийислилигин, сайлаў округиниң аты ҳәм тәртип номерин жазады.

| УСК ағзалары | **Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин бақлаўға жууапкер болған 7-ағза ҳәм де сайлаўшыларға сайлаў бюллетенлерин бериўге жууапкер болған 8, 9, 10, 11-ағзалар** |
|---|---|

**Сайлаў күни орынлайтуғын тийкарғы ўазыйпалары**

**Баслық тапсырмасына тийкарланып:**

**Биринши**, сайлаўшылар дизими, сайлаўшылар дизими қосымшасы, сайлаўшылар дизиминен көширмениң ҳәр бир бетине сайлаў бюллетени алғанлығы ҳаққында қол қойған сайлаўшылардың қолларын санайды ҳәм сол беттиң төменги оң тәрепине бул мағлыўматларды киргизеди. (Еслетпе: бул мағлыўматлар киргизилгенинен кейин сайлаўшылар дизими, сайлаўшылар дизими қосымшасы, сайлаўшылар дизиминен көширмениң ҳәр бир бети бул мағлыўматларды киргизген комиссия ағзасы тәрепинен қол қойылады ҳәм барлық бетлердеги санлар бөлек-бөлек етип улыўмаластырылады. Улыўмаластырылған мағлыўматлар баслыққа тапсырылады).

**Екинши**, даўысларды санаўды баслаў ушын столларды бирлестиреди, бул столлар үстиндеги барлық жазыў буйымларын (ручка, қәлем ҳәм басқа қуралларды) ҳәммениң көз алдында шетке алып қояды.

**Үшинши**, алдын стационар, кейин көшпели сайлаў қутыларын ашады ҳәм сайлаў қутысы ишиндеги бюллетенлерди стол үстине төгеди.

**Төртинши**, Нызамшылық палатасы (алдын бир мандатлы, кейин бирден-бир сайлаў округи бойынша), тийисли халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық, районлық, қалалық Кеңеси сайлаўына тийисли сайлаў бюллетенлерин бөлек-бөлек топламларға ажыратады. Соннан кейин, бөлек-бөлек топлам етип ажыратылған сайлаў бюллетенлерин санаў процеси басланады.

Бунда:

**Биринши нәўбетте**, Нызамшылық палатасына бир мандатлы сайлаў округи сайлаўына тийисли сайлаў бюллетенлерин санап шығады ҳәм анықланған санды Баслыққа усыныс етеди;

**Екинши нәўбетте**, Нызамшылық палатасы бирден-бир сайлаў округи сайлаўына тийисли (сиясий партияларға берилген даўыслар) сайлаў бюллетенлерин санап шығады ҳәм анықланған санды Баслыққа усыныс етеди.

**Үшинши нәўбетте**, халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси сайлаўына тийисли сайлаў бюллетенлерин санап шығады ҳәм анықланған санды Баслыққа усыныс етеди.

**Төртинши нәўбетте**, халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси сайлаўына тийисли сайлаў бюллетенлерин санап шығады ҳәм анықланған санды Баслыққа усыныс етеди.

Баслық тапсырмасына тийкарланып ҳәр бир талабанды ҳәм сиясий партияны жақлап берилген даўыслар бойынша сайлаў бюллетенлерин оқып еситтирген ҳәм көрсеткен ҳалда бөлек-бөлек байламларға ажыратады.

Бунда:

**Биринши нәўбетте**, Нызамшылық палатасына бир мандатлы сайлаў округи бойынша ҳәр бир талабанды жақлап берилген даўыслар бойынша сайлаў бюллетенлерин оқып еситтирген ҳәм көрсеткен ҳалда бөлек-бөлек байламларға ажыратады, санап шығады ҳәм анықланған санды Баслыққа усыныс етеди;

**Екинши нәўбетте**, Нызамшылық палатасы бирден-бир сайлаў округи бойынша сиясий партияларды жақлап берилген даўыслар бойынша сайлаў бюллетенлерин оқып еситтирген ҳәм көрсеткен ҳалда бөлек-бөлек байламларға ажыратады, санап шығады ҳәм анықланған санды Баслыққа усыныс етеди;

**Үшинши нәўбетте**, халық депутатлары ўәлаятлық, Ташкент қалалық Кеңеси сайлаўы бойынша ҳәр бир талабанды жақлап берилген даўыслар бойынша сайлаў бюллетенлерин оқып еситтирген ҳәм көрсеткен ҳалда бөлек-бөлек байламларға ажыратады, санап шығады ҳәм анықланған санды Баслыққа усыныс етеди;

**Төртинши нәўбетте**, халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси сайлаўы бойынша ҳәр бир талабанды жақлап берилген даўыслар бойынша сайлаў бюллетенлерин оқып еситтирген ҳәм көрсеткен ҳалда бөлек-бөлек байламларға ажыратады, санап шығады ҳәм анықланған санды Баслыққа усыныс етеди;

Сайлаў бюллетениниң ҳақыйқыйлығы гүман туўдырғанда, бул мәселе участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен даўысқа қойыў арқалы шешиледи.

Баслық тапсырмасына тийкарланып ҳәр бир талабанды ҳәм сиясий партияны жақлап берилген сайлаў бюллетенлерин бөлек-бөлек байлам етип орайды. Байламда ҳәр бир талабанның фамилиясы, аты ҳәм әкесиниң атын жазады, оны жақлап берилген даўыслар санын, қайсы сайлаўға тийислилигин ҳәм сайлаў округиниң атын ҳәм де тәртип номерин көрсетеди. Соның менен бирге, Нызамшылық палатасына бирден-бир сайлаў округи бойынша өткерилген сайлаўда ҳәр бир сиясий партияның атын жазып, даўыслар санын көрсетеди.

Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери бар болса, оларды бөлек байлам етип орайды. Байламға «Ҳақыйқый емес деп табылған бюллетенлер» деп жазылады, олардың санын, қайсы сайлаўға тийислилигин, сайлаў округиниң атын ҳәм тәртип номерин жазады.

Барлық дәрежедеги сайлаўлар бойынша бул ҳәрекетлерди избе-из әмелге асырады.

***Түсиндирме:*** *Участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларының саны 11 ден көп ямаса кем болған жағдайларда комиссия ағзалары арасындағы ўазыйпалар бөлистирилиўин комиссия баслығы муўапықластырады.*



## ДАЎЫСЛАРДЫ САНАЎ ПРОЦЕСИ




**4-ағза –** Сайлаўшылардың сайлаў участкасына кириўин тәртипке салыўшы ағза
**5-6-ағзалар –** СПБМС бойынша қәнийге ағза
**7-ағза –** Сайлаў қутысына сайлаў бюллетенлерин таслаў процесин қадағалаўшы ағза
**8-11 ағзалар –** Сайлаў бюллетенлерин сайлаўшыға беретуғын ағза

## 2. ДАЎЫСЛАРДЫ САНАП ШЫҒЫЎ ПРОЦЕСИНДЕГИ ҲӘРЕКЕТЛЕР ИЗБЕ-ИЗЛИГИ

Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары даўыс бериў тамамланғанынан кейин, нызамшылықта белгиленген ҳәрекетлер избе-излигинде **төмендеги ўазыйпаларды әмелге асырады:**

**1-ҲӘРЕКЕТ:**



пайдаланылмаған ҳәм бузылған сайлаў бюллетенлери санап шығылады ҳәм жоқары шеп мүйешин кесиў жолы менен бийкар етиледи, бул ҳаққында жуўмақлаўшы баянламаға тийисли жазыў киргизиледи. Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлерин байлам етип орап, үстине «Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери» деп жазып, қасына олардың санын, қайсы сайлаўға тийислилигин, сайлаў округиниң аты ҳәм тәртип номерин жазады.

**2-ҲӘРЕКЕТ:**



сайлаўшылар дизими (сайлаўшылар дизими қосымшасы) бойынша участкадағы сайлаўшылардың улыўма саны анықланады, басқа сайлаў участкасында даўыс бергенлиги ҳаққында мағлыўмат киргизилгенлер улыўма саннан шығарылады. Соннан кейин, комиссия баслығы тәрепинен, биринши нәўбетте сайлаўшылар дизими бойынша анықланған сайлаўшылар саны, екинши нәўбетте сайлаўшылар дизиминиң қосымшасына киргизилген сайлаўшылар саны дағаза етиледи. Бул мағлыўматлар улыўмаластырылған ҳалда жуўмақлаўшы баянламаға киргизиледи.

**3-ҲӘРЕКЕТ:**



сайлаўшылар дизими (сайлаўшылар дизими қосымшасы, сайлаўшылар дизиминен көширме) ниң ҳәр бир бетине сайлаў бюллетени алғанлығы ҳаққында қол қойған сайлаўшылардың қоллары есапланады ҳәм сол беттиң төменги оң тәрепине бул мағлыўматлар киргизиледи;
мағлыўматлар киргизилгеннен кейин сайлаўшылар дизими (сайлаўшылар дизими қосымшасы, сайлаўшылар дизиминен көширме) ниң ҳәр бир бетине бул мағлыўматларды киргизген комиссия ағзасы тәрепинен қол қойылады ҳәм барлық бетлердеги санлар улыўмаластырылады ҳәм анықланған мағлыўматлар сайлаўшылар дизиминиң ақырғы бетине киргизиледи, баслық қолы ҳәм участкалық сайлаў комиссиясының мөри менен тастыйықланады. Соннан кейин, бул мағлыўматлар жуўмақлаўшы баянламаға киргизиледи.

## 4-ҲӘРЕКЕТ:



сайлаў қутыларын ашыўдан алдын участкалық сайлаў комиссиясының ағзалары қатнасында комиссияның сейфинде сақланып атырған мүддетинен алдын даўыс бериў бюллетенлери салынған жабық конвертлер сайлаў қутысына ҳәмменин көз алдында бөлек-бөлек тасланады.

## 5-ҲӘРЕКЕТ:



сайлаў қутыларындағы пломбалардың номерлери пломбалаў акты менен салыстырылады.

## 6-ҲӘРЕКЕТ:



даўысларды санаўды баслаўдан алдын столлар бирлестириледи, бул столлар үстиндеги барлық жазыў буйымлары (ручка, қәлем ҳәм басқа қураллар) ҳәмменин көз алдында шетке алып қойылады.

## 7-ҲӘРЕКЕТ:



стационар ҳәм көшпели сайлаў қутылары ашылады. Бюллетенлер стол үстине төгиледи. Конвертлер ашылады ҳәм бөлек сақланады.
Егер Нызамшылық палатасы ҳәм жергиликли Кеңеслер депутатлары сайлаўы бир ўақытта өткерилип атырған болса - Нызамшылық палатасы (бир мандатлы ҳәм бирден-бир сайлаў округи) сайлаўына байланыслы, тийисли халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси сайлаўына тийисли, район, қалалық Кеңеси сайлаўына тийисли сайлаў бюллетенлери бөлек-бөлек ажыратып алынады. Оннан кейин тийисли сайлаўда даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылар (сайлаў қутыларындағы сайлаў бюллетенлери) саны анықланады ҳәм де бул мағлыўматлар жуўмақлаўшы баянламаға киргизиледи.



## 8-ҲӘРЕКЕТ:

участкалық сайлаў комиссиясының ағзалары ҳәр бир талабанды ҳәм сиясий партияны жақлап берилген даўыслар бойынша сайлаў бюллетенлерин оқып еситтирген ҳәм көрсеткен ҳалда бөлек-бөлек байламларға ажыратады;
сайлаў бюллетенининң ҳақыйқыйлығы гүман туўдырғанда, мәселе участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен даўысқа қойыў арқалы шешиледи.

## 9-ҲӘРЕКЕТ:



ҳәр бир талабанды ҳәм сиясий партияны жақлап берилген даўыслар бөлек-бөлек санап шығылады, ҳәр бир талабанды ҳәм сиясий партияны жақлап берилген даўыслар саны анықланады ҳәм де жуўмақлаўшы баянламаға киргизиледи;
ҳәр бир талабанды ҳәм сиясий партияны жақлап берилген сайлаў бюллетенлери бөлек-бөлек байлам етип оралады. Байламда ҳәр бир талабанның фамилиясы, аты ҳәм әкесиниң аты жазылып, оны жақлап берилген даўыслар саны, қайсы сайлаўға тийислилиги ҳәм сайлаў округиниң аты ҳәм де тәртип номери көрсетиледи. Соның менен бирге, Нызамшылық палатасына бирден-бир сайлаў округи бойынша өткерилген сайлаўда ҳәр бир сиясий партияның аты жазылып, даўыслар саны көрсетиледи.

## 10-ҲӘРЕКЕТ:




төмендеги сайлаў бюллетенлери даўысларды санап шығыўда ҳақыйқый емес деп табылады:
белгиленбеген формадағы (көлеми, реңи, қағаз сапасы, баспахана шрифти ҳәм тағы басқалар бойынша парықланыўшы) сайлаў бюллетенлери;
участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланбаған сайлаў бюллетенлери;
сайлаўға шекем қайтыс болған, сайлаў ҳуқықынан айырылған ямаса талабанлықтан шақырып алынған талабанға жақлап даўыс берилген сайлаў бюллетенлери;
даўыс бериў ўақтында бирден артық квадратқа «+» ямаса «✓» яки «х» белгиси қойылған ямаса бир де квадратқа бундай белгилер қойылмаған сайлаў бюллетенлери.
Сайлаў бюллетенлерине қосымша түрде жазып қойылған пуқаралардың фамилиялары ямаса жазыўлар бойынша берилген даўыслар есапқа алынбайды ҳәм бул сайлаў бюллетенлери де ҳақыйқый емес деп табылады.

Ҳақыйқый емес деп табылған бюллетенлер санап шығылады, бөлек байлам етип оралады ҳәм олардың саны жуўмақлаўшы баянламаға киргизиледи. Байламда «Ҳақыйқый емес деп табылған бюллетенлер» деп жазылып, олардың саны, қайсы сайлаўға тийислилиги, сайлаў округиниң аты ҳәм тәртип номери көрсетиледи.

Егер Нызамшылық палатасы ҳәм жергиликли Кеңеслерге сайлаўлар бир ўақытта өткерилсе, онда жоқарыдағы ҳәр бир ҳәрекет барлық дәрежедеги сайлаўлар бойынша әмелге асырылғаннан соң, кейинги ҳәрекетке өтиледи.

## 3. УЧАСТКАЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯЛАРЫ ТӘРЕПИНЕН ДАЎЫС БЕРИЎ НӘТИЙЖЕЛЕРИН АНЫҚЛАЎ

Зәрүр хәрекетлер әмелге асырылғанынан кейин комиссия жуўмақлаўшы мәжилис өткереди. Онда даўыс бериў хәм даўысларды санап шығыў ўақтында жол қойылған нызам бузылыўлар ҳаққындағы шағым ямаса арзалар көрип шығылады.

Даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққында баянлама дүзиўден алдын комиссия баслығы тайын болғанлар итибарына даўыс бериў күнинде хәм даўысларды санап шығыў тамамланғанға шекем комиссияға келип түскен шағымлар (арзалар) хәм олар бойынша қабыл етилген қарарлар ҳаққындағы мағлыўматты жеткереди.

Тийисли баянламаға қосымша етилетуғын актлар хәм басқа ҳүжжетлерди көрсетип өтеди. Комиссия искерлиги бойынша келиспеўшиликлер, шағымлар бар-жоқ екенлигин анықлайды, зәрүрлик болса, комиссия бул келиспеўшилик ямаса шағымларды көрип шығады хәм қарар қабыл етеди.



Участкалық сайлаў комиссиясы сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаны тастыйықлаў ҳаққында қарар қабыл етеди.

Соннан кейин комиссия баслығы, баслық орынбасары, хаткери хәм басқа ағзалары тәрепинен даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянлама еки нусқада толтырылады, қол қойылады хәм участкалық сайлаў комиссиясы мөри менен тастыйықланади.

Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаға қандай да бир тәризде өзгерислер киргизиўге жол қойылмайды.

Егер участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын толтырыў ўақтында комиссияның айырым ағзалары қатнаса алмаса, бул ҳаққында мәжилис баянламасында олардың қатнаспағанлығы себеплери көрсетип өтиледи.

Соннан кейин, участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасы участкалық сайлаў комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары тәрепинен оқып еситтириледи хәм де усы баянламаның көширме нусқасы хәмме танысып шығыўы ушын участкалық сайлаў комиссиясы бинасына кеминде 48 саат мүддетте тезлик пенен қыстырып қойылады.

Даўысларды санап шығыў процесинде қатнасып атырған сиясий партияның ўәкилликли ўәкили, бақлаўшылар участкалық сайлаў комиссиясы баянламасының тастыйықланған көширме нусқасын сорап алыўға ҳақлы.

Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын қол қойыў ўақтында баянлама мазмуны бойынша наразы болған комиссия ағзасы өзиниң жеке пикирин баянламаға қосымша етиўге ҳақлы.

Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасының көширме нусқасы мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған халда тезлик пенен -

Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўында аймақлық сайлаў комиссиясына, халық депутатлары ўәлаятлық, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўында округлық сайлаў комиссиясына, халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўында болса тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиясына усыныс етиледи.

Аймақлық, районлық, қалалық ҳәм округлық сайлаў комиссиясы мәлимлеме-коммуникация технологиялары арқалы алынған участкалық сайлаў комиссиясының баянламасы дурыс ямаса надурыс толтырылғанлығын тексереди.

Участкалық сайлаў комиссиясының баянламасында сәўлелендирилген, даўысларды санап шығыў пайытында сәйкес емесликлер анықланған жағдайда, аймақлық, районлық, қалалық ямаса округлық сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссиясына өз мәжилисинде бул сәйкес емесликлерди сапластырыўын түсиндиреди.

Участкалық сайлаў комиссиясы өз мәжилисинде анықланған сәйкес емесликлерди қайта көрип шығып сапластырады. Алдынғы баянламаның тийкарлары көрсетилген ҳалда быйкарлаў ҳаққында қарар қабыл етеди ҳәм де жаңа қарар менен дүзетилген баянлама тастыйықланади. Ҳәмме танысып шығыўы ушын қыстырып қойылған баянлама жаңасы менен алмастырылады ҳәм жаңадан толтырылған баянлама тийислинше аймақлық, районлық, қалалық ямаса округлық сайлаў комиссиясына усыныс етиледи.

Тийисли сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссиясының баянламасы дурыс толтырылғанлығын тастыйықлағаннан кейин, баянламалардың биринши түп нусқасы ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында:

– комиссия баслығы тәрепинен Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўы бойынша тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына;

– баслық орынбасары тәрепинен халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша округлық сайлаў комиссиясына;

– комиссия хаткери тәрепинен халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша районлық, қалалық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырылады.

Аймақлық, районлық, қалалық ҳәм округлық сайлаў комиссиясы тәрепинен участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасы қабыл етилгенинен кейин, участкалық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары ҳәм хаткери ажыратылған ҳалда таярлап қойылған «Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери», «Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери» ҳәм де ҳәр бир талабан ҳәм сиясий партия бойынша бөлек-бөлек байлам етип оралған сайлаў бюллетенлерин арнаўлы қапқа жайластырады.

Сайлаў бюллетенлери жайластырылғаннан соң, сайлаўшылар дизими ҳәм даўысларды санап шығыў бойынша баянламаның екинши нусқасы ҳәм оған қосымша етилген ҳүжжетлер де қапқа жайластырылады. Қалтада сайлаў участкасының номери ҳәм ишиндеги ҳүжжетлер дизими көрсетиледи. Қалта пломбаланады ҳәм қалтаның пломбаланғанлығы ҳаққында акт дүзиледи ҳәм де ўақытша сақлаў ушын комиссия баслығының ханасына жайластырылады.

Сайлаў бюллетенлери салынған қалта тийислисинше архивке тапсырылғанға шекем комиссия баслығының ханасында ишки ислер ямаса миллий гвардия хызметкерлери тәрепинен қорғалады. Сайлаў бюллетенлери жайластырылған қалта тек судтың қарары менен ашылыўы мүмкин.

Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы қарарынан наразы болған талабанлар ямаса сиясий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери даўысларды қайта санап шығылыўын сорап тийисли судқа мүрәжат етиў ҳуқықына ийе.

**ИТИБАР БЕРИҢ!**

Сайлаў нызамшылығына муўапық даўысларды санап шығыў ҳәм нәтийжелерди белгилеў процеслерин белгиленген талапларға әмел еткен ҳалда шөлкемлестириў керек. Кери жағдайда, сайлаў нызамшылығы бузылады.

**Сол себепли участкалық сайлаў комиссиялары ағзалары төмендегилерге айрықша итибар бериўи керек:**

- сайлаў участкасында ўәкилликли (УСК ағзасы, жергиликли ҳәм шет ел бақлаўшылары, ҒХҚ ўәкиллери, сиясий партия ўәкилликли ўәкиллери) болмаған адамлардың даўысларды санаў процесинде қатнаспаўы;
- тийисли тәртипте алынған сайлаў бюллетенлериниң улыўма санын жәриялаў;
- пломбалардың номерлерин тийисли акт пенен салыстырыў;
- пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылған сайлаў бюллетенлерин санап шығыў ҳәм (ямаса) бийкар етиў;
- сайлаўшыларға берилген бюллетенлер санын анықлаў ҳәм бул мағлыўматларды жуўмақлаўшы баянламаға киргизиў;
- нызамшылықта белгилеп берилген даўысларды санаў избе-излигине қатаң әмел етиў;
- сайлаў қутысындағы бюллетенлер ҳәр бир сайлаў түрине қарап санап шығыў ҳәм ҳәр бир талабан бойынша өз алдына бөлек байламларға ажыратыў;
- жуўмақлаўшы баянламаның көширме нусқасын ҳәмме танысып шығыўы ушын участкалық сайлаў комиссиясы бинасына тезлик пенен қыстырып қойыў;
- сайлаў бюллетенлериниң ҳақыйқыйлығын белгиленген тәртипте анықлаў.

## ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ

1. Сайлаў күни саат 20:00 де даўыс бериў тамамланғанлығын участкалық сайлаў комиссиясында ким дағазалайды?

2. Қандай жағдайда саат 20:00 ден кейин де сайлаўшыларға даўыс бериў ушын мүмкиншилик бериледи?

3. Қандай сайлаў участкаларында даўыс бериў тамамланғанлығын 20:00 ден алдын жәриялаў мүмкин?

4. Дипломатиялық ўәкилликханалар жанында, әскерий бөлимлерде, санаторийларда, демалыў үйлеринде, емлеўханалар ҳәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде дүзилген сайлаў участкаларында қандай жағдайда даўыс бериў тамамланғанлығын қәлеген ўақытта жәриялаўы мүмкин?

5. Даўыс бериў процеси 20:00 ден алдын тамамланған сайлаў участкаларында даўысларды санап шығыў ўақытына шекем сайлаў қутыларын қандай ҳалда сақлайды?

6. Сайлаўшылардың даўысларын санап шығыў қандай бюллетенлер бойынша әмелге асырылады?

7. Сайлаўшылардың даўысларын санап шығыў тек ғана қай жерде өткериледи?

8. Участкалық сайлаў комиссиялары тәрепинен даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды толтырыў процесинде кимлер қатнасыўы мүмкин?

9. Даўысларды санап шығыў ўақтында ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери болыўы мүмкинбе?

10. Нызамшылық палатасы ҳәм жергиликли Кеңеслер депутатлары сайлаўы бир ўақытта өткерилип атырған болса, участкалық сайлаў комиссиясының даўыс бериў тамамланғанынан кейинги даўыс бериў нәтийжелерин анықлаў бойынша ҳәрекетлери нелерден ибарат болады?

11. Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўы бойынша сайлаў нәтийжелерин анықлаў қандай тәртипте әмелге асырылады?

12. Сайлаў нәтийжелерин анықлаў процесинде сайлаў участкасында сайлаўшылар дизими (сайлаўшылар дизими қосымшасы) бойынша участкадағы сайлаўшылардың улыўма санын анықлаў кимниң ўазыйпасы есапланады?

13. Сайлаўшылар дизими бойынша сайлаўшылар санын жуўмақлаўшы баянламаға киргизиў сайлаў участкасында кимниң ўазыйпасы?

14. Пайдаланылмаған ҳәм бузылған сайлаў бюллетенлери қандай жол менен бийкар етиледи?

15. Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлерин қандай тәртипте рәсмийлестиреди?

16. Басқа сайлаў участкасында даўыс бергенлиги ҳаққында мағлыўмат киргизилгенлер сайлаўшылардың улыўма санына қосыла ма?

17. Қандай сайлаў бюллетенлери даўысларды санап шығыўда ҳақыйқый емес деп табылады?

18. Участкалық сайлаў комиссиясының Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўы бойынша баянламалардың биринши түп нусқасы ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына ким алып барады?

19. Участкалық сайлаў комиссиясының халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша баянламалардың биринши түп нусқасы ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында округлық сайлаў комиссиясына ким алып барады?

20. УСКның халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша баянламалардың биринши түп нусқасы ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында районлық, қалалық сайлаў комиссиясына ким алып барады?

## ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ

**1. Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары саат нешеде даўыс бериў жуўмақланғанын жәриялайды?**

А. 21:00 де
Б. 20 :00 де
С. 19 :00 де
Д. 18:00 да

**2. Участкалық сайлаў комиссиясының мәлимлемелық-коммуникация технологиялары арқалы алынған баянламасы дурыс ямаса надурыс толтырылғанын ким тексереди?**

А. Аймақлық сайлаў комиссиясы ҳәм ўәлаят ҳәкимлиги
Б. Аймақлық, районлық, қалалық ҳәм округлық сайлаў комиссиясы
С. Районлық, қалалық ҳәм округлық сайлаў комиссиясы ҳәм де районлық, қалалық ҳәкимлик
Б. Орайлық сайлаў комиссиясы

**3. Округлық сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссияларынан қандай сайлаў бойынша сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды қабыл етип алады?**

А. Олий Мажлис Сенаты депутатлары сайлаўы бойынша
Б. Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўы бойынша
С. Халық депутатлары ўәлаятлық, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша
Д. Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңес депутатлары сайлаўы бойынша

**4. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясы участкалық сайлаў комиссияларынан қандай сайлаў бойынша сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды қабыл етип алады?**

А. Олий Мажлис Сенаты депутатлары сайлаўы бойынша
Б. Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўы бойынша
С. Халық депутатлары ўәлаятлық, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша
Д. Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша

**5. Участка бойынша сайлаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаны қол қойыў ўақтында баянлама мазмуны туўралы наразы болған комиссия ағзасының бөлек пикири қандай тәртипте рәсмийлестириледи?**

А. Бул пикир жазба түрде баянламаға қосымша етиледи
Б. Бул пикир жазба түрде бөлек тастыйықланады
С. Бул пикир тиккелей баянламаға киргизиледи
Д. Бул пикир инабатқа алынбайды

**6. Участкалық сайлаў комиссиясының дурыс толтырылған, жоқары турыўшы сайлаў комиссиялары тәрепинен тексерилген ҳәм белгиленген тәртипте тастыйықланған даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасы участкалық сайлаў комиссиясы имаратына қанша мүддетке қыстырылады?**

А. Кеминде 48 саат мүддетке

Б. Keминде 24 саат мүддетке
С. Keминде 36 саат мүддетке
Д. Keминде 8 саат мүддетке

**7. Участкалық сайлаў комиссиясының Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўы бойынша дурыс толтырылған баянламаларының биринши түп нусқасы ким тәрепинен тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырылады?**
А. Комиссия баслығы орынбасары тәрепинен
Б. Комиссия хаткери тәрепинен
С. Комиссияның жуўапкер ағзасы тәрепинен
Д. Комиссия баслығы тәрепинен

**8. Участкалық сайлаў комиссиясының халық депутатлары ўәлаятлық, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша дурыс толтырылған баянламалардың биринши түп нусқасы ким тәрепинен округлық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырылады?**
А. Комиссия баслығы орынбасары тәрепинен
Б. Комиссия хаткери тәрепинен
С. Комиссияның жуўапкер ағзасы тәрепинен
Д. Комиссия баслығы тәрепинен

**9. Участкалық сайлаў комиссиясының халық депутатлары районлық, қалалық Кеңес депутатларының сайлаўы бойынша дурыс толтырылған баянламаларының биринши түп нусқасы ким тәрепинен районлық, қалалық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырылады?**
А. Комиссия баслығы орынбасары тәрепинен
Б. Комиссия хаткери тәрепинен
С. Комиссияның жуўапкер ағзасы тәрепинен
Д. Комиссия баслығы тәрепинен

**10. Участкалық сайлаў комиссиясының дурыс толтырылған баянламаларының биринши түп нусқасы кимниң бақлаўында тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына, округлық сайлаў комиссиясына ҳәм районлық, қалалық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырылады?**
А. Мәмлекетлик қәўипсизлик хызмети хызметкерлери бақлаўында
Б. Жергиликли өзин-өзи басқарыў органы хызметкерлери бақлаўында
С. Ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында
Д. Прокуратура хызметкерлери бақлаўында

**11. Сайлаўшылардың даўысларын санап шығыў қандай бюллетенлер бойынша әмелге асырылады?**
А. Бузып қойылған сайлаў бюллетенлари бойынша әмелге асырылады
Б. Сайлаў қутыларында бар болған сайлаў бюллетенлери бойынша әмелге асырылады
С. Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери бойынша әмелге асырылады
Д. Пайдаланылмаған сайлаў бюллетенлери бойынша әмелге асырылады

**12. Участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаў нәтийжелерин есаплап шығарыў ўақтында басқа сайлаў участкасында даўыс бергени ҳаққында мағлыўмат киргизилгенлер сайлаўшылардың улыўма санына қосыла ма?**
А. Аўа, сайлаўшылардың улыўма санына қосып есапланады
Б. Баслықтың берген тапсырмасы бойынша комиссия ағзалары сайлаўшылардың улыўма санына қосады ямаса шығарады
С. Сайлаўшылар саны азшылықты қураған жағдайда улыўма саннан шығарылады

Д. Жоқ, сайлаўшылардың улыўма санынан шығарылады

**13. Пайдаланылмаған ҳәм бузылған сайлаў бюллетенлери қандай жол менен бийкар етиледи?**

А. Сайлаў бюллетенлериниң жоқары шеп мүйешин кесиў жолы менен

Б. Сайлаў бюллетенлерин бөлеклерге бөлиў жолы менен

С. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының тапсырмасы бойынша қәлеген түрде

Д. Пайдаланылмаған ҳәм бузылған сайлаў бюллетенлери бийкар етилмейди

**14. Сайлаўшылар дизими бойынша сайлаўшылар санын жуўмақлаўшы баянламаға киргизиў сайлаў участкасында кимниң ўазыйпасы?**

А. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы

Б. Участкалық сайлаў комиссиясы хаткери

С. Бақлаўшылардан бир ўәкил

Д. Ишки ислер органы хызметкери

**15. Қандай сайлаў бюллетенлери даўысларды санап шығыўда ҳақыйқый емес деп табылады?**

А. Белгиленбеген формадағы (көлеми, реңи, қағаз сапасы, баспахана шрифти ҳәм басқалар бойынша парықланыўшы) сайлаў бюллетенлери

Б. Участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланбаған сайлаў бюллетенлери

С. Сайлаўға шекем қайтыс болған, сайлаў ҳуқықынан айрылған ямаса талабанлықтан шақырып алынған талабанға жақлап даўыс берилген сайлаў бюллетенлери

Д. Жоқарыдағылардың барлығы

**16. Қандай жағдайда саат 20:00 ден кейин де сайлаўшыларға даўыс бериў ушын мүмкиншилик бериледи?**

А. Тек сайлаў участкасы иморатында сайлаўшылар келгенде

Б. Сайлаўшылар дизиминде сайлаўда қатнаспаған көзи әззи ҳәм майыплығы болған сайлаўшылардың қатнаспағаны анықланғанда

С. Жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымлары баслықларының сораўы бойынша

Д. Сайлаўшылар дизиминде көпшилик сайлаўда қатнаспағаны анықланған ҳалда

**17. Даўыс бериў процеси 20:00 ден алдын тамамланған сайлаў участкаларында даўысларды санап шығыў ўақтына шекем сайлаў қутыларын қандай жағдайда сақлайды?**

А. Сайлаў бюллетенлерин санаўға таяр жағдайда

Б. Сайлаў қутысын ашық ҳалда сақлайды

С. Сайлаў қутыларының бюллетень тасланатуғын бөлегине ақ қағаз желимленеди ҳәм участкалық сайлаў комиссиясының мөри менен мөрленген ҳалда

Д. Сайлаў қутыларын тийисли орында ишки ислер уйымлары қорғаўында сақлайды

**18. Дипломатиялық ўәкилликханалар жанында, әскерий бөлимлерде, санаторийлардада, демалыў үйлеринде, емлеўханалар ҳәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған орынларда, қамақта сақлаў ҳәм азатлықтан айырыў орынларында дүзилген сайлаў участкаларында қандай жағдайда участкалық сайлаў комиссиясы даўыс бериў тамамланғанын қәлеген ўақытта жәриялаўы мүмкин?**

А. Даўыс бериў тамамланғанын қәлеген ўақытта жәриялаўға жол қойылмайды

Б. Дизимге киргизилген барлық пуқаралар даўыс берип болған болса

С. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясының руқсаты менен

Д. Аймақлық сайлаў комиссиясы баслығының руқсаты менен

**19. Сайлаўшылардың даўысларын санап шығыў қай жерде өткериледи?**
А. Бақлаўшылар ушын ажыратылған бөлмеде
Б. Аймақлық сайлаў комиссиясы иматарында
С. Районлық сайлаў комиссиясының бөлек арнаўлы таярланған бөлмесинде
Д. Тек ғана даўыс бериў имаратында

**20. Аймақлық сайлаў комиссиясының халық депутатлары ўәлаятлық, Ташкент қалалық Кеңесине өткерилген сайлаўды ҳақыйқый емес деп табыў ҳаққындағы қарары үстинен қанша мүддетте судқа шағым етилиўи мүмкин?**
А. 5 күн ишинде
Б. 3 күн ишинде
С. 7 күн ишинде
Д. 10 күн ишинде

**21. Участкалық сайлаў комиссиялары тәрепинен даўысларды санап шығыў ҳәм даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды толтырыў процесинде участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларынан тысқары және кимлер қатнасыўы мүмкин?**
А. Бақлаўшылар, сиясий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери, ғалаба хабар қураллары ўәкиллери
Б. Ишки ислер органлары хызметкерлери
С. Миллий гвардия хызметкерлери
Д. Талабанлар

**22. Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўында участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасының көширме нусқасы кимге усынылады?**
А. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясына
Б. Округлық сайлаў комиссиясына
С. Аймақлық сайлаў комиссиясына
Д. Тийисли районлық, қалалық ҳәкимиятқа

**23. Халық депутатлары ўәлаятлық, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўында участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасы кимге усынылады?**
А. Районлық, қалалық сайлаў комиссиясына
Б. Ўәлаятлық сайлаў комиссиясына
С. Аймақлық сайлаў комиссиясына
Д. Округлық сайлаў комиссиясына

**24. Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңес депутатлары сайлаўында участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасы кимге усынылады?**
А. Тийисли районлық, қала ҳәкимлигине
Б. Тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиясына
С. Тийисли округлық сайлаў комиссиясына
Д. Тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына

**25. Сайлаў бюллетенлери жайластырылған қалта қандай жағдайда ашылыўы мүмкин?**
А. Тек судтың қарарына муўапық
Б. Тек районлық, қалалық сайлаў комиссиясының қарарына муўапық
С. Тек округлық сайлаў комиссиясының қарарына муўапық
Д. Тек аймақлық сайлаў комиссиясының қарарына қарап

## КЕЙСЛЕР

| **Кейстиң мазмуны:** |
|---|
| Жомбой районында жайласқан 2586-санлы әскерий бөлимде исленген 87-санлы сайлаў участкасында сайлаўшылар дизиминен бар болған барлық сайлаўшылар 14:00 де даўыс берип болғанлығы себепли Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы даўыс бериў жуўмақлағанын дағазалап, стационар сайлаў қутысы ашылып, даўыс бериў бюллетенлери санап шығылды ҳәм баянлама рәсмийлестирип қойылды. |
| **Кейс шеңберинде талықланатуғын мәселе (сораў)лар:** |
| 1. Сайлаў күни сайлаўшылар дизимине киргизилген барлық сайлаўшылар даўыс берип болған жағдайларда даўыс бериў жуўмақланғанлығын дағазалаў мүмкин бе?<br>2. Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының даўыс бериў жуўмақланғанлығын дағазалаўы тийкарлы ма?<br>3. Усы жағдайда стационар сайлаў қутыларын даўыс бериў жуўмақлағанлығы дағаза етилгенинен кейин ашыў мүмкин бе? |
| **Кейстиң шешими:** |
| 1. Даўыс бериў сайлаў күни саат 8:00 ден 20:00 ге шекем өткериледи. Өзбекстан Республикасының шет мәмлекетлердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилликханалары жанында дүзилген сайлаў участкаларында даўыс бериў сайлаў күни бул сайлаў участкалары жайласқан мәнзилдеги жергиликли ўақыт пенен саат 8:00 ден 20:00 ге шекем өткериледи. Өзбекстан Республикасының шет мәмлекетлердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилликханалары жанында, әскерий бөлимлерде, санаторийларда, демалыў үйлеринде, емлеўханалар ҳәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған мәнзиллерде, қамақта сақлаў ҳәм азатлықтан жуда етиў орынларында дүзилген сайлаў участкаларында участкалық сайлаў комиссиясы, егер дизимге киргизилген барлық пуқаралар даўыс берип болған болса, даўыс бериў жуўмақлағанын қәлеген ўақытта дағазалаўы мүмкин.<br>Даўыс бериў жуўмақлағаннан кейин, участкалық сайлаў комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары даўыс бериў жуўмақлағанлығын комиссияның барлық ағзалары, бақлаўшылар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери тәрепинен дағаза етеди. Бул жағдайда участкалық сайлаў комиссиясы баслығының даўыс бериў жуўмақлағанлығын дағазалаўы тийкарлы.<br>Өзбекстан Республикасы аймағында жайласқан сайлаў участкаларында сайлаў қутыларын саат 20:00 ден алдын ашыў ҳәм даўысларды санап шығыўға руқсат берилмейди. Усының себебинен сайлаў қутылары саат 20:00 ден алдын ашылыўы ҳәм даўыслар санап шығылыўы нызамшылық талапларына қарсы келеди. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 51-статьясы, Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже”ниң 117-пункти. |

| **Кейстиң мазмуны:** |
| --- |
| Сайлаў күни Шухрат атлы сайлаўшы сайлаў участкасына келип, сайлаў бюллетенин алыў мақсетинде комиссия ағзасының алдына барды. Ол пуқаралық паспортын жойтқаны себепли ишки ислер органлары тәрепинен берилген ўақытшалық мағлыўматнама тийкарында өзине сайлаў бюллетенин бериўди сорады. Комиссия ағзасы сайлаўшылар ушын бюллетенлер тек сайлаўшының паспорты тийкарында берилиўин айтып, бюллетенди бермейди. |
| **Кейс шеңберинде талықланатуғын мәселе (сораў)лар:** |
| 1. Усы жағдайда УСК ағзасы пуқараға ишки ислер органлары тәрепинен берилген ўақытшалық мағлыўматнама тийкарында сайлаў бюллетени бермеўи дурыс па?<br>2. Сайлаўшылар сайлаўда даўыс бериў ушын пуқаралық паспортынан басқа өз шахсын тастыйықлайтуғын қандай ҳүжжетлерди көрсетиў тийкарында сайлаў бюллетенлери алыўы мүмкин? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Даўыс бериў имаратына келгеннен кейин, сайлаўшы участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетеди ҳәм де сайлаўшылар дизимине қол қояды. Соннан кейин оған сайлаў бюллетени бериледи. Шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжет сыпатында паспорт, идентификация ID-карта, жаңа үлгиндеги миллий айдаўшылық гүўалығы, пуқаралық паспортын жойтқан пуқараларға ишки ислер органлары тәрепинен берилген ўақытшалық мағлыўматнама, әскерий хызметкерлер ушын әскерий гүўалық киреди. Пуқара жоқарыдағылардан бирин көрсетип сайлаў бюллетенин алыўы мүмкин.<br>Бул жағдайда сайлаў участкасы ағзасының ҳәрекетлери нызамшылық талапларына қайшы есапланады. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 52-статьясы, Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже”ниң 62-пункти. |

**Кейстиң мазмуны:**

Сайлаў күни пуқара Шухрат сайлаў участкасына жетип келгеннен кейин, шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетип, сайлаўшылар дизимине қол қойып даўыс бериў бюллетенин алады. Бирақ, даўыс бериў кабинасы жанында нәўбет пайда болғанлығы себепли, залда бос турған столға барады ҳәм ҳеш ким көрмеген ҳалда бюллетенге “+” белгисин қояды.

Соннан кейин пуқара бюллетенди сүўретке алып оны сайлаў қутысына таслап жибереди.

**Кейс шеңберинде талықланатуғын мәселе (сораў)лар:**

1. Пуқара Шухрат даўыс бериўде қандай кемшиликлерге жол қойған?
2. Участка комиссиясы бул жағдайды сапластырыўы керек пе?
3. Пуқараның бюллетенди сүўретке алыўы дурыс па?

**Кейстиң шешими:**

Сайлаўшы сайлаў бюллетенин алғаннан кейин, оны жасырын даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында толтырады. Сайлаў бюллетенин толтырыў ўақтында даўыс беретуғын шахстан басқа адамлардың болыўы қадаған етиледи. Сайлаў бюллетенин еркин түрде толтырыў мүмкиншилигине ийе болмаған сайлаўшы өз қәлеўине көре жасырын даўыс бериў кабинасына ямаса ханасына басқа шахсты усыныўға ҳақлы, буннан сайлаў комиссиясы қурамына киретуғын шахслар, бақлаўшылар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери буған кирмейди. Сайлаўшы өзи жақлап даўыс берип атырған талабанның фамилиясы, сиясий партияның аты қарсысындағы, оң тәрепте жайласқан бос квадратқа “+” ямаса “✓” ямаса “x” белгисин қояды. Даўыс беретуғын толдырылған сайлаў бюллетенин сайлаў қутысына таслайды. Сайлаў қутылары участкалық сайлаў комиссиясы ағзаларына ҳәм де бақлаўшыларға көринип турыўы керек.

Сайлаў бюллетенин толтырылған жағдайда ямаса оны толтырыў процесин сүўретке ямаса видеоға алыў, алынған сүўретлерди тарқатыў, сондай-ақ, социаллық тармақларға жайластырыў қадаған етиледи.

Бул жағдайда сайлаў бюллетенин толтырыў тәртиби ҳәм жасырын даўыс бериў тәртиби бузылған. Даўысларды санап шығыў процесинде қатнасып атырған сиясий партияның ўәкилликли ўәкили, бақлаўшылар участкалық сайлаў комиссиясы баянламасының тастыйықланған көширме нусқасын сорап алыўға ҳақлы.

**Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:**

Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 55-статьясы, Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже”ниң 66-пункти.

| Кейстиң мазмуны: |
|---|
| Гулистан қаласындағы 23-сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў жуўмақланғаннан кейин сиясий партиялардың бақлаўшылары сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламадан нусқа сорайды. Участка комиссиясы баслығы участка комиссиясының 2 ағзасы усы ўақытта жоқ екенлиги, олар 5-10 минутта иштен шығыўын, олар келгеннен кейин баянламаға қол қойдырып, нусқасын бериў мүмкинлигин айтады. Бул участкада болған ҒХҚ ўәкили де баянламадан нусқа сорап мүрәжат етеди. УСК баслығы оған жуўап берип, ҒХҚ ўәкили нусқа сорап алыў ҳуқықына ийе емеслигин түсинтирип, оның мүрәжатын бийкарлайды. |
| **Кейс шеңберинде талықланатуғын мәселе (сораў)лар:** |
| 1) Кимлер сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламадан нусқа алыў ҳуқықына ийе? |
| **Кейстиң шешими:** |
| Бақлаўшылар сайлаў нәтийжелери ҳаққындағы ҳүжжетлердиң тийисли сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланған көширме нусқаларын сораў ҳәм алыў ҳуқықына ийе. Даўысларды санап шығыў процесинде қатнасып атырған сиясий партияның ўәкилликли ўәкили, бақлаўшылар участкалық сайлаў комиссиясы баянламасының тастыйықланған көширме нусқасын сорап алыўға ҳақлы. |
| **Кейс шешиминиң ҳуқықый тийкары:** |
| Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 33-статьясы, Орайлық сайлаў комиссиясының 2024-жыл 2-июлдағы 1343-санлы қарары менен тастыйықланған “Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже”ниң 125-пункти. |

# 2-ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎ

## ДАЎЫСЛАРДЫ САНАП ШЫҒЫЎ ҲӘМ БАЯНЛАМАЛАРДЫ ТОЛТЫРЫЎ ПРОЦЕСИ

*(Сайлаў участкасында процеслерди тыңлаўшылар менен биргеликте толық сахналастырыў)*

1. **Әмелий шынығыўлардың шөлкемлестириў бөлими**
2. **Әмелий шынығыўлардың кирисиў бөлими**
3. **Әмелий шынығыўлардың тийкарғы бөлими**
4. **Әмелий шынығыўлардың жуўмақлаў бөлими**

# 1. ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎЛАРДЫҢ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ БӨЛИМИ

**1.1. Әмелий шынығыўдың мақсети:** “Ролли ойын” методы жәрдеминде сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў ҳәм тийисли баянламаларды толтырыў процеслерин тыңлаўшылар менен биргеликте толық сахналастырыў.

**1.2. Әмелий шынығыўдың ўазыйпалары:**

1) Даўысларды санап шығыў тәртибин әмелий-көргизбели тәризде түсиндириўге айрықша итибар қаратыў;

2) Даўыс бериў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды рәсмийлестириў тәртибин әмелий-көргизбели тәризде түсиндириў.

**1.3. Әмелий шынығыўдың оқыў-техникалық тәмийнаты:**

1) 1-әмелий шынығыўда пайдаланылған даўыс бериў ханасы;

2) “Даўысларды санап шығыўда участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары тәрепинен әмелге асырылатуғын ўазыйпалардың бөлистириўи” – 1 топар ушын - 1;

3) 1-әмелий шынығыўда пайдаланылған сайлаў бюллетенлериниң үлгилери;

4) белгиленген үлгидеги пломбалар – 1 топар ушын - 1;

5) 1-әмелий шынығыўда УСКның 8, 9, 10 ҳәм 11-ағзалары пайдаланған сайлаўшылар дизими;

6) 1-әмелий шынығыўда пайдаланылған Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық кеңеслери сайлаўы сайлаўшылар дизими қосымшасы;

7) Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық кеңеслери сайлаўы сайлаўшылар дизиминен көширме (мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар бойынша) бланкасы – 1 топар ушын 2;

8) 1-әмелий шынығыўда пайдаланылған “Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў қутыларын пломбалаў ҳаққындағы акт бланкасы – 1 топар ушын 2;

9 ) 1-әмелий шынығыўда пайдаланылған ҳәр бир тыңлаўшы ушын бейджиклер;

10) Тыңлаўшылар ушын тарқатпа материаллар (ўазыйпалары, роли бойынша сөзлери ҳәм т.б.).

**1.4. Әмелий шынығыўлар ушын дәслепки мағлыўматлар:**

**<u>1) Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасы сайлаўы бойынша УСК сайлаў участкасына тийисли мағлыўматлар:</u>**

1.1. Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма саны: **2 400**;

1.2. Участкалық сайлаў комиссиясы алған сайлаў бюллетенлери саны: **2 412**;

1.3. Мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар саны: **30**;

1.4. Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери саны: **263**;

1.5. Сайлаў бюллетенлерин алған (сондай-ақ, мүддетинен алдын) сайлаўшылар саны: **2 149**;

1.6. Сайлаў қутыларындағы сайлаў бюллетенлери саны (даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылар: **2 149**;

***1.7. Ҳәр бир талабанды жақлап берилген даўыслар саны:***

1-талабанды жақлап берилген даўыслар саны: **420**;

2-талабанды жақлап берилген даўыслар саны: **780**;

3-талабанды жақлап берилген даўыслар саны: **320**;

4-талабанды жақлап берилген даўыслар саны: **290**;

5-талабанды жақлап берилген даўыслар саны: **239**;

1.8. Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери саны: **100**.

**<u>2) Бирден-бир сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасы сайлаўы бойынша УСК сайлаў участкасына тийисли мағлыўматлар:</u>**

2.1. Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма саны: **2 400**;

2.2. Участкалық сайлаў комиссиясы алған сайлаў бюллетенлери саны: **2 412**;

2.3. Мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар саны: **30**;

2.4. Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери саны: **263**;

2.5. Сайлаў бюллетенлерин алған (сондай-ақ, мүддетинен алдын) сайлаўшылар саны: **2 149**;

2.6. Сайлаў қутыларындағы сайлаў бюллетенлери саны (даўыс бериўде қатнасқан сайлаўшылар: **2 149**;

***2.7. Ҳәр бир сиясий партияны жақлап берилген даўыслар саны:***

1-сиясий партияны жақлап берилген даўыслар саны: **500**;

2-сиясий партияны жақлап берилген даўыслар саны: **400**;

3-сиясий партияны жақлап берилген даўыслар саны: **570**;

4-сиясий партияны жақлап берилген даўыслар саны: **350**;

5-сиясий партияны жақлап берилген даўыслар саны: **270**;

2.8. Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери саны: **59**.

**<u>3) Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңесине сайлаў бойынша УСК сайлаў участкасына тийисли мағлыўматлар:</u>**

3.1. Сайлаў участкасындағы сайлаўшылардың улыўма саны: **2 400**;

3.2. Участкалық сайлаў комиссиясы алған сайлаў бюллетенлери саны: **2 412**;

3.3. Мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар саны: **30**;

| УСК 11-ағзасы сөзлери: | **УСК баслығына ҳәм ҳәммеге:**<br>*Халық депутатлары район, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери саны бөлек байлам етип оралды. Байламда "Ҳақыйқый емес деп табылған бюллетенлер" деп жазылып, олардың саны, қайсы сайлаўға тийислилиги, сайлаў округиниң аты ҳәм тәртип номери көрсетилди.* |
| УСК баслығы орынбасары сөзлери: | **УСК баслығына:**<br>*10-ҳәрекет атқарылды.* |
| Тренерлер: | 10-жағдай бойынша тапсырмалардың атқарылыўы бойынша қысқа жуўмақ ислейди. |

**3.11. Он биринши жағдай:** Тийисли ҳәрекетлер әмелге асырылғаннан кейин комиссия жуўмақлаўшы мәжлисин өткериў ҳәм де мәжлисте даўыс бериў ҳәм даўысларды санап шығыў ўақтында жол қойылған нызамбузыўшылықлар ҳаққындағы шағым ямаса арзаларды көрип шығыў (егер келип түскен болса) ҳәм келип түскен шағымлар (арзалар) ҳәм олар бойынша қабылланған қарарлар ҳаққындағы мағлыўматты жеткериў. Тийисли баянламаға қосымша қылынған актлер ҳәм басқа ҳүжжетлерди көрсетип өтиў. Бақлаўшылар ҳәм ҒХҚ қәнигелериниң комиссия искерлиги бойынша наразылықлар, шағымлар бар ямаса жоқлығын сораў.

| | |
|---|---|
| УСК баслығының сөзлери: | **Бәрше жыйналғанларға:**<br>*Даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянлама дүзиўден алдын Сизлердиң дыққатыңызға даўыс бериў күнинде комиссияға келип түскен шағымлар (арзалар) ҳәм олар бойынша қабылланған қарарлар ҳаққындағы мағлыўматты жеткермекшимен!*<br>*Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасына, Халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўын өткериўши _____-сайлаў участкасына даўыс бериў күни комиссияға ҳешқандай шағым ҳәм арзалар келип түспегенлигин мәлим етип билдиремен!*<br>*Ҳүрметли бақлаўшылар ҳәм ҒХҚ хызметкерлери!*<br>*Сизлерден комиссия искерлиги бойынша шағымлар, арзалар бар ямаса жоқлығын сорамақшыман!*<br>*Буннан тысқары, сизлерге баянламаға қосымша қылынатуғын актлер ҳәм басқа ҳүжжетлерди көрсетип өтпекшимен.* |
| Түсиндирме: | **Баянламаға қосымша қылынатуғын басқа ҳүжжетлер:**<br>Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасына, Халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўы сайлаўшылар дизими;<br>Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасына, Халық депутатлары ўәлаят, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўы сайлаўшылар дизиминен көширме (мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшылар бойынша);<br>Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў қутыларын пломбалаў ҳаққындағы акты;<br>Участкалық сайлаў комиссиясының баслығы ҳәм ағзасы ортасында сайлаў бюллетенлерин тапсырыў ҳәм қабыл етиў ҳаққындағы акти;<br>Арза (сайлаўшылар дизими қосымшасына киргизиў ҳаққында);<br>Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасына, Халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўшылар дизими қосымшасы;<br>Сайлаўшылардың турған жеринде даўыс бериў ҳаққындағы акт;<br>Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасына, Халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери сайлаўы сайлаўшылар дизиминен көширме (турған жеринде даўыс берген сайлаўшылар бойынша). |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы тәрепинен баянламаға қосымша қылынатуғын актлар ҳәм басқа ҳүжжетлерди бақлаўшылар ҳәм ҒХҚ ўәкиллери көрип шығады. Көрип шыққаннан соң, бақлаўшылар сөзге шығады. |
| Бақлаўшылардың сөзлери: | *Комиссия искерлиги бойынша ҳешқандай шағымлар жоқ.* |
| Тренерлер: | 11-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақлар исленеди. |

**3.12. Он екинши жағдай:** Сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаны тастыйықлаў ҳаққындағы қарарды қабыл етиў. Даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаны еки нусқада толтырыў, қол қойыў ҳәм участкалық сайлаў комиссиясы мөри менен тастыйықлаў.

| | |
|---|---|
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК хаткерине:**<br>Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын еки нусқада толтырың. |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК хаткери УСК баслығының бақлаўында Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын еки нусқада толтырады. |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын дурыс толтырғанлығын тексереди.<br>Баянламалар участкалық сайлаў комиссиясының барлық ағзалары тәрепинен қол қойылады ҳәм участкалық сайлаў комиссиясы мөри менен тастыйықланады.<br>УСК баслығы Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаны оқып еситтиреди. |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК хаткерине:**<br>Бирден-бир сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын еки нусқада толтырың. |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК хаткери УСК баслығының бақлаўында Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын еки нусқада толтырады. |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын дурыс толтырғанлығын тексереди.<br>Баянламалар участкалық сайлаў комиссиясының барлық ағзалары тәрепинен қол қойылады ҳәм участкалық сайлаў комиссиясы мөри менен тастыйықланады.<br>УСК баслығы Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаны оқып еситтиреди. |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК хаткерине:**<br>*Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңесине сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын еки нусқада толтырың.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК хаткери УСК баслығының бақлаўында Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын еки нусқада толтырады. |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын дурыс толтырғанлығын тексереди.<br>Баянламалар участкалық сайлаў комиссиясының барлық ағзалары тәрепинен қол қойылады ҳәм участкалық сайлаў комиссиясы мөри менен тастыйықланады.<br>УСК баслығы Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаны оқып еситтиреди. |

| | |
|---|---|
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК хаткерине:**<br>*Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңесине сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын еки нусқада толтырың.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК хаткери УСК баслығының бақлаўында Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын еки нусқада толтырады. |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламасын дурыс толтырғанлығын тексереди.<br>Баянламалар участкалық сайлаў комиссиясының барлық ағзалары тәрепинен қол қойылады ҳәм участкалық сайлаў комиссиясы мөри менен тастыйықланады.<br>УСК баслығы Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасына сайлаў бойынша участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санаў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаны оқып еситтиреди. |
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК баслығы орынбасары ҳәм Хаткерине:**<br>*Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларының көширме нусқасын мәлимлемелық-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда тийислилиги бойынша аймақлық сайлаў комиссиясына, округлық сайлаў комиссиясына, район, қалалық сайлаў комиссиясына усыныс етиў.*<br>*Төрт баянламалардың көширме нусқаларын участкалық сайлаў комиссиясы имаратына илдирип қойыў.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Баслық орынбасары ҳәм Хаткерге участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламалардың көширме нусқасын мәлимлемелық-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда тезлик пенен Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўында аймақлық сайлаў комиссиясына, халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўында округлық сайлаў комиссиясына, халық депутатлары район, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўында болса тийисли район, қалалық сайлаў комиссиясына усыныс етеди.<br>Төрт баянламаның көширме нусқалары ҳәмме танысып шығыўы ушын участкалық сайлаў комиссиясы имаратына тезлик пенен илдирип қойылады. |
| Тренерлер: | 12-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақлар береди. |

**3.13. Он үшинши жағдай:** Ҳәр бир таланбанды жақлап берилген даўыслар жыйындысына талабанлардың фамилиясы, аты ҳәм әкесиниң аты ҳәм жақлап берилген даўыслар санын жазыў ҳәм жыйындысын қапқа салыў.

| | |
|---|---|
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК баслығы орынбасары ҳәм хаткерине:**<br>*Баслық орынбасары ҳәм хаткерге ажыратылған ҳалда таярлап қойылған «Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери», «Ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери» ҳәм де ҳәр бир талабан ҳәм сиясий партия бойынша бөлек-бөлек жыйналып оралған сайлаў бюллетенлерин ҳәм де тағы басқа ҳүжжетлерди арнаўлы қапқа тәртип пенен жайластырың.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | УСК баслығы орынбасары ҳәм хаткери бөлек-бөлек жыйнап оралған төмендеги ҳүжжетлерди арнаўлы қапқа салады:<br>**Биринши**, Бир мандатлы сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасы сайлаўы бойынша пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери, ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери, ҳәр бир талабан ҳәм сиясий партия бойынша бөлек-бөлек жыйнап оралған сайлаў бюллетенлерин ҳәм де тағы басқа ҳүжжетлерди; |

| | |
|---|---|
| | **Екинши**, Бирден-бир сайлаў округи бойынша Нызамшылық палатасы сайлаўы бойынша пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери, ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери, ҳәр бир талабан ҳәм сиясий партия бойынша бөлек-бөлек жыйнап оралған сайлаў бюллетенлерин ҳәм де басқа ҳүжжетлерди;<br>**Үшинши**, Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңесине сайлаў бойынша пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери, ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери, ҳәр бир талабан ҳәм сиясий партия бойынша бөлек-бөлек жыйналып оралған сайлаў бюллетенлерин ҳәм де басқа ҳүжжетлерди;<br>**Төртинши**, Халық депутатлары район, қалалық Кеңесине сайлаў бойынша пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген сайлаў бюллетенлери, ҳақыйқый емес деп табылған сайлаў бюллетенлери, ҳәр бир талабан ҳәм сиясий партия бойынша бөлек-бөлек жыйналып оралған сайлаў бюллетенлерин ҳәм де басқа ҳүжжетлерди. |
| УСК баслығы орынбасарының сөзлери: | **УСК баслығына:**<br>*Тапсырма орынланды.* |
| Тренерлер: | 13-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақлар береди. |

**3.14. Он төртинши жағдай:** Қалталарды пломбалаў ҳәм бул ҳаққында акт дүзиў. Қалталарды сейфке жайластырыў. Жуўмақлаўшы баянламалардың биринши нусқасын тийислилиги бойынша сайлаў комиссияларына тапсырыў.

| | |
|---|---|
| УСК баслығының сөзлери: | **УСК баслығы орынбасарына:**<br>*Қапты пломба менен пломбалаң ҳәм қапты пломбаланғанлығы ҳаққында акт дүзиң. Соннан кейин қапты сейфке жайластырамыз, сейфти участкалық сайлаў комиссиясы баслығының қолы ҳәм мөри менен тастыйықлаймыз.* |
| Тыңлаўшылардың ҳәрекетлери: | Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары тәрепинен қалта пломбаланады ҳәм қаптың пломбаланғанлығы ҳаққында акт дүзиледи.<br>Соннан кейин қалта сейфке жайластырылады, сейфке участкалық сайлаў комиссиясы баслығы қолы ҳәм мөри қойылған қағаз желимлеп жабыстырылады. |
| УСК баслығының сөзлери: | **Барлық тайын болғанларға:**<br>**Ҳүрметли комиссия ағзалары ҳәм гүзетиўшилер!**<br>*Мине, жумыс искерлигимизди белгиленген тәртипте жуўмақладық.*<br>*Енди мен (УСК баслығы) Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўы бойынша жуўмақлаўшы баянламаның биринши түп нусқасын ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына алып барып тапсыраман.*<br>**Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасарына:**<br>*Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша жуўмақлаўшы баянламаның биринши түп нусқасын округлық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырың.*<br>**Участкалық сайлаў комиссиясы хаткерине:**<br>*Халық депутатлары район, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша жуўмақлаўшы баянламаның биринши түп нусқасын район, қалалық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырың.* |

| | |
|---|---|
| Тыңлаўшылардың хәрекетлери: | **Участкалық сайлаў комиссиясы баслығы** Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўы бойынша жуўмақлаўшы баянламаның биринши түп нусқасын ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында тийисли аймақлық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырыў ушын жолға шығады.<br>**Участкалық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары** Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша жуўмақлаўшы баянламаның биринши түп нусқасын ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында округлық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырыў ушын жолға шығады.<br>**Участка сайлаў комиссияси баслығының хаткери** Халық депутатлары район, қалалық Кеңеси депутатлары сайлаўы бойынша жуўмақлаўшы баянламаның биринши түп нусқасын ишки ислер органлары хызметкерлери бақлаўында район, қалалық сайлаў комиссиясына алып барып тапсырыў ушын жолға шығады. |
| Тренерлер: | 14-жағдай бойынша тапсырмалардың орынланыўы бойынша қысқа жуўмақлар береди. |

## 4. ӘМЕЛИЙ ШЫНЫҒЫЎЛАРДЫҢ ЖУЎМАҚЛАЎШЫ БӨЛИМИ

1) Тренерлер әмелий шынығыўларға жуўмақ жасайды.

2) Хәр бир жағдай бойынша тыңлаўшылардың хәр бири тәрепинен жол қойылған кемшиликлерге тоқталып өтиледи.

3) Әмелий тапсырмаларды және де нәтийжели орынлаў ушын усыныслар бериледи.

4) Процеске тартылмаған тыңлаўшылар әмелдеги болса, оларды тартқан ҳалда барлық сайлаў процеси басынан баслап және қайта шөлкемлестириледи.

5) Тыңлаўшылардың сораўына көре ямаса тренерлер зәрүр деп тапса сайлаў процеси бойынша әмелий шынығыў тағы тәкирарланыўы керек.

# ГЛОССАРИЙ

**Аккредитация** – сайлаў процесин жүргизиў ушын Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен ҒХҚ ўәкиллерине ўәкиллик бериўге тийисли искерлик.

**Бюллетенди ҳақыйқый емес деп табыў** – белгиленбеген үлгидеги сайлаў бюллетенлери, соның менен бирге даўыс бериў ўақтында бирден артық квадратқа «+» ямаса «✓» ёхуд «х» белгиси қойылған ямаса бирде-бир квадратқа бундай белги қойылмаған сайлаў бюллетенлери. Сайлаў бюллетенининң ҳақыйқыйлығы гүман туўдырғанда, мәселе участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен даўысқа қойыў арқалы шешиледи.

**“E-saylov” мәлимлеме системасы** – Өзбекстан Республикасы аймағында сайлаў процесине қатнасыўшылары менен электрон мәлимлеме алмасыўы бойынша керекли электрон хызметлер көрсетиў системасы болып табылады.

**“Жәрдемге шақырыў” түймеси** – майыплығы болған сайлаўшылар ушын имаратқа кириўде қыя жоллар (пандус)ды орнатыў мүмкиншилиги болмағанда, участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен кириў орнында сайлаў комиссиясы ағзаларын жәрдемге шақырыў мақсетинде орнатылатуғын, бармақ пенен басылатуғын туймеше.

**Бақлаўшы** – сайлаўларға таярлық көриў ҳәм де оны өткериўге тийисли илажларды тиккелей бақлаў ҳуқықына ийе болған шахс есапланады. Сиясий партиялар ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў шөлкемлеринен бақлаўшыларға, олардың арзасына қарап округлық сайлаў комиссиялары тәрепинен мандатлар (руқсат беретуғын ҳүжжет) бериледи. Шет ел (халықаралық) бақлаўшылар Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен аккредитация етиледи ҳәм мандат бериледи.

**Көрсетпе** – ўәкилликли шахстың лаўазым ўәкиллиги ямаса ўақытша жүклетилген хызмет искерлиги шеңберине киретуғын тапсырмалар.

**Көшпели сайлаў қутысы** – сайлаў участкасына келиў мүмкиншилигине ийе болмаған, бирақ сайлаўда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралардың ҳуқықларын олардың жасаў орнында әмелге асырыў ушын таярланған арнаўлы үскене.

**Мажоритар сайлаў системасы** – көпшилик даўыс принципине тийкарланады ҳәм бунда, егерде талабан сайлаў округиндеги сайлаўшылардың ярымынан көбирек даўысын алған болса, ол жағдайда ол сайланған деп есапланады. Мажоритар сайлаў системасының унамлы тәрепи - сайлаўшылар тиккелей талабантиң шахсына итибар береди, олар менен танысады, оның өзи менен байланыслы болады ҳәм искерлигине туўралы анық қадағалаў өткере алады.

**Мандат** – бақлаўшы сайлаўға таярланыў және оны өткериў дәўиринде өз искерлигин әмелге асырыўы ушын тийкар есапланыўшы ҳүжжет.

**Жергиликли бақлаўшылар** – сайлаў процеслеринде тийисли комиссиялар тәрепинен берилген мандатлар тийкарында өз искерлигин әмелге асырыўы мүмкин болған сиясий партиялар ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў шөлкемлери ўәкиллери болып табылады.

**Мүддетинен алдын даўыс берген пуқаралар есабын жүргизиў** – участкалық сайлаў комиссиясы ағзасының мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшыны СПБМСда ҳәм сайлаўшылар дизиминде мүддетинен алдын даўыс берген сайлаўшы ретинде белгилеўди әмелге асырыў тәртиби.

**Мүддетинен алдын даўыс бериў** – сайлаў күни өзи жасайтуғын жеринде болыў мүмкиншилигине ийе болмаған сайлаўшының мүддетинен алдын даўыс бериў ҳуқықын тәмийинлеў.

**Мүддетинен алдын даўыс бериў тийкары** – сайлаўшының мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге асырыў ушын сайлаў күни бола алмаўы (демалыс, хызмет сапары, шет елге шығыў ҳәм т.б.).

**Мүддетинен алдын даўыс бериў бюллетенлерин алыў** – участкалық сайлаў комиссиялары сайлаў участкасындағы сайлаўшылар улыўма санының 10 пайызы муғдарында бюллетенлерин ҳәм де конвертлерин район, қала сайлаў комиссиясынан мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўына кеминде үш күн қалғанында алыў процеси басланады.

**Мүддетинен алдын даўыс бериў ўақты** – мүддетинен алдын даўыс бериў сайлаўға он күн қалғанында басланады ҳәм сайлаўға үш күн қалғанында тамамланады. Мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленеди ҳәм сайлаўшылардың, бақлаўшылардың итибарына ғалаба хабар қураллары арқалы жеткизиледи.

**Даўыс бериў имараты** – арнаўлы ажыратылған жайлар болып, оларда жасырын даўыс бериў ушын жеткиликли муғдарда кабиналар ямаса бөлмелер үскенелениўи, сайлаў бюллетенлерине бериў ушын жайлар ажратылыўы ҳәм де сайлаў қутылары орнатылыўы керек.

**Даўыс бериў бюллетени** – конституциялық әҳмийетке ийе сайлаўшының даўысын тастыйықлайтуғын ҳүжжет есапланады. Сайлаў бюллетени сайлаўшының қәлеўин аңлатыў қуралы болып табылады. Нызамшылық палатасы депутатлары сайлаўына тийисли сайлаў бюллетениниң формасы ҳәм тексти Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланады. Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси сайлаўына тийисли сайлаў бюллетениниң формасы ҳәм тексти Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланған үлгиге муўапық аймақлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланады.

Халық депутатлары район, қалалық Кеңеси сайлаўына тийисли сайлаў бюллетениниң формасы ҳәм тексти Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланған үлгиге муўапық тийисли район, қала сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланади.

**Даўыс бериў ўақты** – сайлаў күни даўыс бериў мүмкин болған саат 8:00 ден 20:00 ге шекем болған ўақыт.

**Даўысларды санап шығыў ҳәм баянламаны толтырыўда болатуғын шахслар** – сиясий партиялардың бақлаўшылары, жуўаплы ўәкиллери, жергиликли бақлаўшылар, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери ҳәм де басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылары.

**Даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянлама** – комиссия баслығы, баслық орынбасары, хаткери ҳәм басқа ағзалары тәрепинен еки нусқада толдырылып, қол қойып участкалық сайлаў комиссиясының мөри менен тастыйықланатуғын ҳүжжет.

**Ғалаба хабар қураллары** – газеталар, журналлар, хабарнамалар, мәлимлеме агентликлери, телевидение (кабелли, эфиркабелли телевидение) ҳәм радиоеситтириўлер, ҳүжжетли кино, электрон мәлимлеме системасы, соның менен бирге, турақлы атқа ийе болған, мәмлекет ықтыярындағы, ғәрезсиз ҳәм басқа ғалабалық дәўирли баспалар.

**Пандус** – имаратқа кириў жайында майыплар арбасына қолайластырылған қыя жоллар ҳәм олардың белгиленген талапларға (ени кеминде 90 сантиметр, шығыў мүйеши 30° ден көп болмаған ) сәйкес келиў өтиў жайы.

**Пропорционал сайлаў системасы (лот. proportio – коэффициент, сәйкеслик)** – сайлаў системаларының бир түри болып, бул системада мәмлекет аймағы бирден-бир сайлаў округине айлантырылады ҳәм де сайлаў бюллетенлериде талабанлар орнына сайлаўда қатнасып атырған сиясий партиялар дизими көрсетиледи ҳәм сайлаўшылар өзлерине мақул келген партияларға даўыс береди. Ҳәр бир партия өз талабанлар дизимин алдыннан дүзеди. Сиясий партиялар алған даўысларына пропорционал түрде депутатлыққа орынлар есаплап шығылады.

**Сайлаў** – пуқаралардың улыўма, тең, туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы тийкарында жасырын даўыс бериў арқалы сиясий партиялар тәрепинен көрсетилген талабанлар арасынан мәмлекет басшысы лаўазымына, парламент ҳәм жергиликли Кеңеслер депутатлығына сайланыў.

**Сайлаў процесин басқарыў мәлимлеме системасы** – қәўипсиз байланыс каналлары бойынша мәкемелик мәлимлеме системалары ҳәм мағлыўматлар базалары менен интеграциялаў арқалы СБЭДни қәлиплестириў процесин автоматластыратуғын, сайлаўшы пуқараларға өз сайлаў участкаларына тийисли мағлыўматлар менен танысыўға ҳәм сайлаў участкасын өзгертиўге сораўнама жибериў имканиятын беретуғын, СБЭДде сақланатуғын мағлыўматлардан пайдаланыўшылардың пайдаланыў ҳәм сайлаў участкалары бойынша дизимлерге дүзетиу киргизиў ҳуқықларын бөлистириў ўазыйпасын атқаратуғын система.

**Сайлаў кампаниясы** – бул сайлаўларға таярланыў ҳәм оны өткериў бойынша илажлардан ибарат процес. Сайлаў кампаниясы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен ғалаба-хабар қуралларында дағаза етиледи. Сайлаў кампаниясы рәсмий дағаза етилген күннен басланып, сайлаў нәтийжелери дағаза етилген күнге шекем даўам етеди.

**Сайлаў комиссиялары системасы** – Орайлық сайлаў комиссиясы, аймақлық, район ҳәм қала сайлаў комиссиялары, округлық сайлаў комиссиялары, участкалық сайлаў комиссиялары. Сайлаў комиссиялары ҳәм олардың ағзалары өз искерлигин ҳәр қандай мәмлекет шөлкемлеринен, жәмийетлик бирлеспелеринен ҳәм лаўазымлы шахслардан ғәрезсиз ҳалда әмелге асырады. Сайлаў комиссияларының искерлигине араласыўға жол қойылмайды ҳәм бундай араласыў нызамға муўапық жуўапкершиликке себеп болады.

**Сайлаўға тийисли нызамшылық ҳүжжетлери системасы** – Өзбекстан Республикасы Конституциясы, Өзбекстан Республикасының Сайлаў кодекси, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының қарарлары.

**Сайлаў комиссияларының шешими** – сайлаў комиссиялары тәрепинен олардың ўәкиллигине киретуғын мәселелер тўралы қабыл етилген ҳуқықый ҳүжжет.

**Сайлаў мәселелери** – сайлаўға қойылған талабанлар, олар бойынша сайлаўшы өз көзқарасын белгилейди жәнe оны сайлаў бюллетенине толтырыў арқалы жасырын даўыс бериў жолы менен аңлатады.

**Сайлаў сәнесине арналған плакат** – сайлаўға таярланыў ҳәм оны өткериўге тийисли мағлыўматлар жайластыратуғын стендлерде болыўы керек болған сайлаў өткерилетуғын сәне көрсетилген мәлимлеме материалы.

**Сайлаў өткериўдиң тийкарғы принциплери** – сайлаўдың улыўма, тең, туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы тийкарында жасырын даўыс бериў арқалы өткерилиўи.

**Сайлаў участкасының картасы** – сайлаўшылар ушын қолай болған, аймақлық орынды қамтып алған ҳәм картографиялық проекциялардан пайдаланған ҳалда белгилер жәрдеминде жаратылған мәлим аймақ бөлимлериниң қысқартылған сүўрети. Сайлаў участкасының картасы Сайлаўға таярланыў ҳәм оны өткериўге тийисли мағлыўматлар жайластырылатуғын стендлерде болыўы керек.

**Сайлаўда қатнасыў ҳуқықы** – сайлаў өткерилетуғын күнге шекем ямаса сайлаў күнине шекем он сегиз жасқа толған Өзбекстан Республикасының ҳәр бир пуқарасы сайлаўда қатнасыў ҳуқықына ийе есапланады. Пуқаралар жынысы, расасы ҳәм миллийлиги, тили, динге қатнасы, социал келип шығыўы, исеними, жеке ҳәм социал дәрежеси, мағлыўматы, шынығыўының түри ҳәм өзгешелигине қарамастан, тең сайлаў ҳуқықына ийе есапланады.

**Сайлаў алды үгитлеў** – бул сайлаў кампаниясы дәўиринде әмелге асырылатуғын ҳәм сайлаўшыларды талабанды ямаса сиясий партияны жақлап даўыс бериўге үндеўге қаратылған искерлик. Сайлаў алды үгитлеў талабанлар дизимге алыў ушын белгиленген ақырғы күнниң ертеңинен басլап басланады.

**Сайлаўшылар дизими** – сайлаў күнине шекем ямаса сайлаў күнине шекем он сегиз жасқа толған, дизим дүзилген ўақытта усы сайлаў участкасы аймағында турақлы ямаса ўақытша жасап атырған Өзбекстан Республикасының барлық пуқараларының дизими. Ҳәр бир сайлаўшы сайлаўшылардың тек бир дизимине киргизиледи. Сайлаўшылар дизими участкалық сайлаў комиссиясы тәрепинен СБЭД тийкарында дүзиледи.

**Сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизими (СБЭД)** – ўәкилликли мәмлекет шөлкемлериниң мәлимлеме базаларына муўапық сайлаўшы пуқаралар, олардың турақлы және ўақытша жасаў жайлары мәнзиллери ҳаққындағы мәлимлемены өз ишине алған мәмлекет мәлимлеме ресурсы болып табылады.

**Сиясий партияның ўәкилликли ўәкили** – сайлаў комиссиясының жыйналысларында, сайлаў комиссияларына ҳүжжетлерди тапсырыўда, қол қойылған туўры толтырылған тексериўде, сайлаў участкасында даўысларды санап шығыўда сиясий партия атынан қатнасыўшы шахс болып табылады. Ўәкилликли ўәкил сайлаўда қатнасыўшы сиясий партияның мәпин аңлатады, оның сайлаў процесиндеги қатнасыўына тийисли мәселелерди ҳал етип барады. Сиясий партия ағзасы ямаса тәрепдары ямаса сиясий партияға қайырқом болған Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған пуқарасы сиясий партияның ўәкилликли ўәкили болыўы мүмкин.

**Стационар сайлаў қутысы** – сайлаў имаратына орнатылатуғын, сайлаўшының қәлеўине тийисли бюллетенлер тасланатуғын ҳәм де пластмасса пломба менен пломба қойылған үскене.

**Стендлер** – участкалық сайлаў комиссиясы жайласқан имаратқа сайлаўға таярланыў көриў ҳәм оны өткериўди жаңалық беретуғын мағлыўматлар жайласқан орын.

**Тең сайлаў ҳуқықы** – сайлаўда қатнасыўшы ҳәр бир пуқараның бир даўысқа ийе екенлиги. Суд тәрепинен қатнасқа уқыпсыз деп табылған пуқаралар, соның менен бирге суд ҳүкми менен азатлықтан жүдә етиў жайларында сақланып атырған шахслар сайланыўы мүмкин емес. Суд тәрепинен қатнасқа уқыпсыз деп табылған пуқаралар, соның менен бирге аўыр ҳәм оғада аўыр жынаятлар жүз берген ушын судтың ҳүкмине көре азатлықтан жүдә етиў жайларында сақланып атырған шахслар сайлаўда қатнасыў ҳуқықынан тек нызамға муўапық ҳәм де судтың шешими тийкарында жүдә етилиўи мүмкин. Басқа ҳәр қандай жағдайларда пуқаралардың сайлаў ҳуқықларын туўрыдан-туўры ямаса тиккелей болмаған шеклеўге жол қойылмайды.

**Туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы** – Өзбекстан Республикасы Президенти, Нызамшылық палатасы депутатлары, жергиликли Кеңеслер депутатларының пуқаралар тәрепинен тиккелей сайланыўы.

**Турған орында даўыс бериў** – айырым сайлаўшылар ден саўлығының жағдайына ямаса басқа себеплерге көре даўыс бериў имаратына кела алмаған жағдайларда, тийисли

участкалық сайлаў комиссиясы даўыс бериўди бул сайлаўшылардың сораўына қарап олар турған орында шөлкемлестирилетуғын процес.

**Улыўма сайлаў ҳуқықы** – Өзбекстан Республикасы Президенти, Нызамшылық палатасы депутатлары ҳәм жергиликли Кеңеслер депутатлары сайлаўларының улыўмалығы.

**Участкалық сайлаў комиссиясы** – тийисли ўәлаят ҳәм Ташкент қалалық аймақлық сайлаў комиссиясы тәрепинен сайлаўға кеминде қырық күн қалғанында бес-он тоғыз ағзадан, сондай-ақ баслық, баслық орынбасары ҳәм хаткерден ибарат қурамда дүзиледи.

**Участкалық сайлаў комиссиясында жумыс жүргизиў** – участкалық сайлаў комиссиясында участкалық сайлаў комиссиясының қарарлары, баянламалары ҳәм актлердиң жыйыны, кириў, шығыў ҳүжжетлерин, сондай-ақ мүрәжатларды дизимге алыў дәптери ҳәм жыйыны бақлаўшылардың дизимге алыў дәптери бар болыўы шәрт.

**Участкалық сайлаў комиссиясының шешими** – ашық даўыс бериў жолы арқалы комиссия ағзалары улыўма санының көпшилик даўысы менен қабыл етилетуғын ҳүжжет. Даўыслар тең болып қалған жағдайда, баслықтың даўысы шешиўши есапланады.

**Айрықша жағдай** – өрт, тәртипсизлик, техноген жағдай, жер силкиниў, суў тасқыны, даўыл, нызамға қайшы ис-ҳәрекетлер.

**Пуқараның турған орында даўыс бериўи** – айырым пуқаралар ден саўлығының жағдайына ямаса басқа себеплерге көре даўыс бериў имаратына кела алмаған жағдайда, олардың сораўына көре сайлаў өткериўши участкалық сайлаў комиссиясы даўыс бериўди әне сол пуқара турған орында, көшпели даўыс бериў қутыларынан пайдаланған ҳалда шөлкемлестириў.

**Шет елли бақлаўшы** – белгиленген тәртипте Орайлық сайлаў комиссиясынан сайлаў процеслерин бақлаў ушын аккредитациядан өткен шет мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлердиң ўәкиллери.

**Шет мәмлекетте турған орында даўыс бериў** – Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамаларына ҳәм шет мәмлекетлердиң ўәкилликлери мәмлекет ҳәкимияты шөлкемлери менен келисимлерге муўапық шет мәмлекетлердиң халық тығыз жайласқан аймақларда мүддетинен алдын даўыс бериў сайлаўшының турған орында өткерилиў тәртиби болып табылады.

**Шахсты тастыйықлайтуғын ҳүжжет** – рәсмий ҳүжжет (паспорт, ID-карта, әскерий гүўалық, жаңа үлгиндеги миллий айдаўшылық гүўалығы, пуқаралық паспортын жоғалтқан пуқараларға ишки ислер шөлкемлери тәрепинен берилген ўақытшалық мағлыўматнама, жазаны өтеп болған ямаса жазадан азат қылынғанлық ҳаққындағы мағлыўматнама) болып табылады. Даўыс бериў имаратына келгеннен кейин, сайлаўшы участкалық сайлаў комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетеди ҳәм де сайлаўшылар дизимине қол қояды. Соннан кейин оған сайлаў бюллетени бериледи.

**Жасырын даўыс бериў** – жасырын даўыс бериў сайлаўшының ерк-ықрары үстинен ҳәр қандай тәрзде бақлаў мүмкиншилигин есаптан тысқары ететуғын тийисли шараятларды жаратыў арқалы тәмийинленеди. Сайлаў бюллетинин алған сайлаўшы жасырын даўыс бериў бөлмесинде өзи мүнәсип деп тапқан талабанға ҳешқандай тосықларсыз еркин даўыс бериўи ҳәм де олардың ерк-ықрарын қадағалаўына жол қойылмаўын аңлатады. Турған орында даўыс бериў ҳәм жасырын даўыс бериў принципине әмел етиледи, яғный сайлаў комиссиясы ағзалары сайлаўшының қәлеўинше сыр сақланыўына әмел еткен ҳалда даўыс бериў әмелге асырылыўын тәмийинлейди.

**Жасырын даўыс бериў кабиналары** – пуқараның жасырын даўыс бериўин кепилликлейтуғын, оған еркин тәрзде ҳәрекетлениўине мүмкиншилик беретуғын орын. Жасырын даўыс бериў кабиналары 1000 данаға шекем сайлаўшы ушын кеминде 2 ден 2000 данаға шекем сайлаўшы ушын кеминде 3 ден 3000 данаға шекем сайлаўшы ушын кеминде 4 болыўы керек. Жасырын даўыс бериў кабинасы ол жайласқан бөлмеде сол ўақытта сайлаўшы тәрепинен сайлаўшының жасырын даўыс бериўин бақлаўға мүмкиншилик бермейтуғын және оның өз ерк-ықрарын еркин даўыс бериўин тәмийинлейтуғын дәрежеде шөлкемлестириледи.

## САЙЛАЎ ПРОЦЕСЛЕРИ БОЙЫНША КӨП БЕРИЛЕТУҒЫН СОРАЎЛАР

**Сайлаў күни 18 жасқа толатуғын пуқара сайлаўда қатнаса аладыма?**

**Жуўап:** Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 4-статьясы талабына көре, сайлаў күни 18 жасқа толған Өзбекстан пуқаралары сайлаў ҳуқықына ийе есапланады.

**Сайлаў бюллетенин ғәрезсиз түрде толтыра алмайтуғын шахс не қылады?**

**Жуўап:** Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 55-статьясы талабына көре, сайлаў бюллетенин ғәрезсиз түрде толтырыў мүмкиншилигине ийе болмаған сайлаўшы өз қәлеўине көре жасырын даўыс бериў кабинасына ямаса рети келгенде басқа шахсты усыныўға ҳақлы, буннан сайлаў комиссиясы қурамына киретуғын шахслар, бақлаўшылар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллеринен тысқары.

**Талабандың жақын ағайинлери сайлаў комиссияларының ағзасы болыўы мүмкин бе?**

**Жуўап:** Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 25-статьясы талабына көре, Нызамшылық палатасы депутаты, жергиликли Кеңес депутаты, Сенат ағзасы, басқа сайлаў комиссиясының ағзалары, сиясий партиялардың ағзалары, ўәлаятлар, районлар ҳәм қалалар ҳәкимлери, прокуратура органларының, судтың лаўазымлы шахслары, талабанлардың жақын ағайинлери ҳәм исенимли ўәкиллери, талабанларға тиккелей бойсыныўшы шахслар, сайлаў комиссиясының ағзасы болыўы мүмкин емес.

**Мирәтнама берилмеген болса да сайлаўда қатнасыў мүмкин бе?**

**Жуўап:** Мирәтнаманың берилмегенлиги пуқаралардың сайлаўда қатнасыў ҳуқықларын шеклемейди.

**Халықаралық бақлаўшылар даўысларды санап шығыў процесинде қатнаспаў жағдайлары да болыўы мүмкин бе?**

**Жуўап:** Даўысларды санап шығыў процесинде қатнасыў бақлаўшылардың ҳуқықларынан бири есапланады. Усы ҳуқықтан пайдаланыў ямаса пайдаланбаў мәселеси олар тәрепинен ғәрезсиз шешиледи.

**Көшпели сайлаў қутысынан кимлер пайдаланады?**

**Жуўап:** Сайлаў күни сайлаўшының турған орнында даўыс бериўин шөлкемлестириўде тийисли участкалық сайлаў комиссиялары тәрепинен көшпели сайлаў қутыларынан пайдаланылады.

**Кимлер талабанлардың исенимли ўәкиллери болыўы мүмкин?**

**Жуўап:** Депутатлыққа талабан дизимге алынғанынан кейин исенимли ўәкиллерин өз қәлеўине көре белгилейди ҳәм олар ҳаққында тийисли сайлаў комиссиясына хабар береди. Сайлаў комиссиясы исенимли ўәкиллерди дизимге алады ҳәм оларға гүўалықлар береди.

Талабан сайлаўға шекем өз исенимли ўәкилин тийисли сайлаў комиссиясына хабар берген ҳалда қәлеген ўақытта кепиллигинен жуда етиўи және оны басқасы менен алмастырыўы мүмкин. Исенимли ўәкил қәлеген ўақытта өз ўәкилликлеринен азат етиўге ҳақлы.

**Жергиликли бақлаўшылар менен шет елли бақлаўшылардың жумыс искерлигинде парық бар ма?**

**Жуўап:** Жергиликли, шет елли (халықаралық) бақлаўшылар жумыс искерлигин қайсы тәртипте алып барыўы олар тәрепинен ғәрезсиз шешиледи ҳәм Сайлаў кодекси ҳәм де Орайлық сайлаў комиссиясының қарарларында белгиленген ҳуқықлардан бирдей пайдаланады ҳәм миннетлемелерге әмел етеди.

**Даўыс бериў нәтийжелери туўралы кимге шағым етиледи?**

**Жуўап:** Участкалық сайлаў комиссиясының сайлаў участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы қарарынан наразы болған талабанлар яки сиясий партиялардың ўәкилликли ўәкиллери даўыслардың қайта санап шығылыўын сорап тийисли судқа мүрәжат етиў ҳуқықына ийе.

**Кимлер сайлаў жуўмағында даўысларды санаўда қатнасады?**

**Жуўап:** Участкалық сайлаў комиссиялары тәрепинен даўысларды санап шығыў, даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянламаларды толтырыў процесинде төмендегилер таяр болыўлары мүмкин:

– сиясий партиялардың бақлаўшылары, ўәкилликли ўәкиллери;

– ғалаба хабар қураллары ўәкиллери;

– пуқаралардың өзин-өзи басқарыў шөлкемлериниң бақлаўшылары;

– басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар.

Усы процесте участкалық сайлаў комиссиясы бинасында таяр болыўға руқсат етилген шахслардан тысқары басқа адамлардың болыўы қадаған етиледи.

**Сайлаў күни үгит нәсият баннерлери алып қойылыўы шәрт пе?**

**Жуўап:** Сайлаў күни ҳәм даўыс бериўге бир күн қалғанында сайлаў алды үгит нәсият жумысларына жол қойылмайды.

Имаратларға ҳәм басқа орынларға алдын (атап айтқанда, сайлаў күнинен еки күн алдын) жайластырылған сайлаў алды үгит-нәсият материалларын сайлаў күни ҳәм даўыс бериўден бир күн алдын алып қойылыўы мәжбурий есапланбайды.

**Сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизиминдеги мағлыўматлар жаңалап турылады ма?**

**Жуўап:** Сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизими ҳәр алты айда бир рет, сайлаў кампаниясы дәўиринде болса Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен Әдиллик министрлиги жанындағы Персоналластырыў агентлиги ҳәм Өзбекстан Республикасы Санлы технологиялар министрлиги менен келисилген ҳалда тастыйықланған кестеге муўапық жаңаланады.

**Сайлаўшылар дизимине өзгертиў ҳәм дүзетиўлер киргизиў ушын нелер тийкар болыўы мүмкин?**

**Жуўап:** Сайлаўшының өз қәлеўине көре еткен мүрәжатына муўапық төмендегилер сайлаўшылар дизимине өзгертиў ҳәм дүзетиўлер киргизиў ушын тийкар болыўы мүмкин:

– сайлаўшының тийисли сайлаў участкасы аймағында турақлы ямаса ўақытша жасаўы;

– жасы он сегизге толғанлығын тастыйықлайтуғын ҳүжжет;

– пуқара фамилиясы, аты ҳәм әкесиниң аты өзгергенлиги;

– сайлаўшылар дизиминде әмелдеги болған басқа анықсызлықлар ямаса қәтелер;

– суддың пуқараны сайлаўда қатнасыў ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы шешими бийкар етилгенлигин тастыйықлайтуғын ҳүжжет.

**Сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизими қандай дизим, сол ҳаққында мағлыўмат берип өтсеңиз?**

**Жуўап:** Сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизими Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған (сондай-ақ сайлаў күни), турақлы ямаса ўақытша жасаў орны мәнзилине ийе болған, сайлаўда қатнасыў ҳуқықынан нызамға муўапық ҳәм судтың шешими тийкарында жуда етилмеген пуқаралары киргизетуғын мәмлекет мәлимлеме ресурсы есапланады.

Өзбекстан Республикасы пуқарасының паспорты (егер сайлаўшы пуқара шет мәмлекетте болса, шет елге шығыў паспорты ямаса дипломатыялық паспорты) ямаса идентификация ID-картасы серияси ҳәм номери, физикалық шахстың жеке идентификация номери, фамилиясы, аты, әкесиниң аты (мәмлекет тилинде, латын жазыўында), туўылған сәнеси (жжжж. аа. кк), турақлы ямаса ўақытша жасап атырған пуқаралардың жасаў адреси және оның кадастр номери Әдиллик министрлиги жанындағы Персоналластырыў агентлиги тәрепинен усыныс етилетуғын сайлаўшы пуқаралар ҳаққындағы мәлимлемелар есапланады.

**Мәлим себеплерге көре мүддетинен алдын даўыс бериўде де қатнаспаған сайлаўшы сайлаў күнинде қатнаса алады ма?**

**Жуўап:** Сайлаўда қатнасыўшы ҳәр бир пуқара бир даўысқа ийе болады.

Мүддетинен алдын даўыс бериўде қатнаспаған сайлаўшы сайлаў күнинде даўыс бериў ҳуқықына ийе.

**Мүддетинен алдын даўыс бериўдиң нәтийжелери қашан дағазаланады?**

**Жуўап:** Мүддетинен алдын даўыс бериў нәтийжелери бөлек есапланбайды. Сайлаў күни участкалық сайлаў комиссиясы баслығы даўыс бериў басланғанлығын жәриялаған ўақтында сайлаў участкасындағы дизим бойынша мүддетинен алдын даўыс бергенлер саны ҳаққында хабар береди.

Участкалық сайлаў комиссиясы ағзалары даўыс бериў тамамланғанынан кейин нызамшылықта белгиленген ҳәрекетлер избе-излигине әмел етип, мүддетинен алдын даўыс бериў бюллетенлари салынған жабық конвертлерди сайлаў қутысына таслайды ҳәм сайлаў қутысындағы барлық бюллетенлер төгилган ҳалда сайлаў участкасы бойынша даўысларды санап шығыў нәтийжелери анықланады.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

| т/р | Нызам хүжжетлери |
|---|---|
| 1. | Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодекси |
| 2. | Аймақлық сайлаў комиссиясы ҳаққындағы реже |
| 3. | Район, қала сайлаў комиссиясы ҳаққындағы реже |
| 4. | Округлық сайлаў комиссиясы ҳаққындағы реже |
| 5. | Участкалық сайлаў комиссиясы ҳаққындағы реже |
| 6. | Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы депутатлары, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары сайлаўында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы реже |
| 7. | Сиясий партиялар ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан бақлаўшылар ҳаққындағы реже |
| 8. | Сайлаў кампаниясы дәўиринде ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин аккредитациядан өткериў тәртиби ҳаққындағы реже |
| 9. | Сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәм де өткериў саласындағы ҳуқықбузарлықларға тийисли ислерди рәсмийлестириў бойынша қолланба |
| 10. | Сайлаў ҳәм референдумға таярланыў ҳәм де оларды өткериў менен байланыслы болған хүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ етиў тәртиби ҳаққындағы қолланба |

**Қосымшалар ушын**

**Қосымшалар ушын**

**Қосымшалар ушын**

**Қосымшалар ушын**

# САЙЛАЎ НЫЗАМШЫЛЫҒЫ ҲӘМ ӘМЕЛИЯТЫ БОЙЫНША

ОҚЫЎ-МЕТОДИКАЛЫҚ ҚОЛЛАНБА

**Профессорлар З. Низамходжаев, А. Бекмуродовларнинг улыўма редакторлығында**


Редакция коллегиясы: *Х. Маматов, М. Миракулов*

Дүзиўшилер: *Б. Кучкаров, Х. Палуаниязов, М. Утепбергенов, А. Алланиязов*

Басылым ушын жуўапкер: *М. Икрамов, Ф. Тожиев, А. Мусаев, Ш. Абдуллаев*

Редактор: *С. Туремуратов*

Компьютерде версткалаўшы: *Ж. Тожибоев*

Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги жанындағы
«Адолат» миллий ҳуқықый мәлимлеме орайы.
Баспа.лиц AI № 032, 29.10.2019.
Ташкент қаласы, Амир Темур шоҳ көшеси, 19-үй.
Телефонлар: 71-233-28-18, 71-280-55-47
Веб-сайт: www.adolatmarkazi.uz
Email: info@adolatmarkazi.uz

Басыўға руқсат етилди 28.08.2024-ж.
Қағаз өлшеми 60X84 1/8 «Times New Roman» гарнитурасы.
Офсет усылында баспадан шықты. Баспа табағы 17.
Баспа есап табағы 12. Тиражы 1500 нусқа.
- буйыртпа.